РЦИ-АЛАНИЙ АХУРАДÆ ÆМА НАУКИ МИНИСТРАДÆ

**М. В. МАРКИНА, В. Ю. ШАШЛОВА**

# ХУМÆТÆГИ МАТЕМАТИКОН ЛÆДÆРУЙНÆДТИ ЗОНУНАДÆ

## РÆВДАУÆНДÆНТТИ ХЕСТÆР КЪУАР (5–6-АНЗДЗУД)

## МЕТОДИКОН ÆНХУСИ КИУНУГÆ (АХУРИ УСМИТИ КОНСПЕКТТÆ)

*Уагъд æрцудæй Уæрæсей Федераций*
*Ахурадæ æма науки министради барлæвæрдæй*

Дзæуæгигъæу
2012

ББК 74.1

Учебно-методический комплекс подготовлен на кафедре ЮНЕСКО Северо-Осетинского государственного педагогического института в рамках проекта Федеральной целевой программы развития образования «Развитие учебно-методической и кадровой базы по формированию российской гражданской идентичности в условиях поликультурного образования».

*Авторы проекта* – Р. С. Бзаров, Т. Т. Камболов, Л. А. Кучиева, А. А. Левитская

*Руководители проекта* – Т. Т. Камболов, Л. А. Кучиева

ПРОДАЖЕ НЕ ПОДЛЕЖИТ

**Маркина М. В., Шашлова В. Ю.** Формирование элементарных математических представлений (старшая группа ДОУ) – Владикавказ: Издательство СОГПИ, 2012. – 186 с.

74.1

© СОГПИ, 2012
© Маркина М. В., Шашлова В. Ю., 2012

Аци методикон æнхуси киунугæбæл бакустонцæ ЦИППИ ЮНЕСКО-и кафедри æмкосгутæ «Дигорон националон ахуради концепций» бундойрон гъудитæмæ гæсгæ. Конспекттæ арæзт æнцæ Л.А. Парамоновай редакцигонд «Рагагъон æма скъолаагъонмæон кари сабийти гъонбæладæ, ахурадæ æма ирæзти дæнцон æмахуради программæ»-мæ гæсгæ. Программи медеси бундор æй скъолаагъонмæон учреждении ахурадон процесстæ царди рауадзун. Аци программæ æвзурст æрцудæй, дууææвзагон рæвдауæндони архайди фæлтарунæдтæ си ке ес, уомæ гæсгæ. Программæ арæзт æй куд бундор, регионалон æма автори методикон куститæн, уотæ, æма, уомæ гæсгæ, хунгæ дæр кæнуй «Дæнцон». Бацæттæгонд конспекти националон-регионалон компонент æфтуд æй скъолаагъонмæон учреждении ахурадæмæ, куд барæуадзæ хай сабийти ахур æма ирæзтæн, уотæ. Еумæйаг ахурадон итигъдадæ искæнунмæ рæвдауæндони арæзт æрцудæй хецæн перспективон-тематикон пълан. Тематикон еудзийнадæ бæрæг æй еугур ахури усмитæ, уæдта иннæ режимон процессти дæр. Еугур ахури усмити организацион формæ æй дæлкъуарон, æвæрд ба æй сабийти уæгъдебар архайди бундорбæл ахуради медæгæ.

Скъолаагъонмæон сабийти ахуради медæгæ сæйрагдæрбæл нимад æй дидактикон гъазт. Алли теми ахур дæр райдайуй алфанбулай дуйней ахури усмити, кæцитæ фæуунцæ алли къуæрейæн дæр æ райдайæни.

Идарддæр ба, ахурадон æма гъонбæладон иннæ архæйдтити фæрци урухдæр æма парахатдæр æвдист цæуй ахуркæнуйнаг темæ.

Автори къуар сæ зæрдæ дарунцæ æма корунцæ, цæмæй аци методикон æнхуси киунуги туххæн уæ феппайуйнæгтæ æма фæндæнттæ æрбарветайтæ мæнæ ауæхæн адресбæл:

*Адрес:* 362003, РЦИ-Алани, Дзæуæгигъæу, К. Маркси гъ., 36 х., Цæгат-Иристони Паддзахадон педагогон институт, ЮНЕСКО-и кафедрæ.
*Телефон:* (8672) 53-89-73.

## Хестæр къуари ахурадон план

| № | Ахури усмæ | I вариант (ахури усмитæ къуæрей медæгæ) | II вариант (ахури усмитæ къуæрей медæгæ) |
|---|---|---|---|
| 1. | Хумæтæги математикон зонунæдти ирæзт | 1 | 1 |
| 2. | Дигорон æвзаги ирæзт | 3 | 1 |
| 3. | Уруссаг æвзаги ирæзт | 2 | 1 |
| 4. | Алфанбулай дуйне зонунадæ | 1 | 1 |
| 5. | Музыкалон аййевадæ | 2 | 2 |
| 6. | Хузтæкæнуни аййевадæ | 2 | 2 |
| Æдеугур | | 11 | 9 |

## Ахури усмити темитæ хестæр къуари САУ

| № | Темæ | Усмити бæрцæ |
|---|---|---|
| 1. | Бийнонтæ | 2 |
| 2. | Алци зонун мæ фæндуй | 2 |
| 3. | Мæ бæстихай | 2 |
| 4. | Мæ бæстæ | 2 |
| 5,6. | Фæззæг | 4 |
| 7. | Зайæгойти дуйне | 2 |
| 8. | Цæрæгойти дуйне | 2 |
| 9. | Дæлдон дуйне | 2 |
| 10. | Ӕрдзæ – нæ хæдзарæ | 2 |
| 11. | Мæ бауæр | 1 |
| 12. | Музыкалон жанртæ | 3 |
| 13. | Хуæруни уаг | 2 |
| 14. | Националон дарæс | 2 |
| 15. | Транспорт | 2 |
| 16,17. | Зумæг | 4 |
| 18. | Дæсниæдти дуйне | 2 |
| 19. | Спорт | 2 |
| 20. | Фидибæстæ гъæуайгæнгутæ | 2 |
| 21,22. | Уалдзæг | 4 |
| 23. | Тæссаг уавæрмæ гъосдард | 2 |
| 24. | Зундгин машинттæ | 2 |
| 25. | Космос | 2 |
| 26. | Мæргътæ | 2 |
| 27. | Минкъий цæрæгойтæ | 2 |
| 28. | Уæлахези бон | 2 |
| 29. | Театр, кино | 2 |
| 30. | Ӕгас цо, сæрдæ | 2 |

**Перспективон-тематикон план хумæтæги математикон лæдæруйнæдтæ базонунмæ хестæр къуари сабийтæн**

| анзи I æрдæг | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Мæйæ | Еумæйæг темæ | Ахури ус-мити бæрцæ | Темæ | Ахури усми номир | Нисан |
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| Рухæн – сентябрь | Мæ бийнонтæ | 1 | Фæлхатун | 1 | – Сабийти ахур кæнун предметти æнгæсадæ æма хецæндзийнæдтæ æвзарунбæл.<br>– Ниффедар кæнун предметтæ æвæрун æма сæ хецæн къуæрттæ кæнун.<br>– Ниффедар кæнун лæдæруйнадæ «хæрхæ» æма «хæрхи элемент».<br>– Ниффедар кæнун дæсей уæнгæ раст нимайун.<br>– Дзурдтæ «æзинæ» æма «исон»-æй пайда гæнгæй, ниффедар кæнун сутки афæнтти туххæй зонундзийнæдтæ.<br>– Адæни сæ бæрзæндæмæ гæсгæ «рабарун» куд зононцæ.<br>– Геометрион фигурити туххæй зонундзийнæдтæ ниффедар кæнун: тумбулæг, дæргъдумбул, æртæкъумон, квадрат, расткъумон.<br>– Итигъдадæ æма будурти рауæнтæ зонунбæл фæлтæрун.<br>– Ирæзун кæнун сабийти сагъæскæнунадæ; предметти минеугутæ рабаруни бундорбæл хатдзæгтæ кæнун, ирæзун кæнун сабийти гъосдарунадæ, хебæрагæ æма комбинаторон арæхстдзийнæдтæ.<br>– Гъонбæл кæнун сабийти, цæмæй кæрæдзей уарзонцæ, багъæуаги ба кæрæдземæн æнхус кæнонцæ. |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | Алци зонун мæ фæндуй | 1 | Фæлхатун | 2 | – Идарддæр сабийти зонгæ кæнун нимæдзонти хæццæ, 10-ей уæнгæ нимайунбæл; ниффедар кæнун лæдæруйнадæ: предметти нимæдзæ се ’хсæн идардади хæццæ баст ке нæ ’й.<br>– Ниффедар кæнун итигъдадон рахаститæ: рахесæрдигæй, галеуæрдигæй, уæллаг, бункаг, астæуккаг.<br>– Ахур сæ кæнун бацеу-бацеутæ базонунбæл. |
| Кæфти мæйæ – октябрь | Мæ бæсти хай | 1 | Æнæгъæнæ (æгас) – хай фæлхатун | 3 | – Сабийти зæрди æрæфтаун лæдæруйнæдтæ «æнæгъæнæ» æма «хай».<br>–Ниффедар кæнун *хæйттæй æнæгъæнæ* æмбурд кæнуни арæхстдзийнадæ.<br>– Ниффедар кæнун лæдæруйнадæ, æнæгъæнæ алкæддæр æ *хæййæй* устурдæр ке æй, *хай* ба, *æнæгъæнæй* – минкъийдæр.<br>– Идарддæр сæ ахур кæнун предметти сæрмагонд минеугутæ бæрæг кæнунбæл уæдта сæ, уонæмæ гæсгæ, фæкъкъуæрттæ кæнун.<br>– Ахур сæ кæнун хæрхи элементти бæрцæ исбæрæг кæнунбæл; хæрхитæ сæ нимæдзæмæ гæсгæ рабарун – æмбæрцæ, еу фулдæр, еу минкъийдæр.<br>– Ниффедар кæнун лæдæруйнадæ предметти бæрцæ ке не ’ййевуй сæ формæ æма сæ рауæни æвæрдмæ гæсгæ.<br>– Сабийти ахур кæнун предметтæ бæрæг минеуæгмæ – дæргъцæмæ гæсгæ къуæрттæ кæнунбæл. |
| | Мæ бæсти хай | 1 | Итигъдадон рахаститæ | 4 | – Ирæзун кæнун итигъдади рахаститæ, исбæлвурд кæнун лæдæруйнæдтæ: рахесæрдигæй, галеуæрдигæй, размæ, фæстæмæ, уæлæмæ, дæлæмæ, сæр, бун, фæсте, разæй.<br>– Ниффедар кæнун 10-и уæнгæ раст нимайун, æнкъæйттæ аразгæй ба дууæ предметти бæрцитæ рабарун, гъома, кæцитæ фулдæр æнцæ.<br>– Сабийтæн байамонун модельтæ кæнуни бундор. |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | Фæззæг | 1 | Цифритæ 0,1,2,3 | 5 | – Сабийти зæрди æрæфтаун нимæдзонтæ 2 æма 3<br>арæзт. Ниффедар кæнун предметти нимæдзæ исбæрæг кæнун, нимæдзонтæ рабарун: 1 фулдæр, 1 минкъийдæр, æмбæрцæ.<br>– Сабийти базонгæ кæнун цифритæ 0, 1, 2, 3 æма нимæдзон нимади рæнгъи хæццæ.<br>– Предметти бунæтти раййивдæй, сæ нимæдзæ ке не ’ййевуй, уой син балæдæрун кæнун. Геометрион фигурити туххæй зонундзийнæдтæ ниффедар кæнун.<br>– Исбæлвурд кæнун итигъдади рауæнтæ еруни зонундзийнæдтæ æма сæ ниффедар кæнун.<br>– Исбæлвурд кæнун зонундзийнæдтæ анзи афæнæ – фæззæги туххæй. |
| | Фæззæг Дзæуæги-гъæуи | 1 | Нимæдзонтæ «дууæ» æма «æртæ» еуæгтæй конд æнцæ | 6 | – Предметти нимæдзæ нимæдзонтæ ноль, еу, дууæ<br>æма æртæй бæрæг кæнуни арæхстдзийнæдтæ ниффедар кæнун.<br>– Ниффедар кæнун нимæдзитæ рабаруни арæхстдзийнæдтæ: еу фулдæр, еу минкъийдæр, æмбæрцæ.<br>– Ниффедар кæнун цифритæ 0, 1, 2, 3 зонун.<br>– Ахур кæнун сабийти нимæдзонтæ кезугай дзорунбæл. Нимæдзон рæнгъи хæццæ базонгæ унмæ сæ бацæттæ кæнун.<br>– Сабийти базонгæ кæнун, нимæдзонтæ 2 æма 3 еуæгтæй арæзт ке æнцæ.<br>– Сабийти ахур кæнун предметти бæрцæ нимæдзтæй бæрæг кæнунбæл.<br>– Исбæлвурд кæнун сабийти зонундзийнæдтæ анзи афонæ – фæззæги туххæй.<br>– Идарддæр ахур кæнун предметтæ сæ бæрзæндæмæ гæсгæ барун æма еци барстæн хатдзæгтæ искæнун. |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Геуæргоба – ноябрь | Зайæгой-ти дуйне | 1 | Раст, къæдзæ æма саст хæнхитæ | 7 | – Сабийти базонгæ кæнун раст, къæдзæ æма саст хæнхити хæццæ. Ниффедар кæнун 2 æма 3 еуæгти конд.<br>– Ахур кæнун предметти бæрцæ нимæдзонтæй бæрæг кæнун.<br>– Ниффедар кæнун 3-ей уæнгæ раст нимайун, предметти сæ бæрзæндæмæ гæсгæ рабаруни арæхстдзийнæдтæ æма лæдæруйнæдтæ «бæрзонд», «ниллæг», «рæстæмбес»-и фæрци хатдзæгтæ кæнун.<br>– Ниффедар кæнун хæнхитæ сæ дæргъцæмæ гæсгæ рабаруни арæхстдзийнæдтæ: «даргъдæр – цубурдæр», уæдта итигъдадæ æма пъланмæ гæсгæ рауæнтæ зонуни (ориентаци кæнуни) арæхстдзийнæдтæ. |
| | Цæрæгой-ти дуйне | 1 | Лухдзæги хæццæ зонгæ кæнун | 8 | – Сабийтæн лухдзæг байамонун. Ниффедар кæнун сабийти зонундзийнæдтæ раст, къæдзæ æма саст хæнхити туххæй, æнæгъæнæ алкæддæр æ хаййæй устур ке æй, уæдта геометрион фигурити туххæй.<br>– Итигъдади ориентаци кæнуни зонундзийнæдтæ ниффедар кæнун, предметтæ ба сæ асæмæ гæсгæ устурæй кенæ минкъийгай райвæрун куд зононцæ.<br>– Ниффедар кæнун сутки афæнтти туххæй зонундзийнæдтæ, 5-и уæнгæ раст нимайун æма цифритæ 1, 2-и зонунадæ. |
| | Дæлдон дуйне | 1 | Хæрхити рабарст, æмиасадæ æма æнææмиа-сади нисæнтти хæццæ зонгæ кæнун | 9 | – Сабийти идарддæр ахур кæнун хæрхитæ аразун æма сæ, æнкъæйттæ кæнгæй рабарун.<br>Базонгæ сæ кæнун æмиасади «=» æма æнææмиасади «#» нисæнтти хæццæ.<br>– Ниффедар кæнун: итигъдадæ æма фæзуати ориентаци кæнуни арæхстдзийнæдтæ; геометрион фигуритæ æма хæнхити туххæй зонундзийнæдтæ; 10-ей уæнгæ нимайун æма цифритæ 1, 2, 3 зонун. |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | Ærdzæ næ hædzaræ | 1 | Lædærujnadæ «tunæ» | 10 | – Sabijti bazongæ kænun lædærujnadæ «tunæ» æma æ cudi (napravlenie) hæccæ. Niffedar kænun 10-ej uængæ nimajun æma cifritæ 1, 2, 3 zonunadæ. Duuæ hærhej elementti sæ, bærcæmæ gæsgæ, rabarun kud zononcæ.<br>– Idarddær sæ ahur kænun itigʺdadi orientaci kænun, uædta lædærun ci æj: rahesærdigæj, galeuærdigæj, uælæmæ (særmæ), dælæmæ (bunmæ).<br>– Ahur sæ kænun modelʹtæ arazunbæl. |
| Cæpporse – dekabrʹ | Æz æma mæ bauær | 1 | Nimædzon tunæ | 11 | – Idarddær sabijti zongæ kænun tunæ æma æ mineuguti hæccæ. Lædærujnadæ «nimædzon tunæ» sin bajamonun. Balædærun sin kænun, nimædzæ ajdagʺ predmetti bærcæ ke næ bæræg kænuj, fal ma æj dærgʺbaræn (mera dliny) dær. Ahur sæ kænun baredzæj idærdadæ (rasstojanie) barun.<br>– Niffedar kænun nimad æma cifritæ zonun: 0, 1, 2, 3-ej uængæ, uædta æmpʺeztæ nimajun.<br>– Idarddær sin amonun itigʺdadon lædærujnædtæ: rahesærdæmæ, galeuærdæmæ, uælæmæ, dælæmæ; ahur sæ kænun simvolti færci fæzuati orientaci kænunbæl. |
| | Stʺoli særgʺi hedaruni ægʺdau | 1 | Baredzi hæccæ zongæ kænun | 12 | – Sabijti ahur kænun dærgʺcæ rabarun, baredzæj pajda kænunbæl. Bazongæ sæ kænun dærgʺcæ baruni madzæltti hæccæ. Niffedar kænun 10-ej uængæ nimad. Baredzi færci isbælvurd kænun rastkʺumon æma kvadrati hecændzijnadæ.<br>– Idarddær zongæ kænun sabijti humætægi seriaciti hæccæ: ahur kænun huztæ æma cautæ sjužetmæ gæsgæ, fæd-fæde æværun. |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | Хуæрзадæ æма æнæнез хуæруйнаг | 1 | Цифрæ 4-ей хæццæ зонгæ кæнун | 13 | – Нимæдзон 4 куд арæзт æй, уой ниффедар кæнун æма сабийтæн байамонун цифрæ 4.<br>– Ахур кæнун сабийти предметти бæрцитæ цифритæй æвдесунбæл.<br>Кæртæ аллихузон минеугутæмæ гæсгæ фæххæрхитæ кæнуни арæхстдзийнæдтæ уæдта геометрион фигурити туххæй зонундзийнæдтæ ниффедар кæнун.<br>Ахур сæ кæнун нимæдзон тунæй пайда гæнгæй, нимæдзонти фæдфæдей цуд, нимæдзонти рæнгъи. |
| | Зумæг | 2 | Нимæдзæ 3 æма нимæдзæ 4-и арæзт дууæ минкъийдæр | 14 | – Сабийти базонгæ кæнун нимæдзтæ 3 æма 4 куд арæзт æнцæ дугай минкъийдæр нимæдзтемæй.<br>– Сабийтæн балæдæрун кæнун предметти бунæтти æйййивд син сæ нимæдзæ ке не ’йевуй, уой.<br>Ахур сæ кæнун геометрион фигурити сæйраг минеугутæ бæрæг кæнун: хузæ, конд æма асæ; лæвæрд минеугутæмæ гæсгæ предмет иссерун.<br>Идарддæр сæмæ ирæзун кæнун итигъдадон рахаститæ: предмети рахес фарс, предмети галеу фарс. |

| анзи II ærдæг | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Мæйæ | Еумæйаг темæ | Ахури ус-мити бæрцæ | Темæ | Ахури усми номир | Нисан |
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| Æнсур – январь | Зумæг | 1 | Нимæдзон 5 æма æ еуæгтæй арæзти хæццæ базонгæ ун | 15 | – Ниффедар кæнун нимæдзæ фондзи исæвзæрст. Сабийти базонгæ кæнун нимæдзон 5 еуæгтæй арæзти хæццæ. Сабийти ахур кæнун предметти бæрцæ нимæдзонтæй барун. Ниффедар кæнун аллихузон минеугутæмæ гæсгæ къуæрттæ кæнун. Ниффедар кæнун геометрион фигурити туххæй зонундзийнæдтæ: æртæкъумонтæ æма цуппаркъумонтæ. Ахур кæнун сувæллæнтти, нимæдзонти сæ рæнгъи æвæрдмæ гæсгæ рабарун, нимæдзон тунæй пайда гæнгæй. |
| | Национа-лон дарæс | 1 | Нимæдзæ 5-и арæзт дууæ минкъийдæр нимæдземæй | 16 | – Байамонун сабийтæн нимæдзæ 5-и арæзт дууæ минкъийдæр нимæдземæй. Ниффедар кæнун 1-емæй 5-ей уæнгæ цифрити зонунадæ, æма цифритæй предметти бæрцæ барунадæ. Ниффедар кæнун 1-емæй 5-ей уæнгæ æма фæстæмæ нимад. Идарддæр сабийтæн лæдæрун кæнун, предметти бæрцæ сæ бунæттæ раййевгæй ке не ‘йевуй, уой. Ахур сæ кæнун геометрион фигурити сæйрагдæр минеугутæ бæрæг кæнун: хузæ æма конд; фигури лæвæрд минеугутæмæ гæсгæ иссерунбæл. Идарддæр сæмæ æвзурун кæнун итигъдадон рахаститæ: размæ, фæстæмæ. |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Комахсæн – февраль | Транспорт | 1 | Базонгæ ун нимæдзæ 6-и хæццæ | 17 | – Ниффедар кæнун нимæдзæ 5-и арæзт. Сабийти базонгæ кæнун нимæдзон 6-ей еуæгтæй арæзти хæццæ. Ниффедар кæнун 1-емæй 6-ей уæнгæ, удта фæстæмæ раст нимайуг. Сабийти ахур кæнун предметти бæрцæ цифритæй бæрæг кæнунбæл. Ниффедар кæнун нимæдзонтæ 3, 4, 5-ей арæзт дууæ минкъийдæр нимæдзонтемæй. Ниффедар кæнун предметти кæрæдзебæл рабарсти фæрци сæ дæргъæ базонуни арæхстдзийнадæ. Идарддæр сæ ахур кæнун нимæдзон туни хæццæ архайун. |
| | Дæсни-йæдти дуйне | 1 | Трапеци æма ромби хæццæ базонгæ ун | 18 | – Сабийтæн трапеци æма ромби туххæй зонундзийнæдтæ раттун. Ахур сæ кæнун цæмæй геометрион фигурити сæ минеугутæмæ гæсгæ хецæн кæнонцæ, цийфæнди уавæрти дæр зонундзийнæдтæй куд пайда кæнонцæ. Нимæдзон уадздзæгтæй (полосами) пайда кæнгæй сæ идарддæр ахур кæнун 6-ей уæнгæ алли нимæдзони арæзт дæр. |
| | Спорт | 1 | Базонгæ ун нимæдзæ 7-ей хæццæ | 19 | – Ниффедар кæнун нимæдзæ 7-и арæзт. Базонун син кæнун цифрæ -7 æма еуæгтæй куд арзæт æй, уой. Барæнæй пайда кæнгæй сæ дæргъæ рабарунбæл ахур кæнун. Сабийти ахур кæнун барæнæй барсти бæрцитæ цифритæй бæрæг кæнунбæл. Нимæдзон рæнгъæй пайда кæнгæй сабийти ахур кæнун нимæдзтæ кæрæдзей хæццæ рабарун. |
| | Фидибæстæ гъæуайгæн-гутæ | 1 | Лæдæруйнадæ «къуæре»-й хæццæ базонгæ ун | 20 | – Сабийти базонгæ кæнун лæдæрунадæ «къуæре»-й хæццæ. Ахур кæнун сабийти къуæрей бонтæ кæрæдзей фæсте дзорунбæл. Ниффедар кæнун авди уæнгæ раст нимайун æма 1-емæй 7-ей уæнгæ цифрити зонунæдæ. Ахур сæ кæнун бæрцæ нимæдзонтæй бæрæг кæнунбæл. |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Кæрдæгæзмæлæн – март | Уалдзæг | 2 | Базонгæ ун нимæдзæ 8-и хæццæ | 21 | – Сабийти базонгæ кæнун нимæдзæ 8-и хæццæ.<br>Ниффедар кæнун нимæдзæ 8-и арæзт. Нимæдзæ 8 еуæгтæй арæзт ке æй, уой хæццæ сæ базонгæ кæнун.<br>Идарддæр сæ ахур кæнун къуæрей бæнттæ нимайунбæл. |
| | Уалдзæг | 1 | Лæдæруйнадæ «Бæрцуат»-ти хæццæ базонгæ ун | 22 | – Сабийтæн балæдæрун кæнун бæрцуати (объем) туххæй лæдæрунадæ. Дзаумæутти бæрцуæттæ рабарун сæ еуемæй си иннемæ дон никкæнгæй.<br>Ахур сæ кæнун бæрцуат (объем) баредзæй рабарунмæ, барæн дæр, æхецæн, бæрцуат ке йес, уой син балæдæрун кæнгæй.<br>Ниффедар кæнун æнæгъæнæ æма æ хæйтти бастдзийнадæ удта 8-ей уæнгæ нимад. |
| | Тасдзийнадæмæ гъосдард | 1 | Берæкъумонтæ | 23 | – Берæкъумонти туххæй лæдæрунадæ ниффедар кæнун. Ахур сæ кæнун 8-и уæнгæ нимайун æма гъазгæй уагæвæрдмæ гæсгæ архайун. Ниффедар кæнун къуæрей бæнттæ зонунадæ. Идарддæр ахур кæнун дзаумæути сæ бæрцуатмæ гæсгæ барун æма итигъд будури ба ориентаци кæнунбæл. |
| | Зундгин машинттæ | 1 | Цифрæ 9 æма æ еуæгтæй арæзти хæццæ базонгæ ун | 24 | – Базонгæ кæнун сабийти цифрæ 9 æма нимæдзон 9-ей арæзти хæццæ удта 9-ей уæнгæ нимад æма 9 еуæгтæй арæзт ке ’й, уой. Ниффедар кæнун зонундзийнæдтæ. Къуæрттæ, кæртæ æма хæрхити туххæй.<br>Сабийтæн балæдæрун кæнун предметти бæрцæ ке не ’йевуй, цийфæнди кæронæй дæр сæ ку нимайай, уæд; берæкъумони къумти бæрцæ бабæттун нимæдзонти хæццæ. |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Хумидайæн – апрель | Космос | 1 | Базонгæ ун конуси хæццæ | 25 | – Сабийти базонгæ кæнун конус æма æ минеугути хæццæ.<br>Ниффедар кæнун куб æма шари туххæй зонундзийнæдтæ.<br>Базонгæ ун лæдæрунадæ ханххузи (чертежи) хæццæ. |
| | Мæргътæ | 1 | Нимæдзæ 10 æма æ еуæгтæй арæзти хæццæ базонгæ ун | 26 | – Ниффедар кæнун нимæдзæ 10-и арæзæт, удта цифрæ 10 еуæгтæй конд ке æй, уой.<br>Ахур сæ кæнун нимайун 1-емæй 10-ей уæнгæ удта фæстæмæ, нимæдзон тунæй пайда гæнгæй. Лæвæрд нимæдзæй фулдæр кенæ минкъийдæр нимæдзонтæ ерун.<br>Ниффедар кæнун фигурити бæрцуæтти туххæй зонундзийнæдтæ. |
| | Минкъий цæрæгойтæ (биндзитæ) | 1 | Нисæнттæ « >» фулдæр æма « <» минкъийдæри хæццæ базонгæ ун | 27 | – Идарддæр сабийти ахур кæнун рабарсти терминтæй пайда кæнун «фулдæр», «минкъийдæр», «æмбæрцæ»; базонгæ сæ кæнун рабарсти нисæнтти хæццæ «>», «<».<br>– Ниффедар кæнун нимайуни фæлтæрунадæ; геометрион фигуритæй «æзмæлгæ модельтæ» аразун, итигъдадæ æма рæстæги ориентаци кæнун (рахес, галеу, æзинæ, ацибон, исон). |
| Ханси мæйæ – май | Уæлахези бон | 1 | Цилиндри хæццæ базонгæ ун | 28 | – Сабийти базонгæ кæнун бæрцуатгун фигурæ «цилиндр»-и хæццæ. Идарддæр сабийти ахур кæнун рабаруни терминтæй пайда кæнун «фулдæр», «минкъийдæр», «æмбæрцæ» («æмиасæ»). Ниффедар кæнун 10-ей уæнгæ æма фæстæмæ раст нимайун. Предметти сæ асæмæ гæсгæ устурдæр кенæ минкъийдæргæнгæ уагбæл раст æвæруни арæхстдзийнæдтæ ниффедар кæнун. |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | Сæрдæ | 2 | Æнæгъæнæ хæйттæ кæнун | 29 | – Сабийти ахур кæнун æнæгъæнæ нимæдзтæ 2,4,8-бæл æмхузон хæйттæ ракæнунбæл; ахур сæ кæнун хæйттæн сæ асæ æма сæ бæрци æхсæн бастдзийнадæ исбæлвурд кæнун.<br>Къуæрей бæнтти зонунадæ æма итигъдадон рахаститæ «рахес», «галеу» ниффедар кæнун.<br>Ниффедар кæнун хæрхити къуæрттæ æмбурд кæнуни арæхстдзийнæдтæ. |
| | Сæрдæ | 2 | Хатдзæгтæ кæнуни ахури усмæ | 30 | – Хæрхитæмæ гæсгæ алфанбулай дуйней туххæй<br>сабийти зонундзийнæдтæ урухдæр æма федардæр кæнун. Ниффедар кæнун сабийти зонундзийнæдтæ геометрион фигуритæ æма хæнхити туххæй удта рæстæги бæрци рахаститæ.<br>– Ниффедар кæнун 10-ей уæнгæ нимад, 10-ей уæнгæ нимæцти конд еуæгтæй æма 5-ей уæнгæ нимæцти арæзт дугай минкъийдæр нимæцтæй арæзт ке æй. |

**Еумæйаг темæ: «Мæ биййонтæ»**
**Темæ: «Зонгæ æрмæг фæлхатун»**

**Нисан:** – Сабийти ахур кæнун предметти æнгæсадæ æма хецæндзийнæдтæ æвзарунбæл.

– Ниффедар кæнун предметтæ æвæрун æма сæ хецæн къуæрттæ кæнун.

– Ниффедар кæнун лæдæруйнадæ «хæрхæ» æма «хæрхи элемент».

– Ниффедар кæнун дæсей уæнгæ раст нимайун.

– Дзурдтæ «æзинæ» æма «исон»-æй пайда гæнгæй, ниффедар кæнун сутки афæнтти туххæй зонундзийнæдтæ.

– Адæни сæ бæрзæндæмæ гæсгæ «рабарун» куд зононцæ.

– Геометрион фигурити туххæй зонундзийнæдтæ ниффедар кæнун: тумбулæг, дæргъдумбул, æртæкъумон, квадрат, расткъумон.

– Итигъдадæ æма будурти рауæнтæ зонунбæл фæлтæрун.

– Ирæзун кæнун сабийти сагъæскæнунадæ; предметти минеугутæ рабаруни бундорбæл хатдзæгтæ кæнун, ирæзун кæнун сабийти гъосдарунадæ, хебæрагæ æма комбинаторон арæхстдзийнæдтæ.

– Гъонбæл кæнун сабийти, цæмæй кæрæдзей уарзонцæ, багъæуаги ба кæрæдземæн æнхус кæнонцæ.

**Æрмæг**

**Æвдесунмæ:** сутки афæнтти хузтæ – сæумæ, бон, изæр, æхсæвæ.

**Иуарунмæ:** хузтæ – хъæпбæлтæ, хæдзари дзаумæуттæ, геометрион фигуритæ æма æнд. Геометрион конструктор.

## Ахури цуд

**Гъ.** Фæцæй анзи уарзондæр афонæ – сæрдæ. Сæрди адæн

ПРОДАЖЕ НЕ ПОДЛЕЖИТ

фæццæунцæ денгизи билæмæ, хонхмæ, рандæунцæ балци, еу загъдæй, сæрдæ æй уолæфти рæстæг. Сумах ба кæми адтайтæ сæрди? Ке хæццæ?
*Сабийти дзуæппитæ.*
**Гъ.** Кусти рæстæг дæр æма уолæфти рæстæг дæр мах федар хуæцæн бæрæг фæткæвæрдбæл.
**С/ гъазт «Гъудиадæ банхæст кæнæ»**
*Гъонбæлгæнæг зæгъуй сабийтæн, цæмæй гъудиадæ кæронмæ рахъæртун кæнонцæ æма хузти æхсæнæй гъæугæ хузæ равзаронцæ.*
**Гъ.** Мах райгъал уæн …
**С.** Сæумæй.
*Сабийтæй еу иссеруй гъæугæ хузæ «сæумæ» æма æй æрмæгæвдесæн фæйнæгбæл æрæвæруй. Гъеууотæ, идарддæр равзарунцæ «бон», «изæр» æма «æхсæви» хузтæ дæр.*
**Гъ.** Сæумæй хуæрæн сехуар, рæфтад ба хуæрæн …
**С.** Бонæй (рæфти).
**Гъ.** Сабийтæ бонæй гъазгæ фæккæнунцæ, хестæртæ ба – косгæ. Æма хестæртæ кустæй кæд æрбацæунцæ?
**С.** Изæрæй.
**Гъ.** Изæрæй мах уолæфгæ фæккæнæн, æхсæвæр бахуæрæн, фал хусгæ ба кæд фæккæнæн?
**С.** Æхсæвæ.
**Гъ.** Раст загътайтæ. Нур ба æркæсетæ хузтæмæ æма син сæ нæмттæ кезугай. зæгъетæ (фиццаг, дуггаг, æртиккаг …).
*Сабийтæ æнхæст кæнунцæ ихæслæвæрд.*
**Гъ.** Сæумæй ба ма цитæ фæккосæн?
*Сабийти дзуæппитæ.*
**Гъ.** Æхсæвæ гъазун æнгъезуй? Зарун æма кафун ба? Цæмæннæ?
**С.** Уомæн æма æхсæвæ адæн фунæй фæккæнунцæ æма мах бахъор кæндзинан хеуонтæ æма синхæгти.

**Гъ.** Бийнонтæ гъæуама кæрæдзебæл уодонцæ, бони фæткæ æнхæст кæнонцæ, æма уæд сабийтæ удзæнцæ æнæнез, гъæддугъ æма хъаурæгин. Æма сумах ба бони фæткæ æнхæст кæнетæ?

**С.** Уо!

**Гъ.** Сумах сæрди хъæбæр исирæзтайтæ æма уи кæци устурдæр æй, уой нæма зонун. Гъæйдæ, исбæрæг æй кæнæн.

**С/ гъазт «Асæмæ гæсгæ æрлæууæн»**

*Сабийти зæрди æрæфтаун 10-ей уæнгæ нимад.*

*Гъонбæлгæнæг зæгъуй, цæмæй асæмæ гæсгæ раст æрлæууонцæ æма си алкедæр зæгъа æ номер. Кæд сабийтæй еске къулумпи кæна, уæд ин иннетæ фенхус кæнунцæ. Гъонбæлгæнæг исбæрæг кæнуй, еугурей фæсте ка лæууй, уой номир æма зæгъуй: «Æдеугурæй 10 сабиййи». Гъонбæлгæнæги бон ма æй, уæлæмхасæн, фарстатæ раттун, зæгъæн:*

**Гъ.** «Дæ рахес фарсæй ка лæууй? Е дæуæй бæрзонддæр æй æви ниллæгдæр? Аланæй ниллæгдæр ка æй? Е Аланæн æ рахес фарс лæууй æви æ галеу? Зарæ, уæ бийнонтæй дæуæй ниллæгдæр ка æй? Аслан, сумах бийнонтæй ба дæуæй бæрзонддæр ка æй?

**Гъ.** Сумах уæ хæдзæртти хестæртæн фæййанхос кæнетæ?

**С.** Гъо, мах син анхосгæнгутæ ан.

**Гъ.** Æфснайун куд зонетæ, уой нуртæккæ исбæрæг кæндзинан.

**С/ гъазт «Бафснайæ»**

*Гъонбæлгæнæг сабийтæн зæгъуй, цæмæй, горцъебæл ци хузтæ ес, уонæмæ æркæсонцæ. Хузти аллихузон предметтæ ес.*

**Гъ.** Аци хузтæ бафснайун гъæуй, гъома, фæкъкъуæрттæ сæ кæнун гъæуй.

*Алли сабий дæр æхе хæрхæ æмбурд кæнуй (ка хæдзари дзаумæуттæ, ка геометрион фигуритæ, ка ба гъазæнтæ*

*æма æнд.) æма фæззæгъуй, ци предметтæ æмбурд кæнуй æма ин цал æнцæ, уой. Кæсун гъæуй, цæмæй, сабийтæмæ 5 кенæ 6 предметтемæй фулдæр ма уа сæ хæрхити. Бафæрсун æнгъезуй 3–4 сабийей. Иннетæмæ ба æнгъезуй раттун мæнæ ауæхæн фарстатæ:*

**Гъ.** Ке хæрхити уи ес æмбæрцæ предметтæ? Хæрхити нæмттæ æмхузон кæмæнти æнцæ? Еугуремæй фулдæр предметтæ ке хæрхи ес? Еугуремæй минкъийдæр предметтæ ба ке хæрхи ес? Сергеййи æви Элини хæрхи ес фулдæр предметтæ? Цал фулдæр?

*Гъонбæлгæнæг гъæуама уæхæн хæрхитæй фæрса, сæ предметти бæрцæ 1 фулдæр, кенæ 1 минкъийдæр кæмæн æнцæ. Кæд сабийтæй еске æ хæрхæ æмбурд гæнгæй, фæррæдуйа, уæд ин иннетæ фæййанхос кæнæнтæ, гъæуама æмбæлттæ кæрæдземæ сæ усхъæ даронцæ.*

*Сабийтæ ци хæрхитæ æмбурд кодтонцæ, уонæй сæ еу æй геометрион фигурити хæрхæ. Гъонбæлгæнæг сабийти бафæрсуй, фигуритæ куд хуннунцæ, уомæй, кенæ ба ци фигури ном зæгъа, цæмæй уой бавдесонцæ.*

**С/ гъазт «Геометрион конструктор»**

*Гъонбæлгæнæг сабийтæн зæгъуй, цæмæй геометрион фигуритæй исаразонцæ хузтæ. Еци хузтæ сæ бон балæвар кæнун уодзæй сæ ниййергутæ кенæ хæстæгутæн. Сабийтæ стъолти уæлгъос æрбадунцæ æма, гъæугæ фигуритæ æвæргæй, аразунцæ хузтæ. Гъонбæлгæнæг 2–3 сабийей бафæрсуй, сæ хузтæ циуавæр фигуритæй арæзт æнцæ, уобæл.*

**Гъ.** Геометрион фигурити хæрхæй уæ къохти фæрци рауадæй нæуæг хæрхæ – хузти хæрхæ.

**Ахури байдауæн**

**Гъ.** Куд гъуди кæнетæ, уæ ниййергутæн æхцæуæн уодзæнæй сумах къохтæй лæвæрттæ райсун?

**С.** Гъо! Хъæбæр æхцæуæн син уодзæнæй.

**Гъ.** Медбилти куд баходдзæнæнцæ, уой равдесайтæ. Сумахæн ба æхцæуæн уодзæй лæвæрттæ дæттун? Цæмæн?
**С.** Уомæн æма уæд хеонтæн уодзæй хъæбæр æхцæуæн.

*2-аг ахури усмæ*

**Еумæйаг темæ: «Алци зонун мæ фæндуй»**
**Темæ: «Зонгæ æрмæг фæлхатун»**
**Нисан:** – Идарддæр сабийти зонгæ кæнун нимæдзонти хæццæ, 10-ей уæнгæ нимайунбæл; ниффедар кæнун лæдæрунадæ: предметти нимæдзæ се ’хсæн идардади хæццæ баст ке нæ ’й.
– Ниффедар кæнун итигъдадон рахаститæ: рахесæрдигæй, галеуæрдигæй, уæллаг, бунккаг, астæуккаг.
– Ахур сæ кæнун бацеу-бацеутæ базонунбæл.
– Ирæзун кæнун сабийти сагъæскæнунадæ, рабаруни бундорбæл, сæ бон куд уа анализ æма синтез искæнун.
– Ирæзун кæнун сабийти гъосдарунадæ æма æримисунадæ.
– Гъонбæл сæ кæнун, цæмæй еумæйаг кусти зæрдæхæларæй архайонцæ.

**Æрмæг**
**Æвдесунмæ:** тæрхæгути хузæ (кенæ макет): 1 тæрхæгбæл 3 устур æма 2 минкъий къоси; 2 тæрхæгбæл – аргъау «Болги» архайгутæ; 3 тæрхæгбæл – 3 устур æма 2 минкъий къозой пирамидæ; 10 сурх æма дæс æрвхуз кубикки; геометрион фигурити баркъи.
**Иуарунмæ:** гъазт «Геометрион конструктор»-æн геометрион фигуритæ.

### Ахури цуд

*Сабийтæ гъонбæлгæнæги рази лæуунцæ.*
**Гъ.** Сабийтæ, сумах адтайтæ минкъийтæ, нур ба айтæ …

**С.** Устуртæ.
**Гъ.** Уой фæсте исодзинайтæ …
**С.** Нигки устурдæртæ.
**Гъ.** Адтайтæ æнæхъаурæ, нур ба айтæ …
**С.** Хъаурæгин.
**Гъ.** Уой фæсте исодзинайтæ …
**С.** Нигки хъаурæгиндæр.
**Гъ.** Адтайтæ зундгин, фал ма идарддæр ку ахур кæнайтæ, кæсун, финсун æма нимайун ку базонайтæ, уæдта цæхæнттæ исодзинайтæ?
**С.** Нигки зундгиндæртæ.
**Гъ.** Зундгиндæр исунмæ уин банхус кæндзæнæй математикæ. Математикæ нæ цæбæл ахур кæнуй, уой ка зонуй?
**С.** Нимайун, рабарун, хинцуйнаг кæнун æма æндæр гъуддагбæл.
**Гъ.** Æма нæ, цума, кæми багъæудзæнæй нимайун? Гъæунги? Рæвдауæндони?
*Сабийти дзуæппитæ.*
**Гъ.** Тукани нæ нимайун багъæуй? Кæд нæ багъæуй нимайун?
*Сабийти дзуæппитæ.*
**С/гъазт «Тукан»**
*Гъонбæлгæнæг æвдесуй тукани хузæ:*
*– сæрккаг тæрхæгбæл – къостæ: 3 устур æма 2 минкъийи;*
*– астæуккаг тæрхæгбæл – аргъау «Болги» архайгутæ;*
*– бунккаг тæрхæгбæл – 2 устур æма 3 минкъий къозой, пирамидæ, 10 сурх æма 10 цъæх кубикки.*
**Гъ.** Цал тæрхæги ес тукани? Бунккаг тæрхæгбæл ци ес? Сæрккагбæл ба? Астæуккагбæл? Цал къоси ес уæллаг тæрхæгбæл? Устур къостæ цал æнцæ? Минкъийтæ ба? Къозотæ ædеугурæй цал æнцæ? Устур къозотæ цал æнцæ? Минкъийтæ ба?
Кæцитæ фулдæр æнцæ? Минкъийдæр ба? Пирамиди рахес

фарс ци ес? Æ галеу фарс ба? Банимайайтæ, болгæ цалемæй тудтонцæ? Фиццаг ка адтæй? Дуккаг ба? Æртиккаг? Æма у.и.
Банимайайтæ, цал цæрæгоййи тудта болгæ? Уæдта цал адæймаги?
*Сабийтæ фарстатæн дзуапп радтунцæ. Уой фæсте гъонбæлгæнæг æрмæгæвдесæн фæйнæг 10 сурх æмæ 10 æрвхуз кубиккей хæццæ æвдесуй. Кубиктæ æнкъæйттæй 1 сурх æма 1 æрвхуз, еу инней буни уотемæй æвæрд æнцæ.*
**Гъ.** Тукани тæрхæгбæл ма ес кубиктæ сурхитæ дæр æма æрвхузтæ дæр. Банимайайтæ, цал æнцæ сурх кубиктæ.
*Сабийтæ æнхæст кæнунцæ ихæслæвæрд.*
**Гъ.** Æнæбанимайгæй уæ бон æй зæгъун æрвхуз кубиктæ цал æнцæ, уой?
**С.** Æрвхуз кубиктæ дæр сурхити бæрцæ æнцæ, уома 10.
Уой фæсте гъонбæлгæнæг сурх кубикти кæрæдземæй изолдæртæ райвæруй.
**Гъ.** Ести æйййивд æрцудæй? Сурх кубикти бæрцæ фæффулдæр æй, æви уотемæй байзадæнцæ? Кубиктæ ма æмбæрцитæ æнцæ?
*Сабийти дзуæппитæ. Гъонбæлгæнæг æма сабийтæ искæнунцæ хатдзæг; сурх кубикти бæрцæ уотемæй байзадæй, уомæн æма сæбæл æфтаугæ дæр нæ бакодтонцæ æма си гæлдзгæ дæр нæ ракодтонцæ.*
**Гъ.** Цума сурх кубиктæ фулдæр æнцæ, уотæ цæмæ кæсуй? Æмбестæ ке æнцæ, уой кутемæй исбæлвурд кæнун æнгъезуй?
*Сабийти дзуæппитæ. Гъонбæлгæнæг æма сабийтæ искæнунцæ хатдзæг: предметти бæрцæ кæрæдземæ хæстæгдæр кенæ идарддæр æвæрдæй уæлдай нæ кæнуй.*
**Гъ.** Сабийтæ, куд гъуди кæнетæ, физкультурон архæйдтитæ кæнгæй нимайун гъæуй?
**С.** Уо, гъæуй.

**Физминуткæ**

*Сабийтæ, нимадмæ гæсгæ, гъонбæлгæнæги амунд æзмæлдтитæ кæнунцæ.*

**С/гъазт «Дессаги баркъи»**

*Гъонбæлгæнæг сабийтæмæ «Дессаги баркъи» æвдесуй æма сæмæ æ номæй дзоруй.*

**Гъ.** «Æмбесонди баркъи» дæн
Хъæбæр берæ уæ уарзун
Æма уæ фæрсун уобæл:
Куд фæууарзетæ гъазун?

**Гъ.** Баркъий медæгæ цитæ ес, уони базонун уæ фæндуй? Бацеу-бацеуи фæрци æй базондзинайтæ:

Мæнæн нæййес къумтæ
Дæн тефсеги æмæнгæс
Къохдарæн ’ма цалхи хузæн
Нæма уин зæгъун мæ нон
Базонетæ ци хуннуй?
*(Тумбулæг)*

Æ алли къум дæр æй барст
Æ алли къум дæр æй раст
Æ цуппар фарси – æмдæргъцæ
Гъе уæхæн æй æ сорæт
Æ нон ба хуннуй ...
*(Квадрат)*

Æдеугур ин – æртæ фарст, –
Æй сæ дæргъцæ фæйнæ хузи.
Къумтæ дæр ин – æртæ къуми, –
Уомæн хуннуй ...
*(Æртикъумон)*
*Къибирти А. тæлмац*

**Гъ.** Еци фигурити баркъий медæгæ урзæй иссерун гъæуй.

**С/ гъазт «Геометрион конструктор»**

*Алли сабиймæ дæр – геометрион фигурити фæлуст.*
*Сабийтæ гъæуамæ дæнцæнмæ гæсгæ хузæ æрæмбурд кæнонцæ. Гъонбæлгæнæг сабийтæмæ аллихузон фарстатæ дæдтуй, зæгъæн:*
**Гъ.** Цал геометрион фигури дæ багъудæй хузæ æрæмбурд кæнунмæ? Дæу ба? Циуавæр фигуритæ æнцæ? Æма у.и.
*Сабийтæ геометрион фигуритæ нимайунцæ æма гъонбæлгæнæги фарстатæн дæр дзуæппитæ кæнунцæ.*
**Гъ.** Нимайун уæ гъазгæй дæр багъæудзæй. Гъæйдæ рагъазæн.
**С/гъазт «Банимайæ»**
**Гъ.** Ци бонтæ зæгъон, уони банимаетæ:
ацибон, исон, иннæбон;
æзинæ, ацибон, исон, иннæбон.
Зæгъайтæ, циуавæр анзи афæнттæ зонетæ. Цал æнцæ? Банимайайтæ сæ. Æфсийнæ цал халсари æрбахаста уони банимайайтæ.

Нана базарæй æрцудæй,
Тухæй хаста æ уаргъ.
Баркъий алцидæр бацудæй,
Аслан н' адтæй сæ аргъ.

Картоф, хъæдорæ 'ма къумбул,
Æпхæ, цивзæ, фиунасæ –
Цæттæ, хуæрзадæ, дæргъдумбул,
Дзодзæги 'ма фидхуасæ.

**Ахури байдауæн**
**Гъ.** Нимайун хуарз зонетæ. Фал ма гъæуама берæ базонайтæ. Æма уин уæд алкæддæр æма алкæми дæр математикæ æнхус кæндзæй.

*3-аг ахури усмæ*

**Еумæйаг темæ: «Мæ бæстихай»**
**Темæ: «Æнæгъæнæ – хай» (фæлхатун)**

**Нисан:** – Сабийти зæрди æрæфтаун лæдæруйнæдтæ «æнæгъæнæ» æма «хай».

– Ниффедар кæнун *хæйттæй æнæгъæнæ* æмбурд кæнуни арæхстдзийнадæ.

– Ниффедар кæнун лæдæруйнадæ, æнæгъæнæ алкæддæр æ *хаййæй* устурдæр ке æй, *хай* ба, *æнæгъæнæй* – минкъийдæр.

– Идарддæр сæ ахур кæнун предметти сæрмагонд минеугутæ бæрæг кæнунбæл уæдта сæ, уонæмæ гæсгæ, фæкъкъуæрттæ кæнун.

– Ахур сæ кæнун хæрхи элементти бæрцæ исбæрæг кæнунбæл; хæрхитæ сæ нимæдзæмæ гæсгæ рабарун – æмбæрцæ, еу фулдæр, еу минкъийдæр.

– Ниффедар кæнун лæдæруйнадæ предметти бæрцæ ке не ’ййевуй сæ формæ æма сæ рауæни æвæрдмæ гæсгæ.

– Сабийти ахур кæнун предметтæ бæрæг минеуæгмæ – дæргъцæмæ гæсгæ къуæрттæ кæнунбæл.

– Ирæзун кæнун сабийти гъосдарунадæ, æримисунадæ, комбинаторон арæхстдзийнæдтæ; геометрион фигурити æвæрдæй хузтæ кæнун куд зононцæ.

– Сабийти гъонбæл кæнун, сæ кæрæдзей куд лæдæронцæ æма сæмæ кæрæдземæн анхос кæнун куд цæуа.

**Æрмæг**

**Æвдесунмæ:** хузтæ – хуæнхаг цæугæдон, хед, хуæнхтæ, хæдзæрттæ, Дзæуæгигъæуи хузæ.

**Иуарунмæ:** цæугæдони схематикон хузæ (æ нарæг хаййæй фæтæн хаййи уæнгæ), дууæ хаййебæл лухгондæй; къарточкитæ стъæлфити хæццæ (1-й 10-ей уæнгæ; гæгъæдий уадздзæгтæ – хедтæ, сæ дæргъцæ аллихузæнттæ, сæ уæрхцæ ба – æмхузон. Æнæуод æма уодæгас æрдзи хузти кæрæ. Геометрион конструктор.

## Ахури цуд

**Гъ.** Мах цæрæн хъæбæр рæсугъд республики. Æма, цума, куд хуннуй?
**С.** Цæгат Ирситон-Алани.
*Гъонбæлгæнæг сабийтæн зæгъуй, цæмæй æрдзи хузтæмæ æркæсонцæ æма си, нæ бæстихаймæ ка нæ хауй, уони раæртасонцæ.*
*Зæгъæн: домбаййи хузæ, пальми хузæ æма æнд.*
*Сабийтæ æнæхст кæнунцæ ихæслæвæрд.*
**Гъ.** Ци хузтæ ма байзадæй, етæ нин æвдесунцæ нæ бæстихай, уæлдай хузтæ раеуварс кодтан. Цал хузи ма нæмæ байзадæй?
**С.** Фондз.
*Гъонбæлгæнæг хузтæ райвæруй мæнæ атæ: цæугæдон, хед, хуæнхтæ, хæдзарæ, горæт (зæгъæн Дзæуæгигъæу) æма зæгъуй сабийтæн, цæмæй аци хузтæмæ гæсгæ рабалци кæнонцæ.*
**Гъ.** Балци цæунмæ кæд хуæздæр æй: сæумæй, рæфти æви изæрæй?
**С.** Сæумæй.
**Гъ.** Цæмæй?
**С.** Цæмæй фæстæмæ, афойнадæбæл æрбаздæхæн.
**Гъ.** Æхсæвæ ба балци цæун æнгъезуй?
**С.** Æнгъезуй, фал æхсæвæ талингæ фæууй, над нæ фæззиннуй, тæссаг æй фæдздзæгъæл унмæ, къагъди ниххаунмæ кенæ билæй рахаунмæ æма у.и.
**Гъ.** Нæ республики берæ цæугæдæнттæ ес.
*Гъонбæлгæнæг æвдесуй цæугæдони хузæ æма син зæгъуй, цæмæй сæ уати иссеронцæ иннæ ауæхæн хузæ, уоми уодзæнæй ихæслæвæрд. Сабийтæ иссерунцæ цæугæдони хузæ.*
**Гъ.** Ами æнахур дессаг – цæугæдон ес,дууæ хаййемæй конд, æма ци гъæуй ǽ баеу кæнунæн?
**С/гъазт «Исаразæ цæугæдон»**

*Сабийтæ архайунцæ цæугæдон хæйттæй æрæмбурд кæнунбæл. Кæд къулумпи кæнонцæ, уæд син гъонбæлгæнæг, фарстатæ дæтгæй, анхос кæнуй.*
**Гъ.** Цæугæдони райдайæн кæми æй?
**С.** Хуæнхти.
**Гъ.** Куд фæззиннуй цæугæдон, гъома, цæмæй райдайуй?
**С.** Цæугæдон райдайуй нарæг къанауæй.
**Гъ.** Уой фæсте ибæл бафтуйунцæ æндæр къанæуттæ æма си рауайуй гулфгæнгæ цæугæдон, æ донвæд фæтæнæй-фæтæндæр кæмæн æй, уæхæн.
*Сабийтæ еумæ архайунцæ. Алли сабиймæ дæр цæугæдони «хай». Сабийтæ цæугæдон æмбурд кæнунцæ пъолбæл (пирамиди хузæн), тæккæ нарæгдæр хаййæй райдайгæй, фæстагмæ ба фæтæндæртæй фæуунцæ. Гъеууотемæй сабийтæ, еумæ архайгæй, æрæмбурд кодтонцæ (хузгин гæгъæдитæй) цæугæдон. Цæугæдони дæргъцæ сабийти нимæдзи хæццæ баст æй. Гъонбæлгæнæг сабийти хæццæ исбæлвурд кæнуй, æнæгъæнæ хаййæй устурдæр ке æй, уой.*
**Гъ.** Нæ рази цæугæдон ес. Фал ибæл куд бахезæн?
*Сабийти дзуæппитæ: нарæгдæр кæми æй, уоми; æ сæрти багæпп кæнæн; хедбæл.*
**Гъ.** Хед нæмæ нæййес æма куд кæнæн?
**С.** Исаразæн хед.
*Гъонбæлгæнæг æвдесуй «хед»-и хузæ.*
**Гъ.** Иссеретæ ауæхæн – æндæр хеди хузæ, е уин байанхос кæндзæй.
*Сабийтæ иссерунцæ хузæ. Хузи рази ихæслæвæрд – къарточкитæ стъæлфити хæццæ.*
**Гъ.** Цæмæй хед исаразæн, уой туххæй гъæуама фенкъæйттæ уæн, дугæйттæй æнцондæр архайæн æй.
***С/гъазт* «Æнкъай иссерæ»**
*Сабийтæ райсунцæ къарточкитæ. Алли къарточкæбæл дæр стъæлфитæ 1-æй ...10-ей уæнгæ. Сабийтæ сæ*

*уати гъазунцæ æма æнкъаййæн агорунцæ, сæ къарточкити стъæлфити бæрцæ се ’мхузæн кæмæн æй, уæхæн. Стъæлфити æвæрди уаг фæйнæхузти æй. Зæгъæн: еуемæн ауæхæне [⁚⁚], иннемæн ба – мæнæ ауæхæн [...]*

**Гъ.** Нур уи алкæмæн дæр ес æнкъай-æнбал, æма хед аразун райдайетæ.

*Гъонбæлгæнæг æвдесуй хузгин гæгъæдий уадздзæгтæ, – æмуæрхцæ æма хецæн дæргъцитæ.*

**С/ гъазт «Исаразæ хед»**

**Гъ.** Мæнæ уин хед аразунмæ гъæдтæ. Æмхузон æнцæ æви аллихузæнттæ?

**С.** Сæ дæргъæ аллихузон æй.

**Гъ.** Раст зæгътайтæ. Е уобæл дзорæг æй, æма ауæхæн хед цæугæдони сæрти, кæми дæ фæндæуа, уоми не ’рæвæрдзæнæ. Кæми æй æрæвæрун гъæуй, уой ба сумах гъæуама базонайтæ.

*Алли æнкъай дæр райсуй гъæдæ æма æй аккаг рауæни æрæвæруй. Зæгъæн: цубур хед æрæвæрун гъæуй цæугæдони райдайæни – нарæгдæр рауæн. Уой фæсте гъонбæлгæнæг æвдесуй хуæнхти хузæ.*

**Гъ.** Иссеретæ уати ауæхæн – æндæр хузæ.

*Сабийтæ иссерунцæ хуæнхти хузæ. Хузи рази ба иннæ ихæслæвæрд – хузти кæрæ: æнæуод æрдзæ; уодæгас æрдзæ.*

**Гъ.** Æркæсетæ хузтæмæ æма зæгъетæ, цæй хузтæ æнцæ, уой.

**С.** Æнæуод æма уодæгас æрдзи хузтæ.

**Гъ.** Раст айтæ. Æгас æрдзæ дууæ хаййи конд æй: æнæуод æма уодæгас. Кæрæдземæй сæ рахецæн кæнун гъæуй.

*Сабийтæ ихæслæвæрдбæл косунцæ. Гъонбæлгæнæг рахецæн кæнуй æнæуод æрдзи хузтæ æма сабийтæн зæгъуй, цæмæй уодæгас æрдзи кæрæй искæнонцæ хæрхитæ, зæгъæн: бæлæстæ, сирдтæ, мæргътæ æма æнд.*

*Сабийтæ ихæслæвæрд æнхæст кæнунцæ.*

*Уой фæсте 3–4 сабиййи кезугай сæ хæрхити туххæй радзорунцæ, гъома цæй хæрхæ æй æма си цал элементти ес. Иннæ сабийтæмæ ба гъонбæлгæнæг раттуй аллихузон фарстатæ, зæгъæн:*

**Гъ.** Ке хæрхитæн уи сæ нæмттæ æмхузæн æнцæ? Ке хæрхи уи ес фулдæр элементтæ? Кæмæ фулдæр хузтæ ес: Катямæ æви Зарæмæ? Цал фулдæр? Минкъийдæр хузтæ ба кæмæ ес: Аланмæ æви Стасмæ? Цал минкъийдæр?

*Гъонбæлгæнæг гъæуама уæхæн хæрхитæй фæрса, элементтæ еу фулдæр кенæ еу минкъийдæр кæми уа. Сабийтæй еске æ хæрхæ æмбурдгæнгæй ку фæррæдуйа, уæд ин иннетæ фенхус кæнæнтæ, æцæг æмбæлттæ гъæуама кæрдземæн багъæуаги, æнхус гъæуама кæнонцæ.*

**С/гъазт «Аразæн хæдзарæ»**

*Гъонбæлгæнæг сабийтæмæ æвдесуй хæдзари хузæ æма син зæгъуй, иссеретæ уати ауæхæн æндæр хузæ. Сабийтæ иссерунцæ хæдзари хузæ. Хузи рази ба геометрион фигуритæ æма ихæслæвæрд – геометрион фигуритæй хæдзарæ исаразун.*

**Гъ.** Атæ ци æнцæ?

**С.** Геометрион фигуритæ.

*Гъонбæлгæнæг кезугай амонуй фигуритæмæ, сабийтæ ба син сæ нæмттæ дзорунцæ.*

**Гъ.** Атæ хумæтæги геометрион фигуритæ нæ ’нцæ, атæ хæдзари хæйттæ æнцæ æма си гъæуама сумах хæдзарæ исаразайтæ.

*Сабийтæ геометрион фигуритæй цæугæдони билтæбæл хæдзæрттæ «аразунцæ». Хæдзæрттæ гъæуама фæйнæхузти уонцæ, уомæн æма сабийтæ фæйнæхузон геометрион фигуритæ равзурстонцæ хæдзарæ аразунмæ. Гъонбæлгæнæг ба ма сæмæ раттуй фарстатæ.*

**Гъ.** Æнæгъæнæ хæдзарæ исараztай, æма циуавæр хæйттæй испайда кодтай?

**С.** Фæрстæ, сæр, къæрæзгитæ, дуар.
**Гъ.** Дуар куд конд æй? Æ формæ цæхæн æй?
**С.** Расткъумони хузæн.
**С.** Хæдзари сæри формæ ба?
**С.** Е дæр расткъумон.
*Гъонбæлгæнæг сабийти хæццæ исбæлвурд кæнуй, æнæгъæнæ хæдзарæ æ кæцифæнди хаййæй устурдæр ке æй, хай ба алкæддæр æнæгъæнæй минкъийдæр ке æй. Уой фæсте искæнунцæ хатдзæг: хай æнæгъæнæй минкъийдæр æй, æнæгъæнæ ба – хаййæй устурдæр.*
**Гъ.** Дессаги хæдзæрттæ аразун базудтайтæ. Æнæгъæнæ горæт исаразтайтæ цæугæдони билæбæл. Куд гъуди кæнетæ, нæ горæттæй кæций хузæн æй? Зæгъайтæ ин æ ном.
**С.** Дзæуæгигъæуи хузæн
**Гъ.** Хуарз. Æма цæмæ гæсгæ?
**С.** Уомæн æма Дзæуæгигъæу Терки билтæбæл арæзт æй.
*Гъонбæлгæнæг æвдесуй фæстаг хузæ – Дзæуæгигъæу.*
**Гъ.** Гъеууотемæй мах æрбахъæрттан нæ горæтмæ. Нæ бæстихайбæл балци кæронмæ æрхъæрттæй.
**Ахури байдауæн**
**Гъ.** Мах абони берæ базудтан. Нур уæ бон зæгъун æй устурдæр кæци æй: горæт æви гъæунг, цæугæдони сæрти бахезунмæ æнцондæр ци рауæн æй – фæтæндæр кæми æй æви нарæгдæр.
*Сабийтæ фарстатæн дзуаппитæ дæдтунцæ.*
**Гъ.** Мах ма балæдæрдтан, еумæ ку уæн, уæд цифæнди куст дæр бакæндзинан. Уæ зæрдæмæ фæццудæй нæ балци?
**С.** Гъо, хъæбæр!

*4-аг ахури усмæ*

**Еумæйаг темæ: «Мæ бæстæ»**
**Темæ: «Итигъдадон рахаститæ»**
**Нисан:** – Ирæзун кæнун итигъдади рахаститæ, исбæлвурд

кæнун лæдæруйнæдтæ: рахесæрдигæй, галеуæрдигæй, размæ, фæстæмæ, уæлæмæ, дæлæмæ, сæр, бун, фæсте, разæй.

– Ниффедар кæнун 10-и уæнгæ раст нимайун, æнкъæйттæ аразгæй ба дууæ предметти бæрцитæ рабарун, гъома, кæцитæ фулдæр æнцæ.

– Сабийтæн байамонун модельтæ кæнуни бундор.

– Ирæзун кæнун сабийти логикон гъудикæнунадæ, æримисунадæ, гъосдарунадæ æма æргъудикæнунадæ.

– Гъонбæл кæнун сабийтæмæ уарзондзийнадæ нæ бæстæ æма райгурæн зæнхæмæ.

**Æрмæг**

**Æвдесунмæ:** Уæрæсей къартæ, Дзæуæгигъæу æма ибæл Мæску бæрæггонд. Æнхусгæнæг – финстæг. Хузтæ, гъазт «Динамикон хузтæ»-н. Амонæн фæйнæг æма мел.

**Иуарунмæ:** алли сабийæн дæр дууæ хаййи конд (сæрккаг æма бунккаг) къарточкæ; 10 æртæкъумони, 10 квадрати. Игровизортæ лабиринтти хæццæ, фломастер.

### Ахури цуд

*Сабийтæ горцъебæл бадунцæ, сæ рази Уæрæсей къартæ.*

**Гъ.** Сабийтæ, мах нуртæккæ кæми ан?

**С.** Нæ къуари уати.

**Гъ.** Нæ къуари уат ба кæми æй?

**С.** Рæвдауæндони.

**Гъ.** Къуари уат æй рæвдауæндони хай. Æма рæвдауæндонæ ба кæми æй?

**С.** Дзæуæгигъæуи.

*Гъонбæлгæнæг къартæбæл æвдесуй горæт, Иристони туруса æй бæрæг даруй.*

**Гъ.** Рæвдауæндонæ æй нæ горæти хай. Æма уæд Дзæуæгигъæу ба кæми æй?

**С.** Республикæ Цæгат Иристон-Аланий.

**Гъ.** Мадта нæ горæт цæй хай æй?

**С.** Республики хай.
**Гъ.** Æма нæ республикæ кæми æй, уой дæр зонетæ?
*Сабийти дзуæппитæ.*
**Гъ.** Нæ республикæ æй Уæрæсей, е æй устур бæстæн æ еу хай.
*Гъонбæлгæнæг къартæбæл æвдесуй Уæрæсей арæнтæ.*
**Гъ.** Ацибон мах рараст уодзинан балци нæ бæстæбæл. Ци фæййинæн, уомæн æ хузæ кæндзинан кенæ æй финсдзинан амонæн фæйнæгбæл. Ка ма бавдесдзæнæй, еу хатт Дзæуæгигъæу къартæбæл.
*Сабийтæй ке фæндуй, е æвдесуй къартæбæл Дзæуæгигъæу, æма æй тумбулæг кенæ турусайæй ниббæрæг кæнуй.*
**Гъ.** Уæхæн горæттæ къартобæл хъæбæр берæ ес. Кæсайтæ.
*Гъонбæлгæнæг горæттæ къартæбæл æвдесуй.*
**Гъ.** Ка уи зонуй, нæ бæсти сæйраг горæт куд хуннуй?
**С.** Мæску.
**Гъ.** Къартæбæл еци горæт бæрæггонд æй Уæрæсей турусайæй. Бавдесайтæ, кæци рауæн æй Мæску?
*Сабийтæ ихæслæвæрд æнхæст кæнунцæ.*
**Гъ.** Адæн кæрæдземæ финстæгутæ æма открыткитæ алли горæттæй ферветунцæ, фал син сæ хæсгæ ба ка фæккæнуй?
**С.** Постхæссæг.
**С/ гъазт «Постхæссæг»**
*Игъусуй музыкæ, сабийтæ сæ уати гъазунцæ. Куддæр музыкæ фæгъгъос уй, уотæ сабийтæ дæр æрлæуунцæ. Гъонбæлгæнæг сабийтæй еуемæ раттуй къонверт – е уодзæй постхæссæг. Гъонбæлгæнæги къамандитæмæ гæсгæ сабийтæ кæрæдземæ раттунцæ къонверт, зæгъæн.*
**Гъ.** Игорь райсæ къонверт, нур ба ду уодзæнæ постхæссæг. Разелæ рахесæрдæмæ, 3 ампъези размæ ракæнæ. Ка лæууй дæ цори?
**С.** Алинæ.
**Гъ.** Алинæмæ раттæ къонверт. Нур ба Алинæ – постхæссæг.

Размæ 2 ампъези ракæнæ, 3 ампъези галеуæрдæмæ æма у.и.
*Уотемæй финстæг еу сабийæй иннемæ цæуй.*

**Гъ.** Горæттæ идард æнцæ кæрæдземæй, се 'хсæн ес цæугæдæнттæ, денгизтæ, цадитæ.

*Гъонбæлгæнæг сабийти гъос æрдаруй къартæмæ.*

**Гъ.** Къартæбæл цæугæдæнттæ бæрæггонд æнцæ æврхуз листæг хæнхитæй. Бавдесайтæ сæ.

*Сабийтæ къартæбæл цæугæдæнттæ æвдесунцæ.*

**Гъ.** Цæугæдæнттæ æма денгизти ба ка цæруй?

**С.** Кæсæлгитæ.

*Æрмæгæвдесæн фæйнæгбæл кæсæлгити хузтæ. Кæсæлгитæй еуетæ рахесæрдæмæ накæ кæнунцæ, иннетæ ба – галеуæрдæмæ. Сабийтæ бадунцæ стъолти уæлгъос, алкæмæ дæр си къарточкитæ æма геометрион фигуритæ: 10 æртæкъумони, 10 квадрати.*

**Гъ.** Банимайайтæ, галеуæрдæмæ цал кæсалги накæ кæнуй? Къарточки уæллаг уадздзæгбæл уал квадратти æрæвæретæ. Нур ба банимайайтæ, рахесæрдæмæ цал кæсалги накæ кæнуй, уой. Æрæвæретæ бункгаг уадздзæгбæл уал æртæкъумони. Рабарайтæ, кæци фигуритæ фулдæр æнцæ, минкъийдæр ба кæцитæ æнцæ? Куд æрæвæрун гъæуй фигуритæ, цæмæй сæ нимæдзти рабарун æнцондæр уа?

*Сабийтæ фигуритæ еу инней буни (æнкъæйттæй) æрæвæрунцæ æма искæнунцæ хатдзæг: æртæкъумонтæ æма квадраттæ æнцæ æмбæрцæ.*

**Гъ.** Сабийтæ, нæ бæсти ес берæ урух æма арф цæугæдæнттæ (Волгæ, Дон, Ленæ æма æнд.). уонæбæл накæ кæнунцæ теплоходтæ, уæзласæн наутæ, катертæ.

*Сабийтæй еу æрмæгæвдесæн фæйнæгбæл хузæ кæнуй цæугæдони символ – къæдзæ-мæдзæ ханхæ.*

**Гъ.** Мах горæти ба ес цæугæдон? Куд хуннуй?

**С.** Терк.

**Гъ.** Теркбæл наути бон накæ кæнун æй? Цæмæннæ?

*Сабийти хатдзæггонд дзуæппитæ.*

**С/ гъазт «Лабиринт»**

Алли сабиймæ дæр – лабиринтти хæццæ игровизор, зæгъæн:

1. Адæни циуавæр бæлæгъ балассæй иннæ билæмæ, уой фломастертæй ниббæрæг кæнетæ;
2. Кæци науæ тагъддæр бахъæртдзæй иннæ билæмæ, уой ниббæрæг кæнетæ;

**Гъ.** Æркæсайтæ Уæрæсей къартæмæ, циуавæр хуарæни хузæ си фулдæр ес?

**С.** Кæрдæгхуз.

**Гъ.** Кæрдæгхузæй бæрæггонд æнцæ будуртæ, гъæдтæ, хезнитæ.

*Сабийтæй еу фæйнæгбæл хузæ кæнуй хуæнхти символ – сæститæ ханхæ.*

*Сабийтæ фæйнæгбæл хуæнхти хузæ кæнунцæ.*

**Гъ.** Цæугæдæнттæ æма цадити  билтæбæл, хуæнхтæ æма гъæдти ес хъæбæр берæ  цæрæгойтæ, зайæгойтæ æма мæргътæ.

**С/ гъазт «Динамикон хузтæ»**

*Гъонбæлгæнæг æрæвæруй хузтæ: бæрзæ, нæзи, гуделæ, тæрхъос, къотæр, æхсæрсæттæг, робас, халон, хæдзарæ… Алли сабий дæр си райсуй еунæг хузæ.*

**Гъ.** Нуртæккæ сумахæй алкедæр уодзæй хузгæнæг æма еугурæйдæр еумæ искæндзинан хузæ.

*Гъонбæлгæнæг гъазæн фæзæбæл елки хузæ æрæвæруй æма сабийтæмæ дзоруй, цæмæй сæ хузтæ, кезугай, елки алли-варс æвæронцæ, зæгъæн:*

Бæрзæ бæласæ нæзий галеуфарс æй,
Тæрхъос – нæзийæн æ рахесфарс,
Къотæр – нæзий разæй,
Æхсæрсæттæг – нæзибæл,
Халон – нæзий буни,

Робас фæццæуй нæзимæ,
Узун нæзий цорæй фæццæуй,
Хæдзарæ лæууй нæзий фæсте æма у.и.

*Гъеууотемæй, еумæйаг хузæ аразунцæ.*

**Гъ.** Рауадæй нæмæ рæсугъд æрдзи хузæ. Нæ бæстæбæл балци гæнгæй фæууинун æнгъезуй æрдзæ куд æййевуй, уой. Зæгъæн: æхсæрсæттæг бæласæн æ галеуфарс уæд, къотæр ба – æ рахесфарс æма у.и.

*Сабийтæ хузти бунæттæ раййевунцæ.*

**Ахури байдауæн**

**Гъ.** Ци дессаги балци адтан нæ бæсти къартæбæл. Уæ зæрдæмæ фæццудæй? Ци уæмæ фæккастæй зиндæр?

Еу хатт ма нæ зæрди æрæфтауæн, нæ бæсти цитæ ес, уони. Банхус нин кæндзæнæнцæ, нæ фæйнæгбæл ци хузтæ искодтан, етæ.

*5-аг ахури усмæ*

**Еумæйаг темæ: «Фæззæг»**

**Темæ: «Цифритæ 0, 1, 2, 3»**

**Нисан:** – Сабийти зæрди æрæфтаун нимæдзонтæ 2 æма 3 арæзт. Ниффедар кæнун предметти нимæдзæ исбæрæг кæнун, нимæдзонтæ рабарун: 1 фулдæр, 1 минкъийдæр, æмбæрцæ.

– Сабийти базонгæ кæнун цифритæ 0, 1, 2, 3 æма нимæдзон нимади рæнгъи хæццæ.

– Предметти бунæтти раййивдæй, сæ нимæдзæ ке не ’ййевуй, уой син балæдæрун кæнун. Геометрион фигурити туххæй зонундзийнæдтæ ниффедар кæнун.

– Исбæлвурд кæнун итигъдади рауæнтæ еруни зонундзийнæдтæ æма сæ ниффедар кæнун.

– Исбæлвурд кæнун зонундзийнæдтæ анзи афæнæ – фæззæги туххæй.

– Ниффедар кæнун лæдæрунадæ «уæззау – рæуæг».

– Ирæзун кæнун сабийти гъосдарунадæ, гъудикæнунадæ, æсгаруни кусти бундор.

– Сабийти гъонбæл кæнун, сæ кæрæдзей куд уарзонцæ æма кæрæдземæн, багъæуаги, куд анхус кæнонцæ.

**Æрмæг**

**Æвдесунмæ:** тæскъæ, къабуска, кабачкитæ 2 æма 3 хуæргæнаси. Цифритæ 0, 1, 2, 3. Геометрион фигуритæ: сурх æма бор устур тæлитæ; æрвхуз, сурх æма кæрдæгхуз минкъий æртæкъумони.

**Иуарунмæ:** къарточкитæ цифрити хæццæ (0, 1, 2, 3); аллихузон рæзæ æма халсарти хузтæ (1-æй – 3-й уæнгæ) кæбæл ес, уæхæн къарточкитæ; ноль бæрæг кæнæн ревæд къарточкæ; геометрион фигуритæ: 1 тумбулæг, 2 расткъумони, 3 дæргъдумбули, къарточкити фæлуститæ, цифритæ 1-й 3-й уæнгæ кæбæл ес, уæхæнттæ; къонверт хузти хæццæ гъазт «Раздæр ци, уой фæсте ба»-йæн.

## Ахури цуд

**Гъ.** Мæнæ бабæй ралæудтæй тиллæг æфснайуни афонæ. Æма куд фембурд кæнæн тиллæг? Кæци анзи афони?

**С.** Фæззæги.

**Гъ.** Мадта циуавæр анзи афонæ æй нуртæккæ?

**С.** Фæззæг.

**Гъ.** Раст загътайтæ. Уотæ ку фæззæгъæн – гъæздуг тиллæг, е хуарз æй æви – лæгъуз?

*Сабийти дзуæппитæ.*

**Гъ.** Мæн фæндуй сумахæн еу уæхе хузæн биццеуи туххæй радзорун. Биццеу цæруй гъæуи, æ ном ба хуннуй Алан. Кæд ма минкъий æй, уæддæр æ ниййергутæн анхос кæнуй. Еухатт Алан зайæгойти муггæгтæ ниййаразта. Куд гъуди кæнетæ, зайæгойтæ ци афони фæййаразунцæ?

**С.** Уалдзæги.

**Гъ.** Раст загътайтæ. Муггæгтæй исæвзурстæй тауæ. Æнæгъæнæ уалдзæг æма сæмæ сæрди дæргъци зилдæй.

Фæззæг ку ралæудтæй, уæдта райста ревæд тæскъæ (гъонбæлгæнæг дзурд «ревæд» гъæрдæрæй зæгъуй) æма æ тиллæг æрæмбурд кодта. Алан исфæндæ кодта æ æнтæстдзийнæдти туххæй æ хестæр æнсувæрмæ ниффинсун, фал куд финсгæ æй, уой нæ зудта. Куд байанхос кæнæн Аланæн?

**С.** Æ тиллæги хузæ ин искæнæн.

**Гъ.** Гъо, фал Алани фæндуй, цæмæй е 'нсувæр базона, цæйбæрцæ халсартæ æрзайун кодта, уой. Ци бакиндæ уа?

**С.** Халсартæ банимайæн æма уал хузи искæнæн.

**Гъ.** Æма гъæздуг тиллæг ку уа – хъæбæр берæ халсартæ, уæд си алке хузæ дæр кæнгæ уодзæй? Е уæмæ раст кæсуй?

**С.** Нæгъ. Банимайæн халсарти æма син сæ нимæдзæ цифритæй ниффинсæн.

**Гъ.** Æма цифритæ нæма зонуй.

**С.** Цифрити хæццæ æй базонгæ кæнæн.

**Гъ.** Мадта ин банхус кæнæн?

**С.** Гъо.

*Сабийтæ стъолти уæлгъос æрбадунцæ. Стъолтæбæл къарточкити фæлуститæ цифритæ 0-й 3-ей уæнгæ æма геометрион фигуритæ: 1 тумбулæг, 2 растъкумони æма 3 дæргъдумбули.*

*Гъонбæлгæнæг сабийти рази æрæвæруй халсарти тæскъæ. Кæд æцæг халсартæ нæ уа, уæд муляжтæ дæр æнгъезуй. Гъонбæлгæнæг кезугай тæскъæй халсартæ есуй æма син сæ нæмттæ дзоруй, сабийтæ ба – геометрион фигуритæ.*

**Гъ.** Мæнæ Алан ци тиллæг æрæмбурд кодта е.

*Гъонбæлгæнæг къабуска тæскъи рахес фарс æрæвæруй.*

**Гъ.** Циуавæр геометрион фигурæй ниббæрæг кæнæн къабуска?

**С.** Тумбулæгæй.

**Гъ.** Цал къабускай æнцæ?

**С.** Еу.

**Гъ.** Æма уæд цал тумбулæги ниввардтайтæ уæ рази?
**С.** Еу тумбулæг.
*Сабитæ се ’стъолтæбæл еугай тумбулæгтæ ниввæрунцæ.*
**Гъ.** Циуавæр цифрæй æй ниббæрæг кæнæн?
**С.** Цифрæ 1-æй.
**Гъ.** Уе стъолтæбæл цифрæ 1 иссеретæ æма æй тумбулæги рази ниввæретæ.
*Сабийтæ тумбулæги рази æрæвæрунцæ цифрæ 1, гъонбæлгæнæг ба къабускай цори æрæвæруй цифрæ 1. Уой фæсте гъонбæлгæнæг стъолæбæл æрæвæруй кабачкитæ.*
**Гъ.** Алан райдæдта стъолæбæл кабачкитæ æвæрун. Фиццаг æрæвардта еу, уой фæсте ба ма еу. Алли кабачок дæр расткъумонæй ниббæрæг кæнæн.
*Сабийтæ тумбулæги рахес фарс дууæ расткъумони æрæвæрунцæ.*
**Гъ.** Кабачкитæ æдеугур цал æнцæ?
**С.** Дууæ.
**Гъ.** Циуавæр цифрæй сæ ниббæрæг кæнæн?
**С.** Цифрæ 2-æй.
*Сабийтæ – стъолæбæл æрæвæрунцæ дууæ расткъумони сæ цори ба – цифрæ 2. Гъонбæлгæнæг ба кабачкити фарсмæ æрæвæруй цифрæ 2.*
**Гъ.** Еу къабуска æма дууæ кабачкий. Кæцитæ фулдæр æнцæ?
**С.** Кабачкитæ.
**Гъ.** Цал фулдæр?
**С.** 1 фулдæр.
**Гъ.** Уой фæсте Алан стъолæбæл æрæвардта хуæргæнæстæ. Хуæргæнæстæ ниббæрæг кæнæн дæргъдумбулæй. Алан ку æркастæй, уæд фæйййидта, хуæргæнæстæ кабачкитæй 1 фулдæр, ке æнцæ, уой. Цал адтæнцæ хуæргæнæстæ, куд гъуди кæнетæ?
**С.** Æртæ.
**Гъ.** Исбæлвурд сæ кæнæн.

*Гъонбæлгæнæг стъолæбæл хуæргæнæстæ æвæруй, сабийтæ ба сæ еумæ, гъæрæй, нимайунцæ.*
**С.** Еу, дууæ, æртæ.
**Гъ.** Ædеугур æртæ хуæргæнаси.
*Сабийтæ стъолæбæл æртæ дæргъдумбули æрæвæрунцæ.*
**Гъ.** Цæхæн цифрæй ниббæрæг кæнæн нимæдзæ æртæ?
**С.** Цифрæ 3-й.
**Гъ.** Иссеретæ цифрæ 3 æма æй дæргъдумбули фарсмæ нивværeтæ.
*Сабийтæ дæргъдумбулти рази æрæвæрунцæ цифрæ – 3. Гъонбæлгæнæг ба хуæргæнæсти цори æрæвæруй цифрæ – 3.*
**Гъ.** Алани тиллæг: къабуска, кабачкитæ æма хуæргæнæстæ еумæ куд хуннунцæ?
**С.** Халсартæ.
**Гъ.** Еци рæстæг Алан æ тæскъæмæ никкастæй æма фæййидта тæскъæ ревæдæй.
*Гъонбæлгæнæг сабийтæмæ æвдесуй ревæд тæскъæ.*
**Гъ.** Цал халсари ма байзадæй тæскъи?
**С.** Еунæг дæр нæ; тæскъæ ревæд æй? Æма уой ба куд ниббæрæг кæнæн?
**С.** Цифрæ 0-æй.
**Гъ.** Цифрæ 0 кæми æвæргæ æй. Куд гъуди кæнетæ?
**С.** Ревæд тæскъи фарсмæ.
**Гъ.** Цæмæ?
**С.** Уомæн æма си халсартæ нæбал ес.
*Сабийтæй еу цифрæ 0 ревæд тæскъи фарсмæ æрæвæруй.*
**Гъ.** Стъолæбæл ба цифрæ 0 ци рауæн æвæргæ æй?
**С.** Еуи размæ.
**Гъ.** Бакæсетæ цифритæмæ æма сæ кезугай (радæй) ранимайетæ.
*Сабийтæ ихæслæвæрд æнхæст кæнунцæ.*
*Цифритæ финсгæй, сабийтæ къулумпитæ ку кæнонцæ, уæд син гъонбæлгæнæг фенхус кæнуй.*

**Гъ.** Нур Алани бон бауодзæй е ’нсувæрмæ финстæг ниффинсун?
**С.** Гъо, бауодзæй.
Гъ. Цифритæ зонуни сæр ма нæ кæми багъæудзæй?
*Сабийти дзуæппитæ.*
**Гъ.** Ӕфсинттæ цæмæй ма феронх кæнонцæ, зумæгмæ цитæ æрцæттæ кæнунцæ, уони рецепттæ, уомæ гæсгæ ниффинсунцæ: варенæ исфицунмæ цæйбæрцæ гъæуй рæзæ æма сæкæр, кенæ цæхгунтæн цæйбæрцæ гъæуй халсартæ, цæнхæ æма гъæцæнтæ. Цифритæ ку зонайтæ, уæд рецепттæмæ гæсгæ, уæ бон уодзæй, уæ маддæлтæн æнхус кæнун.
**Ӕзм с/гъазт «Зумæгмæ цæттæ кæнæн»**
*Сабийтæ къарточкитæ райсунцæ. Къарточкитæй еуетæбæл 0-æй 3-ей уæнгæ цифритæ, иннетæбæл ба – 1-æй 3-й уæнгæ рæзæ æма халсарти хузтæ, уæдта, хузтæ кæбæл нæййес, уæхæн къарточкитæ – цифрæ 0 бæрцæ.*
Зæгъæн:

| | |
|---|---|
| 0 | |
| 1 | хуæргæнасæ |
| 2 | фæткъу, кæрдту |
| 3 | æпхæ, хуæргæнасæ, помидор |

*Сабийтæ сæ уати рацо-бацо кæнунцæ æма си алкедæр æхецæн æнкъай агоруй.*
*Халсарти къарточки хецау æма халсарти бæрцæ ке къарточки цифрæ æвдесуй етæ кæрæдзей иссергæй сæ къохтæбæл æрхуæцунцæ.*
**Гъ.** Нур ба уæ къарточкитæ уодзæнцæ тæскъитæ. Еуетæн сæ тæскъитæ ревæд æнцæ, иннетæн ба – идзаг. Равдесайтæ, идзаг тæскъæ кенæ ревæд тæскъæ куд фæххæсунцæ, уой. Ӕз уæ

гъæуама базонон æ тæскъæ идзаг кæмæн æй, уæдта – ревæд.
*Сабийтæй ка «уæззау» тæскъæ хæссуй, ка ба – «рæуæг».*
**Гъ.** Зæринæ æма Сосланæн сæ тæскъитæ ци хъæбæр уæззау æнцæ. Цума уин си ци ес уæ тæскъити: халсартæ æви рæзæ? Цалгæйттæ си ес алли тæскъи дæр?
*Уотæ бафæрсуй гъонбæлгæнæг 2–3 æнкъаййей, иннæ æнкъæйттæй ба, рæстæг исфæстауæрцæ кæнунмæ, еугæйтти бафæрсуй.*
**Гъ.** Раст банимадтайтæ, уæ тæскъити ци рæзæ æма халсартæ ес, уони.
*Гъонбæлгæнæг сабийтæн радтуй цалдæр логикон ихæслæвæрди.*
1. Тæскъи адтæй кæрдту æма фæткъу. Фæткъу æма кæрдту фе ’рдгутæ кодтонцæ. Æма нур цал фæткъуй æма кæрдтуй ес тæскъи?
**С.** Цал адтæнцæ, уал: еу фæткъу æма еу кæрдту, сæ бæрцæ нæ раййивта.
2. Бæрзæбæл еу фæткъу æрзадæй, уой фæсте ба ма еума. Цал фæткъуй æрзадæй бæрзæбæл?
С. Нецал. Бæрзæбæл фæткъутæ нæ зайуй.
3. Кизгæ алæмæти нæмуг ниййаразта æма æнгъæлмæ кастæй æ деденæг кæд исзайдзæй. Кизгæ фиццаг сехуар бахуардта, удта рæфтад, уой фæсте ба – æхсæвæр. Еу афони ниххустæй æма ку райгъалæй, уæд æ деденæг искастæй. Цæйбæрцæ æнгъæл кастæй кизгæ æ деденæги искастмæ?
**С.** Суткæ.
**С/гъазт «Раздæр ци, уой фæсте ба»**
*Сабийтæ фæйнæ къонвертти райсунцæ æма горцъебæл æрбадунцæ. Алли къонверти дæр хузæ ес. Сабийтæ хузти логикон æгъдауи уагмæ æвæрунцæ. Зæгъæн: нæмуг – белцъæ – деденæг æма æндæр амæнгæс хузтæ.*
**Ахури байдауæн**
**Гъ.** Сумах берæ зонетæ æма уæ бон берæ æй. Уæхецæй

уæлдай, уæ зонундзийнæдтæ ке багъæудзæнцæ? Кæмæн æма куд байанхос кодтайтæ ацибон? Ци базудтайтæ нæуæгæй? *Сабийти дзуæппитæ.*

*6-аг ахури усмæ*

**Еумæйаг темæ: «Фæззæг Дзæуæгигъæуи»**

**Темæ: «Нимæдзонтæ «дууæ» æма «æртæ» еуæгтæй конд æнцæ»**

**Нисан:** – Предметти нимæдзæ нимæдзонтæ ноль, еу, дууæ æма æртæй бæрæг кæнуни арæхстдзийнæдтæ ниффедар кæнун.

– Ниффедар кæнун нимæдзитæ рабаруни арæхстдзийнæдтæ: еу фулдæр, еу минкъийдæр, æмбæрцæ.

– Ниффедар кæнун цифритæ 0, 1, 2, 3 зонун.

– Ахур кæнун сабийти нимæдзонтæ кезугай дзорунбæл. Нимæдзон рæнгъи хæццæ базонгæ унмæ сæ бацæттæ кæнун.

– Сабийти базонгæ кæнун, нимæдзонтæ 2 æма 3 еуæгтæй арæзт ке æнцæ.

– Сабийти ахур кæнун предметти бæрцæ нимæдзтæй бæрæг кæнунбæл.

– Исбæлвурд кæнун сабийти зонундзийнæдтæ анзи афонæ – фæззæги туххæй.

– Идарддæр ахур кæнун предметтæ сæ бæрзæндæмæ гæсгæ барун æма еци барстæн хатдзæгтæ искæнун.

– Ирæзун кæнун сабийти логикон гъудикæнунадæ, гъосдарунадæ æма символти хæццæ архайуни арæхстдзийнæдтæ.

– Гъонбæл сæ кæнун кæрæдзей хæццæ лимæн цæрунбæл, еумæйаг куститæ ба игъæлдзæгæй куд кæнонцæ.

**Ærмæг**

**Æвдесунмæ:** æртæ фæззигон сифей хузтæ – бор, сурх,

кæрдæгхуз; æртæ тумбулæги – сурх, бор, кæрдæгхуз. Кубиктæ: æртæ сурхи, дууæ æрвхузи, еу кæрдæгхуз; къарточкитæ сурх цифрити хæццæ (0, 1, 2, 3).

**Иуарунмæ:** фæззигон сифтæ (сурхитæ, бортæ, кæрдæгхузтæ); кубиктæ алли сабийæн дæр (3 сурхи, 2 æрвхузи, 1 кæрдæгхуз); къарточкитæ цифрити хæццæ (0, 1, 2, 3); къартæ; æнхусгæнæг – финстæг (подсказка).

### Ахури цуд

**Гъ.** Ацибон уæ зæрдиуагæ циуавæр æй? Цæмæн?

*Байархайун, цæмæй сабийтæ зæгъонцæ: нæ зæрдиуагæ баст æй бонигъæди хæццæ; бонигъæдæ ба æй фæззигон (хуарз уа æви лæгъуз, уæлдай си ниййес.*

**Гъ.** Фæззæг ке ралæудтæй, е цæмæй хуарз æй? Лæгъуз ба цæмæй æй?

*Сабийти дзуæппитæ.*

**Гъ.** Ескæд фæззигон парки, кенæ фæззигон гъæди адтайтæ?

*Сабийти дзуæппитæ.*

**Гъ.** Нæ цæститæбæл рагъазун кæнæн, цума фæззигон парки ан.

*Гъонбæлгæнæг сабийти гъос æрдаруй, горцъебæл (кенæ пъолбæл) ци аллихузон сифтæ ес, уонæмæ.*

**Гъ.** Фæззигон сифтæ хъæбæр рæсугъд æнцæ. Искæнун си æнгъезуй æцæг букеттæ. Æз букет искодтон. Цал сифи си ес?

**С.** Дууæ сифи.

**Гъ.** Сифтæн сæ хузтæ ба цæхæнттæ æнцæ?

**С.** Еу сурх, еу ба бор.

**Гъ.** Раст айтæ. Еу æма еу, æдеугур ба цал æнцæ?

**С.** Еу æма еу – æдеугур дууæ.

*Сабийтæй еу амонæн фæйнæгбæл дууæ еуи ниввæруй, сæ бунмæ ба – цифрæ 2.*

**Гъ.** Æртæ аллихузон хузгин сифи кæми уа, уæхæн букеттæ искæнетæ.

*Сабийтæ æрмæгæвдесæн фæйнæги рази горцъебæл бадунцæ æма ихæслæвæрд æнхæст кæнунцæ. Гъонбæлгæнæг æхе букет æвдесуй, е дæр конд æй æртæ аллихузон сифемæй: еу сурх, еу бор æма еу кæрдæгхузæй.*
**Гъ.** Æз ци букет исаразтон, уоми цал сифи ес? Сæ хузæмæ гæсгæ ба цæхæнттæ æнцæ?
**С.** Æртæ сифи: еу сурх, еу бор æма еу кæрдæгхуз.
**Гъ.** Кæмæ ма уи ес мæн букети хузæн?
*Сабийти дзуæппитæ: мæнмæ, мæнмæ дæр… .*
**Гъ.** Уæ сифтæ тæскъи ниввæретæ.
*Сабийтæ сифтæ тæскъи ниввæрунцæ æма стъолти уæлгъос æрбадунцæ. Стъолтæбæл сурх, бор æма кæрдæгхуз тумбулæгтæ, уæдта цифритæ.*
**Гъ.** Сифтæ ниббæрæг кæнæн хузгин тумбулæгтæй.
*Гъонбæлгæнæг æрмæгæвдесæн фæйнæгбæл, сабийтæ ба – стъолтæбæл æрæвæрунцæ 3 тумбулæги: еу сурх, еу бор æма еу кæрдæгхуз.*
**Гъ.** Цал æнцæ тумбулæгтæ? Сæ хузæмæ гæсгæ цæхæнттæ æнцæ?
**С.** Æртæ тумбулæги: еу сурх, еу бор, еу кæрдæгхуз.
*Гъонбæлгæнæг æрмæгæвдесæн фæйнæгбæл алли тумбулæги сæрмæ дæр æрæвæруй нимæдзон – 1.*
**Гъ.** Алли тумбулæги сæрмæ дæр ниввæретæ нимæдзон – 1.
*Сабийтæ ихæслæвæрд æнхæст кæнунцæ.*
**Гъ.** Алли хузæн дæр – фæйнæ еу тумбулæги, цал æнцæ æдеугур тумбулæгтæ?
**С.** Æртæ тумбулæги – еу сурх, еу бор æма еу кæрдæгхуз.
**Гъ.** Æдеугур цал еуæги æнцæ?
**С.** Æртæ еуæги.
**Гъ.** Мадта 3 æй 1,1 æма 1. Циуавæр цифрæй ниббæрæг кæнæн нимæдзон 3?
**С.** Цифрæ 3-й.
**Гъ.** Мах исбæрæг кодтан, алке букетти дæр ке адтæй æртæ

аллихузон сифи: еу сурх, еу бор æма еу кæрдæгхуз.
**Гъ.** Сифтæй хъæбæр рæсугъд букеттæ æрæмбурд кодтайтæ. Етæ нин нæ зæрди æфтаудзæнцæ фæззæг. Фæззæги фæсте ба циуавæр анзи афонæ ралæудзæй?
**С.** Зумæг.
**Гъ.** Æрæгвæззæг æма зумæги хъæбæр уазал фæууй. Уазалæй куд гъæуай кæнгæ æй?
*Байархайун, цæмæй сабийтæ зæгъонцæ, –хæдзарæ исаразун гъæуй, – зæгъгæ.*
**Гъ.** Адæни хæдзæрттæ æмхузæн æнцæ, æви фæйнæхузти?
**С.** Аллихузон: устуртæ æма минкъийтæ, бæрзæндтæ æма ниллæгутæ.
**Гъ.** Хæдзæрттæ фæйнæхузти цæмæн фæуунцæ?
Берæ бийнонти гъæуй устур хæдзарæ, минкъий бийнонти ба – минкъий хæдзарæ.
**Гъ.** Берæ хæдзæрттæ æнцæ æнæгъæнæ гъæунгæ, берæ гъæунгтæ ба –…
**С.** Æнæгъæнæ горæт.
**С.** Горæтти хæдзæрттæ ка фæййаразуй?
**С.** Аразгутæ.
**Гъ.** Цæмæй аразæг исуай, уой туххæй ци гъæуй?
**С.** Хæдзæрттæ кæнуни дæснийадæбæл исахур кæнун гъæуй.
**Физкультури усмæ «Хæдзарæ аразæн»**
*Игъусуй музыкæ. Сабийтæ гъонбæлгæнæги æзмæлдтитæ фæнзунцæ, цума æцæгæйдæр хæдзарæ аразунцæ, уотæ æзмæлунцæ.*
**Гъ.** Нæ къуари уати хæдзарæ исаразун цæмæй æнцондæр æй.
**С.** Кубиктæй, етæ кæрæдзебæл дзæбæх бадунцæ.
**Гъ.** Шартæй ба хæдзарæ искæнун æнгъезуй?
**С.** Нæгъ, шартæ зелгæ кæнунцæ тегътæ син ке нæййес, уой туххæй, уомæ гæсгæ син кæрæдзебæл æвæрæн дæр нæййес.

**С/гъазт «Аразæн хæдзарæ»**

*Гъонбæлгæнгæг зæгъуй сабийтæн, цæмæй стъолти уæлгъос æрбадонцæ æма хæдзæрттæ исаразонцæ. Стъолтæбæл аллихузон кубиктæ æма 1-æй 3-ей уæнгæ цифритæ. Гъонбæлгæнæг сабийтæн зæгъуй, цæмæй фиццаг хæдзарæ исаразонцæ, уой туххæй стъолæбæл æрæвæрун гъæуй сурх кубик.*

*Сабийтæ ихæслæвæрд æнхæст кæнунцæ.*

**Гъ.** Аци хæдзарæ исаразунмæ цал кубики райстайтæ?

**С.** Еу кубик.

**Гъ.** Циуавæр цифрæй æй бæрæг кæнæн?

**С.** Цифрæ – 1-æй.

*Сабийтæй еу æрмæгæвдесæн фæйнæгбæл, сабийтæ ба стъолтæбæл æрæвæрунцæ «хæдзари» фарсмæ цифрæ – 1.*

**Гъ.** Еу кубик æй еу уæладзугон хæдзарæ. Хæдзарæн ма æ рахесфарс исаразетæ еу ауæхæн хæдзарæ.

*Сабийтæ ихæслæвæрд æнхæст кæнунцæ.*

**Гъ.** Хæдзæрттæй кæци бæрзонддæр æй?

**С.** Сæ бæрзæндæ æмхузæн æй.

**Гъ.** Ци бакæнун гъæуй, цæмæй еу хæдзарæ иннемæй 1 уæладзуг бæрзонддæр уа?

**С.** Дуккаг хæдзарæбæл ма 1 кубик æрæвæрун гъæуй.

**Гъ.** Æрвхуз кубик ибæл æрæвæретæ.

*Сабийтæ ихæслæвæрд æнхæст кæнунцæ.*

**Гъ.** Аци хæдзари ба цал кубики – уæладзуги ес?

**С.** Дууæ кубики – дууæ уæладзуги.

**Гъ.** Циуавæр цифрæй бæрæг кæнæн кубикти нимæдзæ?

**С.** Цифрæ – 2-æй.

*Гъонбæлгæнæг æма сабийтæ дууæ кубиккемæй арæзт хæдзари рази нивæрунцæ цифрæ – 2.*

**Гъ.** Кутемæй нæмæ рауадæй дууæ кубики?

**С.** Адтæй нæмæ еу сурх кубик, бафтудтан имæ еу æрвхуз кубик æма нæмæ рауадæй дууæ кубикки.

**Гъ.** Раст айтæ: еу æма еу – дууæ кубикки. Дуккаг хæдзарæн ма æ рахес фарс еу хæдзарæ дæр исаразетæ – æртиккаг хæдзарæ.
*Сабийтæ ихæслæвæрд æнхæст кæнунцæ.*
**Гъ.** Æрæвæретæ ма ибæл еу кæрдæгхуз кубик.
*Сабийтæ ихæслæвæрд æнхæст кæнунцæ.*
**Гъ.** Кубиктæ цал иссæнцæ?
**С.** Æртæ.
**Гъ.** Циуавæр цифрæй сæ ниббæрæг кæнæн?
**С.** Цифрæ – 3-æй.
*Гъонбæлгæнæг æма сабийтæ хæдзари рази æрæвæрунцæ цифрæ – 3.*
**Гъ.** Аци хæдзарæ исаразунмæ циуавæр кубиктæ райстан?
**С.** Мах райстан еу сурх кубик, еу æрвхуз кубик æма еу кæрæдгхуз кубик – æдеугурæй 3 кубикки.
**Гъ.** Раст загътайтæ, æдеугурæй 3 кубикки.
Гъонбæлгæнæг æма сабийтæ искæнунцæ хатдзæг: æртæ æй – 1, 1 æма 1.
**Гъ.** Хæдзæрттæ арæзт фæцан. Хæдзæрттæ сæ бæрзæндæмæ гæсгæ æмхузæн æнцæ æви фæйнæхузти?
**С.** Аллихузон: еу ниллæг, еу рæстæмбес, еу бæрзонд.
**Гъ.** Тæккæ ниллæгдæр хæдзари цал уæладзуги ес?
**С.** Еу уæладзуг.
**Гъ.** Цифрæ 1.
**Гъ.** Æ бæрзæндæмæ гæсгæ рæстæмбес ци хæдзарæ æй, уоми ба цал уæладзуги ес?
**С.** Дууæ уæладзуги – цифрæ 2.
**Гъ.** Æма уæд тæккæ бæрзонддæр хæдзари ба цал уæладзуги ес?
**С.** Æртæ уæладзуги – цифрæ 3.
**Гъ.** Хæдзæрттæ арæзт æнцæ кæрæдзей фæдбæл: ниллæгдæрæй – бæрзонддæрмæ. Нимæдзонтæ дæр кæрæдзей фæдбæл лæуунцæ: минкъийдæрæй – фулдæрмæ

– еу, дууæ, æртæ. Фал аразун ку нæма райдæдтан, уæд нæ рази еунæг хæдзарæ дæр нæ адтæй. Æма уой ба циуавæр цифрæй ниббæрæг кæнун æнгъезуй?
**С.** Цифрæ 0-æй.
**Гъ.** Мадта, аллихатт 0-æй райдайæн нимайун.
**С.** Ноль, еу, дууæ, æртæ.
**Гъ.** Алке дæр уи цал хæдзари исаразта?
**С.** Æртæ хæдзари.
**Гъ.** Æртæ хæдзари – е минкъий гъæунг æй. Еумæ исаразтайтæ берæ гъæунгтæ æма си рауадæй æцæг…
**С.** Горæт.
**Гъ.** Горæти цæмæй ма фæдздзæгъæл уай, æма гъæугæ кенæ хæдзарæ иссерай, уой туххæй ци бакæнун гъæуй?
*Байархайун гъæуй, цæмæй сабийтæ зæгъонцæ:*
**С.** Гъæунгтæн раттун гъæуй нæмттæ, хæдзæрттæн ба номертæ (цифритæ) æма сæбæл сæ бафедар кæнун гъæуй.
**Гъ.** Уæ адрестæ зæгъайтæ.
*Алке дæр æ адрес зæгъуй.*
**Гъ.** Нур ба уæ бафæлварæн, цума куд нимайетæ.
**С/гъазт «Иссерæ дæ бунат»**
*Сабийти рази – кæрдæгхуз, æрвхуз æма сурх къарточкитæ цифрити хæццæ. Къарточкитæ æнцæ дæлгонмæ æвæрд. Сабийтæ райсунцæ фæйнæ къарточки æма сæ къарточкити хузтæмæ гæсгæ 3 къуари фæуунцæ: кæрдæгхузтæ, сурхитæ æма æрвхузтæ. Алли къуари сабийтæ дæр сæ къарточкити цифритæмæ гæсгæ кæрæдзей фæдбæл рæнгъæ ралæуунцæ. Кæци къуар раздæр ислæууа рæнгъи, е рамулдта. Сабийти раст ислæуд рæнгъи исбæрæг кæнунмæ, сæ номер фæззæгъунцæ. Къарточкитæ исхæлæмулæ кæнгæй, гъазт еума хатт ракæнун дæр æнгъезуй.*
**С/гъазт «Горæти балци»**




Алли сабийæн дæр «игровизорбæл» – ауæхæн къартæ лæвæрд.

**Гъ.** Нур ба нæ бон æй горæти гъæунгти рабалци кæнун.

*Къартæбæл æвдист цæунцæ хæдзæрттæ номерти хæццæ 1, 2, 3. Сабийтæн ма раттунцæ æнхусгæнæг – финстæг, еци финстæгмæ гæсгæ базонунцæ, кæци хæдзарæмæ син цæугæ æй иуазæгуати, уой. Финстæгмæ гæсгæ сабийтæ иссерунцæ гъæугæ хæдзарæ, циуавæр æй, уой фæззæгъунцæ æма æй къартæбæл ниббæрæг кæнунцæ.*

**Ахури байдауæн**

**Гъ.** Ацибон ци базудтайтæ нæуæгæй? Уæ зæрдæмæ ци фæццудæй? Зин уæмæ ци фæккастæй?

*Сабийти дзуæппитæ.*

*7-аг ахури усмæ*

**Еумæйаг темæ: «Зайæгойти дуйне»**

**Темæ: «Раст, къæдзæ æма саст хæнхитæ»**

**Нисан:** – Сабийти базонгæ кæнун раст, къæдзæ æма саст хæнхити хæццæ. Ниффедар кæнун 2 æма 3 еуæгти конд.

– Ахур кæнун предметти бæрцæ нимæдзонтæй бæрæг кæнун.

– Ниффедар кæнун 3-ей уæнгæ раст нимайун, предметти сæ бæрзæндæмæ гæсгæ рабаруни арæхстдзийнæдтæ æма лæдæруйнæдтæ «бæрзонд», «ниллæг», «рæстæмбес»-и фæрци хатдзæгтæ кæнун.

– Ниффедар кæнун хæнхитæ сæ дæргъцæмæ гæсгæ рабаруни арæхстдзийнæдтæ: «даргъдæр – цубурдæр», уæдта итигъдадæ æма пъланмæ гæсгæ рауæнтæ зонуни (ориентаци кæнуни) арæхстдзийнæдтæ.

– Ирæзун кæнун сабийти гъосдарунадæ, логикон гъудикæнунадæ, эксперименттæ кæнуни зонундзийнæдтæ, хе гъудитæ дзоруни æма хатдзæгтæ кæнуни арæхстдзийнæдтæ.

– Гъонбæл сæ кæнун, кæрæдземæ хуарз зæрдæ куд даронцæ, гъазгæй ба, кæрæдзей куд лæдæронцæ.

**Æрмæг**

**Æвдесунмæ:** ватман, хехгун æма сифгун бæласи хузтæ; хехгун æма сифгун бæлæсти макеттæ (символтæ); æртæ хузгин даргъ бæттæни; къарточкитæ цифритæ 1, 2, 3 хæццæ; къарточкитæ раст, къæдзæ æма саст хæнхити хæццæ.

**Иуарунмæ:** сабæлоттæ (каштантæ), цифритæ 2 æма 3 уæдта геометрион фигуритæ, къартæ, æнхусгæнæг – финстæг, къариндæстæ.

## Ахури цуд

**Гъ.** Балци цæун уарзетæ? Балци кæд цæугæ æй: сæумæй, рæфти æви изæрæй?

**С.** Сæумæй, цæмæй фулдæр рæстæг уа.

**Гъ.** Нур суткæн æ кæци афонæ æй?

**С.** Сæумæ.

**Гъ.** Мадта балци цæуæн?
**С.** Гъо.
**Гъ.** Фал нæ балций цæугæй гъæуй хæларзæрдæ æма еузæрдон æмбал. Нæ кæрæдзей къохтæбæл бамбæлæн, нæ хъауритæ æрæмбурд кæнæн æма кæрæдзей къохтæбæл æрхуæцæн. Уе 'мбæлтти хъаурæ балæдæретæ æма уæд уодзинайтæ зундгиндæр æма тухгиндæр. Бацеу-бацеу базондзинайтæ?
**С.** Гъо!
**Гъ.** Æгас нæй, фал цæуй, æзмæлгæ нæ кæнуй, фал хонуй. Е ци æй?
**С.** Над.
**Гъ.** Нæдтæ циуавæртæ фæуунцæ?
**С.** Фæтæн æма нарæг, даргъ æма цубур, лигъз æма къупбуртæ, зулун, къæдзтæ-мæдзтæ.
*Пъолбæл сабæлоттæ (каштантæ) æвæрд.*
**Гъ.** Надбæл цæуæн æма зæнхæбæл ци уинæн?
**С.** Сабæлоттæ.
**С⁄гъазт «Фæндæгтæ»**
**Гъ.** Исаразæн сабæлоттæй фæндаг.
*Сабийтæ ихæслæвæрдбæл косунцæ: еугурæйдæр еумæ сабæлоттæй аразунцæ фæндаг.*
**Гъ.** Ке над уи рауадæй раст? Зулун ба?
*Сабийти дзуæппитæ.*
**Гъ.** Аци нæдтæн фæддаргъдæр гæнæн ес?
**С.** Гъо, сабæлоттæ ма сæмæ ку бафтауæн, уæд.
**Гъ.** Кæци æрдæгæй сæмæ бафтаун æнгъезуй сабæлоттæ?
**С.** Дууердæгæй дæр.
**Гъ.** Мадта сæмæ бафтауетæ.
*Сабийтæ æнхæст кæнунцæ ихæслæвæрд.*
**Гъ.** Фæндæгтæ фæддаргъдæр æнцæ æви цубурдæр?
**С.** Даргъдæр.
**Гъ.** Æма ма сæбæл сабæлоттæ ку æфтауæн, уæд над даргъдæр кæндзæй?

**С.** Гъо.
**Гъ.** Раст загътайтæ. Куд фулдæр æфтаугæ цæуæн субалоттæ, уотæ фæндæгтæ даргъдæр кæнгæ цæунцæ æма син нæдæр райдайæн ес, нæдæр кæрон. Фæндæгтæ хæнхити хузæн æнцæ, сабæлоттæ ба æстъæлфити.
*Уотемæй гъонбæлгæнæг сабийти æрхæстæг кæнуй мæнæ ауæхæн, хатдзæгмæ: ханхæн нæдæр райдайæн ес, нæдæр – кæрон, арæзт ба æй берæ æстъæлфитæй.*
**С/ гъазт «Æстъæлфитæ æма хæнхитæ»**
*Гъонбæлгæнæг, æрмæгæвдесæн фæйнæгбæл ци ватман фе- даргонд ес, уобæл цалдæр æстъæлфей хузтæ искæнуй.*
**Гъ.** Атæ цитæ æнцæ?
**С.** Æстъæлфитæ.
**Гъ.** Æстъæлфитæ сабæлотти хузæн кæрæдземæ хæстæг ку æрæвæрæн, уæд си ци рауайдзæй?
**С.** Рауайдзæй си раст кенæ зулун ханхæ.
*Гъонбæлгæнæг ватмæнбæл исхузæ кæнуй аллихузон хæнхитæ. Хæнхитæбæл ба ниббæрæг кæнуй цалдæргай æстъæлфи кæрæдзей фарсмæ. Уотемæй балæдæрун кæнуй, алли ханхæ дæр æстъæлфитæй конд ке æй, сабалоттæй арæзт фæндаги хузæн.*
**Гъ.** Куд фæндæгтæн, уотæ аци хæнхитæн дæр нæдæр райдайæн ес, нæдæр кæрон. Над ледзуй еу горæтæй иннемæ, еу гъæдæй иннемæ æма ин кæрон нæййес.
**С/ гъазт «Гъæдæй-гъæдæмæ»**
*Гъонбæлгæнæг æрмæгæвдесæн фæйнæгæй райсуй ватман æма си кæрæдземæ идардгомау æрæвæруй хехгун æма сиф- гун бæлæсти хузтæ.*
**Гъ.** Аци нæзи бæласæй ниббæрæг кæндзинан къозæ гъæдæ, аци борсифæ бæласæй ба – сифгун гъæдæ. Æрмæгæвдесæн фæйнæгбæл еу гъæдæй иннемæ исхузæ кæнетæ аллихузон фæндæгтæ: раст æма зулунтæ, цубур æма дæргътæ.
*Сабийтæ æрмæгæвдесæн фæйнæгбæл, хузгин мелтæй,*

*еу гъæдæй иннемæ аллихузон хæнхитæ – фæндæгтæ искæнунцæ. Байруагæс си уй, еу гъæдæй иннемæ æрмæстдæр еунæг раст над искæнун æнгъезуй, зулунтæ ба – берæ.*
**Гъ.** Раст фæндаг кæми æй? Бавдесайтæ æй. Еу гъæдæй иннемæ цал раст нади ес?
**С.** Еу.
**Гъ.** Циуавæр ханхæ баеу кодта комкоммæ дууæ гъæди?
**С.** Раст ханхæ.
**Гъ.** Атæ ба циуавæр хæнхитæ æнцæ?
**С.** Атæ æнцæ къæдзтæ-мæдзтæ, зулун хæнхитæ.
**Гъ.** Раст загътайтæ. Атæ зулун хæнхитæ æнцæ. Цæй хузæн ба æнцæ?
**С.** Цæугæдони, фæндаги, бæттæни, хали хузæн.
**Гъ.** Цал æнцæ зулун хæнхитæ?
**С.** Берæ.
**Гъ.** Раст хæнхитæ ба цал æнцæ?
**С.** Еунæг.
**Гъ.** Куд гъуди кæнетæ, еу гъæдæй иннемæ кæци фæндаг цубурдæр æй?
**С.** Раст фæндаг.
**Гъ.** Исбæрæг æй кæнæн, уотæ æй æви нæ.
*Сабийтæ бæлвурд ку нæ зононцæ, кæци фæндаг цубурдæр æй, уой, уæд æй эксперименти фæрци исбæрæг кæнунцæ æма раст дзуаппмæ æрцæунцæ.*
**С/гъазт «Равзарæ фæндаг»**
*Дууæ фæззигон бæласей макеттæ (будургъитæ) – сабийти уати фæйнæ къумеми æвæрд. Сабийтæ аллихузон бæттæнтæй еу бæласæй иннемæ аразунцæ дууæ фæндаги: еу фæндаг – раст, иннæ ба – зулунтæ (зулун фæндаг гъæуама, зингæ, даргъдæр уа раст надæй.) Идарддæр сабийтæ дууæ къуари фæуунцæ. «Тулфдзæуæг»-и хузи æрхуæцгæй еу къуар раст надбæл цæуй, иннæ къуар ба – зулунтæ надбæл. Раст надбæл цæуæг къуар раздæр бахъæртуй бæласæмæ.*

*Гъеууотемæй, сабийтæй байруагæс уй, еу бæласæй иннемæ раст фæндаг цубурдæр ке æй, е.*
**Гъ.** Æдеугур уæ рази цал нади ес?
**С.** Дууæ нади.
**Гъ.** Кæци над цубурдæр æй?
**С.** Раст над.
**Гъ.** Раст айтæ. Æмраст над циуавæр ханхæй ниббæрæг кæнæн?
**С.** Раст ханхæй.
*Гъонбæлгæнæг ниввæруй раст нади нисан – раст ханхæ кæбæл ес, уæхæн къарточкæ.*
**Гъ.** Цал æнцæ раст фæндæгтæ?
**С.** Еу.
**Гъ.** Цæмæй ни ма феронх уа, уомæ гæсгæ æй ниффинсæн.
*Гъонбæлгæнæг æрæвæруй цифрæ 1, раст фæндаги хузæ кæми ес, еци къарточкæбæл.*
**Гъ.** Раст над цубурдæр æй. Æма даргъдæр ба уæд кæци æй?
**С.** Зулунтæ над.
**Гъ.** Раст айтæ, зулун фæндаг даргъдæр æй. Циуавæр ханхæй бæрæг кæнæн зулун фæндаг?
**С.** Зулун ханхæй.
*Гъонбæлгæнæг æрæвæруй амонæн фæйнæгбæл зулун фæндаги нисан – зулун ханхæ кæбæл ес, уæхæн къарточкæ.*
**Гъ.** Цал зулун нади ес нæ рази?
**С.** Еу.
**Гъ.** Нийфинсæн, е ба ни ма феронх уа.
*Гъонбæлгæнæг æрæвæруй цифрæ 1, зулун фæндаги хузæ кæми ес, еци карточкæбæл.*
**Гъ.** Раст хæнхитæ цал æнцæ?
**С.** Еу.
**Гъ.** Зулун хæнхитæ ба цал æнцæ?
**С.** Еу.
**Гъ.** Æдеугур цал ханхи æнцæ?

**С.** Дууæ ханхи.

*Гъонбæлгæнæг æрмæгæвдесæн фæйнæгбæ æрæвæруй цифрæ 2.*

**Гъ.** Мадта 2, еу æма еу æй.

**Гъ.** Сабийтæ, уой ба зонетæ æма хæнхитæй айдагъ нæдтæ ке нæ фæббæрæг кæнунцæ? Мæнæ аци бæттæнæй хуæнхтæ бавдесун æнгъезуй?

**С.** Гъо, æнгъезуй.

**Гъ.** Цæмæй ма æнгъезуй хуæнхтæ бавдесун?

*Сабийти дзуæппитæ.*

*Гъонбæлгæнæг сабийтæн зæгъуй, цæмæй хуæнхтæ бавдесонцæ, æ хæйттæ æмбурд кæмæн кæнунцæ, уæхæн линейкæй.*

*Сабийтæ ихæслæвæрд æнхæст кæнунцæ.*

*Цалинмæ ихæслæвæрдбæл косунцæ, уæдмæ гъонбæлгæнæг æрмæгæвдесæн фæйнæгæй райсуй цифрæ 2.*

**Гъ.** Хуæнхтæ цидæр ханхи хузæн æнцæ. Цума, еци ханхæ куд хуннуй?

*Сабийти дзуæппитæ. Кæд сабийтæ нæ зæгъонцæ «саст» ханхæ, зæгъгæ, уæд син æй гъонбæлгæнæг æ фарстатæй балæдæрун кæнуй. Зæгъæн:*

**Гъ.** Сумах, хуæнхтæ кæнгæй, цума раст ханхæ фæссæститæ кодтайтæ цалдæр рауæнеми, фал æй скъунгæ нæ ракодтайтæ. Æма, уæд ауæхæн ханхæ куд исхонæн?

**С.** Саст ханхæ.

**Гъ.** Цал саст ханхи ес уæ рази?

**С.** Еу.

*Гъонбæлгæнæг æрæвæруй цифрæ 1, æма саст ханхи нисан: зулун ханхæ кæми ес, уæхæн къарточкæ.*

**Гъ.** Раст хæнхитæ цал æнцæ?

**С.** Еу.

**Гъ.** Зулун хæнхитæ цал æнцæ?

**С.** Еу.

**Гъ.** Саст хæнхитæ цал æнцæ?
**С.** Еу.
**Гъ.** Ӕдеугурæй хæнхитæ цал æнцæ?
**С.** Ӕртæ.
*Гъонбæлгæнæг æрмæгæвдесæн фæйнæгбæл еугай цифрити рази æрæвæруй цифрæ 3.*
**Гъ.** Мадта, æртæ еу, еу æма еу æй. Банимайæн хæнхитæ кезугай.
**С.** Фиццаг – раст ханхæ, дуккаг – зулун ханхæ, æртиккаг ба – саст ханхæ.
**Гъ.** Хæнхитæ еугæйттæ æнцæ, фал нин хъæбæр байанхос кодтонцæ, балци цæунмæ, æцæг къартæ исаразунæн. Нур аци къартæ нæ хуæздæр æмбал уодзæй. Къартæбæл ма фæуууй берæ аллихузон нисæнттæ æма цифритæ. Уони фæрци фæндаг иссерунцæ.
**С/гъазт «Иссерæ фæндаг»**
*Алли сабийййæн дæр игровизорбæл лæвæрд цæуй къартæ. Зæгъæн, мæнæ ауæхæн:*




*Къартæбæл æвдист æнцæ хæдзæрттæ – геометрион фигуритæ номирти хæццæ: 1, 2, 3. Хæдзæрттæ æнцæ æртæ хузи: æртæ бори, æртæ кæрдæгхузи æма æртæ æрвхузи. Сабийтæн ма лæвæрд цæуй æнхусгæнæг – финстæг, уомæ гæсгæ базонунцæ, иуазæгуати кæци хæдзарæмæ цæудзæнæнцæ, уой. Зæгъæн: сабий гæъуама иссера, растъкъумон æрвхуз хæдзарæ цифрæ 1-и хæццæ. Бæрæггонд ба*

*цæуй мæнæ ауæхæн æнхусгæнæг – финстæгæй:*

| ▭ бор 2 |
|---|

*Еци финстæгмæ гæсгæ, сабийтæ гъæугæ хæдзарæ иссерунцæ, æма æй фæззæгъунцæ. Уой фæсте имæ сæйраг хæдзарæй хузæ кæнунцæ фæндаг – ханхæ (раст, зулун кенæ саст. Гъонбæлгæнæг сабийтæмæ раттуй фарстатæ.*

**Гъ.** Дæ хæдзарæ цæхæн æй? Æ хузæ ба? Дæ хæдзарæбæл циуавæр цифрæ ес? Аци хæдзарæмæ ба циуавæр фæндаг – ханхæ цæуй: раст, зулун æви саст?

*Сабийтæ сæ къартæ райеуварс кæнунцæ.*

**Гъ.** Гъазт уæ зæрдæ фæццудæй? Сумах æвæдзи бафеппайтайтæ, хæдзæрттæ аллихузон геометрион фигуритæй бæрæггонд ке æнцæ, уой. Гъазун ма уæ фæндуй?

**С/гъазт «Хæрхæ»**

*Гъонбæлгæнæг горцъебæл æрæвæруй 3 тæлий. Алли тæлий дæр ниввæруй къарточкæ-нисан: фиццаги расткъумон, дуггаги – сурх, æртиккаги – асæ.*

*Сабийтæ цори берæ аллихузон геометрион фигуритæ.*

**Гъ.** Геометрион фигуритæ, амунд нисантæмæ гæсгæ, тæлити æрæмбурд кæнетæ.

*Сабийтæ ихæслæвæрд æнхæст кæнунцæ. Гъонбæлгæнæг ба ма еу тæли райсуй æма си æртæ нисани дæр ниввæруй.*

**Гъ.** Аци тæлий ба циуавæр фигуритæ æвæргæ æй?

**С.** Аци тæлий устур сурх расткъумонтæ æвæргæ æй.

*Сабийтæ цуппæрæймаг тæлий фигурити хæрхæ æмбурд кæнунцæ. Гъонбæлгæнæг син сæ кустæн аргъ кæнуй.*

**Гъ.** Раст æрæмбурд кодтайтæ хæрхæ. Нæ балций кæронмæ нæмæ ауæхæн хæдзæрттæ æнгъæлмæ кæсуй. Сумах нæ фæдздзæгъæл айтæ.

**Ахури байдауæн**

**Гъ.** Ацибон мах аллихузон хæнхити (раст, зулун æма саст) фæрци адтан дессаги балций. Уæ зæрдæмæ фæццудæй? Ци уæмæ фæккастæй зиндæр? Нæуæгæй ци базудтайтæ?

**Еумæйаг темæ: «Цæрæгойти дуйне»**
**Темæ: «Лухдзæги хæццæ зонгæ кæнун»**
**Нисан:** – Сабийтæн лухдзæг байамонун. Ниффедар кæнун сабийти зонундзийнæдтæ раст, къæдзæ æма саст хæнхити туххæй, æнæгъæнæ алкæддæр æ хаййæй устурдæр ке æй, уæдта геометрион фигурити туххæй.

– Итигъдади ориентаци кæнуни зонундзийнæдтæ ниффедар кæнун, предметтæ ба сæ асæмæ гæсгæ устургай кенæ минкъийгай райвæрун куд зононцæ.

– Ниффедар кæнун сутки афæнтти туххæй зонундзийнæдтæ, 5-и уæнгæ раст нимайун æма цифритæ 1, 2-и зонунадæ.

– Сабийти ахур кæнун гъудикæнунади фæрци хатдзæгтæ кæнунбæл.

– Ирæзун кæнун хебæрагæ ун, æримисунадæ, раст æма кæдзос æвзагæй дзорунадæ.

– Гъонбæл сæ кæнун, æрдзæ куд уарзонцæ æма ибæл куд уодонцæ. Ихæслæвæрдтæбæл косгæй ба сæ куд фæндæуа кæрæдземæн байанхос кæнун.

**Æрмæг**
**Æвдесунмæ:** альбоми тъафæ, къариндас, линейкæ, кæрдæн æма мел.
**Иуарунмæ:** альбоми тъафæ, къариндæстæ, линейкитæ; сæ фæтæ æмхузæн кæмæн æй, сæ дæргъцæ ба – фæйнæхузти, уæхæн уадздзæгтæ алли сабийæн дæр; нимайæн къæбæлтæ.

### Ахури цуд

**Гъ.** Сабийтæ, тæккæ фулдæр ци уарзетæ?
**С.** Гъазун.
**Гъ.** Ке хæццæ уарзетæ гъазун?
*Сабийти дзуæппитæ.*

**Гъ.** Бацеу-бацеу ку базонайтæ, уæд базондзинайтæ, æз ке хæццæ уарзун гъазун, уой.

> Гъар æ гъун, – фæлмæн, хæмпос
> Æ цæсгон æхснуй кæдзос.
> Мистæй ма тæрсуй гъай-гъай,
> Ке бæдолæ ’й, уой зæгъай…

**С.** Тикиси бæдолæ.

*Гъонбæлгæнæг сабийтæй коруй, цæмæй, тикиси бæдолæ цæхæн æй, уой бавдесонцæ.*

**Гъ.** Тикиси бæдæлттæ уарзетæ? Æма сæмæ куд зелун гъæуй, уой зонетæ?

*Сабийти дзуæппитæ.*

**Гъ.** Хуæруйнаг ин кæд дæтгæ ’й?

**С.** Сæумæй, ræфти æма изæрæй.

**Гъ.** Æхсæвæ дæр ин гъæуй хуæруйнаг дæттун?

**С.** Æхсæвæ ин нæ гъæуй, уомæн æма хусгæ фæккæнуй.

**Гъ.** Хуæргæ цитæ кæнуй?

**С.** Æхсир, фид, къалбас æма æнд.

**Гъ.** Æнæгъæнæ къалбас ин ку раттай, уæд æй æнцонæй бахуæрдзæй?

**С.** Нæгъ, хай ин си ралух кæнун гъæуй.

**Гъ.** Мадта нæ къалбас, дзол кенæ цихти хай ку гъæуа, уæд ци гæнгæ æй?

**С.** Ралух кæнун гъæуй хай.

**Гъ.** Куд гъуди кæнетæ, цитæ ма æнгъезуй ралух кæнун?

*Сабийти дзуæппитæ.*

**С/ гъазт «Ханххузæ кæнун базондзинан»**

*Гъонбæлгæнæг сабийтæн зæгъуй, цæмæй стъолти уæлгъос æрбадонцæ. Стъолтæбæл альбоми тъæфтæ, къариндæстæ æма линейкитæ æвæрд.*

**Гъ.** Гæгъæдий тъафæбæл ци хузтæ кæнун æнгъезуй?

*Æрхæстæг сæ кæнун гъæуй дзуаппмæ: хæнхитæ.*

**Гъ.** Сумах аллихузон хæнхитæ зонетæ. Циуавæртæ

фæуунцæ? Сæ хузтæ син искæнетæ æма зæгъетæ, куд хуннунцæ, уой.

*Сабийтæй еу архайуй æрмæгæвдесæн фæйнæгбæл, иннетæ ба – стъолти уæлгъос, альбомти тъæфтæбæл. Сабийтæй байруагæс уй, «къохæй» раст ханхæ кæнун хъæбæр зин ке æй, е.*

**Гъ.** Раст ханхæ тагъддæр æма раст искæнунмæ райсун гъæуй линейкæ. Линейкæ ци æй, уой зонетæ?

*Сабийти дзуæппитæ.*

**Гъ.** «Линейкæ» æй ханхæгæнæн, гъома, арæзт æй дзурд ханхæй. Ханхæгæнæнæй кæндзинан раст хæнхитæ. Кæсайтæ, раст ханхæ куд кæнгæ æй, уомæ.

*Гъонбæлгæнæг æрмæгæвдесæн фæйнæгбæл, федаргонд гæгъæдий тъафæбæл линейки фæрци, раст ханхæ кæнуй. Линейкæ æма къариндасбæл куд хуæцун гъæуй, уой ба син амонуй. Сабийтæ стъолтæбæл альбоми тъæфти раст хæнхитæ кæнунбæл архайунцæ.*

**Гъ.** Аци ханхæн идарддæр гæнæн ес?

**С.** Гъо.

*Гъонбæлгæнæг сабийтæн зæгъуй, цæмæй раст ханхæ гæгъæдий кæронмæ рахъæртун кæнонцæ. Уой фæсте, сæ къохти æзмæлдæй, бавдесæнтæ, раст ханхæ кæбæлти рандæ уодзæй (стъолæбæл, пъолбæл…), уой. Сабийтæ сæ архайдмæ (опытмæ) гæсгæ исбæрæг кæнунцæ: раст ханхæн нæдæр райдайæн ес, нæдæр кæрон; идарддæр ба æй алкæддæр æнгъезуй ханхæ кæнун.*

**Гъ.** Фал мах уæхæн даргъ ханхæ нæ гъæуй, гъæуй нæ æ хай. Æма уæд куд кæнæн?

**С.** Ханхæ ралух кæнæн.

*Гъонбæлгæнæг кæрдæнæй ралух кæнуй альбоми тъафæбæл конд раст ханхæй хай.*

**Гъ.** Ци нæмæ рауадæй?

**С.** Ханхи хай, раст ханхи хай, лухдзæг.

**Гъ.** Раст загътайтæ. Лухдзæг, е раст ханхи хай æй. Раст ханхæ æма лухдзæгæй ци игъауги дæр ес?

*Сабийтæ къулумпитæ ку кæнонцæ, уæд син гъонбæлгæнæг фæййанхос кæнуй.*

**Гъ.** Лухдзæги дæргъцæ дæр раст ханхи хузæн æй? Уомæн дæр нæдæр райдайæн ес, нæдæр – кæрон?

**С.** Нæгъ. Мах раст ханхæй, æрмæстдæр хай ралух кодтан, æма ин уомæ гæсгæ райдайæн дæр æма кæрон дæр ес.

**Гъ.** Раст загътайтæ. Лухæггаг æй раст ханхи хай. Ес ин райдайæн дæр æма кæрон дæр. Раст ханхæ ма ралух гæнæн ес айдагъ кæрдæнæй нæ, фал æстъæлфитæ кенæ цубур хæнхитæй. Еузагъдæй, раст ханхæбæл, æстъæлфитæй кенæ цубур хæнхитæй ниббæрæг кæнæн ес лухдзæги райдайæн æма кæрон.

*Гъонбæлгæнæг æрмæгæвдесæн фæйнæгбæл, сабийтæ ба – альбоми тъæфтæбæл раст ханхæбæл ниббæрæг кæнунцæ лухæггаг, мæнæ атæ дзоргæй:*

**С.** Мæнæ айæ лухæггагæн æй æ райдайæн, айæ ба – æ кæрон.

---

**Гъ.** Раст ниббæрæг кодтайтæ ханхæбæл лухæггагтæ.

**Гъ.** Гæгъæдий тъафæбæл кæрæдземæ хæстæг, дууæ æстъæлфи ниббæрæг кæнетæ.

*Гъонбæлгæнæг æрмæгæвдесæн фæйнæгбæл федаргонд гæгъæдибæл, сабийтæ ба – альоми тъафæбæл æнхæст кæнунцæ ихæслæвæрд.*

**Гъ.** Линейкæй пайда кæнгæй, дууæ æстъæлфи ханхæй баеу кæнетæ. Ци уæмæ рауадæй?

**С.** Лухдзæг.

**Гъ.** Уæ еугуремæн дæр уæ лухдзæгти дæргъцитæ æмхузæн æнцæ æви фæйнæхузти?

**С.** Аллихузон: еуетæ дæргътæ, иннетæ ба – цубуртæ.

**С/гъазт «Кафунмæ æмбал иссерæ»**

*Горцъебæл уадздзæгти дууæ фæлусти, сæ уæрхцæ æмхузæн кæмæн æй, сæ дæргъцæ ба – фæйнæхузти, уæхæнттæ. Гъазти цал сабиййи архайуй, уадздзæгтæ дæр уойбæрцæ. Игъусуй «Симди» цагъд, сабийтæй алкедæр райсуй еу уадздзæг æма агоруй æхецæн æнкъай. Е 'нкъаййи хæццæ сæмæ гъæуама æмдæргъцæ уадздзæгтæ уа. Гъонбæлгæнæг æ цæстæ даруй, цæмæй сабийтæ сæ уадздзæгти дæргъцитæ раст баронцæ. Сабийтæ æнкъæйттæй кафунцæ.*

**Гъ.** Нур сумах лухдзæгтæ, сæ дæргъцæмæ гæсгæ, раст барун базудтайтæ æма нæ бон æй æндæр гъазт ракæнун.

**С/ гъазт «Дессаги къæбæлтæ»**

**Гъ.** Лухæггæгтæ нимайæн къæбæлтæй равдесун дæр æнгъезуй. Горцъебæл нимайæн къæбæлтæй лухдзæгтæ æрæвæрайтæ.

*Горцъебæл нимайæн къæбæлтæ. Уонæй сабийтæ лухдзæгтæ равзарунцæ. Сæ лухдзæгти дæргъцитæ аллихузон æнцæ.*

**Гъ.** Цал къæбæли райстай? Ке ма багъудæй уал къæбæли? Къæбæлтæ фулдæр ка райста? Минкъийдæр ба?

*Сабийти дзуæппитæ.*

**Гъ.** Ке лухдзæг æй даргъдæр? Кутемæй æй базудтайтæ? Цубурдæр ба ке лухдзæг æй? Кутемæй æй базудтайтæ?

*Сабийти дзуæппитæ, зæгъæн:*

**С.** Берæ къæбæлтæй даргъ лухдзæг уайуй, минкъий къæбæлтæй ба – цубур.

*Сабийтæ искæнунцæ хатдзæг: куд фулдæр къæбæлтæй испайда кæнай, уотæ даргъдæр уодзæй лухдзæг.*

**Гъ.** Нимайæн къæбæлтæй саст ханхæ бавдесæн ес?

**С.** Гъо.

*Сабийтæ ихæслæвæрд æнæхст кæнунцæ æма гъонбæлгæнæги фæрци искæнунцæ хатдзæг: саст ханхæ лухдзæгæй конд æй.*

**Гъ.** Нимайæн къæбæлтæй геометрион фигуритæ кæнæн ба ес?

*Сабийтæ нимайæн къæбæлтæй геометрион фигуритæ исаразунцæ æма искæнунцæ хатдзæг: геометрион фигурити фæрстæ – æнцæ лухдзæгтæ.*
**Гъ.** Нимайæн къæбæл халæбæл ку бакæнай, уæд си тикиси бæдолæн гъазæн рауайдзæй. Мæн тикис ба хали къубулойнæй уарзуй гъазун. Къубулойни халæ ку райхæла, уæд циуавæр ханхи хузæн уодзæй?
**С.** Зулун ханхи хузæн.
**Гъ.** Циуавæр хæнхитæ ма зонетæ никкидæр?
**С.** Раст æма саст хæнхитæ.
**Гъ.** Тикиси къæхтæ гъазгæ-гъазгæй хæлттæбæл ку истухсунцæ, уæд æй кутемæй исуæгъдæ кæнетæ?
**С.** Райхалæн сæ, ралух сæ кæнæн.
**Гъ.** Хæлттæ ку ралух кæнæн æма сæ раст ку æрæвæрæн, уæд цæй хузæн уодзæнцæ?
**С.** Лухæггæгти хузæн.
**Гъ.** Куд гъуди кæнетæ, зулун ханхи хай (мæнæ ауæхæн ) лухдзæг æй?
**С.** Нæгъ. Лухдзæг зулун ханхи хай нæй, фал раст ханхи.
**Ахури байдауæн**
**Гъ.** Ацибон нæуæгæй ци базудтайтæ? Ци уæмæ фæккастæй зиндæр? Раст ханхæ кутемæй æнцондæр кæнæн æй?

*9-аг ахури усмæ*

**Еумæйаг темæ: «Дæлдон дуйне»**
**Темæ: «Хæрхити (бери) рабарст, æмиасадæ æма æнææмиасади нисæнтти хæццæ зонгæ кæнун»**
**Нисан:** – Сабийти идарддæр ахур кæнун хæрхитæ аразун æма сæ, æнкъæйттæ кæнгæй рабарун.
Базонгæ сæ кæнун æмиасади «=» æма æнææмиасади «#» нисæнтти хæццæ.
– Ниффедар кæнун: итигъдадæ æма фæзуати ориентаци кæнуни арæхстдзийнæдтæ; геометрион фигуритæ

æма хæнхити туххæй зонундзийнæдтæ; 10-ей уæнгæ нимайун æма цифритæ 1, 2, 3 зонун.

– Ирæзун кæнун сабийти цæмæдесадæ, нæуæг зонундзийнæдтæмæ турнунадæ, сæ логикон гъудикæнунадæ æма къариндасæй архайуни арæхстдзийнæдтæ.

– Гъонбæл кæнун сабийти, цæмæй æрдзæбæл уодонцæ, æ гъæздугдзийнæдтæ ин куд гъæуай кæнонцæ, кæрæдзей хæццæ ба лимæн куд уонцæ.

**Æрмæг**

**Æвдесунмæ:** кæсалги исирæзти цуди 4 хузгонди; 2 аквариумей хузтæ аллихузон кæсæлгити хæццæ; гъазæн фæзæ 9 хаййи (кълетки) кондемæй.

**Иуарунмæ:** дууæ аквариумей хузтæ аллихузон кæсæлгити хæццæ; къариндæстæ, 9 хаййигонд гъазæн фæзæ; берæ аллихузон геометрион фигуритæ алли сабийæн дæр.

## Ахури цуд

**Гъ.** Сабийтæ, циуавæр республики цæретæ?

**С.** Республикæ Цæгат Иристон – Аланий.

**Гъ.** Нæ республики цæугæдæнттæ ес?

**С.** Гъо.

**Гъ.** Уæ къохти æзмæлдæй бавдесайтæ, цæугæдон куд фæццæуй, уой.

**Гъ.** Сумах бавдистайтæ минкъий цæугæдæнттæ, устур цæугæдон ба куд бавдесун гъæуй?

*Сабийтæ кæрæдзей къохтæбæл æрхуæцунцæ æма сæ къохти сабур æзмæлдæй еумæ æвдесунцæ устур цæугæдони сабур цуд.*

**Гъ.** Нæ республики цæугæдæнттæ сабур æнцæ æви гулфгæнагæ?

**С.** Гулфгæнагæ.

**Гъ.** Æма, бæрзонд хуæнхтæй гулфгæнгæ ци цæугæдон цæуй, уой ба куд бавдесун гъæуй?

*Сабийтæй еуетæ дзодздзæги æрбадунцæ, иннетæ ба къелатæмæ исхезунцæ. Уотемæй бавдесун æнгъезуй, цæугæдон бæрзонд хуæнхтæй бунмæ куд цæуй, уой.*

**Гъ.** Иристони цæугæдæнтти кæсæлгитæ ес?

**С.** Гъо.

**Гъ.** Цæмæй цæугæдæнтти æма цадити фулдæр кæсæлгитæ уа, уой туххæй адæн устур аквариумти еугæфæй берæ минкъий кæсæлгитæ рауадзунцæ. Кæсæлгитæ ку фæуустурдæр унцæ, уæдта сæ цæугæдæнттæ æма цадити рауадзунцæ.

**С/гъазт «Раздæр ци, фæстæдæр ба?»**

*Сабийти рази æрмæгæвдесæн фæйнæгбæл 4 хузи: фиццаг хузæ еугаф, дуккаг – игурддзæг (малек), æртиккаг – минкъий кæсалгæ, цуппæрæймаг – устур кæсалгæ. Хузтæ хæлæмултæй æвæрд æнцæ æма сæ «гъазтмæ» гæсгæ, раст æрæвæрун гъæуй, сæ архайд ба гъæуама балæдæрун кæнонцæ.*

**С/гъазт «Дууæ кæрей бæрцитæ рабарæ»**

*Сабийтæ стъолти уæлгъос æрбадунцæ. Стъолтæбæл æма æрмæгæвдесæн фæйнæгбæл дæр, дугай аквариумти хузтæ. Аквариумти 7-гай æмхузæн хурст кæсæлгитæ.*

**Гъ.** Адæн кæсæлгитæ исберæ кæнунцæ мæнæ ауæхæн устур аквариумти. Еу аквариуми дæр кæсæлгити хæрхæ, иннеми дæр. Хæрхити, кæсæлгити бæрцæ, æмхузон æнцæ æви аллихузон? Куд сæ базонун æнгъезуй?

**С.** Хæрхитæ æмхузæн æнцæ, уомæн æма кæсæлгитæ æмбæрцæ æнцæ.

**Гъ.** Кæсæлгитæ æмбæрцитæ æнцæ, фал, зæгъæн, æмбæрцитæ ку нæ уонцæ, уæд сæ кутемæй исбæрæг кæндзинан?

*Сабийти аллихузон дзуæппитæ.*

**Гъ.** Цæмæй сæ исбæрæг кæнæн, уой туххæй фиццаг аквариуми кæсæлгитæй алкæций дæр хæнхитæй баеу кæнун гъæуй дуккаг акваруими кæсæлгити хæццæ.

*Сабийтæй еу архайуй æрмæгæвдесæн фæйнæгбæл, иннетæ ба – стъолтæбæл.*

**Гъ.** Радзорайтæ: циуавæр кæсæлгитæ баеу кодтайтæ æма цæхæн хæнхитæй испайда кодтайтæ?
**С.** Мах еу акваруими сурх кæсалгæ раст ханхæй баеу кодтан иннæ аквариуми сурх кæсалги хæццæ. Зулун ханхæй ба баеу кодтан бор кæсæлгитæ æма у.и.
**Гъ.** Кæсæлгитæй ескæци æнæ ’нкъаййæй байзадæй?
**С.** Нæгъ.
**Гъ.** Мадта кæсæлгити бæрцæ æмхузон æй æви нæ?
**С.** Æмхузон æнцæ.
**Гъ.** Нæ бон зæгъун æй, хæрхитæ æмбæрцæ æнцæ, зæгъгæ?
**С.** Гъо.
**Гъ.** Æмæбрцæ ке æнцæ, уой ниббæрæг кæнæн ес мæнæ ауæхæн бæрæггæнæнæй «=». Акваруимти æхсæн исхузæ кæнетæ æмиасади бæрæггæнæн «=».
*Сабийтæ ихæслæвæрд æнхæст кæнунцæ.*
**Гъ.** Нур ба æндæр хузæмæ æркæсæн. Æнæнимайгæй уæ бон зæгъун æй, кæсæлгити бæрцæ æмхузæн æй æви нæ, уой?
**С.** Нæгъ.
**Гъ.** Куд сæ исбæрæг кæнæн?
**С.** Еу аквариуми алли кæсалги дæр хæнхитæй баеу кæнун гъæуй иннæ аквариуми кæсæлгити хæццæ.
*Сабийтæ æнхæст кæнунцæ ихæслæвæрд.*
**Гъ.** Алли кæсалгæн дæр ес æнкъай?
**С.** Нæгъ.
*Сабийтæ искæнунцæ хатдзæг: аквариумти кæсæлгити нимæдзæ дæр æма сæ хузтæ дæр æмхузæн нæ æнцæ.*
**Гъ.** Æма æмиасæ ке нæ æнцæ, уой ба куд ниббæрæг кæнун гъæуй?
*Сабийти аллихузон дзуæппитæ.*
**Гъ.** Ниббæрæг æй кæнун гъæуй мæнæ атæ «#», кæсгæ ба æй «æмиасæ нæ æнцæ». Аци бæрæггæнæни «#» хузæ искæнетæ дууæ аквариумей æхсæн.
**С/гъазт «Кæсалгдзаутæ æма кæсæлгитæ»**

*Равзарунцæ амонæг – кæсалгдзау. Кæсалгдзау ахæссун райдайуй кæсæлгити (сабийти). Фиццаг сабиййи хæццæ уодзæнцæ кæсалгахæссæн хизæ æма си дууемæй идарддæр ахæссунцæ кæсæлгитæ.*
**Гъ.** Кæсалгдзаутæ цал адтæнцæ?
**С.** Еунæг.
**Гъ.** Нур ба цал кæсалгдзауи ахæссæй кæсæлгитæ?
**С.** Дууæ кæсалгдзауи.
*Кæсалгдзаутæ сæ æндзæвд къохтæ (хузæ) хæрдмæ исесунцæ, кæсæлгитæ ба а рæбунтæ нака гæнгæй дзорунцæ:*
Гъар кæдзос дони цæрунцæ,
Накæ цъуррут кæнунцæ.
Бацъундæ унцæ, скæсунцæ,
Сæхе зменси римæхсунцæ.

*Сабийтæ кæсæлгити æзмæлдтитæ кæнунцæ.*

*Æмдзæвгæ бакасти фæсте кæсалгдзаутæ сæ къохтæ æруадзунцæ æма дзодздзæги æрбадунцæ, цæмæй сæ хизи кæсалгæ бахауа. Уæд еци кæсалгæ нимад уодзæй ахæстбæл.*
**Гъ.** Цал кæсалги ниййахæстайтæ?
**С.** Еунæг кæсалгæ.
**Гъ.** Æма кæсалгдзаутæ ба цал адтæнцæ?
**С.** Дууæ.
**Гъ.** Кæцитæ фулдæр æнцæ: кæсалгдзаутæ æви кæсæлгитæ?
**С.** Кæсалгдзаутæ кæсæлгитæй фулдæр æнцæ.
**Гъ.** Цæйбæрцæ фулдæр?
**С.** Еу фулдæр.
*Ахæст кæсалгæ кæсалгдзаутæбæл бафтуйуй æма сæ нимæдзæ фæффулдæр уй.*
**Гъ.** Нур ба цал иссæнцæ кæсалгдзаутæ?
**С.** Æртæ.
**Гъ.** Æма, уогæ ба цал адтæнцæ кæсалгдзаутæ?
**С.** Дууæ.

**Гъ.** Кæсалгдзаутæ адтæнцæ дууæ, еу ма сæбæл бафтудæй æма æртæ иссæнцæ.

*Гъазт 1–2 хатти ракæнунцæ, æма алли хатт дæр гъонбæлгæнæг сабийти хæццæ исбæлвурд кæнунцæ кæсалгдзаутæ æма кæсæлгити бæрцитæ, удта искæнунцæ хатдзæгтæ.*

**С/ гъазт «Кæми римæхст æй кæсалгæ»**

*Æрмæгæвдесæн фæйнæгбæл уæдта алли сабийи рази дæр гъазæн фæзæ – квадрат, 9 хаййи кондæй.*

*Сæрккаг кълеткитæ (сурхитæ) цифритæ: 1, 2, 3-й хæццæ.*

*Астæуккаг кълеткитæ (æрвхузтæ) цифритæ: 1, 2, 3-й хæццæ.*

*Бункказ кълеткитæ (бортæ) цифритæ: 1, 2, 3-й хæццæ.*

| | | | |
|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | сурхитæ |
| 1 | 2 | 3 | æрвхузтæ |
| 1 | 2 | 3 | бортæ |

*Астæуæй (æрвхуз квадрати цифрæ 2-ей хæццæ) ес кæсалгæ (цийфæндуй геометрион фигурæ дæр уæд) . Кæсалги бон æй æрмæстдæр еу кълеткæ цæун: рахесæрдæмæ, галеуæрдæмæ, уæлæмæ æма дæлæмæ. Гъонбæлгæнæг дæттуй ихæслæвæрд. Сабийтæй еу архайуй æрмæгæвдесæн фæйнæгбæл, иннетæ ба – сæ гъазæн фæзти.*

**Гъ.** Кæсалгæ æхе баримахста æрвхуз квадрати (цифрæ 2-ей хæццæ), уой фæсте рахесæрдæмæ ранакæ кодта, уæдта уæлæмæ. Кæми баримахста кæсалгæ æхе?

**С.** Кæсалгæ æхе баримахста сурх квадрати (цифрæ 3-ей хæццæ).

*Идарддæр гъонбæлгæнæг иннетæн дæр ихæслæвæрдтæ раттуй æма сабийтæ, кезугай, æрмæгæвдесæн фæйнæгбæл косунцæ. Иннæ сабийтæ ба, æрмæгæвдесæн фæйнæгбæл архайæги куст, сæхе гъазæн фæзти исбæрæг кæнунцæ.*

**С/ гъазт «Æрæмбурд кæнæ дууæ хæрхи»**

*Сабийтæ горцъебæл æрбадунцæ. Сæ цори геометрион фигурити кæрæ. Алли сабий дæр æмбурд кæнуй геометрион фигуритæй дууæ хæрхи (æмхузон кенæ аллихузон) æма син се 'хсæн æрæвæруй æмиаси («=») бæрæггæнæн кенæ æнæмиасади («#»). Уой фæсте сæ архайд балæдæрун кæнунцæ. Зæгъæн:*

**С.** Мæ хæрхити ес фæйнæ 5-гай геометрион фигури, фал син се 'хсæн æмиаси «=» бæрæггæнæн æвæрæн нæййес, уомæн æма еу хæрхи устур квадраттæ ес, иннеми ба – минкъийтæ. Уомæ гæсгæ син се 'хсæн ниввардтон æнææмиасади «#» бæрæггæнæн. Кенæ:

**С.** Æз æрæмбурд кодтон 2 хæрхи. Фиццаг хæрхи алли фигурæн дæр æхе хузæн æнкъай (фигурæ) ес иннæ хæрхи дæр. Уомæ гæсгæ син се 'хсæн ниввардтон æмиаси нисан «=».

*Сабийти аллихузон дзуæппитæ æма хатдзæгтæ.*

**Ахури байдауæн**

**Гъ.** Ацибон нæуæгæй ци базудтайтæ? Циуавæр нисантæ базудтайтæ? Равдесайтæ сæ æрмæгæвдесæн фæйнæгбæл. Ацибон уæмæ дессаг ци фæккастæй?

*10-аг ахури усмæ*

**Еумæйаг темæ: «Æрдзæ – нæ хæдзарæ»**

**Темæ: «Лæдæруйнадæ «тунæ»**

**Нисан:** – Сабийти базонгæ кæнун лæдæруйнадæ «тунæ» æма æ цуди (направление) хæццæ. Ниффедар кæнун 10-ей уæнгæ нимайун æма цифритæ 1, 2, 3 зонунадæ. Дууæ хæрхей элементти, сæ бæрцæмæ гæсгæ, рабарун куд зононцæ.

– Идарддæр сæ ахур кæнун итигъдади ориентаци кæнун, уæдта лæдæрун ци æй: рахесæрдигæй, галеуæрдигæй, уæлæмæ (сæрмæ), дæлæмæ (бунмæ).

– Ахур сæ кæнун модельтæ аразунбæл.

– Ирæзун кæнун конструктивон арæхстдзийнæдтæ, сабийти логикон гъудикæнунадæ, къариндас æма линейкæй архайуни фæлтæрддзийнадæ.

– Гъонбæл сæмæ кæнун æрдзæмæ хæлар зæрдæ дарун æма ибæл уодун, ахур сæ кæнун, æрдзи гъæздугдзийнæдтæй пайда гæнгæй гъигæ æй нæ дарун.

**Æрмæг**

**Æвдесунмæ:** сабæлоттæ (каштантæ), фанартæ.

**Иуарунмæ:** сабæлоттæ, альбоми тъæфтæ, къариндæстæ æма линейкитæ.

### Ахури цуд

**Гъ.** Хæтун уарзетæ?

**С.** Гъо.

**Гъ.** Æрхуæцæн кæрæдзей къохтæбæл, ницъцъундæ кæнæн нæ цæститæ æма нæ цæститæбæл рагъазун кæнæн, цума нæ горæти парки ан. Байгон кæнетæ уæ цæститæ. Нæ алливарс цитæ ес?

**С.** Бæлæстæ, зæлдæ, къотæртæ, цъеутæ, арв, хор æма у. и.

**Гъ.** Етæ еу загъдæй куд хуннунцæ?

**С.** Æрдзæ.

**Гъ.** Æнæ хор, æнæ бæлæстæ, еу загъдæй, æнæ æрдзæй адæймагæн цæрæн ес?

**С.** Нæгъ.

**Гъ.** Æрдзæ æй нæ еумæйаг хæдзарæ æма имæ гъæуама циуавæр цæстæй кæсæн?

**С.** Уарзон цæстæй: нæ гъæуй бæлæстæ æма къотæртæ сæттун, цъумур кæнун; цæрæгойтæ æма мæргъти гъæуай кæнун гъæуй.

**Гъ.** Æма нин уæд æрдзæ балæвар кæндзæй кæдзос уæлдæф, хуасийнæ кæрдæгутæ, гъæздуг тиллæг æма у.и.

*Гъонбæлгæнæг æвдесуй сабæлоттæ.*

**Гъ.** Атæ ба ци æнцæ? Куд хуннунцæ?
**С.** Сабæлоттæ (каштантæ).
**Гъ.** Сабæлоттæй аразунцæ аллихузон хуастæ. Гъазун дæр си æнгъезуй. Уæ еугурæй дæр еумæ, сабæлоттæй еу раст ханхæ исаразайтæ.
*Сабийтæ ихæслæвæрдбæл косунцæ.*
**Гъ.** Еу цæмæдес сабæлот, исфæндæ кодта раст ханхæбæл дууердæмæ рауай-бауай ракæнун æма фæййинун ханхæн æ райдайæн, удта æ кæрон.
*Гъонбæлгæнæг сабæлот раст ханхи сæрти хæссуй.*
**Гъ.** Сабæлот æрлæудтæй, ракастæй галеуæрдæмæ, ракастæй рахесæрдæмæ æма ханхæн нæдæр æ райдайæн иссердта, нæдæр æ кæрон. «Мадта æз ами цæрдзæнæн» – загъта сабæлот. Æма саубæлот кæцæй зудта, раст ханхæ дууæ хаййи – дууæ æмбеси ке ракодта. Раст ханхи æмбес æй тунæ (луч). Уотемæй нур сабæлот æй дуккаг ханхæн æ райдайæн хунгæ ба кæнуй тунæ. Раст ханхæбæл еунæг тунæ рауадæй æви дæуууæ?
**С.** Дууæ туни.
**Гъ.** Равдесайтæ сæ.
*Сабийтæ æвдесунцæ дууæ туни: сæ еу сабæлотæй рахесæрдæмæ, иннæ ба – галеуæрдæмæ.*
**Гъ.** Тунти райдайæн бавдесайтæ.
*Сабийтæ ихæслæвæрд æнхæст кæнунцæ.*
**Гъ.** Тунти кæрон кæми æй?
**С.** Тунтæн кæрон нæййес, раст ханхæн куд нæййес, уотæ.
**Гъ.** Æрдзи дæр ес тунтæ. Етæ ба куд хуннунцæ?
**С.** Хори тунтæ.
**Гъ.** Æхсæвигон ба нæ фæндаг цæмæй гъæуама рохс кæнæн?
**С.** Фанартæй.
**Гъ.** Раст загътайтæ. Фанари рохси тунæ исрохс кæнуй фæндаг. Туни бон æй аллирдæмæ дæр æздæхун: уæлæмæ кенæ дæлæмæ, рахесæрдæмæ кенæ галеуæрдæмæ –

кæцирдæмæ нæ бафæндæуа, уордæмæ.
*Сабийтæ фанартæ иссодзунцæ æма сæхуæдтæ исбæлвурд кæнунцæ гъонбæлгæнæги гъудитæ. Идарддæр сабийтæ, гъонбæлгæнæги фæрци эксперименттæн искæнунцæ хатдзæг: тунæн ес райдайæн æма æрдæмæ (направление), фал ин нæййес кæрон, гъома, æгæрон æй.*
**С/гъазт «Мах ахур кæнæн ханххузæ кæнунбæл»**
*Сабийтæ стъолти уæлгъос æрбадунцæ. Гъонбæлгæнæг амонæн фæйнæгбæл, сабийтæ ба альбоми тъæфтæбæл, линейкæй пайда гæнгæй, туни хузæ кæнунцæ. Туни райдайæн сабийтæ къариндасæй фæтæндæр ханхæй ниббæрæг кæнунцæ, æ цуди æрдæмæ ба ин фатæгæй исбæрæг кодтонцæ.*
**Гъ.** Циуавæр хæнхитæ ма зонетæ?
**С.** Раст, зулун, саст æма лухдзæгтæ.
**Гъ.** Сæ ханххузтæ син искæнетæ.
*Сабийтæ ихæслæвæрд æнхæст кæнунцæ. Уой фæсте ба æвдесунцæ æма дзорунцæ ханххузæй ци хæнхитæ искодтонцæ, уони.*
**Гъ.** Хæнхити фæрци нæуæг гъæзтитæ базонун æнгъезуй.
**С/ гъазт «Дууæ къуари»**
*Гъонбæлгæнæг сабийтæн зæгъуй, цæмæй дууæ къуари фæуунцæ: кизгуттæ æма бицциеутæбæл. Гъонбæлгæнæги амундмæ гæсгæ, сабийтæ гъæуама, хæнхитæмæ гæсгæ рæнгъитæ æрлæууонцæ (хæнхити бæсти бæттæнтæ райвæрун дæр æнгъезуй). Уой фæсте сабийтæ банимайунцæ кизгуттæ æма бицциеути нимæдзтæ.*
**Гъ.** Кæцитæ фулдæр æнцæ: бицциеутæ æви кизгуттæ?
*Сабийти дзуæппитæ.*
**Гъ.** Кутемæй æй базонæн?
*Сабийтæ гъæуама сæхуæдтæ балæдæронцæ, æнкъæйттæй син æрлæугæ ке æй, уой, уотемæй исбæрæг уодзæй, кæцитæ фулдæр æнцæ æма цал фулдæр, е.*

**С/ гъазт «Тærхъосæн фенхус кæнæ»**
*Сабийтæ горцъебæл æрбадунцæ.*
**Гъ.** Тærхъоси туххæй еу цаумæ байгъосетæ. Адтæй сæумæ. Тærхъос гъазунмæ рацудæй æма фæдздзæгъæл æй. Бон фæцæй æма хæдзарæмæ цæун афонæ дær æрхъæрттæй. Куд гъуди кæнетæ, цума, е суткæн æ кæци афонæ адтæй?
*Сабийти дзуæппитæ.*
**Гъ.** Уæ цæститæбæл рауайун кæнтæ, цума, уæ рази ци гъазæн фæзæ ес, е гъæдæ æй. (Кæсæ, 9-аг ахури усми ци гъазæн фæзæ лæвæрд цæуй «Кæми римæхст æй кæсалгæ», уомæ.)
Тærхъоси геометрион фигурæй ниббæрæг кæнæн, зæгъæн дærгъдумбулæй. Райсетæ аци фигурæ æма æй бор квадрати цифрæ 1-и хæццæ ниввæретæ.
Тærхъоси хæдзарæ ба æй сурх квадрати цифрæ 3-и хæццæ. Тærхъосæн фенхус кæнетæ, цæмæй æ хæдзарæ иссера.
*Сабийтæ сæ гъазæн фæзти, дзурдтæ «рахесмæ», «галеумæ», «уæлæмæ» æма «дæлæмæ»-й пайда гæнгæй, дærгъдумбул ратær-батær кæнунцæ еу квадраттæй иннемæ. Сабийтæй еу ба архайуй, æрмæгæвдесæн фæйнæгбæл ци гъазæн фæзæ федаргонд ес, уобæл.*
**Гъ.** Нур ба геометрион фигуритæй æндær гъазт ракæнæн.
**С/ гъазт «Æрæмбурд кæнæ нимæдзæ»**
*Алли сабийи рази дær геометрион фигурити кæрæ; цифрæ 2 (кенæ 3) æма цалдær 1.*
**Гъ.** Уæ рази ци цифрæ ес, е бæрæг кæнуй, цал геометрион фигури æрæвæрун гъæуй, уой. Равзаретæ гъæугæ фигурити бæрцæ.
*Сабийтæ ихæслæвæрд æнхæст кæнунцæ.*
Зæгъæн: цифрæ 3:1 дærгъдумбул, 1 тумбулæг æма 1 квадрат, кенæ цифрæ 2: 1 устур дærгъдумбул æма 1 минкъий дærгъдумбул.
*Гъонбæлгæнæги фарстатæ:*
**Гъ.** Циуавær цифрæ ес дæ рази? Цал фигури райстай?

Циуавæр фигуритæ æнцæ?
**С.** Мæ рази ес цифрæ 3. Æз райстон æртæ аллихузон фигури: еу æртæкъумон, еу дæргъдумбул æма еу квадрат.
**Гъ.** Мадта, æртæ æй – еу, еу æма еу. Ниббæрæг сæ кæнæн цифритæй.
*Гъонбæлгæнæг æрмæгæвдесæн фæйнæгбæл, сабийтæ ба – стъолтæбæл цифрæ 3-ей фарсмæ æрæвæрунцæ цифритæ: 1, 1, æма 1.*
**Ахури байдауæн**
**Гъ.** Хуарз исæнхæст кодтайтæ ихæслæвæрдтæ. Кæмæн фенхус кодтайтæ? Ци уæмæ фæккастæй зиндæр? Дессагдæр ба уæмæ ци фæккастæй? Уæ зæрдæмæ ци фæццудæй?

*11-аг ахури усмæ*

**Еумæйаг темæ: «Æз æма мæ бауæр»**
**Темæ: «Нимæдзон тунæ»**
**Нисан:** – Идарддæр сабийти зонгæ кæнун тунæ æма æ минеугути хæццæ. Лæдæруйнадæ «нимæдзон тунæ» син байамонун. Балæдæрун син кæнун, нимæдзæ айдагъ предметти бæрцæ ке нæ бæрæг кæнуй, фал ма æй дæргъбарæн (мера длины) дæр. Ахур сæ кæнун баредзæй идæрдадæ (расстояние) барун.
– Ниффедар кæнун нимад æма цифритæ зонун: 0, 1, 2, 3-ей уæнгæ, уæдта æмпъезтæ нимайун.
– Идарддæр син амонун итигъдадон лæдæруйнæдтæ: рахесæрдæмæ, галеуæрдæмæ, уæлæмæ, дæлæмæ; ахур сæ кæнун нисанти фæрци фæзуати ориентаци кæнунбæл.
– Ирæзун кæнун сабийти кæдзос дзорунадæ, фæйййинди æнкъарунадæ æма гъудикæнунадæ.
– Гъонбæл сæмæ кæнун хебæрагæ ун æма исфæлдистадон арæхстдзийнæдтæ.
**Æрмæг**

**Ævдесунмæ:** туни хузæ, ампъезтæгæнæг адæймаг (гæгъæдийæй лухгонд); гъазæн фæзæ; геометрион бацеу-бацеутæ.
**Иуарунмæ:** туни хузтæ кæми ес, уæхæн альбоми тъæфтæ; нимайæн къæбæлтæ; цифритæ 1, 2, 3; гъазæн фæзæ; къарточкæ – шифровкæ.

### Ахури цуд

**Гъ.** Гъазун уарзетæ? Нæуæг гъазт кæнæн.
**С/ гъазт «Лæмбунæг уо»**
*Гъонбæлгæнæг сабийтæн зæгъуй, цæмæй ин нимадмæ гæсгæ е ’змæлдтитæ фæнзонцæ æма сæ багъуди кæнонцæ. Зæгъæн:*
**Гъ.** 1 – дзодздзæги æрбадæ.
2 – раст ислæууæ
3 – дæ къохтæ уæлæмæ исесæ
4 – æрдзæф ракæнæ
5 – дæ къохтæ дæлæмæ æруадзæ
6 – размæ раампъезтæ кæнæ
7 – æрлæууæ.
*Уой фæсте гъонбæлгæнæг нимайуй, сабийтæ ба æнхæст кæнунцæ фæлварæнтæ æма архайунцæ, цæмæй син сæ кезуй уаг ма фехалонцæ. Гъонбæлгæнæг дæр сабийти хæццæ раампъезтæ кæнуй. Гъазт 2–3 хатти ракæнунцæ. Гъазти кæрон сабийтæй еуетæ дзæвгарæ раздæр фæуунцæ, иннетæ ба фæстегæй байзайунцæ.*
**Гъ.** Сумах дзæбæх багъуди кодтайтæ æма хуарз æнхæст кодтайтæ фæлварæнтæ. Фал уи еуетæ фæрразæй æнцæ, иннетæ ба – фæстегæй байзадæнцæ. Цума, цæмæ гæсгæ?
*Сабийтæ дзуæппитæ, зæгъæн:*
**С.** Сабийтæй еуетæ тагъд цудæнцæ, иннетæ ба – сабургай; еуетæ берæ ампъезтæ ракодтонцæ, иннетæ ба – минкъий; еуетæ даргъ ампъезтæ кодтонцæ, иннетæ ба – цубур.
**С/гъазт «Ампъезгæнæг адæймаг»**

*Сабийтæ стъолти сæргъи æрбадунцæ. Алкæмæн дæр æ рази – альбоми тъафæ, туни хузæ ибæл кондæй.*

*Гъонбæлгæнæг æрмæгæвдесæн фæйнæгбæл æрæвæруй гæгъæдийæй лухгонд, ампъезтæгæнæг адæймаги хузæ.*

**Гъ.** Абони нæмæ аргъауæй иуазæгуати æрбацудæй адæймаг, æ бон æй æмхузон ампъезтæй цæун. Цæугæ ба кæнуй ханхæ-фæндагбæл. Мæнæ æй и ханхæ.

*Гъонбæлгæнæг æрмæгæвдесæн фæйнæгбæл æвдесуй туни хузæ.*

**Гъ.** Аци ханхæ куд хуннуй?

**С.** Тунæ.

**Гъ.** Уæ зæрди æрæфтауайтæ, ци зонæн туни туххæй?

**С.** Тунæн ес райдайæн, фал ин кæрон нæййес, фæууй ескæци æрдæмæ арæзт.

**Гъ.** Алкæмæ дæр уи ес альбоми тъафæ туни хæццæ. Тунæн æ райдайæн равдесайтæ.

*Сабийтæй еу æрмæгæвдесæн фæйнæгбæл, иннетæ ба – альбоми тъæфтæбæл туни райдайæн æстъæлфæй ниббæрæг кæнунцæ.*

**Гъ.** Тунæ кæци æрдæмæ арæзт æй: рахесæрдæмæ æви галеуæрдæмæ?

**С.** Тунæ æй рахесæрдæмæ арæзт.

**Гъ.** Аци адæймаг тунæбæл цæудзæй балци. Кæци æрдæмæ рандæ уодзæй?

**С.** Рахесæрдæмæ.

**Гъ.** Адæймаг æригъал æй æма гъæуама балци рараст уа, е ци рæстæг фæууй?

**С.** Сæумæй.

**Гъ.** Кæцæй райдайуй æ балци?

**С.** Тунæ кæцæй райдайуй, уордигæй.

*Гъонбæлгæнæг туни райдайæн æстъæлфи сæрмæ æрæвæруй хæдзари æндарг.*

**Гъ.** Адæймаги хæдзарæ æрæвæрæн фæндаги райдайæни

– туни райдайæни, уомæн æма цийфæнди балци дæр хæдзарæй райдайуй. Æма ма нурмæ кæд хæдзари æй, уæд еунæг ампъез дæр нæма ракодта. Уомæ гæсгæ ин æ фæндаги райдайæн ниббæрæг кæнæн цифрæ 0-æй.

*Гъонбæлгæнæг фæндаги райдайæн ниббæрæг кæнуй цифрæ 0-æй æма равдесуй ампъезгæнæг адæймаги.*

**Гъ.** Мæнæ ауæхæн ампъезтæ кæнуй адæймаг. Æ ампъези дæргъцæ ин нимайæн къæбæлæй рабарæн.

*Сабийтæй еу æрмæгæвдесæн фæйнæгбæл æнхæст кæнуй ихæслæвæрд.*

**Гъ.** Дæргъæмæ æмхузон æнцæ æви аллихузон?

**С.** Дæргъæмæ æмхузон æнцæ.

**Гъ.** Мадта адæймаги ампъези дæргъцæ æма нимайæн къæбæли дæргъцæ æмхузон æнцæ. Уæ рази стъолтæбæл – нимайæн къæбæлтæ. Сæ дæргъцитæ æмхузон æнцæ æви аллихузон? Рабарайтæ сæ.

*Сабийтæ ихæслæвæрд искæнунцæ æма искæнунцæ хатдзæг: къæбæлтæ дæргъæмæ æнцæ æмхузон. Гъонбæлгæнæг адæймаги туни райдайæни æрæвæруй. Нур адæймагæн æ еу къах æстъæлфæ 0-бæл æвæрд æй.*

**Гъ.** Цал ампъези ракодта адæймаг?

**С.** Еу ампъез.

**Гъ.** Райсетæ нимайæн къæбæл æма æй тунæбæл уотæ æрæвæретæ, цæмæй туни райдайæн æма къæбæли райдайæн еумæ уонцæ.

*Гъонбæлгæнæг æрмæгæвдесæн фæйнæгбæл, сабийтæ ба – альбоми тъæфтæбæл æнхæст кæнунцæ ихæслæвæрд.*

**Гъ.** Атæ, адæймаг еу ампъез ракодта, æ ампъез ба нимайæн къæбæли дæргъцæн æй æма, гъеууотемæй, равзурдæй мæнæ аци æстъæлфи. Æстъæлфæ ниббæрæг кæнæн цифрæ 1-æй. Мах тунæбæл ниббæрæг кодтан нимайæн къæбæли дæргъцæн лухæггаг.

*Гъонбæлгæнæг æрмæгæвдесæн фæйнæгбæл, сабийтæ ба*

*альбоми тъæфтæбæл ниббæрæг кæнунцæ æстъæлфæ æма ин æ рази ба ниффинсунцæ цифрæ 1.*

**Гъ.** Уой фæсте бабæй адæймаг еума уæхæн ампъез ракодта.

*Гъонбæлгæнæг адæймаги еу ампъез рахесæрдæмæ баесуй.*

**Гъ.** Цал ампъези ракодта адæймаг фæндаги райдайæнæй?

**С.** Дууæ ампъези.

**Гъ.** Еу ампъез æма еу ампъез – æдеугурæй дууæ ампъези. Адæймаг ракодта дууæ æмиасæ ампъези. Æма уæд, тунæбæл æрæвæрун гъæуй никкидæр ма еу нимайæн къæбæл, фиццаг къæбæли рази.

*Гъонбæлгæнæг æрмæгæвдесæн фæйнæгбæл, сабийтæ ба альбоми тъæфтæбæл æнхæст кæнунцæ ихæслæвæрд.*

**Гъ.** Дуккаг ампъези фæсте лæг кæми æрлæудтæй, уоми ниввæрæн æстъæлфæ æма æй ниббæрæг кæнæн цифрæ 2-емæй. Тунæбæл мах ниббæрæг кодтан еума лухдзæг, фиццаги дæргъцæн.

*Гъонбæлгæнæг æрмæгæвдесæн фæйнæгбæл, сабийтæ ба альбоми тъæфтæбæл ниббæрæг æкнунцæ дуккаг æстъæлфæ. Æстъæлфи рази ба ниффинсунцæ цифрæ 2. Æртиккаг æстъæлфæ дæр иннети хузæн ниббæрæг кæнунцæ. Хуарз уайдæ, сабийтæ сæхуæдтæ ку архаиуонцæ, уæд.*

**Гъ.** Цал нимайæн къæбæли ниввардтайтæ тунæбæл?

**С.** Æртæ нимайæн къæбæли.

**Гъ.** Лухдзæгтæ ба цал ниббæрæг кодтан тунæбæл?

**С.** Æртæ.

**Гъ.** Цал ампъези ракодта адæймаг?

**С.** Æртæ.

**Гъ.** Цæхæн цифритæй ин ниббæрæг кодтан æ ампъезтæ?

**С.** Цифритæ 1, 2, 3.

**Гъ.** Адæймаг æ ампъезтæй рабарста рацуди идæрдæ. Мах ба ин æй цифритæй ниффинстан: еу ампъез (сабийтæ æрæвæрунцæ еу нимайæн къæбæл) – æрæвæрæн цифрæ

1; дууæ ампъези (сабийтæ æрæвæрунцæ дууæ нимайæн къæбæли) – æрæвæрæн цифрæ 2; æртæ ампъези (сабийтæ æрæвæрунцæ æртæ нимайæн къæбæли) æрæвæрæн 3.
**Гъ.** Адæймагæн æ бон идарддæр цæун æй?
**С.** Гъо, цæйбæрцæ æй фæндæ уа, уойбæрцæ æй æ бон цæун.
**Гъ.** Идарддæр ку цæуа, уæд æ хæдзарæй æгæр райзол уодзæй, æма уомæ гæсгæ, исфæндæ кодта хæдзарæмæ раздæхун. Ци гъæуама кæна? Фæййин анхус кæнетæ.
**С.** Фæстæмæ æй цæун гъæуй.
*Гъонбæлгæнæг адæймаги иннердæмæ разелуй.*
**Гъ.** Æ хæдзари æрдæмæ еу ампъез ракодта.
*Гъонбæлгæнæг æрмæгæвдесæн фæйнæгæй (сабийтæ ба – альбоми тъæфтæй) райсуй еу нимайæн къæбæл.*
**Гъ.** Æ хæдзарæмæ хæстæгдæр фæцæй, æви идарддæр?
**С.** Æ хæдзарæмæ фæххæстæгдæр æй.
**Гъ.** Цал ампъези ма æй ракæнун гъæуй, цæмæй æ хæдзарæмæ бахъæрта?
**С.** Дууæ ампъези.
*Гъонбæлгæнæг адæймаги хæдзари æрдæмæ еу ампъез фæххæстæгдæр кæнуй æма бабæй еу нимайæн къæбæл райсуй.*
**Гъ.** Адæймаг æ хæдзарæмæ хæстæгдæр фæцæй æви идарддæр?
**С.** Хæстæгдæр.
*Сабийтæ гъонбæлгæнæги фæрци искæнунцæ хатдзæг: тунæбæл рахесæрдæмæ цæугæй ампъезти (лухдзæгти) нимæдзæ, алли ампъезæй дæр 1 фулдæр кодта, фал тунæбæл галеуæрдæмæ (фæстæмæ) цæуæгй ба – 1 минкъийдæр.*
*Гъонбæлгæнæг æма сабийтæ райсунцæ фæстаг нимайæн къæбæл: адæймаг æ хæдзарæмæ бахъæрттæй.*
**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Нур ба рагъазæн.
**С/гъазт «Ма фæррæдуйæ»**
*Гъазгутæ зилдæй ралæуунцæ. Гъонбæлгæнæг фæззæгъуй*

*бауæри хай æма имæ байамонуй. Сабийтæ ба гъæуамæ еци бауæри хай сæхебæл бавдесонцæ. Гъазти цуд (сабурдæр, тагъддæр) гъонбæлгæнæг сабийти архайдмæ гæсгæ аразуй.*

*Гъонбæлгæнæг сабийти барæй хæлæмултæ дæр ракæнуй. зæгъæн: фæззæгъуй « къох» амонгæ ба æ сæрмæ бакæнуй. Сабийтæ гъæуамæ амононцæ гъонбæлгæнæг, зæгъгæ, ке кæна, айдагъдæр еци бауæри хаймæ. Гъазгутæй ка фæррæдуйуй, е гъазтæй рацæуй. Гъазт 2–3 хатти ракæннуцæ.*

**Æзм./ с./ гъазт «Бæлццон»**

*Сабийтæ стъолти уæлгъос æрбадунцæ. Алкæмæн дæр æ рази – гъазæн фæзæ (кæсæ 9-аг ахури усмæмæ* «кæми римæхст æй кæсалгæ »*æма къарточкæ). Еугур сабийтæн дæр сæ къарточкитæ – æмхузон. Зæгъæн, мæнæ ауæхæнттæ:*



**Гъ.** Адæймаги уæ хæццæ рагъазун фæндуй – гъазæн фæзи рацо-бацо ракæнун. Лæугæ ба кæнуй, цифрæ 1 кæми ес, еци бор квадрати. Къарточкæбæл ба фатæгæй æма цифритæй сосæгримæхст (шифргонд) æй, æ фæзæбæл балци. Фатæг æвдесуй, кæцирдæмæ цæугæ æй уой, цифрæ ба – ампъезти нимæдзæ (ампъез æй еу квадратæй иннемæ рахизт).

Адæймаг гъæуама гъазæн фæзæбæл цæуа, къарточкæбæл ци сосæгримæхст къомандитæ ес, уонæмæ гæсгæ.

*Сабийтæ ихæслæвæрд æнхæст кæнунцæ. Гъонбæлгæнæг е 'нгæс даруй сабийтæ ихæслæвæрд куд æнхæст кæнунцæ, уомæ. Гъæуама алли сабийи адæймаг дæр балци кæрон равзура сурх квадрати, цифрæ 1 кæбæл финст ес, уоми.*

**С/ гъазт «Геометрион бацеу-бацеутæ»**

**Гъ.** Бацеу-бацеутæ уарзетæ? Нæ иуазæг лæг нин æнахур бацеу-бацеутæ ракодта.

*Гъонбæлæгнæг æвдесуй 1-аг хузæ. Сабийтæ гъæуама базононцæ, цал геометрион фигури ес хузи, уой. Уой фæсте сæмæ æвдесуй 2-аг хузæ (берæвæрсугдæр, зиндæр). Ами дæр базонун гъæуй геометрион фигурити нимæдзæ.*




1-аг хузæ




2-аг хузæ

**Ахури байдауæн**

Ке хæццæ базонгæ айтæ ацибон?

Нæуæгæй ци базудтайтæ? Адæймаг æ ампъезтæ цæбæл барста? Æ ампъезтæ æмхузон адтæнцæ æви аллихузон? Дууæ ампъези ку ракодта адæймаг, уæд тунæн æ кæци рауæн лæудтæй? Æртæ ампъезей фæсте ба?

*12-аг ахури усмæ*

**Еумæйаг темæ: «Стъоли сæргъи хедаруни æгъдау»**

**Темæ: «Баредзи хæццæ зонгæ кæнун»**

**Нисан:** – Сабийти ахур кæнун дæргъцæ рабарун, баредзæй пайда кæнунбæл. Базонгæ сæ кæнун дæргъцæ баруни мадзæлтти хæццæ. Ниффедар кæнун 10-ей уæнгæ нимад. Баредзи фæрци исбæлвурд кæнун расткъумон æма квадрати хецæндзийнадæ.

– Идарддæр зонгæ кæнун сабийти хумæтæги сериацити хæццæ: ахур кæнун хузтæ æма цаутæ сюжетмæ гæсгæ, фæд-фæде æвæрун.

– Ирæзун кæнун сабийти хебæрагæдзийнадæ, исфæлдистадон арæхстдзийнæдтæ, гъудикæнунадæ, зонундзийнæдтæмæ цæмæдесадæ.

– Гъонбæл сæ кæнун еумæйаг кусти архайунбæл.

**Æрмæг**

**Æвдесунмæ:** 1–1,5 метри дæргъцæн бæттæн.

**Иуарунмæ:** аллихузон баредзитæ-къариндæстæ, сæ

дæргъцæ аллихузон кæмæн æй, уæхæн къæбæлтæ, фишкитæ, цифритæ 2 æма 3 (цалдæргай къарчтоки), квадрат æма расткъумон, еу цау æвдесæг сюжетон хузæ.

### Ахури цуд

**Гъ.** Бæрæгбæнттæ уарзетæ? Циуавæртæ?
*Сабийти дзуæппитæ.*
**Гъ.** Аргъауи архайæг Зæринæн рæхги æ игурæн бон уодзæй. Алцидæр цæттæ æй бæрæг бонмæ, сауæнгæ ма стъолæн æмбæрзæн дæр балхæдтонцæ. Фал еу бæллах: стъолæмбæрзæн стъолæн минкъий æй. Куд банхус кæнæн Зæринæн?
**С.** Баййевун æй гъæуй устурдæрбæл кенæ ба ин æндæр балхæнæн.
**Гъ.** Æма нин æгæр устур ку разинна, уæдта? Ци киндæ уа?
**С.** Стъол рабарун гъæуй.
**Гъ.** Æма стъол куд бардзинан? Цæмæй?
**С/гъазт «Баредзитæ»**
*Сабийти рази стъолæбæл аллихузон баредзитæ: сæ дæргъцæ аллихузон кæмæн æй, уæхæн къариндæстæ æма къæбæлтæ. Аци баредзитæй 4 сабийи (2 æнкъаййемæй) барунцæ стъоли дæргъцæ. Гъонбæлгæнæг æ гъос даруй, цæмæй сабийтæ ихæслæвæрдбæл раст архайонцæ. Фиццаг æнкъай еухузон баредзæй барунцæ стъолæн æ еу серай дæргъцæ, иннæ æнкъай ба, æндæр баредзæй, – æ иннæ серай дæргъцæ. Æнкъæйттæй архайгæй, сабийтæй еу стъолбæл æрæвæруй берæдзæ, иннæ ба – баредзи рази фишкæ. Уотæ, стъоли дæргъцæ цал баредзи адтæй, уалгай фишкитæ ибæл æрæвæрунцæ дууетæ дæр. Уой фæсте, сабийтæ стъоли фæйнæ сераебæл æвæрд фишкити бæрцитæ рабарунцæ, æнкъæйттæ аразгæй. Сæ бæрцæ æмхузон нæ рауадæй.*
**Гъ.** Е куд æй? Сумах стъоли æмиасæ фæрстæ барстайтæ, фал баредзити бæрцитæ æмхузæн нæ æнцæ, уомæн уæн ес?
*Сабийтæ, еумæ гъудитæ кæнгæй, искæнунцæ хатдзæг:*

*баредзити дæргъцитæ фæйнæхузти адтæнцæ æма уомæ гæсгæ сæ бæрцитæ дæр æмхузон нæ æнцæ.*
**Гъ.** Раги дзамани адæни хъумаци кенæ бæттæни дæргъцæ рабарун ку багъæуидæ, уæд пайда кодтонцæ ампъезтæ, удзестæ æма къохти дæргъцæй (ирæмбуйнитæй кæронмæ).
*Раздæр бæттæни дæргъцæ куд барстонцæ, уой гъонбæлгæнæг æвдесуй: бæттæни кæронбæл ци къохæй хуæцуй, уобæл æй, е 'рæмбуйни къæдзи уæнгæ тохуй, æма цал таги батохуй, уони нимайуй. Уой фæсте гъонбæлгæнæг сабиймæ раттуй бæттæн æма ин зæгъуй, цæмæй ин е дæр аци мадзалæй æ дæргъцæ исбара. Гъонбæлгæнæг æма сабиймæ бæттæни таги бæрцитæ фæйнæхузти рауадæнцæ.*
**Гъ.** Еунæг бæттæни тæгти бæрцитæ нæмæ фæйнæхузон цæмæ рауадæнцæ?
**С.** Уомæн, æма гъонбæлгæнæг æма сабийти къохти дæргъцитæ аллихузон æнцæ.
*Сабийтæ искæнунцæ хатдзæг: дæргъцæ еу баредзæй баргæ æй.*
**Гъ.** Æма уæд Зæринæн ба ци зæгъæн?
**С.** Стъол гъæуй еу баредзæй рабарун æма еци баредзæ туканмæ фæххæссун гъæуй, цæмæй уоми аци баредзæй стъолæмбæрзæни дæргъцæ рабара.
**Гъ.** Раст айтæ. Нур Зæрини бон æй бæрæгбонмæ стъолæн æ агкаг стъолæмбæрзæн балхæнун. Гъæйдæ Зæрини зæрди æрæфтауæн бæрæгбони фингæбæл бадти хе куд дарун гъæуй, уой.
*Сабийтæ дзорунцæ стъоли сæргъи хе даруни æгъдау.*
**Гъ.** Бæрæгбони алкедæр игъæлдзæг фæууй. Сабийтæ ба берæ фæгъгъазунцæ, гъæйдæ, мах дæр рагъазæн.
**Æзм./ гъазт «Агъазиау ампъезтæ»**
**Гъ.** Цæмæй рабарун æнгъезуй горцъе?
**С.** Горцъе æнгъезуй ампъезтæй рабарун.
**Гъ.** Ампъезтæй горцъе куд рабарæн?

*Сабийти дзуæппитæ.*

*Сабийтæ аллихузон ампъезтæй барунцæ горцъе: уæйуги ампъезтæ, рæстæмбес ампъезтæй, «мулдзуги» ампъезтæй. Уой фæсте гъонбæлгæнæг сабийти хæццæ искæнунцæ хатдзæг: цæмæй горцъей дæргъцæ рабарай, уой туххæй гъæуй хъæбæр берæ минкъий ампъезтæ, кенæ ба бунтон минкъий устур ампъезтæ. Идарддæр сабийтæ ампъезтæй барунцæ горцъей уæрæх æма искнунцæ хатдзæг: æ дæргъæ уæрхæй устурдæр ке æй, уомæ гæсгæ æй расткъумон.*

**С/гъазт «Барæнтæ»**

**Гъ.** Стъоли формæ фæууй расткъумони кенæ квадрати хузæн. Стъол расткъумон ку уа, уæд е 'мбæрзæни формæ ба гъæуамæ цæхæн уа?

**С.** Расткъумон.

**Гъ.** Стъоли формæ квадрати хузæн ку уа, уæдта?

**С.** Стъолæмбæрзæни формæ дæр гъæуамæ уа квадратон.

*Сабийтæ стъолти уæлгъос æрбадунцæ æма æнкъæйттæй архайунцæ. Алли стъолæбæл дæр квадрат, расткъумон æма цифритæ 2 æма 3 цалдæргæйттæ.*

**Гъ.** Стъолтæбæл етæ циуавæр фигуритæ æнцæ?

**С.** Квадрат æма расткъумон.

**Гъ.** Кутемæй сæ базудтайтæ?

*Сабийти дзуæппитæ.*

**Гъ.** Исбæлвурд сæ кæнетæ.

*Уой туххæй гъонбæлгæнæг сабийтæн зæгъуй, цæмæй фигуритæ нимайæн къæбæлтæй рабаронцæ. Фигурити асæ гъæуама уа: расткъумони дæргъцæ – æртæ къæбæлей дæргъæн, æ уæрхцæ ба – дууæ къæбæлей; квадрати фарси дæргъцæ дæр 2 къæбæлей дæргъцæн гъæуама уа.*

*Сабийтæ æнхæст кæнунцæ ихæслæвæрд. Геометрион фигурити дæргъцæ æма уæрхцитæ ба цифритæй бæрæг кæнунцæ. Уой фæсте гъонбæлгæнæги æнхусæй искæнунцæ хатдзæг æма сæ гъудити растдзийнадæ исбæрæг кæнунцæ.*

*Зæгъæн:*

**С.** Аци фигурæн æ дæргъцæ æй æртæ къæбæлей асæ, æ уæрхцæ ба – дууæ. Æма фигурæн æ дæргъцæ устурдæр ке æй, æ уæрхцæй, уомæ гæсгæ æй расткъумон.

Кенæ:

**С.** Аци фигурæн æ еугур фæрстæ дæр æмиасæ æнцæ, фæйнæ дугай къæбæли. Æма уомæ гæсгæ, æй квадрат.

**С/ гъазт «Логикон хузтæ»**

**Гъ.** Алли гъуддагæн дæр, царди медæгæ, гъæуама уа уагæвæрд.

*Алли сабийæн дæр раттунцæ къонверт. Къонверти ба 3–4 хузи. Алли сабий дæр хузтæ гъæуама кæрæдзей фæсте æрæвæра, цаутæ куд цудæнцæ, уотæ. Уой фæсте син радзоруй сæ сюжет. Аци гъазти æнгъезуй зонгæ аргъæутти хузтæй испайда кæнун.*

**Ахури байдауæн**

**Гъ.** Кæмæн фенхус кодтайтæ ацибон? Нæуæгæй ци базудтайтæ? Квадрат расткъумонæй цæмæй хецæн кæнуй?

*13-аг ахури усмæ*

**Еумæйаг темæ: «Хуæрзадæ æма хаир хуæруйнаг»**

**Темæ: «Цифрæ 4-ей хæццæ зонгæ кæнун»**

**Нисан:** – Нимæдзон 4 куд арæзт æй, уой ниффедар кæнун æма сабийтæн байамонун цифрæ 4.

– Ахур кæнун сабийти предметти бæрцитæ цифритæй æвдесунбæл.

Кæртæ аллихузон минеугутæмæ гæсгæ фæххæрхитæ кæнуни арæхстдзийнæдтæ уæдта геометрион фигурити туххæй зонундзийнæдтæ ниффедар кæнун.

Ахур сæ кæнун нимæдзон тунæй пайда гæнгæй, нимæдзонти фæд-фæдей цуд, нимæдзонти рæнгъи.

– Нимæдзонти рæнгъæй цалдæр нимæдзонемæн анализ кæнуни арæхстдзийнæдтæ сæмæ ирæзун кæнун.

– Гъонбæл сæ кæнун еумæйаг куст кæнунбæл.

**Æрмæг**

**Æвдесунмæ:** 4 тæлий, нимæдзон тунæ.

**Иуарунмæ:** фæрзеуи хузтæ (æхсир, дзол, фид, халсартæ); нимайæн къæбæлтæ; цифритæ 3 æма 4; 3 æртæкъумони, 4 цуппаркъумони.

**Ахури цуд**

**Гъ.** Сабийтæ, цæмæй æнæнез æма тухгин уайтæ, уой туххæй ци кæнун гъæуй?

**С.** Физзарядкæ кæнун, спортæй архайун, хуæрзадæ æма кæдзос хуæруйнæгтæ хуæрун.

**С/гъазт «Хæрхитæ»**

*Горцъебæл сабийти рази аллихузон хуæруйнæгти хузтæ. Гъонбæлгæнæг сабийтæн зæгъуй, цæмæй хуæруйнæгти хузтæ тæлитæмæ æрæмбурд кæнонцæ: фиццаг тæлимæ – æхсирæй конд хуæруйнæгтæ, дуккагмæ – инсадæй конд, æртиккагмæ ба – фидæй конд хуæруйнæгтæ. Сабийтæ ихæслæвæрд æнхæст кæнунцæ.*

**Гъ.** Цал тæлий уæ багъудæй?

**С.** Æртæ тæлий: еу æхсирæй хуæруйнæгтæн, дуккаг – инсадæй хуæруйнæгтæн, æртиккаг ба – фидæй конд хуæруйнæгтæн.

**Гъ.** Æркæсайтæ, циуавæр хуæруйнæгти хузтæ ма байзадæй горцъебæл?

*Горцъебæл байзадæй халсарти хузтæ.*

**С.** Халсартæ.

**Гъ.** Халсартæ ести инсади, æхсири кенæ фиди хуæруйнæгтæмæ хаунцæ?

**С.** Нæгъ. Етæ зайæгой хуæруйнæгтæ (халсартæ) æнцæ.

**Гъ.** Мадта сæ æндæр тæлий ниввæрæн.

*Сабийтæ ма еу тæли райсунцæ æма халсарти хузтæ уоми ниввæрунцæ.*

**Гъ.** Халсарти берæ витаминтæ ес, етæ хъæбæр пайла æнцæ

æнæнездзийнадæн æма сæ æнæмæнгæ хуæрун гъæуй.
**Гъ.** Тæлити ци ес, уони еумæ куд исхонун æнгъезуй?
**С.** Хуæрунæн бæзгæ хуæруйнæгтæ.
**Гъ.** Тæлитæ цал адтæнцæ?
**С.** Æртæ.
**Гъ.** Цал тæлий ма сæбæл бафтудтан?
**С.** Еу.
**Гъ.** Цал иссæнцæ тæлитæ?
**С.** Цуппар.
**Гъ.** Æдеугур цуппар тæлий. Кæд уи еске зонуй, цифрæ 4 куд финсгæ æй, уой, уæд æй æрмæгæвдесæн фæйнæгбæл ниффинсæд.
*Сабийтæй еу амонæн фæйнæгбæл ихæслæвæрд æнхæст кæнуй. Иннетæ ба нимайæн къæбæлтæй горцъебæл цифрæ 4 аразунцæ.*
**С/ гъазт «Гъазæн фигуритæ»**
*Сабийтæ стъолти уæлгъос æрбадунцæ. Стъолтæ æма æрмæгæвдесæн фæйнæгбæл къарточкитæ цифритæ 3 æма 4-и хæццæ (цифрæ 3 æй галеу къуми, 4 ба – рахес къуми) æма фигурити модельтæ: фæйнæ 3 аллихузон æртæкъумони æма фæйнæ 4 аллихузон цуппаркъумони. Гъонбæлгæнæг сабийтæмæ фигурæ бавдесуй, етæ ба ауæхæн фигурæ се стъолтæбæл иссерунцæ.*
**Гъ.** Циуавæр нимæдзони рази æнгъезуй æрæвæрун аци фигурæ æма цæмæ?
**С.** Æртæкъумон ниввæрдзинан нимæдзон 3-ей рази, уомæн æма ибæл æртæ къуми ес.
Кенæ:
**С.** Квадрат ниввæрдзинан нимæдзон 4-ей рази, уомæн æма ибæл цуппар къуми ес.
Кенæ:
**С.** Расткъумон ниввæрæн 4-ей рази, уомæн æма ибæл 4 къуми ес.

**Гъ.** Квадрат æма расткъумони ма куд исхонун æнгъезуй æндæр хузи?
**С.** Цуппаркъумонтæ.
*Уотемæй гъонбæлгæнæг æма сабийтæ еугур фигуритæ дæр нивværунцæ: нимæдзон 3-ей фарсмæ – æртæ æртæкъумони, нимæдзон 4-ей фарсмæ ба – цуппар цуппаркъумони.*
*Хуарз уайдæ, сабийтæ сæхуæдтæ ку бафеппаиуонцæ: нимæдзон 3-æн ма еу нисанеуæг дæр ес – æртæкъумонтæ 3 æнцæ; нимæдзон 4-æн ба – цуппаркъумонтæ 4 æнцæ.*
**Æзм./с/гъазт «Иссерæ æнкъай»**
*Къарточкитæ горцъебæл хæлæмултæй калд. Сæ еуетæбæл цифритæ – 1-æй 4-ей уæнгæ, иннетæбæл ба – æстъæлфитæ. Æстъæлфити бæрцитæ дæр цифрити хузæн æнцæ.*
*(Кæд къуари сабийти бæрцæ 8-æй фулдæр уа, уæд æнгъезуй 2 хузгин къарточки фæлуститæ искæнун: сæ еуетæ еу хузи хуарæнæй, иннетæ ба – æндæрæй.)*
*Сабийтæ сигналмæ гæсгæ райсунцæ къарточкитæ æма син æнкъæйттæ агорунцæ.*
*Алли къарточкæн дæр ци цифрæ ибæл ес, уал точкей хæццæ къарточкæ. Уой фæсте бæрæг кæнунцæ – еугур æнкъæйттæ дæр раст æвæрд æрцудæнцæ, æви нæ, уой.*
*Гъазт музыки хæццæ 2–3 хатти ракæнунцæ.*
**Гъ.** Нур ба нимæдзонти хæццæ рагъазæн.
**С/ гъазт «Нимæдзони синхæгтæ»**
**Гъ.** Æрмæгæвдесæн фæйнæгбæл ци хузæ ес, уомæ кæсайтæ.




**Гъ.** Циуавæр нимæдзонтæ баримахстонцæ сæхе?
*Сабийти дзуæппитæ.*
*Гъонбæлгæнæг римæхст цифрити раргом кæнуй æма кезугай амонуй цифритæмæ (1-æй – 4-ей уæнгæ), сабийтæ ба нимæдзони синхаги фæззæгъунцæ.*
**Гъ.** Цуппаремæй минкъийдæр ци нимæдзонтæ ес, уони зæгъайтæ.

Нур ба зæгъайтæ, цуппаремæй минкъийдæр, дууемæй ба фулдæр ка æй, еци нимæдзонти æма у.и.
Цуппаремæй еуи уæнгæ фæстæмæ ранимайайтæ. Нимæдзон тунæбæл нимæдзонтæ куд лæуунцæ, уомæ лæмбунæг æркæсайтæ: устур нимæдзонтæ – рахесæрдигæй, минкъийтæ ба – галеуæрдигæй.
*Сабийти дзуæппитæ.*
**С/гъазт «Графикон диктант»**
*Сабийтæ стъолти уæлгъос æрбадунцæ. Стъолтæбæл къæлеткæ тетради тъæфтæ æма къариндас. Гъонбæлгæнæг сабийтæн дзоруй диктант, етæ ба æй æнхæст кæнунцæ.*
**Гъ.** Гæгъæдий тъафæбæл æстъæлфæ бæрæггонд æй. *Еци æстъæлфæй рахесæрдæмæ 2 къæлеткебæл ханхæ бакæнетæ, удта – еу къæлеткæ бунмæ, удта бабæй 2 къæлетки рахесæрдæмæ æма у.и.*
*Сабийтæ къулумпитæ ку кæнонцæ аци графикон диктант æнхæст кæнунмæ, уæд сабийтæй еске æрмæгæвдесæн фæйнæгбæл архайæд.*
**Ахури байдауæн**
**Гъ.** Ацибон цæбæл дзурдтан? Нимæдзон тунæбæл галеуæрдæги нимæдзæ 2 лæууй æви 3? 3 æма 4-æй ба тунæбæл рахесæрдæги кæци æй?

*14-аг ахури усмæ*

**Еумæйаг темæ: «Зумæг»**
**Темæ: «Нимæдзæ 3 æма нимæдзæ 4-и арæзт дууæ минкъийдæр нимæдзтемæй».**
**Нисан:** – Сабийти базонгæ кæнун нимæдзтæ 3 æма 4 куд арæзт æнцæ дугай минкъийдæр нимæдзтемæй.
– Сабийтæн балæдæрун кæнун предметти бунæтти æййивд син сæ нимæдзæ ке не ’йевуй, уой.
Ахур сæ кæнун геометрион фигурити сæйраг минеугутæ бæрæг кæнун: хузæ, конд æма асæ; лæвæрд минеугутæмæ гæсгæ предмет иссерун.

Идарддæр сæмæ ирæзун кæнун итигъдадон рахаститæ: предмети рахес фарс, предмети галеу фарс.

– Ирæзун кæнун сабийти лигикон гъудикæнунадæ, гъазгæй къæрцгъос куд уонцæ, хебæраги æма сæрмагондæй ба æсгарæн куст куд кæнонцæ.

Сæ фæндæнттæ æма гъудитæ куд лæдæрун кæнонцæ сæ дзубандити.

– Гъонбæл сæмæ кæнун бундоронæй сæхе бæрæгбонмæ бацæттæ кæнун куд зононцæ.

Кæрæдземæ хуарз цæстæнгас куд даронцæ æма сæ кæрæдземæн æнхус кæнун куд фæндæуа.

**Æрмæг**

**Æвдесунмæ:** дууæ расткъумон къæндони æма æртæ шари *(Сæ асæмæ гæсгæ, гъæуама, дууæ шари еу къæндони цæуонцæ)*.

**Иуарунмæ:** дууæ расткъумон-къæндоней модельтæ æма æртæ шарей модельтæ; нимæдзонтæ 1,2,3, устур геометрион фигуритæ: сурх тумбулæг, сурх æртæкъумон æма æрвхуз æртæкъумон; минкъий геометрион фигуритæ: сурх тумбулæг; нимæдзонтæ 2,3,4 (алли сабиййæн дæр еу) æма доминæй фишкитæ.

**Ахури цуд**

*Сабийтæ горцъæбæл бадунцæ. Сæ рази 4 анзи афоней хузтæ.*

**С/гъазт «Анзи афæнттæ»**

*Гъонбæлгæнæг син зумæги туххæй бацеу-бацеу ракæнуй.*

Мет берæ, будури
Бон цубурдæр кæнуй.
Къах надбæл фæггуруй,
Зæгъай, е кæд фæууй?

*(Зумæг)*

*Сабийти хузти æхсæн зумæги хузæ иссерунцæ æма æй æрмæгæвдесæн фæйнæгбæл нивværунцæ.*

**Гъ.** Зумæги размæ ба циуавæр анзи афонæ адтæй?
**С.** Фæззæг.
*Сабийтæ иссерунцæ фæззæги хузæ æма æй зумæги хузæн æ галеуæрдæгæй æрæвæрунцæ.*
**Гъ.** Æма зумæг ку раевгъуйа удта циуавæр анзи афонæ ралæудзæй?
**С.** Уалдзæг.
*Сабийтæ иссерунцæ уалдзæги хузæ æма æй фæззæги хузи галеу фарс æрæвæрунцæ.*
**Гъ.** Циуавæр анзи афонæ ма нин байзадæй горцъебæл?
**С.** Сæрди хузæ.
**Гъ.** Æрæвæретæ сæрди хузæ æрмæгæвдесæн фæйнæгбæл.
*Сабийтæ ихæслæвæрд æнхæст кæнунцæ: сæрди хузæ æрæвæрунцæ уалдзæг æма фæззæги хузти æхсæн.*
**Гъ.** Нуртæккæ ба циуавæр анзи афонæ æй?
**С.** Зумæг.
**Гъ.** Зумæг уарзетæ? Цæмæ гæсгæ?
*Сабийти дзуæппитæ, æрхæстæг сæ кæнун гъæуй мæнæ ауæхæн дзуаппмæ.*
**С.** Уомæн æма зумæги фæббæрæг кæнæн Нæуæг анзи бæрæгбон.
**С/Гъазт «Исаразæ нимæдзæ»**
*Гъонбæлгæнæг сабийтæн зæгъуй, цæмæй стъолти уæлгъос æрбадонцæ. Стъолтæ æма æрмæгæвдесæн фæйнæгбæл геометрион фигуритæ: дууæ растктъумони – къæндони модельтæ æма æртæ тумбулæги – шарти модельтæ.*
**Гъ.** Тукани нæзи бæласæн (елкæн) балхæдтонцæ æртæ гъазæни – шартæ, фал син уæйæгæнæг айдагъдæр дууæ къæндони равардта. Алли къæндони дæр цæуй 2 шари. Ци амалæй сæ ниввæрун æнгъезуй къæндæнтти?

*Сабийтæ дзорунцæ сæ варианттæ æма сæ ниббæрæг кæнунцæ цифритæй.*

Зæгъæн:




**Гъ.** Шартæ æдеугурæй цал адтæнцæ?
**С.** Æртæ.

*Сабийтæ модельти рахес фарс æрæвæрунцæ нимæдзон 3. Идарддæр гъонбæлгæнæг æма сабийтæ хатдзæг искæнунцæ: 3 æй 2 æма 1, кенæ 1 æма 2.*

**Гъ.** Æма къæндæнттæ æртæ ку адтайуонцæ, уæдта?
**С.** Уæд алли къæндони дæр еугай шартæ æвæрд æрцудайдæ.
**Гъ.** Æма уæд 3-æй 1, 1 æма 1.

*Сабийтæ сæ рази æрæвæрунцæ нимæдзонтæ. Уой фæсте нимæдзонтæ æма фигурити стъолти кæрæнттæмæ раеуварс кæнунцæ æма стъолтæй исистунцæ.*

**Физминуткæ: «Цæмæй фæлосæн нæ елкæ»**

*Гъонбæлгæнæг кæсуй æмдзæвгæй æскъуддзаг. Æмдзæвги нимад цæунцæ предметтæ, кæцитæй æнгъезуй исфæлосун елкæ. Сабийтæ лæмбунæг игъосунцæ. Гъонбæлгæнæг ци предмет фæззæгъуй, йе елка аразунмæ ку фæббеззуй, уæд сабийтæ æрдзæф кæнунцæ сæ къохтæй, ку нæ – уæдта сæ къæхтæй гуппитæ кæнунцæ.*

Æ цъæх-цъæхид дарæси
Нæ назу ци федауцæ ’й!
Аллихузон гъазæнтæй
Никкидæр исфедаудзæй ...
Мæнæ йбæл æрауигътан
Хæмпос, гахгун хъæбунтæ.
Хизæн ибæл байтудтан
Хæлаури уорс тунтæ.
Дессæгтæ исрæсугъд æй

Цирæгъти иссугъдæй.
Кæнунцæ йбæл зæбæлттæ.
Цидæр æскъуд хъæппæлтæ.

*Гъонбæлгæнæг сабийтæн арфæ ракæнуй лæмбунæг имæ ке игъустонцæ, уой туххæй æма син зæгъуй, цæмæй нæуæг гъазт ракæнонцæ.*

**С./гъазт «Иссерæ нимæдзон»**

*Гъорцебæл кæрæдземæй еуварсгомау æвæрд æнцæ нимæдзонтæ 2,3 æма 4. Алли сабиймæ дæр доминой фишкæ (фишкитæбæл нимæдзтæ нисангонд – 2, 3 кенæ 4.). Игъусуй музыкæ, сабийтæ сæ уати рацо-бацо кæнунцæ. Куддæр музыкæ фæгъгъос уй, уотæ. Сабийтæй алкедæр цæуй æ фишкитæбæл цæхæн нимæдзон йес, уæхæн цифри размæ. Аци гъазт еума хатт ракæнун æнгъезуй, æрмæст, сабийтæ сæ фишкитæ баййевæнтæ.*

**С./Гъазт «Искæнæ кæрæ»**

*Сабийтæ рабадунцæ горцъебæл. Сæ рази дæр æма æрмæгæвдесæн фæйнæгбæл дæр геометрион фигуритæ: минкъий æма устур сурх тумбулæгтæ, устур сурх æма устур æрвхуз æртæкъумони.*

**Гъ.** Нæуæг анзмæ гъазæнтæ айдагъ æлхæнгæ нæ фæккæнунцæ, фал ма сæ хе къохтæй аразгæ дæр искæнунцæ. Мæнæ ауæхæн гъазæнтæ елкæн исаразтонцæ сабийтæ. Уой фæсте сæмæ лæмбунæг æркастæнцæ æма исбæрæг кодтонцæ гъазæнтæмæ еумæйагæй ци йес, удта цæмæй хецæн кæнунцæ, уой. Сумах ба сæ бафеппайдтайтæ?

*Сабийти дзуæппитæ. Сабийтæ геометрион фигуритæ сæ минеугутæмæ гæсгæ, дугай къуæрттæ фæккæнунцæ:*

*Хузæмæ гæсгæ – æртæ сурхи æма еу æрвхуз;*

*Кондмæ гæсгæ – дууæ тумбулæги æма дууæ æртæкъумони;*

*Асæмæ гæсгæ – еу минкъий фигурæ æма æртæ устур фигури.*

*Хатдзæгтæ æрмæгæвдесæн фæйнæгбæл нимæдзонтæй ниббæрæг кæнунцæ æма си рауайуй мæнæ ауæхæн финст:*

| | |
|---|---|
| 3 | 1 |
| 2 | 2 |
| 1 | 3 |

**Гъ.** Гъазæнтæ æдеугур цал æнцæ?

**С.** Цуппар.

*Сабийтæй еу æрмæгæвдесæн фæйнæгæн æ рахесфарс æрæвæруй нимæдзон – 4. Гъонбæлгæнæг æма сабийтæ искæнунцæ хатдзæг:*

4-æй 3 æма 1;

кенæ 2 æма 2;

кенæ 1 æма 3.

**Гъ.** Гъазæнтæ æдеугур цал адтæнцæ? Мах гъазæнтæн сæ бунæттæ æййивтан. Æма цума сæ нимæдзæ ба райййивта.

**С.** Нæгъ. Нæ райййивта.

*Гъонбæлгæнæг æма сабийтæ искæнунцæ хатдзæг: предметтæн сæ бунæттæ æййевгæй сæ нимæдзæ не ’йевуй.*

**Гъ.** Æма гъазæнтæ еугурæйдæр фæйнæхузон ку адтайуонцæ, уæдта куд исаразтайййанæ нимæдзæ – 4?

**С.** 4-æй 1, 1,1, æма 1.

**С./Гъазт «Рагъуди кæнæ æма базонæ»**

*Гъонбæлгæнæг сабийтæн дæдтуй мæнæ ауæхæн логикон ихæслæвæрд:*

**Гъ.** Цитæ фулдæр æнцæ: бæлæстæ æви елкитæ?

Дууæ мистемæн цал гъоси ес?

– Равдауæндонæмæ цудæй дууæ биццеуи, сæ нихмæ ба еу кизгæ. Цал цудæй рæвдауæндонæй?

Сабийтæ исаразтонцæ 4 метин къубулойни. Цал метин лæги сæмæ рауайдзæй?

*Гъонбæлгæнæг сабийтæн арфæ ракæнуй.*

**Ахури байдауæн**

**Гъ.** Кæци анзи афони туххæй дзурдтан? Уæ зæрдæмæ ци фæццудæй? Зин уин ци адтæй?

**Еумæйаг темæ: «Зумæг»**

**Темæ: «Нимæдзон 5 æма æ еуæгтæй арæзти хæццæ базонгæ ун»**

**Нисан:** – Ниффедар кæнун нимæдзæ фондзи арæзт.

Сабийти базонгæ кæнун нимдзон 5 еуæгтæй арæзти хæццæ. Сабийти ахур кæнун предметти бæрцæ нимæдзонтæй барун. Ниффедар кæнун аллихузон минеугутæмæ гæсгæ къуæрттæ кæнун. Ниффедар кæнун геометрион фигурити туххæй зонундзийнæдтæ: æртæкъумонтæ æма цуппаркъумонтæ. Ахур кæнун сувæллæнтти, нимæдзонти сæ рæнгъи æвæрдмæ гæсгæ рабарун, нимæдзон тунæй пайда гæнгæй.

– Ирæзун кæнун нимæдзон рæнгъи скъуддзагæн анализ кæнуни арæхстдзийнæдтæ.

– Гъонбæл кæнун сабийти еумæ æма æмхузонæй æмгуст кæнун.

**Æрмæг**

**Æвдесунмæ:** геометрион фигуритæ: 5 тумбулæги æма 5 раскъумони; нимæдзонтæ 1, 2, 3, 4, 5.

**Иуарунмæ:** геметрион фигуритæ, 5 тумбулæги æма 5 растъкъумони; нимæдзонтæ 1,2,3,4 æма 5; нимайæн къæбæлтæ, нимæдзон тунæ (луч); геометрион фигуритæ æма алли сабиййæн дæр еу нимæдзон (кене 3, кене 4, кене 5).

### Ахури цуд

**Гъ.** Сабийтæ, фулдæр циуавæр анзи афонæ уарзетæ? Цæмæ гæсгæ?

*Сабийти дзуæппитæ.*

**Гъ.** Куд гъуди кæнетæ, хор фулдæр рæстæг кæци анзи афони фæккæсуй?

**С.** Сæрди хор фулдæр рæстæг фæккæсуй.

**Гъ.** Æма кæд хор сæрди фулдæр рæстæг фæккæсуй, уæд бон ба цæхæн фæууй даргъ æви цубур?
**С.** Сæрдигон бон даргъ фæууй.
**Гъ.** Æма уæд сæрдигон æхсæвæ ба цæхæн фæууй?
**С.** Сæрдигон æхсæвæ ба цубур фæууй.
**Гъ.** Мах дзурдтан сæрди туххæй, фал нур ба циуавæр анзи афонæ æй?
**С.** Зумæг.
**Гъ.** Æма зумæгон æхсæвæ ба цæхæн æй: даргъ æви цубур?
**С.** Зумæгон æхсæвæ ба æй даргъ.
**Гъ.** Зумæгон бон ба даргъ æй æви цубур?
**С.** Зумæгон бон цубур æй: хор минкъий рæстæг ракæсуй, тагъд талингæ кæнун райдайуй, æризæр уй, уой фæсте ба æрæхсæвæ уй.
*Сабийтæ стъолти уæлгъос æрбадунцæ. Стъолтæ æма æрмæгæвдесæн фæйнæгбæл геометрион фигуритæ æма цифритæ. Сабийтæй еу ба æрмæгæвдесæн фæйнæги рази.*
**Гъ.** Хор минкъий рæстæг фæккæсуй, бон уайтагъддæр фæууй, сабийтæ алли бон дæр гъазунмæ рацæунцæ. Еухатт ба рацудæнцæ къолæй цонæгътæбæл гурунмæ. Сабийтæ адтæнцæ мæнæ ауал (цифрæ 4).
*Гъонбæлгæнæг æвдесуй цифрæ 4, сабийтæ ба сæ рази, цифрæ цал амонуй, уал тумбулæги æрæвæрунцæ.*
**Гъ.** Сабийтæй алкæмæ дæр адтæй цонæгъ. Цонæгътæ расткъумонтæй ниббæрæг кæнæн.
*Сабийтæ сæ рази æрæвæрунцæ тумбулæгтæ цал æнцæ, уал расткъумони. Гъонбæлгæнæг сабийтæй домуй, цæмæй геометрион фигуритæ æвæронцæ атæ: алли тумбулæги буни дæр расткъумон.*



**Гъ.** Уой фæсте ма еу кизгæ æрбацудæй.
*Сабийтæ ма еу тумбулæг бафтаунцæ.*

**Гъ.** Цал иссæнцæ сувæллæнттæ?
**С.** Сувæллæнттæ æнцæ фондз.
**Гъ.** Цонæгътæ ба цал æнцæ?
**С.** Цонæгътæ ба цуппар æнцæ.
**Гъ.** Ци фулдæр æй: нимæдзæ фондз æви цуппар? Цал фулдæр?
**С.** Нимæдзæ фондз цуппарæй еу фулдæр æй.
**Гъ.** Куд сæ исæмбæрцитæ кæнæн?
**С.** Кизгæн дæр раттæн цонæгъ.
*Сабийтæ еу расткъумон æрæвæрунцæ.*
**Гъ.** Сувæллæнттæ æдеугурæй цал æнцæ?
**С.** Фондз сувæллони.
**Гъ.** Цонæгътæ ба цал æнцæ?
**С.** Фондз цонæгъи.
**Гъ.** Алкедæр уи иссерæд цифрæ 5 æма æй æ рази æрæвæрæд.
*Сабийтæ ихæслæвæрд исæнхæст кæнунцæ æма горцъебæл æрбадунцæ.*
**С./Гъазт «Рагъуди кæнæ æма банимайæ»**
*Гъонбæлгæнæг æрдзæф кæнуй (кенæ стъол хуайуй æ къохæй, музыкалон минкъий дзæбокæй æма у.и.), сабийтæ ба нимайунцæ изæлти бæрцæ æма сæ цифритæй æвдесунцæ. Идарддæр гъонбæлгæнæг æвдесуй цифрæ æма банимайунмæ цийфæнди ихæслæвæрд дæр раттуй, зæгъæн:*
**Гъ.** Гъе уал æрдзæфи æркæнетæ, (1-емæй 5-ей уæнгæ), уал хатти æрбадетæ, уал гæппи искæнетæ æма у.и.
*Сабийтæ ихæслæвæрд æнхæст кæнунцæ, удта горцъебæл нимайæн къæбæлтæй исаразунцæ цифрæ 5-й æндарг. Сабийтæ æрбадунцæ стъолти уæлгъос. Алли сабийæн дæр æ рази нимæдзон тунæ, тунæбæл ба цифритæ 0,1,2,3,4 бæрæггонд.*
**Гъ.** Адæймаг тунæбæл цифрæ 1-æй рахесæрдæмæ цæуй. Ракодта еу ампъез, уой фæсте ба ма еу. Цал ампъези ракодта æдеугурæй?

**С.** Дууӕ ампъези: еу ӕма еу.
**Гъ.** Удта ма еу ампъез ракодта. Цал ампъези ракодта ӕдеугурӕй?
**С.** Ӕртӕ ампъези.
**Гъ.** Цӕуӕг адӕймаг бахъӕрттӕй цифрӕ 4-ей уӕнгӕ, ӕма ин идарддӕр ци гӕнгӕ ӕй?
**С.** Фӕстӕмӕ раздӕхӕд кенӕ размӕ цӕуӕд.
**Гъ.** Размӕ ма еу ампъез ку ракӕна, уӕд цал уодзӕнцӕ ӕдеугур ӕ ампъезтӕ?
**С.** Фондз ампъези.
*Сабийтӕ нимӕдзон тунӕбӕл ӕрӕвӕрунцӕ цифрӕ -5.*
**Гъ.** Кутемӕй рауадӕй нимӕдзӕ фондз?
**С.** Цуппаремӕ еу бафтудтан ӕма нӕмӕ 5 рауадӕй.
**Гъ.** Цуппаремӕ ба фӕстӕмӕ куд раздӕха?
**С.** Фӕстӕмӕ еу ампъез ракӕнун гъӕуй.
**Гъ.** Нимӕдзтӕ кезугай ранимайайтӕ, ӕрмӕст сӕ тӕккӕ минкъийдӕрӕй райдайетӕ.
**С.** Еу, дууӕ, ӕртӕ, цуппар, фондз.
**Гъ.** Алли иннӕ нимӕдзӕ дӕр ӕ размӕлӕууӕгӕй цал фулдӕр ӕй?
**С.** Еу фулдӕр.
**Гъ.** Нур ба нимӕдзонтӕ иннердӕмӕ банимайетӕ, гъома райдайетӕ нимайун тӕккӕ устурдӕр нимӕдзӕй минкъийдӕри ӕрдӕмӕ.
**С.** Фондз, цуппар, ӕртӕ, дууӕ, еу.
**С./Гъазт «Ӕрӕмбурд кӕнӕ кӕрӕ»**
*Стъолтӕбӕл къарточкитӕ цифритӕ 3, 4, 5 хӕццӕ, горцъебӕл ба геометрион фигурити кӕрӕ (алли сабийӕн дӕр си еунӕг цифрӕ). Сабийтӕ цийфӕнди цифрӕ дӕр равзарунцӕ. Сӕ ихӕслӕвӕрд – гъорцъебӕл ӕрӕмбурд кӕнун лӕврд минеуӕгмӕ гӕсгӕ (хузӕ, асӕ, конд) геометрион фигурити кӕрӕ. Хӕрхи фигурити бӕрцӕ ба ӕвдессӕй, сабийтӕ ци цифрӕ равзурстонцӕ, йе.*

**Ахури байдауæн**

**Гъ.** Циуавæр цифри хæццæ базонгæ ан ацибон? Ранимайайтæ, 5-емæй минкъидæр ци нимæдзитæ ес, уони. Нимæдзтæ фиццаг раст банимайетæ, удта фæстæмæ.

*16-аг ахури усмæ*

**Еумæйаг темæ: «Националон дарæс»**

**Темæ: «Нимæдзæ 5-и арæзт дууæ минкъийдæр нимæдземæй».**

**Нисан:** – Байамонун сабийтæн нимæдзæ 5-и арæзт дууæ минкъийдæр нимæдземæй. Ниффедар кæнун 1-емæй 5-ей уæнгæ цифрити зонунадæ, æма цифритæй предметти бæрцæ барунадæ. Ниффедар кæнун 1-емæй 5-ей уæнгæ æма фæстæмæ нимад. Идарддæр сабийтæн лæдæрун кæнун, предметти бæрцæ сæ бунæттæ раййевгæй ке не 'йевуй, уой. Ахур сæ кæнун геометрион фигурити сæйрагдæр минеугутæ бæрæг кæнун: хузæ æма конд; фигури лæвæрд минеугутæмæ гæсгæ иссерунбæл. Идарддæр сæмæ æвзурун кæнун итигъдадон рахаститæ: размæ, фæстæмæ.

– Сабийтæмæ ирæзун кæнун хебæраги архайд хумæтæги схемитæмæ гæсгæ. Ирæзун кæнун сабийти логикон гъудикæнунадæ, сæ гъосдарунадæ æма хебари æсгарæн куст кæнуни арæхстдзийнадæ.

– Гъонбæл сæ кæнун еумæйаг куст кæнгæй кæрæдземæн куд анхос кæнонцæ, нæ Райгурæн бæстæ куд уарзонцæ æма нæ адæни æгъдæуттæ куд уарзонцæ.

***Æрмæг***

***Æвдесунмæ:*** сувæллæнтти хузтæ-кизгæ æма биццеу рагондигорон уæледарæсти; 3 кизги зумæгон дарæсти; цифритæ 1-емæй 5-ей уæнгæ, нимæдзон тунæ.

**Иуарунмæ:** 1-емæй 5-ей уæнгæ цифрити фæлуститæ;

нимæдзон тунтæ, къарточкæ – схемитæ; геометрион фигуритæ: 3 уорс тумбулæги, еу æрвхуз тумбулæг, еу æрвхуз квадрат.

### Ахури цуд

*Сабийти рази кизгæ æма биццеуи хузтæ рагон дигорон дарæсти.*

**Гъ.** Атæ ка æнцæ?

**С.** Сувæллæнттæ.

**Гъ.** Циуавæр хъæпбæлти æнцæ?

*Сабийти дзуæппитæ.*

**Гъ.** Куд гъуди кæнетæ, цума аци сувæллæнттæ кæми цæрунцæ (циуавæр республики)?

**С.** Республики Цæгат Иристон – Аланий.

**Гъ.** Аланти республикæ циуавæр бæсти æй?

**С.** Уæрæсей.

*Гъонбæлгæнæг æрмæгæвдесæн фæйнæгбæл æрæвæруй æртæ кизгей хузтæ зуймон хъæпбæлти.*

**Гъ.** Атæ ка æнцæ?

**С.** Кизгутæ. Сувæллæнттæ.

**Гъ.** Аци кизгуттæ ба циуавæр хъæпбæлти æнцæ?

*Сабийти дзуæппитæ.*

**Гъ.** Куд гъуди кæнетæ, етæ кæми цæрунцæ?

*Сабийти дзуæппитæ.*

*Гъонбæлгæнæг сабийтæн зæгъуй, цæмæй аци хузтæ, цийфæнди минеугутæмæ гæсгæ дæр, дууæ хаййи (хæрхи) фæккæнæ.) Сабийтæ æнхæст кæнунцæ ихæслæвæрд: еу хæрхи æвæрунцæ националон дарæсти ци сабийтæ æвдист æнцæ, уони хузтæ, иннеми ба – æнæуой хъæпбæлти ци сабийтæ æвдист æнцæ, уони хузтæ.*

**Гъ.** Цал сабиййебæл ес рагон дигорон уæледарæс.

**С.** Дууебæл.

**Гъ.** Аци хæрхи цори циуавæр цифрæ æвæргæ æй?

**С.** Гъæуй си цифрæ 2 нивваерун.

*Сабийтæ æрæвæрунцæ цифрæ 2.*
**Гъ.** Æнæуой хъæпбæлтæ ба цал сувæллонебæл ес?
**С.** Æртебæл.
**Гъ.** Аци хæрхи цори ба циуавæр цифрæ æвæргæ æй.
**С.** Цифрæ 3.
*Сабийтæ æнхæст кæнуцæ ихæслæвæрд.*
**Гъ.** Æдеугурæй ба цал æнцæ сувæллæнттæ?
**С.** Фондз.
*Сабийтæ æрæвæрунцæ цифрæ 5.*
**Гъ.** Мадта, 5 æй 2 æма 3 кенæ 3 æма 2. Аци хузтæй ма цæхæн хæрхитæ искæнун æнгъезуй?
**С.** Кизгуттæй еу хæрхæ, биццеутæй ба – æндæр.
*Сабийтæ хузтæй дууæ хæрхи æвæрунцæ: еуеми кизгуттæ, иннеми ба – биццеутæ, сæ цори ба син гъæугæ цифритæ ниввæрунцæ 1 æма 4.*
**Гъ.** Сувæллæнтти хузтæ æдеугурæй цал æнцæ?
**С.** Фондз
**Гъ.** Хæрхити рази ниввæретæ цифрæ 5.
*Сабийтæ æнхæст кæнунцæ ихæслæвæрд.*
**Гъ.** Мадта 5 æй 4 æма 1, кенæ 1 æма 4. Аци хузтæ аллихузон дæр сумах æвардтайтæ. Цал адтæнцæ æдеугур?
**С.** Фондз.
**Гъ.** Нур ба цал æнцæ æдеугур?
**С.** Фондз.
**Гъ.** Хузтæ фæйнæхузон хæрхити райвæрæ-байвæрæ ке кодтан, уомæй сæ нимæдзи бæрцæ раййивта?
**С.** Нæгъ, нæ раййивта.
*Гъонбæлгæнæг æма сабийтæ искæнунцæ хатдзæг: предметтæн сæ бунæттæ æййевгæй сæ нимæдзæ не 'ййевуй.*
**С/гъазт «Исараза хæрхæ»**
*Сабийтæ æрбадунцæ стъолти уæлгъос. Алли сабиййи стъолбæл дæр геометрион фигуритæ: 3 уорс тумбулæги, 1*

*ӕрвхуз тумбулӕг ӕма 1 ӕрвхуз квадрат удта ма цифрити фӕлуст 1- емӕй 5-ей уӕнгӕ.*

**Гъ.** Ӕдеугур уе стъолтӕбӕл цалгай геометрион фигуритӕ ес?

**С.** Фӕндзгай.

**Гъ.** Фигуритӕ сӕ аллихузон минеугутӕмӕ гӕсгӕ фӕххӕрхитӕ кӕнтӕ ӕма син цифритӕй сӕ бӕрцитӕ ниббӕрӕг кӕнетӕ.

*Сабийтӕ ӕнхӕст кӕнунцӕ ихӕслӕвӕрд геометрион фигуритӕ сӕ хузӕ кенӕ кондмӕ гӕсгӕ фӕкъкъуӕрдтӕ кӕнунцӕ ӕма искӕнунцӕ хатдзӕг:*

*5 ӕй 2 ӕмӕ 3 кенӕ 3ӕма 2;*

кенӕ 5 ӕй 1 ӕма 4 (кенӕ 4 ӕма 1).

**Ӕзм. С. гъазт «Искӕнӕ уой бӕрцӕ»**

*Пъолбӕл мелӕй раст ханхӕ конд.*

*Сабийтӕ ханхӕбӕл рӕнгъӕй лӕуунцӕ. Алке рази дӕр си къарточкӕ дӕлгоммӕй. Къарточкитӕбӕл ба еугай цифритӕ 1-емӕй 5-ей уӕнгӕ. Алли сабий дӕр размӕ, ӕ къарточкӕбӕл ци цифрӕ ес, уомӕ гӕсгӕ, уал ампъези гъӕуама ракӕна. Сабийтӕ ӕнхӕст кӕнунцӕ ихӕслӕвӕрд.*

**Гъ.** Еугуремӕй фулдӕр ка рацудӕй? Цӕмӕ?

**С.** Фулдӕр ампъезтӕ ка ракодта, гъома 5, йе.

**Гъ.** Ка ракодта уал ампъези?

*Сабийти дзуӕппитӕ.*

**Гъ.** Ӕма 5-гай ампъезтӕ ка ракодта, еци сабийтӕй еуетӕ идарддӕр цӕмӕ рацудӕнцӕ, иннетӕ ба фӕстегӕй цӕмӕ байзадӕнцӕ?

**С.** Сабийтӕй (раззӕгтӕ) устур ампъезтӕ кодтонцӕ, иннетӕ ба – минкъийтӕ.

**Гъ.** Цӕмӕй фӕстӕмӕ сӕ бунӕттӕ иссеронцӕ, уой туххӕй си алкедӕр гъӕуама цал ампъези ракӕна?

*Сабийти дзуӕппитӕ. Идарддӕр сабийтӕ, фӕстӕмӕ ампъезтӕ гӕнгӕй, сӕ бунӕтти ӕрлӕуунцӕ ӕма сӕ*

*къарточкитæ æма цифритæ кæрæдзей хæццæ баййевунцæ.*
**Гъ.** Уæ цифритæ цал амонунцæ, уал хатти исгæпп кæнетæ. Нур ба гæппитæй еу фулдæр тъуппи уæ къæхтæй никкæнетæ. Цал тъуппи никкодтай? Ду ба?
**С/гъазт «Нимæдзон тунæ»**
*Сабийтæ горцъебæл æрбадунцæ. Горцъæбæл 1-емæй 5-ей уæнгæ цифритæ æма алли сабиййи рази дæр нимæдзон тунæ (уæхæн тунæ æрмæгæвдесæн фæйнæгбæл дæр). Æрмæгæвдесæн фæйнæгбæл ци нимæдзон тунæ ес, уобæл æвæрд æй айдагъдæр цифрæ 0. Гъонбæлгæнæги фарстатæмæ гæсгæ, сабийтæ нимæдзон тунæбæл гъæугæ цифритæ æвæрунцæ.*
**Гъ.** Сæрбæттæнæн цал къуми ес?
**С.** Æртæ.
*Сабийтæ иссерунцæ цифрæ 3 æма æй нимæдзон тунæбæл (æ бунати) æрæвæрунцæ.*
**Гъ.** Хæдонæн ба цал дуси ес?
**С.** Дууæ дуси.
*Сабийтæ цифрæ 2 нимæдзон тунæбæл æрæвæрунцæ.*
**Гъ.** 2-емæй минкъийдæр нимæдзæ ба ци æй?
**С.** Еу
*Сабийтæ цифрæ 1 æрæвæрунцæ нимæдзон тунæбæл.*
**Гъ.** Къохбæл ба цал æнгулдзи ес?
**С.** Фондз.
*Сабийтæ цифрæ 5 дæр æрæвæрунцæ тунæбæл.*
**Гъ.** Æма уæд фæндземæй минкъийдæр, фал æртемæй ба фулдæр ба циуавæр нимæдзæ æй?
**С.** Цуппар.
*Сабийтæ цифрæ 4 æрæвæрунцæ нимæдзон тунæбæл.*
*Гъонбæлгæнæг зæгъуй сабийтæн, цæмæй нимæдзон туни цифритæ банимайонцæ 1-емæй 5-ей уæнгæ удта фæстæмæ.*
**Гъ.** Нимæдзон тунæ цæй хузæн æй?

**С.** Линейки.
**Гъ.** Æма линейкæ ба цæмæн гъæуй?
**С.** Ести рабарунмæ.
**Гъ.** Линейкæй ци рабарун æнгъезуй?
*Сабийти дзуæппитæ.*
**С./гъазт «Рабарæ»**
*Сабийтæ линейкæй рабарунцæ хузи ци хъуртохæн ес, уой дæргъцæ, æма æй цифрæй ниббæрæг кæнунцæ.*
**Ахури байдауæн**
**Гъ.** Хузти цал сувæллони адтæй рагон дигорон уæледарæсти?
**С.** Дууæ.
**Гъ.** Иннæ сабийтæбæл ба циуавæр хъæпбæлтæ адтæй.
**С.** Зуймон хъæпбæлтæ.
**Гъ.** Цал адтæнцæ?
**С.** Æртæ
**Гъ.** Сувæллæнттæ æдеугурæй ба цал адтæнцæ?
**С.** Фондз
**Гъ.** Мадта 5 æй 3 æма 2 кенæ 2 æма 3; куд ма æнгъезуй нимæдзон 5 исаразун?
**С.** 5 æй 1 æма 4 кенæ 4 æма 1.

*17-аг ахури усмæ*

**Еумæйаг темæ: «Транспорт»**
**Темæ: «Нимæдзæ 6 æма æ арæзт»**
**Нисан:** – Ниффедар кæнун нимæдзæ 5-и арæзт. Сабийти базонгæ кæнун нимæдзон 6-ей еуæгтæй арæзти хæццæ. Ниффедар кæнун 1-емæй 6-ей уæнгæ, удта фæстæмæ раст нимайуг. Сабийти ахур кæнун предметти бæрцæ цифритæй бæрæг кæнунбæл. Ниффедар кæнун нимæдзонтæ 3, 4, 5-ей арæзт дууæ минкъийдæр нимæдзонтемæй. Ниффедар кæнун предметти кæрæдзебæл рабарсти фæрци сæ дæргъæ базонуни арæхстдзийнадæ.

Идарддæр сæ ахур кæнун нимæдзон туни хæццæ архайун. Ниффедар кæнун геометрион фигурити туххæй зонундзийнæдтæ.

– Ирæзун кæнун итигъд будури (фæзи) ориентаци кæнуни зонундзийнæдтæ æма хе гъудитæй хатдзæгтæ кæнун.

– Гъонбæл сæ кæнун еумæйаг куст æмхузон æма зæрдæхæларæй кæнунбæл.

**Æрмæг**

**Æвдесунмæ:** Цæгат Иристони къартæ, аллихузон транспортти хузтæ: автобус, хуæдтолгæ машийнæ, поезд, мотоцикълет, хуæдтæхæг, теплоход; нимæдзон тунæ 0-æй 5-ей уæнгæ æма цифрити фæлуст 0-æй 6-ей уæнгæ; хузæй æма дæргъæй аллихузон ка уа, уæхæн 3 бæттæни; сурх, æрвхуз æма кæрдæгхуз геометрион фигуритæ; гъазæн будур (пъол) квадраттæбæл хæйттæ кондæй.

**Иуарунмæ:** нимæдзон тунæ цифрæ 0-æй 5-ей уæнгæ æма 0 -й 6-ей уæнгæ цифрити фæлуст: геометрион фигурити фæлуст (6-ей бæрцæ) гъазт «Геометрион конструктор» -æн; æстъæлфити (0-æй 5-ей уæнгæ) хæццæ къарточкитæ гъазт «Æрæмбурд кæнæ нимæдзæ»-н.

## Ахури цуд

**Гъ.** Циуавæр горæти цæрæн?

*Сабийти дзуæппитæ.*

**Гъ.** Уарзетæ нæ горæт? Цæмæ?

*Сабийти дзуæппитæ.*

**Гъ.** Нæ горæт кæми æй?

**С.** Республикæ Цæгат Иристон-Аланий.

**Гъ.** Нæ республики ма æндæр циуавæр горæттæ зонетæ? Къартæбæл сæ бавдесайтæ.

*Сабийтæ æнхæст кæнунцæ ихæслæвæрд.*

**Гъ.** Нæ республики ци берæ горæттæ ес. Еу горæтæй иннемæ балций цæугæй, берæ базонун æнгъезуй. Куд гъуди

кæнетæ айдагъдæр нæ республики æнгъезуй балций цæун?
**С.** Ægac дуйней горæттæбæл дæр балци кæнун æнгъезуй.
**Гъ.** Æма балций цæун дессаг æй?
*Сабийти дзуæппитæ.*
**Гъ.** Фæндуй уæ балций цæун?
**С.** Гъо.
**С/гъазт «Балци»**
*Сабийтæ стъолти уæлгъос æрбадунцæ. Стъолтæбæл удта æрмæгæвдесæн фæйнæгбæл нимæдзон тунæ цифритæ 0-æй 5-ей уæнгæ, æма ма хецæнæй ба цифрæ 6.*
**Гъ.** Тунæ уодзæй горæттæбæл балций цæуни къартæ. Тунæбæл бавдесетæ нæ балций райдайæн.
*Сабийтæ ниббæрæг кæнунцæ 0 –æй сæ балций райдайæн (æстъæлфæ).*
**Гъ.** Балций цæми фæццæунцæ?
*Сабийти дзуæппитæ.*
**Гъ.** Мах балци кæнæн горæтæй-горæтмæ: фиццаг горæтæй–дугкагмæ, дугкагæй – æртиккагмæ, æртиккагæй – цуппæрæймагмæ, цуппæрæймагæй – фæндзæймагмæ.
*Гъонбæлгæнæг тунæбæл æвдесуй балций фæндаг 0-æй 5-ей уæнгæ.*
**Гъ.** Æдеугурæй цал горæтеми адтан?
**С.** Фондз горæтеми.
**Гъ.** Нур ба ма еу горæтмæ рабалци кæнæн. Нур ба цал горæтеми адтан?
**С.** Æхсæз горæтеми.
**Гъ.** Цæмæй æхсæзæймаг горæтмæ бацудаййанæ, уой туххæй ци бакодтан?
**С.** Еу фæндаги хайбæл ма бацудан.
*Сабийтæ нимæдзон тунæбæл æрæвæрунцæ цифрæ 6.*
**Гъ.** Нимæдзæ 6 нæмæ куд рауадæй?
**С.** 5-ебæл 1 бафтудтан æма нæмæ 6 рауадæй.
**Гъ.** Фæстæмæ хæдзарæмæ цæун афонæ æй Куд кæнгæ æй?

**С.** Фæстæмæ цæуæн.

*Сабийтæ нимæдзон тунæбæл цифритæ 6-емæй 0-и уæнгæ нимайунцæ.*

**Гъ.** Иннæ къуари сабийтæ дæр горæттæбæл балций адтæнцæ. Етæ 3 горæтеми адтæнцæ, уой фæсте ба ма еу горæти. Кæци горæти æнцæ нуртæккæ?

**С.** 4-æймаг горæти.

**Гъ.** Уони дæр фæстæмæ цæун гъæуй. Фенхус син кæнайтæ.

*Сабийтæ нимæдзон тунæбæл цифритæ 4-емæй 0–и уæнгæ банимайунцæ, æма уой фæсте ба горцъебæл æрбадунцæ.*

**Гъ.** Еу горæтæй иннемæ цæбæл фæццæун æнгъезуй?

*Сабийти дзуæппитæ.*

*Сабийтæ дзорунцæ транспортти хузтæ: автобус, хуæдтолгæ машинæ, мотоцикълет, поезд, хуæдтæхæг, науæ гъонбæлгæнæг ба син сæ хузтæ æрмæгæдесæн фæйнæгбæл æвæруй.*

**Гъ.** Аци хузти ци æвдист цæуй?

*Сабийти дзуæппитæ.*

**Гъ.** Сæ еугурей еумæ еудзурдæй куд исхонун æнгъезуй?

**С.** Транспорт

**Гъ.** Цал рæуæг машини ес нæ рази?

**С.** Еу.

*Рæуæг машийни рази сабийтæ æрæвæрунцæ цифрæ 1.*

**Гъ.** Автобустæ ба цал æнцæ?

**С.** Еу.

*Автобуси хузи рази æрæвæрунцæ цифрæ 1. Аци уагмæ гæсгæ хуæдтæхæг, поезд, мотоцикълет æма науи хузти цори дæр еугай цифритæ (1) æрæвæрунцæ.*

**Гъ.** Цал æнцæ транспортти хузтæ æдеугурæй?

**С.** Æхсæз.

*Сабийтæ æма гъонбæлгæнæг искæнунцæ хатдзæг: 6-æй 1,1,1,1,1,1.*

**Æзм. Дид.гъазт «Машинттæ гаражтæмæ»**

| | С | Æ | К |
|---|---|---|---|
| ○ | | | |
| □ | | | |
| △ | | | |
| ▭ | | | |

*Пъолбæл квадраттæй арæзт гъазæн фæзæ. Хæрдмæ нæдтæ бæрæггонд æнцæ хуарæни хузтæй: сурх, æрвхуз, кæрдæгхуз; æндзæртæ ба – геометрион фигуритæй: тумбулæг, квадрат, æртæкъумон, растъумон. Гъазæн фæзи рази берæ аллихузон фигуритæ. Алли сабий дæр райсуй еу геометрион фигурæ. Гъонбæлгæнæг амонуй гъазт: аллихузон хуарæнтæй хурст геометрион фигуритæ æнцæ машинттæ. Машинтти сæ конд æма хузæмæ гæсгæ сæ, сæ бунæтти нивværун гъæуй. Зæгъæн: сурх æртæкъумон машийнæ гъæуама лæууа, сурх фæндаг æма æртæкъумони фæндаг кæми баеу унцæ, еци рауæн.*

*Сабийтæ æнхæст кæнунцæ ихæслæвæрд.*

**Дид.гъазт «Æртæ фæндаги»**

*Горцъебæл æртæ фæйнæхузи хуарæнемæй хурст бæттæни, кæцитæ æвдесунцæ раст, кæдзæ (зулун) æма къæдзæмæдзæ (саст) хæнхитæ.*

**Гъ.** Еу горæтæй инемæ цæуй 3 нади. Циуавæр хæнхити хузæн æнцæ?

*Сабийти дзуæппитæ.*

**Гъ.** Куд гъуди кæнетæ и нæдтæй тæккæ цубурдæр кæци æй?

*Сабийти дзуæппитæ.*

**Гъ.** Исбæлвурд кæнетæ уæ дзуапп.



*Сабийтæ, бæттæнтæ кæрæдзебæл рабаргæй, искæнунцæ хатдзæг: раст над сæ еугуремæй цубурдæр æй.*
**Гъ.** Балций уогæй алкæддæр рагъазун фæццæуй.
**Дид. гъазт «Æрæмбурд кæнæ нимæдзæ»**
*Сабийтæ стъолти уæлгъос æрбадунцæ. Алкæмæ дæр си 1-емæй 5-ей уæнгæ æстъæлфитæ кæбæл ес, уæхæн къарточкитæ æма 3-емæй 6-ей уæнгæ цифрити фæлуст. Ихæслæвæрд: дууæ къарточкей стъæлфити бæрцæй æрæмбурд кæнæ цийфæнди нимæдзæ дæр. Зæгъæн, нимæдзæ 4: еу æстъæлфæ æма æртæ æстъæлфи кæбæл уа, уæхæн къарточкитæй, кенæ ба – 2 –гай æстъæлфитæ кæбæл уа, уæхæнттæй. Уой фæсте ба иссерун гъæуй цифрæ 4.*
**Дид./гъазт «Геометрион конструктор»**
*Сабийтæ стъолти уæлгъос æрбадунцæ. Стъолтæбæл геометрион фигуритæ. Сабийтæ геометрион фигуритæй лæвæрд хузтæмæ гæсгæ, аразунцæ машинттæ, хуæдтæхгутæ æма æнд. (гъома хæйттæй æмбурд кæнунцæ æнæгъæнæ).*
**Ахури байдауæн**
**Гъ.** Ацибон циуавæр нимæдзæ базудтан? Нимæдзæ 6 куд арæзт æй? Зин уæмæ ци фæккастæй? Уæ зæрдæмæ циуавæр гъазт фæццудæй?

*18-аг ахури усмæ*

**Еумæйаг темæ: «Дæснийæдти дуйне»**
**Темæ: «Трапеци æма ромби хæццæ базонгæ ун»**
**Нисан:** – Сабийтæн трапеци æма ромби туххæй зонундзийнæдтæ раттун. Ахур сæ кæнун цæмæй геометрион фигурити сæ минеугутæмæ гæсгæ хецæн кæнонцæ, цийфæнди уавæрти дæр зонундзийнæдтæй куд пайда кæнонцæ. Нимæдзон уадздзæгтæй (полосами) пайда кæнгæй сæ идарддæр ахур кæнун 6-ей уæнгæ алли нимæдзони арæзт дæр. Итигъдадæ

æма будури ориентаци кæнунбæл сæ фæлтарун (галеуæрдæгæй, рахесæрдæгæй, астæуæй.)

Идарддæр сæ ахур кæнун сериацион рæнгъæ аразунбæл. Ирæзун кæнун логикон æма итигъдадон гъудикæнунадæ; ахур сæ кæнун геометрион фигурити æрæвæрдæн анализ кæнун.

Идарддæр сæ фæлтарун æсгарæни куст æма хатдзæгтæ кæнунбæл. Сериацион хузтæй пайда кæнгæй ирæзун кæнун, цæмæй сабийтæ дзурдтæй раст гъудийæдтæ аразонцæ.

– Гъонбæл сæ кæнун цæмæй сæ горæт уарзонцæ.

**Ахури цуд**

*Сабийтæ горцъебæл бадунцæ. Сæ рази геометрион фигурити фæлуститæ.*

**Гъ.** Зæгъайтæ, нуртæккæ кæми айтæ?

**С.** Рæвдауæндони.

**Гъ.** Рæвдауæндонæмæ цæун уарзетæ?

*Сабийти дзуæппитæ.*

**Гъ.** Ка уæ æрбахонуй рæвдауæндонæмæ?

*Сабийти дзуæппитæ.*

**Гъ.** Æма уæ ниййергутæ сумах ардæмæ ку æрбахонунцæ, уæд сæхуæдтæ ба кума рандæунцæ?

**С.** Кустмæ рандæунцæ?

**Гъ.** Циуавæр дæснийæдтæ ес уæ ниййергутæмæ?

**С.** Ахургæнæги, хуæруйнаггæнæги, шофири æма у.и.

**Гъ.** Цæмæй ести дæснийадæ райсай уой туххæй ци кæнун гъæуй?

**С.** Ахур кæнун, берæ зонун æма алцæмæ арæхсун.

**Гъ.** Ацибон мах математики фæрци базонгæ уодзинан еуæй -еу дæснийæдти хæццæ.

*Гъонбæлгæнæг æрмæгæвдесæн фæйнæгбæл æрæвæруй, асæй аллихузон ка æй, уæхæн хæдзæртти хузтæ. Хæдзæртти хæйттæ аллихузон геометрион фигурити хузæн æнцæ.*

**Гъ.** Нæ горæт Дзæуæгигъæу бонæй-бонмæ устурдæр æма рæсугъддæр кæнуй, фæззиннуй си берæ нæуæг хæдзæрттæ. Еци хæдзæрттæ ка аразуй?

**С.** Аразгутæ (дасгутæ)

**Гъ.** Æма еци хæдзæрттæ ка æргъуди кодта æма сæ ка исхузæ кодта?

**С.** Архитектор.

*Сабийтæ дзуапп ку нæ зононцæ, уæд син гъонбæлгæнæг балæдæрун кæнуй, архитектор ка æй, уой.*

**Гъ.** Цæмæй архитектор исуай, уой туххæй берæ зонун гъæуй геометрион фигурити туххæй. Мæнæ аци хæдзари хæйттæ циуавæр геометрион фигурити хузæн æнцæ?

*Сабийтæ дзорунцæ, циуавæр геометрион фигурити æнгæс æнцæ хæдзæртти хæйттæ, уой фæсте ба иссерунцæ еци фигуритæ æма сæ, сæ цори æрæвæрунцæ.*

**Гъ.** Аци хæдзари сæр циуавæр фигури хузæн æй?

*Гъонбæлгæнæг амонуй, æ сæр трапеций æнгæс кæмæн æй, еци хæдзарæмæ.*

**С.** Аци хæдзари сæр æй трапеций хузæн.

*Сабийтæ ку нæ зононцæ дзуапп, уæд син æй гъонбæлæгæнæг фæззæгъуй.*

*Идарддæр сабийтæ геометрион фигурити æхсæн иссерунцæ трапеци, дзæбæх имæ æркæсунцæ, æ къумтæ æма ин æ фæрстæ банимайунцæ, удта ин æ ном цалдæр хатти фæззæгъунцæ. Уой фæсте нимайæн къæбæлтæй трапеци исаразунцæ æма искæнунцæ хатдзæг: трапецийæн æ бунггаг фарс æ сæрггагæй даргъдæр æй кенæ ба – æ сæрггаг фарс даргъдæр æй бунггагæй.*

**С./гъазт «Æсгаргутæ»**

*Сабийтæ архайунцæ кутемæй исаразун кенæ искæнун æнгъезуй æртæкъумонæй трапеци. Сæ гъудимæ гæсгæ ин æ еу къум дудагъ кæнун гъæуй, кенæ ба – къуæрун. Архайунцæ ма цæмæй расткъумонæй дæр трапеци исаразонцæ, уобæл.*



*Гъеууотемæй, æсгарæн куст кæнгæй, сабийтæ исбæрæг кæнунцæ æртæкъумон æма трапеций æнгæстæ æма хецæндзийнæдтæ, удта расткъумон æма трапеций æнгæстæ æма хецæндзийнæдтæ дæр. Гъонбæлгæнæг ма сабийтæмæ бавдесуй еу геометрион фигурæ – ромб. Сабийтæ имæ лæмбунæг æркæсунцæ æма æй горцъебæл нимайæн къæбæлтæй исаразунцæ. Ромби фарсмæ ма сабийтæ нимайæн къæбæлтæй исаразунцæ квадрат. Уой фæсте ромб æма квадратти æнгæстæ æма хецæндзийнæдтæ исбæрæг кæнунцæ.*

**С./гъазт «Æрæмбурд кæнæ кæрæ»**

**Гъ.** Фæндуй уæ аразгутæн банхус кæнун?

**С.** Гъо!

**Гъ.** Хæдзæрттæ дасунмæ айдагъдæр цуппаркъумон дортæ гъæуй. Геометрион фигурити æхсæнæй равзаретæ æрмæстдæр цуппаркъумонтæ æма ци хуннунцæ, уой зæгъетæ.

*Сабийтæ ихæслæвæрд æнхæст кæнунцæ. Уой фæсте геометрион фигуритæ бафснайунцæ.*

**Гъ.** Куд гъуди кæнетæ арæзтадæмæ аразæн æрмæг цæбæл æрбаласунцæ?

**С.** Машийнæбæл

**Гъ.** Машийнæ ба ка фæттæруй?

**С.** Шофир.

**Æзм. Саб.гъазт «Шофиртæ»**

*Сабийтæй алке къохи дæр маршрутон гæгъæдий тъафæ. Еци маршрутмæ гæсгæ алли сабий-шофир дæр гъæуама хæссуйнаг уаргъ бахъæртун кæна бæрæг арæзтадæмæ. Маршрутон тъафæбæл маршрут амунд цæуй геометри-*

*он фигуритæй. Устур геометрион фигуритæ пъолбæл æвæрд. Еу фигурæй иннемæ куд цæугæ æй, уой ба фатæгтæ æвдесунцæ, зæгъæн:*




*Маршрутон тъафæ мæнæ ауæхæн дæр æнгъезуй:*



*(Аци маршрут цæуй 4-аг хæдзарæмæ).*

*Кæд сабийтæ маршрутмæ гæсгæ хуарз ориентаци кæнонцæ, уæд пъолбæл фатæгтæ хузæ кæнун (кене æвæрун) нæ гъæуй. Сабийтæ еу фигурæй иннемæ цæунцæ, хæдзарæмæ ку бахъæртунцæ удта ин æ хузæ æма номир фæззæгъунцæ. Сабийтæ цал уонцæ, уал хæдзари уа гъæуама маршруттæбæл дæр. Æнгъезуй кезугай гъазун дæр, сабийтæ берæ ку уонцæ, уæд сæ фæкъкъуæрттæ кæнгæй.*

*Гъонбæлгæнæги бон æй мæнæ ауæхæн фарстатæ раттун:*

**Гъ.** Дæ хæдзари рахесæрдæгæй (галдеуæрдæгæй) циуавæр хæдзарæ ес? Циуавæр хæдзæртти æхсæн æй дæ хæдзарæ? æма у.и.

**Гъ.** Хæдзæрттæ кæрæдземæй хецæн кæнунцæ асæй, кондæй, хузæй, сæ сæртæй æма у.и. Хæдзари цал уæладзуги уодзæй, уомæн архитектор рагацау пълан искæнуй. Уой

фæсте аразгутæ райдайунцæ хæдзарæ аразун. Фæндуй уæ хæдзарæ исаразун. Æрбадетæ уæд уе ’стъолти уæлгъос.

**С.гъазт «Аразгутæ»**

*Сабийтæ стъолти уæлгъос æрбадунцæ. Стъолтæбæл æрвхуз уадздзæгтæ, сурх квадраттæ æма 1-емæй 6-ей уæнгæ цифритæ. Сабийтæ цифритæ сæ цори рæнгъæй райвæрунцæ.*

**Гъ.** Алли цифрæ дæр нисан кæнуй, хæдзари цал уæладзуги уодзæй, уой. Цифрæ 1 ци къарточкæбæл ес, уой сæрбæл сурх квадрат æрæвæретæ. Цифрæ 2 ци къарточкæбæл ес, уой сæрбæл ба еу арвхуз квадрат æма еу сурх квадрат ниввæретæ.

*Сабийтæ æнхæст кæнунцæ ихæслæвæрд.*

**Гъ.** Цифрæ 3 ци къарточкæбæл ес, уой сæрбæл ба, æ размæ нимæдзæ цал нисан кæнуй, уал æрвхуз квадратти, удта ма сæбæл 1 сурх квадрат бафтауетæ.

*Сабийтæ æнхæст кæнунцæ ихæслæвæрд. Исаразунцæ 1 уæладзугон, 2, 3, 4, 5, 6 уæладзугон хæдзæрттæ. Гъонбæлгæнæг сабийти гъос æрдаруй уомæ, æма еу-гур нимæдзтæ дæр æма хæдзæртти уæладзгутæ дæр еу фулдæргæнгæ цæуæнцæ; бæрзонд хæдзарæй минкъийдæри æрдæмæ цæугæй ба – еу минкъийдæргæнгæ. Идарддæр гъонбæлгæнæг аллихузон фарстатæ ратуй, сабийтæ ба сæбæл, сæ æрмæгмæ гæсгæ. дзуæппитæ дæттунцæ.*

**Гъ.** Кæци хæдзарæ æй тæккæ бæрзонддæр? Цал уæладзуги си ес? Кæци хæдзарæ æй тæккæ ниллæгдæр? Цал уæладзуги си ес?

2-емæй 6-ей уæнгæ банимайайтæ.

6-емæй 1-ей уæнгæ банимайайтæ.

4-емæй фулдæр кæци нимæдзтæ æнцæ?

3-емæй минкъийдæр ба кæци нимæдзтæ æнцæ?

Зæгъайтæ 2 æма 5 нимæдзей синхæнтти.

4-емæй 5 кутемæй исаразун æнгъезуй?

4-емæй 3 кутемæй исаразун æнгъезуй?
4 æма 6-ей астæу циуавæр нимæдзæ ес?
Циуавæр нимæдзæ æй 4-емæй фулдæр, 6-емæй ба минкъийдæр?

**Дид.гъазт «Логикон хузтæ»**

**Гъ.** Хæдзæрттæ арæзтайтæ 1-аг уæладзугæй райдæдтайтæ æма 6-ей уæнгæ. Нур син сæ хузтæ дæр уотæ ку æрæвæрайтæ, уæд уин естæбæл «дзорæг» уодзæнцæ.

*Сабийтæ æнхæст кæнунцæ ихæслæвæрд: хузтæ æрæвæрунцæ æма хузтæмæ гæсгæ цубур радзурдитæ дзорунцæ. Фæстагмæ гъонбæлгæнæг æрæвæруй хузти сериаци. Хузти æвдист цæуй адæймаги ирæзт сабийæй зæрондмæ.*

**Ахури байдауæн**

**Гъ.** Сумах ку исустуртæ уайте, уæд берæ зондзинайтæ æма арæхстгун уодзинайтæ. Сумахæй кадæр архитектор исуодзæй, кадæр ба – аразæг æма нæ уарзон горæти сумах исараздзинайтæ æнæуагæ рæсугъд хæдзæрттæ æма нæ горæт исуодзæй ниггидæр рæсугъддæр æма аййевдæр.

*19-аг ахури усмæ*

**Еумæйаг темæ: «Спорт»**

**Темæ: «Нимæдзæ 7 æма æ арæзт»**

**Нисан:** – Ниффедар кæнун нимæдзæ 7-и арæзт. Базонун син кæнун цифрæ – 7 æма еуæгтæй куд арзæт æй, уой. Барæнæй пайда кæнгæй сæ дæргъæ рабарунбæл ахур кæнун. Сабийти ахур кæнун барæнæй барсти бæрцитæ цифритæй бæрæг кæнунбæл. Нимæдзон рæнгъæй пайда кæнгæй сабийти ахур кæнун нимæдзтæ кæрæдзей хæццæ рабарун. Идарддæр сæ ахур кæнун итигъд будури ориентации кæнунбæл. Геометрион фигурити туххæй зонундзийнæдтæ ниффедар кæнун.

– Схемитæй пайда кæнгæй син ирæзун кæнун

логикон рæхиси цæгтæ кæрæдзебæл бæдтунади арæхстдзийнадæ.

– Гъонбæл сæ кæнун цæмæй уарзонцæ спорт æма уонцæ æнæнез.

**Æрмæг**

**Æвдесунмæ:** зумæгон спорти хæццæ баст дууæ æмæнгæс хузи.

**Иуарунмæ:** алли дууæ сабиййемæн дæр нимæдзон тунæ 0-æй 7-ей уæнгæ; минкъий адæймæгтæ æрвхуз æма сурх дарæсти (алли сабиййæн дæр еу); цифритæ 1-емæй 7-ей уæнгæ кæбæл ес, уæхæн сурх æма æрвхуз къарточкити фæлуститæ. Схемитæ геометрион фигурити хæццæ (алли сабиййæн дæр); æмиасæ лухгæндтæй арæзт фæндæгти схемæ.

**Ахури цуд**

*Сабийтæ горцъебæл бадунцæ.*

**Гъ.** Ацибон куд рæсугъд æма игъæлдзæг айтæ уæ еугур дæр. Уæ ходæзмæл цæсгæмтæбæл бæрæг æй уæ зæрдиуагæ æма уе ’ нæнездзийнадæ. Æма æнæнез ун хуарз æй?

*Сабийти дзуæппитæ.*

**Гъ.** Адæймаг цæмæй æнæнез уа, уой туххæй ци кæнун гъæуй?

*Сабийти дзуæппитæ æрхæстæг кæнун мæнæ ауæхæнмæ:*

**С.** Сæумæй физзарядкæ кæнун гъæуй удта спорти ести хузтæй дæр архайун гъæуй.

**Гъ.** Æма сумах равдауæндони спортæй архайетæ? Куд?

*Сабийти дзуæппитæ.*

**Гъ.** Мах зонæн нимæдзон тунæбæл ци минкъий лæг фæррацо-бацо фæккæнуй, уой Ацибон нæмæ еци лæг æрбацудæй йе ’мбали хæццæ. Фæндуй сæ æцæг спортсменти хузæн гæпп кæнунбæл исахур кæнун. Исахур сæ кæнæн?

**С./гъазт «Спортсментæ»**

*Сабийтæ дугæйттæй стъолти уæлгъос æрбадунцæ. Алли*

*стъолбæл дæр нимæдзон тунæ æма дууæ адæймагей хузтæ (æрвхуз æма кæрдæгхуз). Сабийтæй алкедæр æхуæдæг равзаруй æма райсуй адæймаги (хузæ).*

**Гъ.** Раттæн син нæмттæ «æрвхуз» адæймаг, æма «сурх» адæймаг. Сæ дууей дæр райдайæни (стартбæл) æрæвæретæ, гъома 0-и рази.

*Сабийтæ ихæслæвæрд æнхæст кæнунцæ.*

**Гъ.** Сурх адæймаг рагæпп кодта 6 ампъези. Ци рауæн «æрлæудтæй», кæци цифри рази?

*Сабийтæ сурх лæги фенсонунцæ тунæбæл.*

**С.** Цифрæ 6-ей рази.

**Гъ.** «Æрвхуз» адæймаг ба рагæпп кодта «сурхæй» еу ампъез идарддæр.

*Сабийтæ фенсонунцæ «æрвхуз» лæги.*

**Гъ.** Равдесайтæ, кæци цифри размæ ниггæпп кодта «æрвхуз» лæг? Аци цифрæ куд хуннуй, уой ка зонуй?

**С.** Авд.

**Гъ.** Æма куд гъуди кæнетæ кæци нимæдзæ фулдæр æй 6 æви 7? Цал фулдæр?

**С.** Нимæдзæ авд еу фулдæр æй æхсæзæй.

**Гъ.** Цæмæй «сурх» лæг дæр «æрвхуз» лæги рази февзура, уой туххæй ци бакæнун гъæуй?

**С.** Еу ампъез ма æй ракæнун гъæуй.

*Сабийтæ «сурх» лæги цифрæ 7-и уæнгæ фенсонунцæ.*

**Гъ.** «Сурх» лæг «æрвхуз» лæги баййафта?

**С.** Гъо.

**Гъ.** Кутемæй?

**С.** Фиццаг 6 ампъези бæрцæ рагæпп кодта, уой фæсте ба ма – еу (1).

**Гъ.** И лæгтæ нур ци рауæн æнцæ?

**С.** Цифрæ 7-ей рази.

**Гъ.** Нæ минкъий лæгтæ тунæбæл гæппитæ кодтонцæ. Фал ма ес ауæхæн спорти æндæр хузæ, кæци хуннуй спортивон

цуд. Адæн кæрæдзей хæццæ ерис фæккæнунцæ æмхузон ампъезтæ кæнгæй. Æма нæ минкъий лæгтæ айдагъдæр цæугæ ку кæнонцæ, уæд кутемæй бахъæртдзæнцæ цифрæ 7-и уæнгæ.

**С.** Цалинмæ цифрæ 7-ей уæнгæ бахъæртонцæ, уæдмæ син ампъезгай цæугæ æй.

**Гъ.** Алке дæр си цал ампъези ракæнун гъæуй?

**С.** Авд ампъези.

*Сабийтæ лæгти фæстæмæ 0-и рази æрлæуун кæнунцæ æма сæ кезугай, ампъезтæ нимайгæй, бахъæртун кæнунцæ цифрæ 7-ей уæнгæ. Гъонбæлгæнæг æма сабийтæ хатдзæг искæнунцæ: нимæдзæ 7-æй 1,1,1,1,1,1 æма 1.*

**Дид./гъазт «Фæд-фæде ралæууетæ».**

**Гъ.** Спортивон еристæ фæуунцæ аллихузон. Нуртæккæ мах æцæг еристæ исараздзинан. Уой туххæй гъæуамæ дууæ къуари фæууæн: сурхитæ æма æрвхузтæ.

*Сабийтæй алкедæр райсуй (сурх кенæ æрвхуз) къарточкæ цифрити хæццæ æма уонæмæ гæсгæ дууæ хаййи фæуунцæ. Идарддæр алли къоманди архайгутæ дæр сæ къарточкити номиртæмæ гæсгæ фæд-фæде гъæуама æрлæууонцæ. Кæци къомандæ тагъддæр æрлæууа, йе рамолуй. Гъонбæлгæнæг бæрæг кæнуй сабийти раст лæуд, етæ ба сæ номиртæ дзорунцæ (еу кæронæй иннемæ, удта фæстæмæ).*

*Уойфæсте алли сабий дæр, æ къарточки номирмæ гæсгæ, иссеруй уæхæн номири хæццæ къонверт. Къонверти медæгæ ба æндæр еристæн ихæслвæрд. Алли сабийæн дæр хецæн ихæслæвæрд.*

**Дид./гъазт «Къахдзонæгъти фæндаг»**

**Гъ.** Къахдзонæгътæбæл цæугутæн ересты размæ, сæрмагонд фæндаг исаразунцæ. Къахдзонæгътæбæл гургутæй алкедæр, цæмæй тагъддæр цæуа, уой туххæй равзаруй надæн æ хуæздæр рауæнтæ æма æ ориентацийæн нисантæ. Нуртæккæ сумах дæр геометрион фигуритæй

«къахдзонæгъти фæндаг» æрæвæрдзинайтæ æма уони хузæн ориентации кæнун базондзинайтæ.

*Сабийтæ горцъебæл æрбадунцæ. Алли сабий дæр æ къонверттæй исесуй дæнцæн – къарточкæ æма геометрион фигуритæ. Сабийтæ геометрион фигуритæй равзарунцæ айдагъдæр сæ ихæслæврдæн кæцитæ гъæуй, уони æма æвæрунцæ фатæгтæмæ гæсгæ «къахдзонæгъти фæндаг», еу фигурæй иннемæ цæунмæ. Ихæслæвæрдæн æнхæст кæнун райдайун гъæуй бунггаг къумæй.*

*Дæнцæн ихæслæвæрд къарточкитæ æма сæ дзуæппитæ.*




**Дид. гъазт «Спортивон ориентировкæ»**

**Гъ.** Ес ма ниггидæр спортивон ерис, хунгæ ба кæнуй «спортивон ориентировкæ æрдзон бунæтти». Цæмæй спортсмен аци еристæ рамола, уой туххæй æй равзарун гъæуй, догъи кæронмæ (финишмæ), тæккæ цубурдæр фæндаг.

Æцæг спортсментау сумах дæр бавзаретæ финишмæ цубурдæр надбæл бахъæртун.

*Сабийтæ гъæуама сæхуæдтæ бафеппайонцæ фæндæгтæ куд рабарун гъæуй, уой. Уомæн æма алли фæндаг дæр арæзт æй æмхузон лухгæнттæй – барæнтæй. Сабийтæ нимайунцæ лухгæнттæ æма алли фæндагбæл дæр лухгæнтти бæрцæмæ гæсгæ, æрæвæрунцæ гъæугæ цифрæ.*

*Зæгъæн:*



**Гъ.** Иннæ ихæслæвæрд дæр тетрæдти æй. Иссеретæ 7 хецæндзийнади аци хузти.

**Дид. гъазт. «Иссерæ хецæндзийнæдтæ»**

*Сабийти размæ зумæгон спорти хузти хæццæ баст дууæ æмхузонгомау хузи(зæгъæн къахдзонæгътæбæл цæуæг). Иссерун гъæуй дууæ хузей æхсæн 7 хецæндзийнади. Сабийтæй еске куддæр хецæндзийнадæ иссеруй, уотæ æ рази еу нимайæн къæбæл райвæруй. Гъазти кæрон алли сабийи рази дæр гъæуама уа авд нимайæн къæбæли.*

**Гъ.** Аци хузти æхсæн æдеугурæй цал хецæндзийнади иссердтайтæ?

**С.** Авд.

**Ахури байдауæн**

**Гъ.** Ацибон циуавæр цифрæ базудтайтæ?

*Сабийти дзуæппитæ.*

**Гъ.** Нимайæн къæбæлтæй цифрæ 7 райвæретæ.

*Сабийтæ æнхæст кæнунцæ ихæслæвæрд.*

**Гъ.** Уæ зæрдæмæ циуавæр гъæзтитæ фæццудæй? Нæуæгæй ци базудтайтæ?

*Сабийти дзуæппитæ.*

**Гъ.** Нур сумах базудтайтæ, спорт айдагъ хъæцъæфтæ нæ ирæзун кæнуй, фал ма зунд дæр.

*20-аг ахури усмæ*

**Еумайæг темæ: «Фидибæстæ гъæуайгæнгутæ»**

**Темæ: «Лæдæрунадæ «Къуæре»-й хæццæ базонгæ ун»**

**Нисан:** – Сабийти базонгæ кæнун лæдæрунадæ «къуæре»-й хæццæ. Ахур кæнун сабийти къуæрей бæнтæ кæрæдзей фæсте дзорунбæл. Ниффедар кæнун авди уæнгæ раст нимайун æма 1-емæй 7-ей уæнгæ цифрити зонунæдæ.

Ахур сæ кæнун бæрцæ нимæдзонтæй бæрæг кæнунбæл. Геометрион фигуритæй пайда кæнгæй

сæ ахур кæнун итигъд будури ориентаци кæнунбæл. Ахур сæ кæнун нимæдзон линейкæй пайда кæнунбæл.

– Иræзун кæнун сабийти логикон гъудикæнунадæ, сæ гъосдарунадæ; ахур сæ кæнун геометрион фигуритæй арæзт схемитæн анализ кæнунбæл. Ахур сæ кæнун хебæраги архайунбæл.

– Гъонбæл сæ кæнун кæрæдзей лæдæрун æма еумæйаг гъуддагбæл уодун куд зононцæ.

**Æрмæг**

**Æвдесунмæ:** 1-емæй 7-ей уæнгæ цифритæ, нимæдзон линейкæ.

**Иуарунмæ:** 1-емæй 7-ей уæнгæ цифритæ, æстъæлфити хæццæ (1- емæй 7-ей уæнгæ) къарточкитæ. Игровизор, геометрион фигурити хæццæ къарточкитæ гъазт «Иуазæгуати фæццæуæн»-æн; нимæдзон линейкæ, фишкæ.

### Ахури цуд

**Гъ.** Нуртæккæ кæми ан?
**С.** Равдауæндони.
**Гъ.** Равдоуæндонæ ба кæми æй?
**С.** Дзæуæгигъæуи.
**Гъ.** Дзæуæгигъæу ба кæми æй?
**С.** Цæгат Иристон – Аланий.
**Гъ.** Цæгат Иристон – Алани ба кæми æй?
**С.** Уæрæсей.
**Гъ.** Цума Уæрæсей арæнтæ ба ка гъæуай кæнуй?
**С.** Салдæттæ, æфсæддонтæ, арæнгъæуайгæнгутæ.

*Сабийтæ дзурд арæнгъæуайгæнгутæ ку нæ зононцæ, уæд син æй гъонбæлгæнæг æхуæдæг фæззæгъуй.*

**Гъ.** Сæрди дæр æма зумæг дæр, къавдай дæр æма мети дæр, тæвдæ бони дæр æма уазал бони дæр арæнгъæуайгæнгутæ лæуунцæ æма гъауæй кæнунцæ нæ бæсти арæнтæ, цæмæй еунæг æзнаг дæр ма æрбацæуа нæ бæстæмæ. Арæнгъæуайгæнгутæн сæ цард æма сæ куст æвæрд æй

бæрæг уагæвæрдбæл. Гъе уæхæн карз уагæвæрдбæл хуæцунцæ ацибон ци авд æнсувæрæй хæццæ базонгæ уодзинан, етæ дæр. Уони туххæй байгъосетæ бацеу-бацеумæ:

Æнсувæртæ авдемæй,
Фæд-фæдетæ лæуунцæ.
Къуæрей дæргъци етæ,
Кæрæдзей аййевунцæ.

**Гъ.** Цума еци æнсувæртæ катæ æнцæ?
**С.** Къуæрей бæнттæ.
*Сабийтæ ку нæ базононцæ бацеу-бацеу, уæд син гъонбæлгæнæг фарстати фæрци фенхус кæнуй. Идарддæр гъонбæлгæнæг бафæрсуй:*
**Гъ.** Къуарей бæнттæй циуавæртæ зонетæ?
*Сабийти дзуæппитæ.*
**Гъ.** Æма æдеугур къуæрей цал бони ес?
*Сабийти дзуæппитæ.*
**Гъ.** Къуæрей цал бони ес, уой цæмæй базонай, уой туххæй гъæуама дæ зæрди æрæфтауай, къуарей медæгæ алли бон дæр ци кустай, уой. Еу биццеу, уотемæй, къуæрей бæнттæ банимадта. Æз бакæсдзæн æмдзæвгæ, еци æмдзæвги еци биццеу къуæрей медæгæ, алли бон дæр ци куста, уой дзоруй. Сумах лæмбунæг игъосетæ æма цит къуæрей бони ном ку фегъосайтæ, уæд уæ рази цифрæ æ «рæнгъи» раст æрæвæриайтæ. Циуавæр цифрæй райдайун гъæуй?
**С.** Еуемæй.
*Сабийтæ стъолти уæлгъос æрбадунцæ. Сæ цори цифрти фæлуститæ 1- емæй 7-ей уæнгæ.*

Авдисæри музеймæ фæццудтæн,
Геуæргибони мультфильмтæмæ кастæн,
Æртиккæги хуæдтолгæ искодтон,
Цуппæрæни ластон ибæл сабийти.
Майрæнбони рæвдзæ кодтон балцимæ,
Ме ’мбæлттæн æз хуæрзбон загътон сабати.

Хуцаубони балций рараст дæн æз –
Хуæздæр уолæфт иссерæн дæр нæййес.

*Къибирти А. тæлмац*

**Гъ.** Æдеугурæй цал бони ес къуæрей?

**С.** Авд бони.

**Гъ.** Уæ зæрди æрæфтауайтæ, къуæрей фиццаг бон куд хуннуй, уой.

**С.** Авдисæр.

**Гъ.** Дуккаг бон ба?

**С.** Геуæргибон

**Гъ.** Æртиккаг бон ба?

**С.** Æртиккæг

**Гъ.** Къуæрей фæццаг бон хуннуй æвдисæр, уомæн æма къуæрейæн æй æ райдайæн.

*Гъонбæлгæнæг син иннæ бæнтти туххæй дæр радзоруй.*

**Гъ.** Къуæрей бæнттæ салдæттау кæрæдзей фæсте (фæд-фæде) лæуунцæ.

**Дид.гъазт «Къуæре»**

*Горцъебæл цифрити хæццæ къарточкитæ æвæрд. Сабийтæй алке дæр райсуй еу къарточкæ цифри хæццæ (йе уодзæй æ радон номир) æма кæрæдзей фæдбæл 1- емæй 7-ей уæнгæ æрлæуунцæ. Сабийтæ гъазт амонæгæн сæ радон номиртæ æма номиртæмæ гæсгæ къуæрей бæнттæ дзорунцæ.*

*(Сабийтæ берæ ку уонцæ, уæд сæ мæнæ 19-аг ахури усми гъазти «фæд-фæдей» куд фæкъкъуæрттæ кодтонцæ, уотæ фæккæнун гъæуй.) Идарддæр сабийтæ фæппурх унцæ æма бабæй фæд-фæде ралæуунцæ амонæгæн ба сæ радон номиртæ æма номиртæмæ гæсгæ, нæуæгæй, къуæрей бæнтти нæмттæ дзорунцæ. Уой фæсте сæмæ гъонбæлгæнæг раттуй фарстатæ, цæмæй хуæздæр нигъгъуди кæнонцæ къуæрей бæнтæ, зæгъæн:*

**Гъ.** Ацибон къуæрейæн æ кæци бон æй?

**С.** Æртиккæг *(размæ рахезуй рæнгъи æртиккаг ка лæууй еци сабий æма фæстæмæ æ бунати ислæууй).*
**Гъ.** Исон ба къуæрейæн æ кæци бон уодзæй?
**С.** Цуппарæн *(æртиккаги фæсте ка лæууй, йе размæ рахезуй æма фæстæмæ æ бунати ислæууй.)*
**Гъ.** Къуæрей медæгæ уолæфти бæнттæ ба циуавæртæ æнцæ (равдауæндонæмæ кæци бæнтти нæ фæццотæ.)
**С.** Сабат æма хуцаубони.
*Размæ рахезунцæ æхсæзæймаг («сабат») æма æвдæймаг («хуцаубон») æма фæстæмæ сæ бунæтти ислæуунцæ.*
**Гъ.** Къуæрей фиццаг бон ба циуавæр æй?
**С.** Авдисæр.
**Гъ.** Размæ рахезуй рæнгъи фиццаг («авдисæр» ка лæууй еци сабий æма фæстæмæ æ бунати ислæууй.
**Гъ.** Къуæрей æдеугурæй ба цал бони ес?
**С.** Къуæрей æдеугурæй ес авд бони.
**Дид./гъазт «Иссерæ пропуск»**
*Грцъебæл æстæлфитæ кæбæл ес, уæхæн къарточкитæ. Æстъæлфити бæрцитæ æнцæ аллихузæнттæ.*
**Гъ.** Къуæрей медæгæ алли бон дæр салдæттæ цæттæ æнцæ нæ Райгурæн бæстæ гъæуай кæнунмæ. Цалинмæ сæ еуетæ пости фæллæунцæ, уæдмæ иннетæ ба – уолæфгæ фæккæнунцæ. Æма цæмæй сæ æфсæддон хайадæмæ бацæуонцæ æма фæстæмæ рацæуонцæ, уой туххæй син пропусктæ рафинсунцæ. Пропуск ку бавдесай, уæд дæ колдуарбæл бахезун бауадздзæнцæ. Сумахæн уæ къохти ес цифритæ. Етæ уин æфсæддон хайадæмæ бацæунмæ æнцæ пропусктæ. Нур ба райсетæ уæхæн дугай къарточкитæ, сæ æстъæлфити бæрцæ, уæ пропускти цифрити бæрцæ кæмæн уа.
*Сабийтæ горцъебæл ци къарточкити хæрхæ ес, уонæй гъæугæ къарточкитæ (æстъæлфити хæццæ) æвзарунцæ. Гъонбæлгæнгæ кæсуй сабийтæ ихæслæвæрд куд æнхæст кæнунцæ, уомæ.*

**Гъ.** Пропуск раст равзурстайтæ. Нур нæ бон æй æфсæддон хаймæ бацæун. Кумæ уæ фæндуй бацæун?

*Сабийти дзуæппитæ.*

**Гъ.** Æма иуазæгуати нæ бон бацæун æй?

**С.** Гъо.

**Гъ.** Иуазæгуати нæмæ фæдздзурдтонцæ аллихузон геометирион фигуритæ. Алкæмæ дæр уи ниффинстонцæ пъисмо. Пъисмой бустон балæдæрун кодтонцæ, еу фигурæй иннемæ цæугæй сæмæ куд бахаун æнгъезуй.

**С. гъазт «Иуазæгуати фæццæуæн»**

*Сабийтæ стъолти уæлгъос æрбадунцæ. Алли сабиййи стъолбæл дæр игровизор кенæ альбоми тъафæ. Алли тъафæбæл ба геометрион фигурити хузтæ æма «æнхусгæнæг» пъисмо. Пъисмой фæрци сабийтæ аразунцæ фæндаг æма æй фатæгтæй бæрæг кæнунцæ, зæгъæн, ауæхæн пъисмо:*



*Сабийтæ ихæслæвæрд æнхæст кæнунцæ, зæгъæн:*



*Алли пъисмой дæр гъæуама уа 7 фигури (фигурити хуарæнти хузтæ гъæуама фæйнæхузон уонцæ.) Уой фæсте гъонбæлгæнæг фарстатæ дæттуй:*

**Гъ.** Циуавæр фигурæмæ æрбацудтæ иуазæгуати? Аци фигурæмæ æрбацæун дин циуавæр фигуритæ банхус кодтонцæ? Дæ пъисмой цал фигури хузи конд ес? Нимадæй, дæ æртиккаг фигурæ равдесай.

**С⁄гъазт «Нимæдзон линейкæ»**

*Сабийтæ стъолти уæлгъос бадунцæ. Сæ рази нимæдзон линейкæ æма фишкæ. Сабийтæй еу архайуй амонæн фæйнæгбæл. Гъонбæлгæнæг син ихæслæвæрдтæ дзоруй, сабийтæ ба линейкæбæл фишкæ багурун кæнгæй фарстатæн дзуæппитæ дæттунцæ.*

**Зæгъæн:**

1. Арæнгъæуайгæнæг 3 ампъези рахессæрдæмæ ракодта, уой фæсте ба ма нигкидæр 2 ампъези рахесæрдæмæ, ци рауæн æй нур?

2. Арæнгъæуайгæнæг лæудтæй æстъæлфæ 5-ей рази, рахесæрдæмæ 2 ампъези ракодта, ци рауæн æй нур?

3. Цæмæй арæнгъæуайгæнæг 1-аг æстъæлфи рази февзура, уой туххæй ин ци гæнгæ æй? Æма у.и.

**Ахури байдауæн**

**Гъ.** Нур зонетæ, нæ бæстæ нин ка гъæуай кæнуй, уони?

**С.** Арæнгъæуайгæнгутæ.

**Гъ.** Алли бон дæр, къуæрей медæгæ, етæ фиццаг бонæй фæстаг бонмæ лæуунцæ нæ бæсти арæнтæбæл æма сæ гъæуай кæнунцæ. Гъайдæ къуæрей бæнттæ ранимайæн.

*Сабийтæ ранимайунцæ къуæрей бæнттæ.*

**Гъ.** Æдеугурæй цал бони ес къуæрей?

**С.** Авд бони.

**Гъ.** Хъæбæр хуарз!

*21-аг ухури усмæ*

**Еумæйаг темæ: «Уалдзæг»**

**Темæ: «Базонгæ ун нимæдзæ 8 æма æ арæзти хæццæ»**

**Нисан:** – Сабийти базонгæ кæнун нимæдзæ 8-ти хæццæ.

Ниффедар кæнун нимæдзæ 8-и арæзт. Нимæдзæ 8 еуæгтæй арæзт ке æй, уой син байамонун.

Идарддæр сæ ахур кæнун къуæрей бæнттæ нимайунбæл. Ниффедар кæнун 8-ей раст нимайунадæ.

Идарддæр сæ ахур кæнун геометрион фигуритæ æртасун æма итигъд будури ориентаци кæнунбæл.

– Ирæзун кæнун сабийти логикон гъудикæнунадæ.

– Гъонбæл сæ кæнун алфанбулай ка ес, уонæмæ хуарззæрдæ дарун æма син хуарз фæуунмæ.

**Æрмæг**

**Æвдесунмæ:** 8 дæргъдумбул æма 8 квадратти; цифритæ 1-емæй 8-ей уæнгæ; сабийти къуари уати пълан (æ хузæ ин кæнунцæ ахури рæстæги).

**Иуарунмæ:** 8 дæргъдумбули æма 8 квадратти; 1-емæй 8-ей уæнгæ цифритæ; устур къарточкитæ цифрити (1-емæй 8-ей уæнгæ) хæццæ (алли сабийæн дæр еу цифрæ); гъазт «Геометрион конструктор»-æн геометрион фигуритæ.

### Ахури цуд

*Гъонбæлгæнæг сабийтæн анзи афони туххæй дзоруй ба-цеу-бацеу.*

**Гъ.** Æма нуртæккæ ба циуавæр анзи афонæ æй?

**С.** Уалдзæг.

**Гъ.** Уалдзæг зумæгæй цæмæй хецæн кæнуй?

*Сабийти дзуæппитæ.*

**Гъ.** Циуавæр бæрæгбон нæмæ æрбацудæй уалдзæги хæццæ?

**С.** 8-æймаг Мартъи – æгас дуйне силгоймæгти бæрæгбон.

*Сабийтæ стъолти уæлгъос æрбадунцæ. Стъолтæбæл геометрион фигуритæ: дæргъдумбултæ, квадраттæ æма 1-емæй 8-ей уæнгæ цифрæтæ.*

**Гъ.** Сабийтæ исфæндæ кодтонцæ ацибон, сæхе конд открыткитæ балæвар кæнун сæ маддæлтæн.

Алли сабиййи дæр дæргъдумбулæй ниббæрæг кæнетæ, открыткæ ба – квадраттæй. Сувæллæнттæ цал адтæнцæ, уал дæргъдумбули уæ рази æрæвæретæ.

*Сабийтæй алкедæр æ цори 7 дæргъдумбули рæнгъæ райвæруй. Банимайуй дæргъдумбулти æма син сæ цори цифрæ 7 æрæвæруй.*

**Гъ.** Цал ӕнцӕ дӕргъдумбултӕ?
**С.** Дӕргъдумбултӕ ӕнцӕ 7.
*Идарддӕр сабийтӕ алли дӕргъдумбули комкоммӕ дӕр ӕвӕрунцӕ квадрат.*
**Гъ.** Цал ӕнцӕ квадраттӕ?
**С.** Квадраттӕ ӕнцӕ 7.
**Гъ.** Кӕцитӕ фулдӕр ӕнцӕ: дӕргъдумбултӕ ӕви квадраттӕ?
**С.** Ӕмбӕрцитӕ ӕнцӕ.
**Гъ.** Уой фӕсте ма еу кизгӕ ӕрбацудӕй.
*Сабийтӕ ма еу дӕргъдумбул ӕрӕвӕрунцӕ.*
**Гъ.** Цал сабиййи балӕвар кӕндзӕй сӕ маддӕлттӕн открыткитӕ?
**С.** 8 сабиййи.
**Гъ.** Цифрити ӕхсӕн иссеретӕ цифрӕ 8 ӕма ӕй дӕргъдумбулти рази ниввӕретӕ.
*Сабийтӕ ӕнхӕст кӕнунцӕ ихӕслӕвӕрд.*
**Гъ.** Дӕргъдумбултӕ ӕдеугурӕй цал ӕнцӕ?
**С.** Аст.
**Гъ.** Куд нӕма рауадӕй нимӕдзӕ 8?
**С.** Адтӕй нӕмӕ 7 дӕргъдумбули, ӕма ма сӕбӕл еу баф-тудтан.
**Гъ.** Кӕцитӕ фулдӕр ӕнцӕ: дӕргъдумбултӕ ӕви квадраттӕ?
**С.** Дӕргъдумбултӕ еу фулдӕр ӕнцӕ.
**Гъ.** Кутемӕй сӕ исӕмхузон кӕнӕн?
**С.** Ӕрӕгӕмӕ ци кизгӕ бакодта уомӕн дӕр открыткӕ (квадрат) гъӕуй.
*Сабийтӕ ма еу квадрат бафтаунцӕ.*
**Гъ.** Нур ба кӕцитӕ фулдӕр ӕнцӕ: дӕргъдумбултӕ ӕви квадраттӕ?
**С.** Ӕмбӕрцитӕ ӕнцӕ?
**Гъ.** Сӕ еугур дӕр сӕ маддӕлтӕн лӕвӕрдтӕ искӕндзӕнцӕ?
**С.** Гъо.

**Гъ.** Æма сумах дæр фæндуй уæ маддæлтæн арфæ ракæнун æма син лæвæрдтæ искæнун?
**С.** Гъо.
**С./гъазт «Лæвæрттæ»**
*Горцъебæл аллихузон предметтæ кенæ сæ хузтæ æвæрд. Сабийтæ горцъебæл æрбадунцæ. Алли сабий дæр равзаруй 8 аллихузон предметти æма сæ æ цори æрæвæруй.*
**Гъ.** Алке дæр уи æ мадæн равзурста берæ аллихузон лæвæртти хæрхæ. Алли хæрхи дæр цалгæй предметтæ ес?
**С.** Æстгай предметтæ.
*Гъонбæлгæнæг бафæрсуй 2–3 сабиййей:*
**Гъ.** Циуавæр предметтæ равзурстай ду? Цал æнцæ?
**С.** Æз равзурстон еу деденæг, еу киунугæ, еу пъолци æма у.и.
*Гъонбæлгæнæг сабийтæн зæгъуй, цæмæй алли предметти цори дæр ниввæронцæ цифрæ 1. Сабийтæй еу ба æрмæгæвдесæн фæйнæги цори архайуй.*
**Гъ.** Алке рази дæр уи цалгай 1-тæ ес?
**С.** Æстгæйттæ.
**Гъ.** Мадта, аст æй – 1,1,1,1,1,1,1,1. Нимæдзæ аст æнгъезуй 8 еуæгемæй исаразун. Уой нимæдзон тунæбæл бавдесайтæ. Сабийтæ ихæслæвæрд æнхæст кæнунцæ. Сабийтæй еу нимæдзон тунæбæл архайуй æрмæгæвдесæн фæйнæги цори, иннетæ ба – стъолти уæлгъос. Сабийтæ, нимæдзон туни алли лухдзæг – хаййи нихмæ дæр æрæвæрунцæ цифрæ 1.
**Гъ.** Уæ маддæлттæн берæ кустæгутæ ес. Æнхус син фæккæнетæ?
**С.** Гъо.
**Гъ.** Маддæлтæн уæ анхос балæвар кæнун дæр æнгъезуй. Уæ маддæлттæн куд фенхус кæнетæ?
*Сабийти дзуæппитæ.*
**Гъ.** Катя æ мади берæ уарзуй æма ин алкæддæр æнхус

фæккæнуй. Ацибон тæбæгътæ æма пъол нихснадта, æ къохти къохмæрзæн нихснадта, æ гъазæнтæ бафснайдта, уой фæсте ба телевизормæ бакастæй. Æ мадæ кустæй æрбацудæй, æ хъури ракодта æ кизги æма ин загъта: «Ду мæ дзæбæх анхосгæнæг дæ!» Куд гъуди кæнетæ, цал гъæугæ кусти бакодта Катя?

*(Дзуапп: Катæ бакодта 4 гъæугæ кусти, уомæн æма телевизормæ кæсун хе æрхæфсунбæл нимад æй).*

**Гъ.** Нур ба байгъосетæ æндæр минкъий кизгæ æ мадæн куд фенхус кæнуй, уомæ.

**Д/гъазт «Къуæре»**

Авдисæри хъæппæлтæ æхснадтон,
Геуæргибони уæттæ æфснайдтон.
Æртиккæги исфунхтон мæ дзол,
Цуппæрæни агурдтон къозо.
Майрæнбони нихснадтон къостæ.
Балхæдтон тъорт сабати.
Хуцаубони ме 'гурæн бонмæ
Æрхудтон ме 'мбæлтти.

*Ахурти фæсте, уæгъдæ рæстæги, сабийтæ гъæуамæ аци æмдзæвгæ исахур кæнонцæ.*

**Гъ.** Æма нæ маддæлтæн аллихузон гъæзтитæ байамонун нæ бон æй, цæмæй бæрæгбони игъæлдзæгдæр уонцæ. Уотемæй син байанхос кæндзинан, сæ фæллад дæр иссæудзæй.

**Дид./гъазт «Къуæре»**

*Сабийти рази горцъебæл къарточкитæ. Къарточкитæбæл ба финст номиртæ 1-æй 8-ей уæнгæ. Сабийтæй алкедæр къарточкæ райсун æма æ къарточки номирмæ гæсгæ рæнгъи æ бунати æрлæууй.*

**Гъ.** Къуæрей цал бони ес?

**С.** Авд бони.

**Гъ.** Еу рæнгъи цалемæй лæууетæ?

**С.** Астемæй.

**Гъ.** Æма уæд 8-аг гъазт амонæг фæууæд, иннетæ ба къуæрей бæнттæ уодзæнцæ.
*Алли сабий дæр æ нæуæг ном (къуæрей бон) фæззæгъуй æма уотемæй амонæг базонгæ уй къуæрей «бæнтти» хæццæ.*
*Идарддæр сабийтæ гъонбæлгæнæги сигналмæ гæсгæ сæ номиртæ амонгæйæ раримæхсунцæ æма сæ уати ниххæлеу унцæ. Амонæг сабийтæй гъæуамæ еске æрахæсса. Куддæр сабийтæй еске ахæсти бахауй, уотæ иннетæ ба фæстæмæ сæ бунæтти ралæуунцæ, сæ номиртæ не 'вдесгæй, æма сæ нæмттæ (къуæрей бæнттæ) дзорунцæ.*
*Амонæг ба гъæуамæ базона, циуавæр къуæрей бон си нæ фагæ кæнуй, гъома кæци «къуæрей бон» æрахæста.*
*Сабийтæ астемæй фулдæр ку уонцæ, уæд, сæ уæлдай амонæгæн анхос кæнунцæ кенæ ба сæ, ай размæ гъазти куд, уотæ дууæ къуари фæккæнун гъæуй.*
**Гъ.** Гъазун хъæбæр хуарз зонетæ. Нийиергути хæццæ ма æндæр гъазт ракæнун дæр ес. Уæ лæвæрттæ къуари уати баримæхсетæ, къуари уатæн ба пълан искæнетæ æма уæ лæвæрдтæ ци рауæнти баримахстайтæ, уони ба пълани ниббæрæг кæнетæ.
*Гъонбæлгæнæг сабийтæй еуей æрмæгæвдесæн фæйнæгмæ ракæнуй. Гъонбæлгæнæг сабийти хæццæ гъуди кæнунцæ сæ уати формæ цæхæн æй, пълани ци рауæн гæнгæ æнцæ къæрæзгитæ æма дуæрттæ удта сæ куд хуæздæр ниббæрæг кæнонцæ. Циуавæр геометрион фигурити æнгæс æнцæ стъол æма диван удта ци рауæн лæуунцæ. Æрмæгæвдесæн фæйнæги рази лæууæг сабий гъонбæлгæнæги анхосæй ара-зуй къуари уати пълан, сабийтæ ба стъолти уæлгъос аль-боми тъæфтæбæл.*
**Дид./гъазт «Иссерæ гъазæн»**
*Гъонбæлгæнæг сабийтæн сæ уати пъланбæл æвдесуй, рага-цау ци гъазæн баримахста, уой. Сабийтæ ба æй пъланмæ гæсгæ иссерунцæ.*

*Гъазт 2–3 хатти рагæнгæй, иссерунцæ нæуæг гъазæнтæ. Уой фæсте ма сабийтæ еу гъазт ракæнунцæ æма иссерунцæ къонверт ихæслæвæрди хæццæ.*

Ихæслæвæрд сабийтæн æрбарвиста еу биццеу.

Биццеуи ихæслæвæрд:

Нæ мадæ еугуремæй хæларзæрдæ дæр æма рæсугъддæр æй. 8-аг мартъий ин балæвар кодтонцæ берæ деденгутæ. Баба ин балæвар кодта дарийгунти (дарикенати) букет. Мæ фидæ ба ин – сурх тюльпантæ.

Хуæрæ Оля ба – бор мимозитæ. Æз ба мæ мади еугуремæй фулдæр уарзун æма ин, уомæ гæсгæ, балæвар кодтон уарзон деденгутæ – фиалкитæ.

Цал букетти балæвар кодтонцæ мæ мадæн бæрæгбони? Сæ банимайунмæ мин байанхос кæнетæ.

Сабийтæ биццеуи фарстайæн дзуапп раттунцæ, сæхецæн ба син зæгъунцæ, цæмæй сæ маддæлтæн лæвæрдтæ искæнонцæ.

**Дид./гъазт «Геометрион конструктор»**

*Геометрион фигуритæй сабийтæ аразунцæ деденгутæ, кенæ, сæ фæндонмæ гæсгæ, цийфæнди предметтæ дæр. Сабийтæ хæйттæй ци æнæгъæнæ предметтæ æмбурд кæнунцæ етæ уодзæнцæ сæ маддæлттæн лæвæрттæ.*

**Ахури байдауæн**

**Гъ.** Мади бæрæгбон мартъий мæйи кæци бон уодзæй, уой ка зонуй?

**С.** Æстæймаг мартъий.

**Гъ.** Сумах нур зонетæ, открыткæбæл цифрæ 8 куд кæнгæ æй, уой. Циуавæр геометрион фигуритæй æнгъезуй цифрæ 8 исаразун?

**С.** Тумбулæгтæ æма дæргъдумбултæй.

*Сабийтæ дууæ тумбулæгемæй (кенæ дууæ дæргъдумбулемæй) аразунцæ цифрæ 8.*

**Еумæйаг темæ: «Уалдзæг»**

**Темæ: «Лæдæруйнадæ «Бæрцуат»-и хæццæ базонгæ ун.**

**Нисан:** – Сабийтæн балæдæрун кæнун бæрцуати туххæй лæдæруйнадæ. Дзаумæутти бæрцуæттæ рабарун сæ еуемæй си иннемæ дон никкæнгæй.

Ахур сæ кæнун бæрцуат (объем) баредзæй рабарунмæ, барæнæн дæр, æхецæн, бæрцуат ке йес, уой син балæдæрун кæнгæй.

Ниффедар кæнун æнæгъæнæ æма æ хæйтти бастдзийнадæ удта 8-ей уæнгæ нимад.

Урухдæр кæнун анзи афæнтти туххæй зонундзийнæдтæ.

– Ирæзун кæнун сабийти хебæрагæдзийнадæ, ахур сæ кæнун гъуди æма хатдзæгтæ кæнунбæл.

– Гъонбæл сæмæ кæнун æрдзæ æма зайæгойтæмæ ауодгæ цæстæй кæсун, кæрæдземæн куд анхос кæнонцæ.

**Æрмæг**

**Æвдесунмæ:** 3 хæдзайрон деденæги æд гъосинтæ (асæй аллихузон) кенæ сæ хузтæ; 2 авгин дзаумауи; барæн кърускæ; донæн дзаумау (бæрцуат); къибила; агувзитæ (сæ асæ аллихузонтæ); едуг; вилкæ; сарсенæ; 2 минкъий къибилай; 2 барæн къруски (асæй фæйнæхузти).

Иуарунмæ: 2 хузи къарточкитæ: сурхитæ æма æрвхузтæ (алли сабиййæн дæр).

## Ахури цуд

*Сабийтæ горцъебæл бадунцæ.*

**Гъ.** Нуртæккæ циуавæр анзи афæнæ æй?

**С.** Уалдзæг.

**Гъ.** Уалдзæг циуавæр анзи афони фæсте ралæууй?

**С.** Уалдзæг ралæууй зумæги фæсте.

**Гъ.** Хор зæнхи кæд фулдæр багъар кæнуй: зумæги æви уалдзæги?
**С.** Уалдзæгти хор хуæздæр батавуй зæнхи.
**Гъ.** Æма уæд æрдзи ба циуавæр æййивтитæ æрцæуй?
*Сабийти дзуæппитæ.*
**Гъ.** Зайæгойтæ аразун æма хуар байтаунмæ ралæудтæй анзи гъæугæ афонæ. Нæ къуари уати дæр зайæгойтæмæ базелун гъæуй, сæ еуетæн ба сæ бунæттæ дæр райййевун гъæуй.
*Гъонбæлгæнæг æрмæгæвдесæн фæйнæгбæл æрæвæруй æртæ деденæгей хузтæ. Еци деденгутæ арæзт æнцæ сæ асæ фæйнæхузи кæмæн æй, уæхæн гъосинти.*
**Гъ.** Деденгутæн сæ бунæттæ райййивтан. Ци ма син кæнгæ æй?
**С.** Дон сæбæл никкæнун гъæуй. Устурдæр деденгутæбæл фулдæр дон кæнгæй.
**Гъ.** Æма минкъий деденæгбæл берæ дон ку никкæнæн, уæд ци уодзæй?
**С.** Бамбуйдзæй. Фесæфдзæй.
**Гъ.** Гъæуамæ деденгутæбæл дон тергадигай æвгæнайтæ.
**С⁄гъазт «Рабарæ»**
*Гъонæбæлæгæн æрæвæруй дууæ авгин дзаумауи (бутилкитæ кенæ бæнккитæ) сæ уæрхæ фæйнæхузи, сæ бæрзæндæ ба æмхузон, уæхæнттæ. Гъонбæлгæнæг устур бæрцуатæй барæнкъружки дзаг дон исесуй æма æй фиццаг авгин дзаумауи нивгæнуй. Идарддæр ба еци барæн къружки дзаг дон иннæ авгин дзаумауи нивгæнуй, барæн къружкæ ба раеуварс кæнуй.*
**Гъ.** Кæци банки си ес фулдæр дон?
*Сабийтæ ориентаци фæккæнунцæ дони бæрзонддæр æмвæзадæмæ (уровеньмæ) æма уомæ гæсгæ нарæгдæрмæ байамонунцæ.*
**Гъ.** Фиццаг банки цал къружки никкодтон дон?
**С.** Еу къружкæ.

**Гъ.** Дугкаги ба цал къружки никкодтон?
**С.** Еу къружкæ.
**Гъ.** Мадта си фулдæр кæцими ес дон?
*Сабийтæ арæхдæр фæззæгъунцæ «æмбæрцитæ». Фал сабийтæ ку нæ лæдæронцæ банкити дон æмбæрцитæ ке 'йес, уæд син гъонбæлгæнæг кезугай банкитæй рауадзун кæнуй дон баредзæ къружкæмæ æма уотемæй, исбæлвурд кæнунцæ алли банки дæр еугай къружки ке адтæй, уой.*
**Гъ.** Æма уæд бакæсгæй еу банки дон цума фулдæр ес, уотæ цæмæ зиннуй?
*Сабийтæ сæ гъудитæ дзорунцæ æма искæнунцæ хатдзæг: банкитæн сæ конд фæйнæхузон æй.*
**Гъ.** Уæйтагъд зæгъун æнгъезуй, кæци банки фулдæр дон ес, уой?
**С.** Нæгъ.
**Гъ.** Уой туххæй ци бакæнун гъæуй?
**С.** Сæ дон син еу къружкæй рабарун гъæуй.
**Гъ.** Уæхæн бæрцуат барæн хуннуй баредзæ.
*Стъолбæл аллихузон предметтæ: минкъий къибила, къружкæ, агувзитæ (сæ бæрцуæттæ аллихузон), едуг, вилкæ, сарсенæ.*
**Гъ.** Къружкæй уæлдай ма цæмæй рабарун æнгъезуй ести дзаумауи дони бæрцæ?
**С.** Цийфæнди минъкийдæр бæрцуатæй (дзаумауæй).
**Гъ.** Устур къибилай дон цæмæй æнцондæр рабарæн æй?
**С.** Минкъий къибилайæй, банкæй, кенæ ба устур къружкæй.
**Гъ.** Минкъий къружки дон ба цæмæй рабарун æнгъезуй?
**С.** Минкъий кенæ устур едугæй.
**Гъ.** Æма дон барун ба цæмæй нæййес?
**С.** Вилкæ æма сарсенæй.
*Сабийтæ сæ дзуæппитæ экспереметиттæй исбæлвурд кæнунцæ – дони бæрцæ вилкæ, едуг æма агувзæй райархайгæй.*

**Гъ.** Нур алкæддæр уæ бон уодзæй деденгутæбæл дон раст никкæнун удта цийфæнди дзаумауи дони бæрцæ дæр раст рабарун кенæ дууæ дзаумауей дони бæрцитæ исбæрæг кæнун. Æма бáредзæй æрмæстдæр тæнгъæдæ (жидкость) æнгъезуй барун?
**С.** Нæгъ, бáредзæй рабарун æнгъезуй æгъзæлагæ хуайрæгтæ дæр: инсад, сæкæр, цæнхæ æма у.и.
**Æмз. дид./гъазт «Æмбæрцитæ»**
*Горцъебæл сурх æма æрвхуз къарточкитæ. Сабийтæ сæ къохтæмæ райсунцæ фæйнæ къарточки æма уонæмæ гæсгæ дууæ къуари фæуунцæ: сурхитæ æма æрвхузтæ.*
**Гъ.** Фулдæр кæци къомандæ æй? Кутемæй æй исбæрæг кæнæн?
**С.** Алли къомандæн дæр æ сабийти бæрцæ банимайæн кенæ ба сæ æнкъæйттæй æрлæууун кæнун.
*Сабийтæ ихæслæвæрд æнхæст кæнунцæ. Сурхити къоманди 2 сабиййи фулдæр ес.*
**Гъ.** Цæмæй къомандитæ исæмбæрцитæ уонцæ, уой туххæй ци бакæнун гъæуй?
**С.** Сурхитæй еу сабий гъæуамæ æрвхузтæмæ бацæуа.
*Сабийтæй еу ихæслæвæрд æнхæст кæнуй. уой фæсте, сабийтæ банимайунцæ къомандити архайгути бæрцитæ кенæ сæ æнкъæйттæй исбадун кæнунцæ æма исбæрæг уй æмбрцитæ ке æнцæ, йе. Сурхитæй иннæ къомандæмæ бацæуæгæн ба æ къарточкæ æрвхузæй баййевунцæ.*
**С/гъазт «Рабарæ»**
*Алли къоманди рази дæр æзменсæй идзаг бæрцуат æма фæйнæ æмхузон (æмбæрцуат) къибилай.*
**Гъ.** Куд гъуди кæнетæ, аци къибилати æзменсæ æмхузон цæуй?
**С.** Гъо! Уомæн æма сæ бæрцуæттæ æмхузæн æнцæ.
*Алли къомандæн дæр раттунцæ бáредзæ къружкæ. Къружкити бæрцуæттæ фæйнæ хузти æнцæ, фал сæ сабийтæ*

*нæ зонунцæ. Бaредзæ кърyжкæй къибилaтæ бaйдзaг кæнун гъæуй æзменсæй. Къомaнди aлли иуонг дæр стъолæмæ æрбaцæуй, кърyжкæ æзменсæй бaйдзaг кæнуй æмa æй къибилaй никкæнуй, æхуæдæг бa къaрточкæ (фишкæ стъолæбæл ниуyaдзуй. Гъaзти кæронмæ aлли къомaндæ дæр æ къибилa æзменсæй бaйдзaг кæнуй. Къомaндитæ сæ фишкитæ бaнимaйунцæ æмa рaбæрæг уй сæ еуетæн æнцæ – 7, иннетæн бa – 8.*

**Гъ.** Уотæ цæмæ рayaдæй?

*Сaбийтæ дзорунцæ сæ гъудитæ: къибилaти бæрцуaт фæйнæхузон æй.*

**Гъ.** Кутемæй æй исбæрæг кæнæн?

*Сaбийтæ æзменсæй aрхaйгæй, бaредзæ кърyжки фæрци исбæрæг кæнунцæ: къибилaти бæрцуæттæ æмхузон æнцæ.*

**Гъ.** Къибилaти бæрцуæттæ кæд æмхузон æнцæ, уæд си бaредзæ кърyжкитæй бaрст æзменсити бæрцитæ фæйнæхузон цæмæ рayaдæнцæ.

*Сaбийтæ гъæуaмæ сæхуæдтæ бaлæдæронцæ кърyжкити бæрцуæттæ фæйнæ хузти ке æнцæ, уой. Идaрддæр бa æрцæунцæ хaтдзæгмæ: бaредзи бæрцуaт цæйбæрцæ устурдæр уa, уойбæрцæ минкъийдæр уодзæй æ бaрсти нимæдзæ æмa уомæ гæсгæ естæй  бæрцуaт бaргæй, бæредзити бæрцуaт гъæуaмæ æмхузон уонцæ.*

**Гъ.** Тæнгъæдтæ aрæхдæр еци еу бaрæнæй фæббaрунцæ, хунгæ бa кæнуй литр.

*Гъонбæлгæнæг æвдесуй 1 литр кæми цæуй, уæхæн бaнкæ.*

**Гъ.** Гъуди кæнун хуaрз зонетæ?

**С.** Гъо.

**Гъ.** Нуртæккæ уæ бaфæлвaрдзæнæн.

*Гъонбæлгæнæг дзоруй ихæслæвæрд: ес нæмæ 2 битони, сæ еуеми цæуй 1 литр, иннеми бa – 7. Aци дууæ битонемæй, ци aмaлæй исесун æнгъезуй, цæугæ донæй, 8 литри?*

*Сaбийтæ дзорунцæ сæ мaдзæлттæ:*

*1 л + 1 л + 1л + 1л + 1л + 1л + 1л + 1л  æма си еумæ рауайдзæй 8 л кенæ ба: 7л + 1л кенæ 1л + 7 л.*

**Гъ.** Хъæбæр хуарз!

**Ахури байдауæн**

**Гъ.** Ци базудтайтæ ацибон нæуæгæй? Ци базудтайтæ кæнун?

*23-аг ахури усмæ*

**Еумæйаг темæ: «Тæсдзийнадæмæ гъосдард!»**

**Темæ: «Берæкъумонтæ»**

**Нисан:** – Берæкъумонти туххæй лæдæруйнадæ ниффедар кæнун. Ахур сæ кæнун 8-и уæнгæ нимайун æма гъазгæй уагæвæрдмæ гæсгæ архайун. Ниффедар кæнун къуæрей бæнттæ зонунадæ. Идарддæр ахур кæнун дзаумæутæ сæ бæрцуатмæ гæсгæ барун æма итигъд будури ба ориентаци кæнунбæл.

– Ирæзун кæнун линейкæ æма къариндасæй архайуни арæхстдзийнæдтæ, сæрмагондæй берæкъумонтæй рæнгъæ кæнун.

Ирæзун кæнун сабийти логикон гъудикæнунадæ, гъосдард, зæрдæбæлдарунадæ, дзорун æма хатдзæгтæ кæнуни дæснийæдтæ.

– Гъонбæл сæ кæнун, цæмæй багъæуаги ескæмæн се 'нхуси хай бакæнонцæ. Архайун цæмæй сабийтæ æнкъæйттæй дæр архайонцæ æма хецæнтæй дæр. Царди æдасдзийнади уагæвæрдтитæ куд æнхæст кæнонцæ.

**Æрмæг**

**Æвдесунмæ:** аллихузон предметти хузтæ: асийнæ, дзæбæхгæнæн хуасæ, телефон номир -01 хæццæ, сосебæл гъазæн ке не 'нгъезуй уæхæн нисан. Къозо. Стъол. Цай цумунмæ 4 чашки (1 устур, 1 рæстæмбес, 2 минкъиййи), 4 салфетки.

**Иуарунмæ:** алли стъолæбæл дæр 8-гай къарточкитæ

æстъæлфити хæццæ: 1 къарточкæбæл еу æстъæлфæ, 2-бæл дууæ, 3-бæл æртæ æма у.и. (æстъæлфитæ æнцæ геометрион фигурити тегътæ æма сæбæл ес номиртæ). Линейкæ, къариндас.

## Ахури цуд

*Сабийтæ, кæрæдзей къохтæбæл хуæцгæй тумбул зилдæй лæуунцæ.*

**Гъ.** Кæрæдзей къохти гъардзийнадæ балæдæретæ. Бæгъæуаги, æмбæлттæ алкæддæр фарсмæ æрбалæуунцæ. Куд гъуди кæнетæ, еунæгæй цæрун æнцон æй?

*Сабийти дзуæппитæ.*

**Гъ.** Еунæгæй цæрун айдагъ зин нæй, фал ма тæссаг дæр. Сумах нур устуртæ айтæ æма зонетæ дзурд «тæссаг» ци æй, уой. Æма цума еунæгæй цæрун цæмæ æй тæссаг?

*Сабийти дзуæппитæ.*

**Гъ.** Бæлахи ка бахауй, уонæн афонадæбæл фæгъгъæуй банхус кæнун.

*Æрмæгæвдесæн фæйнæгбæл аллихузон предметти хузтæ: асийнæ, хуастæ (лекарства), телефони хæтæл номир -01-и хæццæ, сосебæл гъазун ке не ’нгъезуй уæхæн фæндаггон нисан æма у.и.*

*Гъонбæлгæнæг сабийтæн зæгъуй, цæмæй зæгъонцæ, куд банхус кæнун æнгъезуй:*

*1) Сæйгæ зæронд уосæн?*
*2) Арф къагъди ниххауæг сабийтæн?*
*3) Зинг ку исервæза, уæд?*
*4) Сосемæ ке къозо ратулдæй, еци сабийтæн?*

*Дзуапп дæтгæй, сувæллон равзаруй гъæугæ хузæ, æ дзуапп балæдæрун кæнунмæ.*

**Гъ.** Махæй еске тæссаг уавæри ку бахауа, уæд фенхус кæнунмæ гъæуамæ ескæмæ фæдздзора. Байгъосайтæ, еунæгæй ци æстъæлфæ цардæй, уой хабармæ.

*Сабийтæ стъолти уæлгъос æрбадунцæ. Алли*

*стъолæбæл дæр 8-гай къарточки æстъæлфити хæццæ: 1-аг къарточкæбæл 1 æстъæлфæ, 2-гагбæл – 2 æстъæлфи, 3-гагбæл – 3 æстъæлфи æма у.и. Къарточкити æстъæлфитæбæл хецæн номиртæ дæр ес, кæцитæ уодзæнцæ геометрион фигурити тегътæ. Сабийтæ æнкъæйттæй архайунцæ.*
**Гъ.** Цардæй æма адтæй æстъæлфæ. Иссеретæ еу æстъæлфи хæццæ къæрточкæ. Еунæгæй цæрун ин адтæй æнкъард æма зин. Æхецæн æмбалæн æрбахудтæ æндæр æстъæлфæ æма балимæн æнцæ. Иссеретæ дууæ æстъæлфей хæццæ къарточкæ æма сæ къариндас æма линейкæй баеу кæнетæ.
*Сабийтæ æнхæст кæнунцæ ихæслæвæрд.*
**Гъ.** Дууæ æстъæлфи хъæбæр балимæн æнцæ. Алкæддæр кæрæдземæн анхос кодтонцæ. Уой фæсте иссæнцæ æртæ æстъæлфи, удта цуппар æма у.и. Æстъæлфитæ кезугай кæрæдзей хæццæ баеу кæнетæ.
*Сабийтæ æнхæст кæнунцæ ихæслæвæрд æнкъæйттæй мæнæ атæ: фиццаг баеу кæнуй 3 æстъæлфи, дугкаг ба – 4; удта бабæй фиццаг баеу кæнуй 5 æстъæлфи, дугкаг ба – 6; æма бабæй фиццаг баеу кæнуй 7 æстъæлфи, дугкаг ба – 8.*
**Гъ.** Æртæ æстъæлфи баеу кæнгæй циуавæр геометрион фигурæ рауайдзæй? Цуппаремæй ба? æма у.и.
*Сабийти дзуæппитæ.*
**Гъ.** Берæ къумтæ кæмæн ес, еци фигуритæ куд исхонун æнгъезуй?
**С.** Берæкъумонтæ.
**Гъ.** Æстъæлфитæ еумæ хæларæй цардæнцæ кæрæдземæн ба алкæддæр анхос кодтонцæ. Нур ба къарточкитæ æрæвæретæ уæхæн уагбæл, цæмæй сæ геометрион фигурити къумтæ фулдæргæнгæ цæуонцæ.
*Сабийтæ ихæслæвæрд æнхæст кæнунцæ.*
**С.⁄гъазт «Цай цумун»**
*Сабийти рази æрмæгæвдесæн стъолæбæл цуппар чашки*

*цаййæн: устур, рæстæмбес æма дууæ минкъиййи (кенæ ба сæ хузтæ), цуппар салфетки.*
**Гъ.** Уæ биййонти хæццæ цæрун уæ зæрдæмæ цæуй?
*Сабийти дзуæппитæ.*
**Гъ.** Уарзетæ æгас биййонти хæццæ цай цумун?
*Сабийти дзуæппитæ.*
**Гъ.** Гъæйдæ, исахур кæнæн цай бацумунмæ фингæ исрæвдзæ кæнун, цæмæй нæ бон уа маддæлтæн фенхус кæнун. Фидæн стъоли уæллаг рахес къуми ниввæретæ чашкæ.
*Сабийтæ ихæслæвæрд æнхæст кæнунцæ.*
**Гъ.** Цæхæн чашкæ райстайтæ?
**С.** Тæккæ устурдæри.
**Гъ.** Бунггаг рахес къуми мадæн æрæвæретæ чашкæ. Мадæн ци чашкæ равзурстайтæ е, æ асæмæ гæсгæ, цæхæн æй?
**С.** Рæстæмбес.
**Гъ.** Уæхецæн æма уæ хуарæн (æнсувæрæн) ба чашкитæ æрæвæретæ уæллаг æма бунгкаг галеу æрдæги къумти. Уæ чашкитæ асæй цæхæнттæ æнцæ?
**С.** Æмхузон.
**Гъ.** Кутемæй сæ исбæрæг кæнун æнгъезуй?
**С.** Еу чашки дзаг цай иннеми никкæнæ. Гъæуамæ дугкаг чашкæ дæр фиццаги хузæн байдзаг уа.
**Гъ.** Раст загътайтæ. Тæвдæ цай куд æвгæнгæ æй?
**С.** Тæвдæ ке æй, уомæ гæсгæ, тергадигай æвгæнгæ æй цай.
**Гъ.** Тæвдæ цай чашкити гъæуамæ уæхуæдтæ æвгæнайтæ?
**С.** Нæгъ. Нæ ниййергутæ кенæ хестæртæ.
**Гъ.** Раст айтæ. Сабийтæ, уæ цай цæмæй адгин уа, уой туххæй ибæл цæнхæ цал едуги никкæнун гъæуй?
**С.** Цæнхæ ибæл ку никкæнæн, уæд цай цæхгун уодзæй.
**Гъ.** Циуауæр тæбæгъæй нæййес бахуæрæн?
*Сабийти дзуæппитæ.*
**С.** Ревæд, цъумурæй.

*Сабийти дзуæппитæ.*

**Гъ.** Алли чашкæн дæр ес æ рахес фарс салфеткæ æрæвæретæ. Салфеткæ циуавæр геометрион фигури хузæн æй?

*Сабийтии дзуæппитæ.*

**Гъ.** Квадратон салфеткæй æртикъумон искæнетæ.

*Сабийтæ ихæслæвæрд æнхæст кæнунцæ.*

**Гъ.** Салфетки къумтæ фулдæр фæцæнцæ æви минкъийдæр? Цæйбæрцæ?

*Сабийти дзуæппитæ.*

**Ахури байдауæн**

**Гъ.** Ацибон ма циуавæр фигуритæ базудтайтæ?

**С.** Берæкъумонтæ.

**Гъ.** Фондз къуми кæмæн ес, еци фигурæ куд хуннуй? 6 къуми кæбæл ес е ба? 7 æма 8 етæ ба?

*Сабийти дзуæппитæ.*

**Гъ.** Куд уинæн уотемæй, берæкъумони ном æ къумти бæрци хæццæ баст æй.

Ци уæмæ фæккастæй цæмæдессаг? Зин ба уæмæ ци фæккастæй?

*24-аг ахури усмæ*

**Еумæйаг темæ: «Зундгин машинттæ»**

**Темæ: «Цифрæ 9 æма æ еуæгтæй арæзти хæццæ базонгæ ун»**

**Нисан:** – Базонгæ кæнун сабийти цифрæ 9 æма нимæдзон 9-ей арæзти хæццæ удта 9-ей уæнгæ нимад æма 9 еуæгтæй арæзт ке ’й, уой. Ниффедар кæнун зонундзийнæдтæ, къуæрттæ, кæртæ æма хæрхити туххæй.

Сабийтæн балæдæрун кæнун предметти бæрцæ ке не ’йевуй, цийфæнди кæронæй дæр сæ ку нимайай, уæд; берæкъумони къумти бæрцæ бабæттун нимæдзонти хæццæ.

Ахур сæ кæнун нимæдзон туни хæццæ хебæраги архайунбæл.

Тъæпæн фæзуати бæрæг кæнун предметти æвæрд (галеуæрдæги, рахесæрдæги).

– Ирæзун кæнун анализ æма хатдзæгтæ кæнуни арæхстдзийнæдтæ; хебæраги æма æнкъаййи хæццæ архайун; сабийти гъосдарунадæ, зæрдæбæл бадарунадæ æма кæдзос дзорун.

– Гъонбæл сæ кæнун кæрæдзей куд уарзонцæ æма кæрæдземæн куд анхос кæнонцæ, уотæ.

**Æрмæг**

**Æвдесунмæ:** «Зундгин машинтти» хузти фæлуст 9 предметтемæй (миксер, ругцъирæн, телевизор, уазалгæнæн, компьютер, къофиинсæн, магнитофон, фен, хъæпбæлæхснæн машийнæ).

Хузтæн сæ иннæ фарстæбæл ба геометрион фигуритæ (3 къумони кенæ 4 къумони ... 9 къумоней уæнгæ).

1-емæй 9-ей уæнгæ цифрити фæлуст æма еуæгтæ (1) æдеугур 9. Нимæдзонти тунæ. Къарточкæ схематикон турусай хузи хæццæ.

**Иуарунмæ:** нимайæн къæбæлти фæлуст, бæттæнтæ, тел. Цифритæ 1-емæй 9-ей уæнгæ.

## Ахури цуд

**Гъ.** Сабийтæ, ци кæнун зонетæ?

*Сабийти дзуæппитæ.*

**Гъ.** Æма гъуди кæнун ба зонетæ?

*Сабийти дзуæппитæ.*

**Гъ.** Хуарз, сумах зундгин сабийтæ айтæ, æма, цума «Зундгин машинттæ» дæр фæууй?

*Сабийти дзуæппитæ.*

*Горцъебæл берæ хузтæ. Гъонбæлгæнæг сабийтæн зæгъуй, цæмæй хузти æхсæнæй равзаронцæ «Зундгин машинити» хузтæ, æрмæст сæ хузти равзурст балæдæрун кæнун*

*гъæудзæй!*

*Сабийтæ равзарунцæ 8 хузи, зæгъæн: миксер, хъæпбæлæхснæн машийнæ, магнитофон, къофиинсæн, уазалгæнæн, телевизор, компьютер, фен. Хузтæ æрæвæрунцæ æрмæгæвдесæн фæйнæгбæл, иннети ба рандæ кæнунцæ.*

**Гъ.** Банимайайтæ, цал хузи равзурстайтæ?

**С.** Ӕдеугурæй аст хузи.

*Гъонбæлгæнæг дзоруй бацеу-бацеу.*

**Гъ.** Уати аллирдæмæ цæуй, ругтæ, бугътæ æмбурд кæнуй. Е ци æй?

**С.** Ругцъирæн.

**Гъ.** Ругцъирæн «Зундгин машийнæ» æй?

**С.** Гъо.

*Гъонбæлгæнæг ругцъирæни хузæ æрæвæруй æрмæгæвдесæн фæйнæгбæл.*

**Гъ.** Цал хузи адтæй æрмæгæвдесæн фæйнæгбæл?

**С.** 8 хузи.

**Гъ.** Цал хузи ма сæмæ бафтудтан?

**С.** Еунæг хузæ.

**Гъ.** И хузтæ цал иссæнцæ?

**С.** Фараст.

**Гъ.** Нимæдзæ 9 нæмæ кутемæй рауадæй?

**С.** Астемæ еу бафтудтан æма нæмæ фараст рауадæй.

**Гъ.** Цифрити æхсæн иссеретæ 9 æма æй æрмæгæвдесæн фæйнæгбæл æрæвæретæ.

*Сабийтæ ихæслæвæрд æнхæст кæнунцæ.*

*Ӕрмæгæвдесæн фæйнæги цори стъолæбæл æвæрд æнцæ цифритæ 0-æй 9-ей уæнгæ.*

**Гъ.** Ругцъирæн машинтти хузтæ цал райстан?

**С.** Еу.

*Сабийтæй еу хузи фарсмæ æрæвæруй цифрæ 1.*

**Гъ.** Хъæпбæлæхснæн машийни хузтæ ба нæмæ цал ес?

**С.** Еу.

*Сабийтæй еу хъæпбæлæхснæн машийни хузи фарсмæ æрæвæруй цифрæ 1.*

*Гъеууотæ алли хузи фарсмæ дæр цифрæ 1 æрæвæрунцæ.*

**Гъ.** Нæ хузтæ æдеугурæй цал æнцæ?

**С.** Фараст хузи.

**Гъ.** Хузтæ еугæйттæ æнцæ æма уæд æдеугурæй ба цæйбæрцæ æнцæ?

**С.** Фараст.

**Гъ.** Мадта уæд фараст æй ...?

**С.** Фараст æй 1,1,1,1,1,1,1,1,1.

9-ей уæнгæ цифритæ еугурæй дæр æрмæгæвдесæн фæйнæгбæл сæ кезуй (радон) уагбæл лæуунцæ. *Гъонбæолæгæнæг сабийтæн зæгъуй, цæмæй хузтæ банимайонцæ галеуæрдæгæй рахесæрдæмæ удтæ рахесæрдæгæй − галеуæрдæмæ. Сабийтæ искæнунцæ хатдзæг, цийфæнди æрдæмæ дæр ку нимайай предметтæ сæ бæрцæ уæлдай нæ кæнуй.*

**Æзм./гъазт «Иссерæ æнкъай»**

*Алли сабий дæр æ къохмæ райсуй «Зундгин машийни» хузæ. Хузæ иннердæмæ æрзелгæй си фæууинун æнгъезуй берæкъумон (3-æй 9-ей уæнгæ) геометрион фигуритæ кенæ ба еу цифрæ (3-емæй 9-ей уæнгæ).*

*Сабийтæ дууæ къуари фæуунцæ, сæ еуетæмæ хузтæ, иннетæмæ ба – цифритæ. Музыкæ игъусуй, сабийтæ ба сæхецæн æнкъайæгтæ агорунцæ. Берæкъумон геометрион фигурæ кæмæ ес, е æма æ фигури къумти бæрцæ цифрæ кæмæ уа, етæ кæрæдзей æнкъаййæн иссерунцæ.*

**С.гъазт «Нимæдзон тунæ»**

*Сабийтæ æрмæгæвдесæн фæнæги рази æрбадунцæ. Гъонбæлгæнæг син зæгъуй, цæмæй нимæдзон тунæбæл равдесонцæ нимæдзæ 6 (7,8,9) æма куд рауайуй, уой.*

*Сабийтæ ихæслæвæрд æнхæст кæнунцæ.*

**Гъ.** сабийтæ, цифрæ 9 цæй хузæн (æнгæс) æй?

*Сабийти дзуæппитæ.*

**Гъ.** Зæгъайтæ къуæрей фарæстæймаг бон?

**С.** Уæхæн бон си нæййес, къуæрей медæгæ, æдеугурæй 7 бони ес.

*Гъонбæлгæнæг сабийтæн зæгъуй, цæмæй бæттæнæй (телæй) æма нимайæн къæбæлтæй исаразонцæ цифрæ 9. Сабийтæ ихæслæвæрд æнхæст кæнунцæ.*

**С./гъазт «Расагъæс кæнæ»**

**Гъ.** Райсетæ 9 нимайæн кæбæли æма дæнцæгмæ гæсгæ туруса исаразетæ. Кæцирдæмæ æздæхт (арæзт) æй туруса.

**С.** Рахесæрдæмæ.

**Гъ.** Нур ба еу къæбæлæн æ бунат райййеветæ, цæмæй туруса галеуæрдæмæ æздæхт рауайа.

*Сабийтæ ихæслæвæрд æнхæст кæнунцæ.*



**Ахури байдауæн**

**Гъ.** «Зундгин машийнити» фæрци циуавæр нимæдзон базудтан?

**С.** Нимæдзон 9.

**Гъ.** Нимæдзон 9 нæмæ куд рауадæй?

*Сабийти дзуæппитæ.*

**Гъ.** Уæ зæрдæмæ ци фæццудæй? Зин ба уæмæ ци фæккастæй?

*25-аг ахури усмæ*

**Еумæйаг темæ: «Космос»**

**Темæ: «Базонгæ ун конуси хæццæ»**

**Нисан:** – Сабийти базонгæ кæнун конус æма æ минеугути хæццæ.

Ниффедар кæнун куб æма шари туххæй зонундзийнæдтæ.

Базонгæ ун лæдæруйнадæ ханххузи (чертежи) хæццæ.

– Ирæзун кæнун 9-ей уæнгæ нимайун, рæстæг æма итигъдади ориентаци кæнун.

– Ирæзун кæнун сабийти кæдзос дзорунадæ æма гъудикæнунадæ. Гъонбæл сæ кæнун цæмæй сæмæ ескæмæн фенхус кæнун цæуа.

**Æрмæг**

**Æвдесунмæ:** 1 шар, 1 конус, 4 минкъий куби æма 2 устури, пирамида, гуркъо (шишка), æстъалутæ нимайæги ходæ (колпак), æпхæ, геометрион фигуритæн 2 минкъий къуми (хæдзари).

**Иуарунмæ:** цифритæ 0-æй 9-ей уæнгæ, геометрион фигуритæ.

### Ахури цуд

*Сабийтæ горцъебæл бадунцæ.*

**Гъ.** Нуртæккæ мах ци рауæн ан?

*Сабийти дзуæппитæ æрхæстæг кæнун гъæуй, цæмæй зæгъонцæ*:

**С.** Мах ан планетæ «Зæнхæ»-бæл.

**Гъ.** Æма нæ планетæ ба кæми æй?

**С.** Космоси.

**Гъ.** Космоси айдагъдæр мах планетæ ес?

*Сабийти дзуæппитæ.*

**Гъ.** Фæндуй уæ æндæр планетæмæ фæттæхун?

**С.** Гъо.

**Гъ.** Æндæр планетæмæ фæттæхунмæ цитæ гъæуй?

**С.** Космосон науæ кенæ ракъетæ.

*Гъонбæлгæнæг сабийтæн зæгъуй, цæмæй бæрцуатгин (объемные) фигуритæмæ æркæсонцæ: 1 шар, 1 конус, 4 куби (минкъийтæ) æма 2 устур куби.*

**Гъ.** Аци фигуритæй ракъет исаразун æнгъезуй?

**С.** Гъо!

**Гъ.** Бавзарайтæ.

*Сабийтæ ихæслæвæрдбæл архайгæй искæнунцæ хатдзæг:*

*шар аразунмæ нæ бæззуй, уомæн æма тумбул æй æма иннæ фигуритебæл нæ бадуй.*

**Гъ.** Ракъет нæмæ ес. Тæхунмæ цæттæ айтæ?

*Игъусуй космосон музыкæ.*

**Гъ.** Ацибон къуæрей бæнттæй кæци æй? Кæци мæйи æма нимæдзи фæттæхдзинан? Райдæдтан фæстæмæ нимад.

Сабийтæ кæрæдзей къохтæбæл æрхуæцунцæ æма сæ цæститæ ницъцъундæ кæнунцæ.

**С.** 10, 9, 8, ... 1, 0, старт!

*Сабийтæ сæ цæститæбæл рагъазун кæнунцæ куд «истахтæнцæ» уой. Уой фæсте ба, музыкæ ку æргъос æй, уæд æндæр планетæбæл куд æрбадтæнцæ, уой.*

**Гъ.** Мах æндæр планетæбæл равзурстан. Атæ ба æ цæргутæ

*Сабийти цори берæ геометрион фигуритæ.*

**Гъ.** Цума аци планетæ куд хуннуй?

*Сабийти дзуæппитæ, æрхæстæг сæ кæнун гъæуй мæнæ ауæхæн дзуаппмæ:*

**С.** Геометрион фигурити планетæ.

**Гъ.** Циуавæр фигуритæ æнцæ, ранимайайтæ сæ.

*Сабийтæ ранимайунцæ ке зонунцæ еци фигурити фал еуей ном ба нæ зонунцæ.*

**Гъ.** Аци фигурæ хуннуй конус. Цæй хузæн æй?

*Гъонбæлгæнæг сабийтæн зæгъуй, цæмæй сæ рази ци предметтæ ес, уонæмæ дзæбæх æркæсонцæ æма си конуси хузæн ка æй, уони раæртасонцæ. сабийтæ æнхæст кæнунцæ ихæслæвæрд. Равзарунцæ пирамидæ, нæзий гуркъо, æпхæ æма æстъалутæ нимайæги ходæ.*

**Гъ.** Дзурд «конус» бердзейнаг дзурд æй, æ тæлмаци ба амонуй – гуркъой хузæн.

**Гъ.** Нæ ракъет ци фигуритæй арæзт æй, етæ естæмæй хецæн кæнунцæ аци планети фигуритæй.

**С.** Гъо! Хецæн кæнунцæ.

**Гъ.** Цума цæмæй?

*Сабийти дзуæппитæ.*
*Гъонбæлгæнæг райсуй гæгъæдийæй конд ракъети модель. Конуси фий бунмæ æрзелуй, уотемæй.*
**Гъ.** Зæгъайтæ, конуси хурфи ести ниввæрун æнгъезуй?
*Сабийти дзуæппитæ.*
**Гъ.** Аци фигури медæгæ æнгъезуй еститæ ниввæрун, уомæн æма æй бæрцуатгун.
*Идарддæр гъонбæлгæнæг гæгъæдин модель стъолæмæ нилхъевуй. Конус нитътъæпæн уй, æ гурисконд ба фехæлуй. Сабийтæ гъонбæлгæнæги архайдмæ сæ гъос дарунцæ.*
**Гъ.** Аци фигур медæгæ ма нур ести ниввæрун æнгъезуй?
**С.** Нæгъ, уомæнæ æма нитътъæпæн æй.
**Гъ.** Æцæгæйдæр, фигурæ нитътъæпæн æй æма æ бæрцуат фесавдæй. Бæрцуат ци фигуритæн нæййес, етæ æнцæ тъæпæн фигуритæ.
Зæгъайтæ, аци планетæбæл циуавæр фигуритæ цæруй?
**С.** Аци планетæбæл цæруй тъæпæн фигуритæ.
**Гъ.** Нæ ракъет ба циуавæр фигуритæй арæзт æй?
**С.** Бæрцуатгун фигуритæй.
**Гъ.** Аци планетæбæл цæргути дæр фæндуй ауæхæн ракъет исаразун. Фал сæмæ ауæхæн бæрцуатгун фигуритæ нæййес. Аци фигуритæ æндæр планетæбæл амал гæнгæ æнцæ. Уой туххæй ба гъæуй алли бæрцуатгун фигурити туххæй дæр ниффинсун. Æмæ ци киндæ уа?
*Сабийти дзуæппитæ.*
**Гъ.** Райсетæ конус æма ин алли æрдигæйтти æзменсæбæл æ фæдтæ ниббæрæг кæнетæ.
Сабийтæ ихæслæвæрд исæнхæст кæнунцæ æма искæнунцæ хатдзæг: конуси фæдтæ æзменсæбæл геометрион фигуритæ – æртæкъумон æма тумбулæги хузæн æнцæ.
**Гъ.** Цæмæй цийфæнди фигури формæ кенæ конструкци ниффинсай, уой туххæй ба ин æ ханххузæ искæнун гъæуй. Æма уомæн ба гъæуй фигури æртæ бакастей хузтæ:

комкоммæ бакасти – △, фæрсæй – △ æма сæрæй – ○.
Ханххузæ исаразун æнгъезуй цæттæ геометрион фигуритæй дæр.

*Сабийтæ стъолти уæлгъос æрбадунцæ æма тъæпæн геометрион фтигуритæй аразунцæ конуси модели чертеж. Уой туххæй райсунцæ æма пайда кæнунцæ еухузон æма æмиасæ 2 æртæкъумонемæй удта тумбулæгæй.*



*Уоци хузи ма æсгарæн куст бакæнунцæ бæрцуатгун фигурæ – «куб»-бæл дæр. Идарддæр ба ин тъæпæн геометрион фигуритæй исаразунцæ æ модели ханххузæ.*



*Идарддæр сабийтæ ракъетбæл нæуæгæй бакосунцæ.*

**Гъ.** Ракъет аразгæй, циуавæр фигурæй не ’спайда кодтан?

**С.** Шарæй.

**Гъ.** Рагъуди кæнтæ æма бавзаретæ шари ханххузæ зæрдиаргъæфæй искæнун.



*Сабийтæ æнхæст кæнунцæ ихæслæвæрд. Идарддæр ба гъонбæлгæнæг æма сабийтæ искæнунцæ хатдзæг: бæрцуатгун фигурити ханххузтæ кæнун æнгъезуй тъæпæн фигуритæй.*

**Гъ.** Ракъетти алли хаййæн дæр ханххузæ искодтан æма нур нæ бон æй, е ’саразунæн хумæтæги схемæ скæнун.

*Сабийтæ æнхæст кæнунцæ ихæслæвæрд – тъæпæн геометрион фигуритæй аразунцæ ракъетти хумæтæг схемæ.*

**Гъ.** Мах еумæ исбæрæг кодтан, фигуритæ ке фæуунцæ бæрцуатгун æма тъæпæнтæ. Аци планетæбæл цæргутæ – фигуритæ кæрæдземæй естæмæй хецæн кæнунцæ?
*Гъонбæлгæнæг зæгъуй сабийтæн, цæмæй стъолæбæл ци геометрион фигуритæ ес, уонæмæ æркæсонцæ. Фигуритæн аллихузон æнцæ сæ асæ, хузæ æма конд (формæ) æрвхуз квадраттæ æма сурх æртæкъумонтемæй фæстæмæ.*
**С.** Аци фигуритæ кæрæдземæй хецæн кæнунцæ хузæ, конд (формæ) æма асæй.
**Дид./гъазт «Иссерæ дæ хæдзарæ»**
**Гъ.** Геометрион фигуритæн банхус кæнтæ сæ хæдзæрттæ иссерунмæ.
*Гъонбæлгæнæг сабийтæмæ æвдесуй дууæ хæдзари.*
**Гъ.** Аци хæдзари циуавæр фигуритæ цæруй?
**С.** Сурхитæ æма квадраттæй фæстæмæ еугурæй дæр, уони нисæнттæ ба ханхæгонд æнцæ.
**Гъ.** Дугкаг хæдзари ба циуавæр фигуритæн нæййес цæрæн?
**С.** Дугкаг хæдзари цæрун æрвхузтæ æма æртæкъумонти бон нæй, уомæн æма сæ нисæнттæ ханхæгонд æнцæ.
*Сабийтæ стъолæй райсунцæ фæйнæ геометирон фигури æма сæ хæдзæртти «æрцæрун кæнунцæ», гъома сæ фарсмæ сæ æрæвæрунцæ, сæхуæдтæ дæр еци хæдзæртти фарсмæ æрлæуунцæ. Идарддæр сабийтæ дууæ къуари фæуунцæ.*
**Гъ.** Фигуритæ æнæ бинимайгæй нæ бон исбæлвурд кæнун æй, алли хæдзари дæр цал фигури ес, уой?
*Сабийтæ сæхуæдтæ гъæуамæ базононцæ фигурити бæрцæ, уомæн æма алли сабий дæр еу фигурæ æрæвæрдта хæдзари цори. Сабийтæ къулумпитæ ку кæнонцæ, уæд сæ гъонбæлгæнæг фæрсуй: «алли сабий дæр цал фигури æрæвæрдта?»Уотемæй сабийтæ, фигуритæ æнæ банимайгæй син, сæ нимæдзæ базонунцæ. Идарддæр ба хæдзæртти цалгай фигуритæ ес, уæхæн цифритæ иссерунцæ æма сæ хæдзæартти рази æрæвæрунцæ.*

**Гъ.** Кæци хæдзари ес фулдæр цæргутæ, минкъийдæр ба? Цал фулдæр? Кутемæй æй базонæн?

*Сабийти дзуæппитæ.*

*Дууæ хæдзарей цори лæууæг сабийтæ æнкъæйттæй æрлæуунцæ, æма уотемæй базонунцæ кæци хæдзари си фулдæр цæруй æма цал фулдæр, уой.*

**Дид.гъазт «Февзургутæ»**

**Гъ.** Аци планетæбæл цæргутæ гъазун нæ зонунцæ. Исахур сæ кæнæн?

*Сабийтæй алкедæр райсуй къонверт. Къонверти медæгæ ба 0-æй 9-ей уæнгæ цифритæ, берæ геометрион фигуритæ æма дæнцæн – схемæ. Дæнцæнмæ гæсгæ, æрæмбурд кæнун гъæуй хузæ. Сабийтæ дæнцæнмæ гæсгæ аразунцæ хузтæ. Цал фигуремæй испайда кæнунцæ, уой ба уæхæн цифрæй ниббæрæг кæнунцæ.*

**Гъ.** Аци планетæбæл цæргутæ сумах фæрци берæ цидæртæ базудтонцæ æма уин уой туххæй арфæ кæнунцæ. Сумах зæрдæмæ ба фæццудæй иуазæгуати?

**С.** Гъо.

**Гъ.** Иуазæгуати хуарз æй, фал хæдзари ба – хуæздæр. Махæн дæр фæстæмæ цæун афонæ æй.

*Сабийтæ бабæй ракъети алливарс æрлæуунцæ, сæ цæститæ ницъцъундæ кæнунцæ æма фæстæмæ 10-емæй 0-и уæнгæ банимайунцæ. Игъусуй космосон музыкæ, сабийтæ зæнхæмæ æрæздæхтæнцæ, музыкæ æрсабур æй æма сабийтæ сæ цæститæ байгон кæнунцæ.*

**Ахури байдауæн**

**Гъ.** Уæ зæрдæмæ фæццудæй уæ балци? Ци базудтайтæ нæуæгæй? Кæмæн банхос кодтайтæ?

*26-аг ахури усмæ*

**Еумæйаг темæ: «Мæргътæ»**

**Темæ: «Нимæдзæ 10 æма æ арæзт»**

**Нисан:** – Ниффедар кæнун нимæдзæ 10-и арæзæт, удта циф-

рæ 10 еуæгтæй конд ке æй, уой.

Ахур сæ кæнун нимайун 1-емæй 10-ей уæнгæ удта фæстæмæ, нимæдзон тунæй пайда гæнгæй. Лæвæрд нимæдзæй фулдæр кенæ минкъийдæр нимæдзонтæ ерун.

Ниффедар кæнун фигурити бæрцуæтти туххæй зонундзийнæдтæ. Идарддæр сæ ахур кæнун тъæпæн фæзæ æма итигъдади ориентаци кæнунбæл (рахесæрдæмæ, галеуæрдæмæ, уæлæмæ, дæлæмæ).

– Ирæзун кæнун логикон гъудикæнунадæ, гъосдарунадæ, зæрдæбæлдарунадæ æма кæдзос дзорун.

Ахур сæ кæнун ихæстæ æма ихæслæвæрдтæ æнхæст кæнунбæл; хатдзæгтæ кæнун, схемити хæццæ архайун æма хе гъудитæ дзорунбæл.

– Гъонбæл сæ кæнун кæрæдзей куд лæдæронцæ. Хебæраги куд косонцæ.

Ӕрдзæмæ цæмæдес цæстæнгас даргæй ибæл куд ауодонцæ.

**Ӕрмæг**

**Ӕвдесунмæ:** 10 аллихузон маргъей хузтæ, 0-æй 9-ей уæнгæ цифритæ кæбæл уа, уæхæн къарточкитæ æма 10 къарточки цифрæ 1 хæццæ. Нимæдзон тунæ. Фæтæн æма нарæг дзаумау, агувзæ, нартихуар кенæ мæнæуæ (2 агувзи). Гъазæн пъол 10 квадраттебæл хæйттæ кондæй, алли хайбæл дæр æхе номир æвæрд. Гъазæн къæбæлтæй гъазтæн гъазæн хæдзаргонд.

**Иуарунмæ:** Бæрцуатгун фигуритæ (шар, куб, конус); еци фигуритæн сæ хзузиститæ. Схемæ гъазт «Иссерæ хъеухъеуаги»-æн. Игровизор, гъазт «Цуппæрæймаг уæлдай»-йæн, ихæслæвæрдмæ гæсгæ къарточкитæ, 10-гай нимайæн къæбæлти фæлуститæ.

## Ахури цуд

**Гъ.** Нуртæккæ анзæн æ кæци афонæ æй?

**С.** Уалдзæг.
**Гъ.** Уалдзæги æрдзи ци æйййивтитæ æрцæуй?
*Сабийти дзуæппитæ.*

*Сабийти æрхæстæг кæнун гъæуй дзуаппмæ: уалдзæги мæргътæ гъар бæстæй æртахтæнцæ. Сабийтæ ба горцъебæл æрбадунцæ æма се 'нгулдзитæн гимнастикæ кæнунцæ.*

Уорс дæлахъур дзæгъиндзæг
Æртахтæй 'ма никкиндзæ 'й.
Ести дзорун нæ кумдта,
Æ ихæс ба бакодта.
*Къибирти А. тæлмац*

*Устур æнгулдзитæ кæрæдзебæл цæг – хуæст æркæнунцæ – йе цъеуи сæр уодзæй. Армитъæпæнтæ ба – базуртæ. Сабийтæ сæ къохти æзмæлдæй цъеуи тахт æвдесунцæ.*

**Гъ.** Цъеуи ном ка фæззæгъуй,
Е æй фæйнæгбæл æрæвæруй.
*Горцъебæл уодæгас æрдзи аллихузон хузтæ.*

*Еци уодæгас æрдзи хузтæй сабийтæ кезугай æвзарунцæ мæргъти хузтæ æма сæ æрмæгæвдесæн фæйнæгбæл æвæрунцæ.*

**Гъ.** Æдеугурæй æрмæгæвдесæн фæйнæгбæл цал маргъи ес?
**С.** Фараст маргъи.
*Гъонбæлгæнæг æрмæгæвлесæн фæйнæгбæл æрæвæруй хъеухъеуаги хузæ.*
**Гъ.** Нур ба мæргътæ цал æнцæ?
**С.** Æдеугур дæс.
**Гъ.** Куд уæмæ рауадæй нимæдзæ 10?
*Сабийти дзуæппитæ.*
**Гъ.** Кезугай ранимайетæ мæргъти нæмттæ æма цалгæйттæ æнцæ, уой дæр, зæгъæн: еу зæрбатук æма у.и.
*Сабийтæ дзорунцæ: еу дзубулдар, еу æхсæрæцъеу, еу зæрбатук æма у.и. Цъеути нæмттæ дзоргæй син сæ рази æвæрунцæ цифрæ 1 дæр.*

**Гъ.** Мадта, дæс – æй ...?
*Гъонбæлгæнæг амонуй еуæгтæмæ, сабийтæ ба дзорунцæ.*
**С.** Дæс – æй 1,1,1,1,1,1,1,1,1,1.
**Гъ.** Куд нисангæнгæ æй нимæдзæ 10?
*Сабийти дзуæппитæ.*
*Сабийтæй еу цифрити æхсæнæй райсуй 1 æма 0, ниннисан си кæнуй нимæдзæ 10 æма æй æрмæгæвдесæн фæйнæгбæл æрæвæруй.*
**С./гъазт «Нимæдзон тунæ»**
*Гъонбæлгæнæг æрмæгæвдесæн фæйнæгбæл æрæвæруй нимæдзон тунæ.*
**Гъ.** Тунæбæл бавдесайтæ цифрæ 9.
*Сабийтæ ихæслæвæрд æнхæст кæнунцæ.*
**Гъ.** Нимæдзон тунæбæл кæци рауæн æй нимæдзæ 10?
**С.** Нимæдзæ 10 æй 9-æн æ рахесфарс.
*Сабийтæй еу æвдесуй нимæдзæ 10.*
**Гъ.** Нæ хъеухъеуагæ 10-ей уæнгæ нимайун зонуй? Нур æй уотæ ку бафæрсæн 10-емæй минкъийдæр, фал 5-емæй ба фулдæр, циуавæр нимæдзтæ æнцæ, зæгъгæ, уæд нин цума ци зæгъидæ?
*Сабийти дзуæппитæ.*
**С.** Еци нимæдзтæ æнцæ 6, 7, 8, 9.
**Гъ.** 7-емæй минкъийдæр, фал 3-емæй ба фулдæр циуавæр нимæдзтæ зонетæ?
*Сабийти дзуæппитæ.*
**Гъ.** Хъеухъеуагæн ку зæгъæн 10-емæй 0-и уæнгæ банимайæ зæгъгæ, уæд нин цума банимаидæ?
*Сабийтæ цалдæр хатти нимæдзон, тунæмæ кæсгæй, банимайунцæ 10-емæй 0-и уæнгæ, уой фæсте ба – нимæдзон тунæмæ нæ кæсгæй.*
**Æзм. /гъазт «Иссерæ дæ хæдзарæ»**
*Стъолæбæл аллихузон, хузгин бæрцуатгун фигурити хузиститæ (шар, куб, конус) кæбæл ес, уæхæн къарточкитæ.*

**Гъ.** Мæргътæ идард бæстæй æртахтæнцæ æма си алкæмæн дæр фенхус кæнун гъæуй æ хæдзарæ иссерунмæ.
*Сабийтæ райсунцæ фæйнæ къарточки.*
*Горцъебæл ба берæ бæрцуатгун фигуритæ, сæ хуарæнти хузтæ ба æнцæ сæ хузистити хузæн, нисан ба кæнунцæ мæргъти хæдзæрттæ. Сабийтæ равзарунцæ гъазт амонæг – цæргæс. Игъусуй музыкæ. Сабийтæ – «цъеутæ» тæхунцæ сæ къуари уати. Музыкæ ку банцайуй, уæд алли сабий дæр æ къарточкæ æрæвæруй, уæхæн бæрцуатгун фигури рази, æ хуарæни хузæ кæмæн уа, æ къарточки хузæн. Гъазт амонæг – цæргæс ба бæрæг кæнуй, мæргътæ сæ хæдзæрттæ раст иссердтонцæ æви нæ, уой. Амонæги раййевгæй, гъазт нæуæгæй ракæнун дæр æнгъезуй.*
**Гъ.** Нур алли маргъæн дæр ес æхе хæдзарæ, фал мæргътæ хъæбæр æстонг æнцæ. Ци син бахуæрун кæнæн?
*Сабийти дзуæппитæ.*
*Сабийтæ горцъебæл стъоли алливарс æрбадунцæ. Стъолæбæл нарæг æма фæтæн авгин дзаумауи (сосуды). Сабийтæй еу агувзæ нæмгутæй байдзаг кæнуй æма æй нарæг дзаумауи никкæнуй. Дугкаг сабий ба еци агувзи дзаг нæмгутæ и фæтæн дзаумауи никкæнуй.*
**Гъ.** Фулдæр нæмгутæ си кæцими ес?
*Сабийтæ сæ гъудитæ дзоргæй искæнунцæ хатдзæг: Нæмгути бæрцæ æй æмхузон – еугай агувзитæ. Дзаумæутти конд (формæ) фæйнæ хузи ке æй, уомæ гæсгæ ба æмбæрцитæ нæ зиннунцæ.*
**Гъ.** Куд исбæлвурд кæнæн нæмгутæ æмбæрцитæ ке æнцæ, уой?
*Сабийти дзуæппити варианттæ:*
1) Æмхузон дзаумæутти сæ æркæнæн;
2) Баредзæй сæ рабарæн.
*Сабийтæ гъонбæлгæнæги хæццæ искæнунцæ хатдзæг: нæмгути бæрцæ дзаумауи форми хæццæ баст нæй?*

**Гъ.** Нур еугур мæргътæмæ дæр нæмгутæ æмбæрцитæ æрхаудзæй.

**С/гъазт «Хъеухъеуаги иссерæ»**

*Æрмæгæвдесæн фæйнæгбæл 10 квадраттебæл хæйттæ конд гъазæн фæзæ. Алли хай дæр радон номирæй бæрæг конд æй.*

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
| 6 | 7 | 8 | 9 | 10 |

*Гъонбæлгæнæги ихæслæвæрдмæ гæсгæ, хъеухъеуаги бон æй, квадраттæбæл галеуæрдæмæ, рахесæрдæмæ, уæлæмæ æма дæлæмæ цæун.*

***Зæгъæн:** Хъеухъеуагæ бадуй 7-аг квадратти. Уæлæмæ еу кълеткæ истæхуй удта 3 кълетки ба рахесæрдæмæ. Уой фæсте ба еу кълеткæ бунмæ. Ци рауæн æй хъеухъеуагæ? 10-æймаг кълетки. Гъонбæлгæнæг ма син аци ихæслæвæрдмæ æнгæс æндæр ихæслæвæрд раттуй. Сабийтæ, кълеткитæбæл хъеухъеуаги тахт-цудбæл сæ цæстæ дарунцæ.*

*Уой фæсте сабийтæ стъолти уæлгъос æрбадунцæ. Алли сабийæн дæр йе 'стъолæбæл хъеухъеуаги цуди схемæ лæвæрд.*

**1-аг ихæслæвæрд**

**Гъ.** Хъеухъеуагæ æй 6-аг квадратти. Аци схемæ ба æй квадраттæбæл цуди уаги схемæ.

| | | | |
|---|---|---|---|
| 1 ↑ | 2 → | 1 ↓ | 2 → |

*Сабийтæ схемæбæл цуди уагæмæ гæсгæ иссерунцæ хъеухъеуагæ ци рауæн æй, уой.*

**С.** Хъеухъеуагæ æртахтæй 10-æймаг квадратмæ.

**Гъ.** Хъеухъеуагæ ма 6-аг квадраттæй 10-агмæ кутемæй бахаудзæй?

*Сабийти дзуæппитæ.*

**2-аг ихæслæвæрд**

**Дид/гъазт «Цуппæрæймаг уæлдай»**

*Тетрад кенæ игровизори сабийтæ гъæуамæ уæлдай предметбæл раханхæ кæнонцæ, уæхæн ихæслæвæрд син ес.*
1) Æртæкъумон, квадрат, тумбулæг, расткъумон *(тумбулæгбæл къумтæ ке нæййес, уомæ гæсгæ, æй уæлдай.)*
2) Трапеци, ромб, квадрат, фæндзкъумон *(еугуребæл дæр 4-гай къумтæ ке ’ййес, уомæ гæсгæ 5 къумон æй уæлдай.)*
3) Æртæкъумон, тумбулæг, конус, трапеци *(еугур фигуритæ дæр тъæпæнтæ ке æнцæ, конус ба бæрцуатгун, уомæ гæсгæ æй уæлдай.)*
*Идарддæр сабийтæ лæдæрун кæнунцæ кæци фигурæбæл раханхæ кодтонцæ æма цæмæ, уой.*

**3-аг ихæслæвæрд**

**С./гъазт «Расагъæс кæнæ»**

**Гъ.** Нимадæй 10 къæбæли райсетæ æма си дæнцæгмæ гæсгæ цъеутæн хæдзаргонд исаразетæ.



*Сабийтæ æнхæст кæнунцæ ихæслæвæрд.*

**Гъ.** Еу къæбæли бунат уотæ раййеветæ, цæмæй хæдзарæ «йе ’нгæс» иннердæмæ разела.

**Ахури байдауæн**

**Гъ.** Циуавæр нимæдзæ базудтан ацибон? Кутемæй рауайуй нимæдзæ 10? Нæуæгæй ацибон ци базудтайтæ? Цæмæдессаг уæмæ ци фæккастæй? Зин уæмæ ци фæккастæй?

*27-аг ахури усмæ*

**Еумæйаг темæ: «Минкъий цæрæгойтæ (биндзитæ)»**

**Темæ: «Нисæнттæ « > – фулдæр», « < – минкъийдæр»»**

**Нисан:** – Идарддæр сабийти ахур кæнун рабарсти терминтæй пайда кæнун «фулдæр», «минкъийдæр», «æмбæрцæ»; базонгæ сæ кæнун рабарсти нисæнтти хæццæ «>», «<».
– Ниффедар кæнун нимайуни фæлтæрунадæ; геометрион фигуритæй «æзмæлгæ модельтæ» аразун,

итигъдадæ æма рæстæги ориентаци кæнун (рахес, галеу, æзинæ, ацибон, исон).

– Ирæзун кæнун логикон гъудикæнунади бундор, анализ æма хатдзæгтæ кæнун; æримисунадæ, хехъæппæресадæ, гъосдарунадæ æма кæдзос дзорунадæ.

– Уодæгас æрдзæмæ зæрдæхæлар æма ауодгæ цæстæй куд кæсонцæ, уотæ гъонбæл кæнун сабийти.

**Æрмæг**

**Æвдесунмæ:** 0-й 9-ей уæнгæ цифрити фæлуст. Рабарунмæ хузтæ: 5 æма 4 гæбæлой; 3 æма 4 мудибиндзи, нисантæ «>»,«<».

**Иуарунмæ:** 10 æртæкъумони, нимайæн къæбæлтæ, цифритæ 3,4,5,6. Бæрæг геометрион фигурити хузти хæццæ карточкитæ 1-æй 10-ей уæнгæ. Æхсæз æма аст æзмæлгæ цæгтæй арæзт раст хæнхити модельтæ.

## Ахури цуд

*Гъонбæлгæнæг сабийти горцъебæл æрбадун кæнуй æма син зæгъуй, цæмæй байгъосонцæ «ранимадмæ» (считалкæ).*

**Гъ.** Лæмбунæг байгъосетæ æма зæгъдзинайтæ, æзинæ нæмæ цал биндзи æртахтæй, уой.

Æртахтæй нæмæ æзинæ
Хъал мудибиндзæ – мудин.
Æ хуæд фæсте ба – дидин.
Гæлæбо ’ма туассæг,
Æхсæрæцъеу ’ма къима.
Еу рауæнмæ æртахтæнцæ, –
Сæ фæндуртæй æрцагътонцæ.

*Къибирти А. тæлмац*

**С.** Æртахтæй нæмæ цуппар биндзи, иннетæ ба цъеутæ адтæнцæ, етæ дæр цуппар.

**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Æзинæ къуæрейæн æ кæци бон адтæй?

**С.** Геуæргибон.

**Гъ.** Цæмæн?

**С.** Уомæн æма ацибон æртигкæг æй.
**Гъ.** Æма уæд исон ба къуæрейæн æ кæци бон уодзæй?
**С.** Исон уодзæй цуппæрæн.
**С.*/гъазт* «Рабарæ»**
*Сабийтæ стъолти уæлгъос æрбадунцæ. Стъолбæл æртæкъумонти фæлуститæ, нимайæн къæбæлтæ æма цифритæ: 3,4,5,6.*
**Гъ.** Биндзитæй цал банимадтайтæ, уæ рази стъолтæбæл, галеуæрдигæй, уал æртæкъумони æрæвæретæ.
*Сабийтæ сæ рази 4-ай æртæкъумони райвæрунцæ.*
**Гъ.** Рахес фарсæй ба æрæвæретæ цал цъеуи банимадтайтæ, уал æртæкъумони.
*Сабийтæ ихæслæвæрд æнхæст кæнунцæ.*
**Гъ.** Æртæкъумонтæ кæцирдигæй фулдæр æнцæ, галеуæрдигæй æви рахесæрдигæй?
*Сабийтæ æртæкъумонти бæрцæ рабарунцæ æма хатдзæг искæнунцæ – фигуритæ æмбæрцæ æнцæ.*
**Гъ.** Нимайæн къæбæлтæй куд бавдесæн æмбæрцади нисан «=»?
*Сабийтæ фигурити æхсæн нимайæн къæбæлтæй æрæвæрунцæ æмбæрцади нисан «=».*
**Гъ.** Галеуæрдигæй цал æртæкъумони ес?
**С.** Цуппар æртæкъумони.
**Гъ.** Иссеретæ цифрæ 4 æма æй уæ рази галеуæрдигæй æривæретæ.
*Сабийтæ ихæслæвæрд æнхæст кæнунцæ.*
**Гъ.** Рахесæрдигæй цал æртæкъумони ес?
**С.** Цуппар æртæкъумони.
**Гъ.** Иссеретæ ма еу цифрæ æма æй рахес фарс ниввæретæ. Ци уæмæ рауадæй?
**С.** Рауæдæй нæмæ финст 4 = 4.
**Гъ.** Галеуæрдигæй 1 æртæкъумони бафтауетæ. Æртæкъумонтæ фулдæр кæцирдигæй æнцæ, минкъийдæр ба?

**С.** Æртæкъумонтæ галеуæрдигæй фулдæр æнцæ, рахесæрдигæй ба – минкъийдæр.

**Гъ.** Уой нимайæн къæбæлтæй куд бавдесæн?

*Сабийти аллихузон дзуæппитæ. Сабийти æркæнун гъæуй дзуаппмæ: æртæкъумонтæ фулдæр цирдигæй æнцæ, ецирдæгæй нимайæн къæбæлтæ рахæлеудæр кæнун гъæуй. Стъолæбæл рауайдзæй мæнæ ауæхæн хузæ.*



*Сабийтæ æртæкъумонти бæрцитæ цифритæй ниббæрæг кæнунцæ æма си рауайуй ауæхæн финст 5 > 4. Атæ архайгæй ма еу финст искæнунцæ 5 < 6. Гъонбæлгæнæг æма сабийтæ искæнунцæ хатдзæг: нисæнттæ «>» æма «<» гъæунцæ предметтæ æма нимæдзти бæрцæ рабарунмæ. Гъонбæлгæнæг ма сабийтæн радтуй 2 ... 3 ихæслæвæрди æрмæгæвдесæн фæйнæгбæл, нимæдзон тунæй пайда кæнгæй. Гъома, нимæдзти æхсæн æвæрун нисæнттæ «>» кенæ «<».*

3 ... 4 6 ... 5

3 ... 4 ... 5

*Сабийтæй еу амонæн фæйнæгбæл архайуй. Гъонбæлгæнæг ма еу ихæслæвæрд радтуй: 5 нимайæн къæбæлемæй исаразун 1 цуппаркъумон æма 2 æртæкъумони. Дзуапп:* 

**Æ⁄гъ. «Иссерæ дæ хæдзарæ»**

*Гъазт амонæг ранимайгæй æвзурст æрцæуй. Иннæ сабийтæ фæйнæ карточки райсунцæ. Карточкитæбæл геометрион фигурити (предметти) хузтæ. Сабийтæ сæ банимайунцæ æма музыкæмæ гæсгæ мудибиндзити æзмæлдтитæ æвдесунцæ сæ уати, етæ сæ хæдзæрттæ æнцæ. Мудибиндзитæн горцъебæл цифритæ æвæрд. Музыкæ ку фæгъгъос уй, уæд сабийтæ сæ хæдзæрттæмæ-цифритæмæ баледзунцæ æма сæ карточкитæ цифрити*

*фарсмæ æрæвæрунцæ. Гъазт амонæг æркæсуй æма исбæрæг кæнуй, мудибиндзитæ сæ хæдзæрттæ раст иссердтонцæ æви нæ, уой. Гъазт 2 хатти ракæнун æнгъезуй.*

**С.⁄гъазт «Æзмæлгæ модельтæ»**

*Сабийтæ горцъебæл æрбадунцæ. Горцъебæл раст хæнхитæ æзмæлгæ модельтæ лæуунцæ. Алли модель дæр арæзт æй æхсæз æмиасæ æма æзмæлгæ хаййемæй (цæгтæй). Модельтæн сæ еуети цæгтæ даргъдæр (цубурдæр) æнцæ иннæ модельти цæгтæй. Алли сабиймæ дæр еунæг æзмæлгæ модель. Сабийтæ æнкъæйттæй архайунцæ: раст ханхи модельтæн сæ дæргъæ рабарунцæ æма искæнунцæ хатдзæг: æзмæлгæ модельтæн кæд сæ цæгти бæрцæ æмхузон æй, уæддæр сæ дæргъæ еу нæй. Гъома аллихузон модельтæн сæ дæргъцитæ æмхузон нæ æнцæ.*

**Гъ.** Æргъуди кæнайтæ, мудибиндзæбæл цал къахи ес? Гæбæлойæн? Биндзæн?

**С.** Æхсæз.

**Гъ.** Алли къах дæр ниббæрæг кæнæн æзмæлгæ модельи фарсæй æма исаразæн геометрион фигуритæ. Кæд биндзæн 6 къахи ес, уæд фигурæн ба цал фарси уодзæй?

**С.** Фигурæн 6 фарси уодзæй?

**Гъ.** Мадта, уæхæн фигурæ исаразетæ. Циуавæр фигурæ си рауайдзæй?

**С.** Æхсæзкъумон.

**Гъ.** Аци фигурæ æхсæзкъумон цæмæ хуннуй?

**С.** Уомæн æма ибæл 6 къуми ес.

**Гъ.** Фигурæн берæ къумтæ ку уа, уæд уæхæн фигури куд исхондзинан?

**С.** Берæкъумон.

**Гъ.** Æма уæд æхсæзкъумон берæкъумон исхонæн æнгъезуй?

**С.** Гъо, æнгъезуй.

**Гъ.** Циуавæр фигурити ма æнгъезуй берæкъумонтæ исхонун.

*Сабийти дзуæппитæ.*

*Гъонбæлгæнæг æвдесуй сæ асæ фæйнæхузон кæмæн æй, уæхæн дууæ æхсæзкъумони.*

**Гъ.** Аци фигуритæн сæ фæрстæ дæр æма сæ къумтæ дæр æмбæрцитæ æнцæ?

**С.** Гъо, æмхузон.

**Гъ.** Æма уæд асæй ба куд æнцæ?

**С.** Асæй аллихузон æнцæ. Еу – минкъий, иннæ ба – устур.

**Гъ.** Цæмæ уотæ æнцæ?

**С.** Устур æхсæзкъумонæн æ фæрстæ даргъдæр æнцæ, æма æхуæдæгдæр уомæ гæсгæ устурдæр æй.

**Гъ.** Циуавæр фигуритæ ма исаразун æнгъезуй аци модельтæй?

*Сабийти дзуæппитæ.*

**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Хуарз исарæхстайтæ ихæслæвæрдмæ. Нур ба бавзарайтæ раст банимайун.

1. Еу цъæх фæзи, донгони,
   Къотæр рæбун, ауони
   Цардæнцæ бор хъæнделтæ.
   Мадæ, фидæ – хестæртæ,
   Кизгæ биццеу – кæстæртæ,
   Еумæ цал æнцæ, уой зæгъетæ?
2. Фараст мудубиндзи, фараст,
   Мудагорæг рацæнцæ раст.
   Еу си къотæрбæл бабадтæй
   Æма е ’мбæлттæй фæццох æй.
   Иннетæ æртахтæнцæ.
   Бæтманмæ æд удзæл.
   Цал раздахтæй фæстæмæ
   Мудибиндзитæй, цал?
3. Кодта муди бæтмæнттæ арс,
   Авд ин бантæстæй искæнун.
   Бæргæ ма ’й гъудæй еу бæтман.

Фал уæдмæ уарун райдæдта карз ...
Æдеугурæй цал бæтмани искодтайдæ арс?
4. Мулдзугутæ, мулдзугутæ:
Сæ кустмæ ниххалæ ’нцæ, –
Æзмæлунцæ цæрдæг.
Æртæ си хæссуй кæрдæг.
Еу си ласуй гъæмпи халæ,
Еу ба ма – содзийнæ.
Нæзуй буни цал æнцæ?

*Къибирти А. тæлмац*

**Гъ.** Рабаретæ сæ æма нисантæ «>» кенæ «<» раст ниввæретæ. *Гъонбæлгæнæг 2 къарточки листæг цæрæгойти хузти хæццæ æрæвæруй.*

**Ахури байдауæн**

**Гъ.** Ацибон нæуæгæй ци базудтайтæ? Цæмæдессаг уæмæ ци фæккастæй? Зингомаудæр ба уин ци адтæй?

*28-аг ахури усмæ*

**Еумæйаг темæ: «Уæлахези бон»**
**Темæ: «Цилиндр»**
**Нисан:** – Сабийти базонгæ кæнун бæрцуатгун фигурæ «цилиндр»-и хæццæ. Идарддæр сабийти ахур кæнун рабаруни терминтæй пайда кæнун «фулдæр», «минкъийдæр», «æмбæрцæ» («æмиасæ»). Ниффедар кæнун 10-ей уæнгæ æма фæстæмæ раст нимайун. Предметти сæ асæмæ гæсгæ устурдæр кенæ минкъийдæргæнгæ уагбæл раст æвæруни арæхстдзийнæдтæ ниффедар кæнун.
– Ирæзун кæнун сабийти гъосдарунадæ, логикон гъудикæнунадæ æма зонунадон архайд.
– Гъонбæл сæ кæнун хестæртæн кадæ кæнун æма æгъдау дæдтунбæл.

**Æрмæг**

**Ӕвдесунмӕ:** къӕндонӕ цилиндри (кенӕ къаринда-сти) хӕццӕ; геометрион фигуритӕ: 2 расткъумони ӕма тумбулӕг; дӕс цилиндри (кенӕ цилиндри хузӕн предметтӕ), ханххузӕ (чертеж) геометрион фигурити хӕццӕ.

**Иуарунмӕ:** нимайӕн къӕбӕлтӕ, къарточкӕ дӕнцӕгон хузти хӕццӕ, нимӕдзон тунӕ, къарточкитӕ цифритӕ ӕма нисӕнтти хӕццӕ: > (фулдӕр), < (минкъийдӕр), = (ӕмбес).

### Ахури цуд

*Сабийтӕ горцъебӕл бадунцӕ.*

**Гъ.** Циуавӕр бӕрӕгбон ӕрбахӕстӕг кӕнуй?

**С.** «Уӕлахези бон»-и бӕрӕгбон.

**Гъ.** Ӕма, цума йе циувӕр бӕрӕгбон ӕй?

**С.** Еци бон арфӕ фӕккӕнӕн салдӕттӕн, афицертӕн ӕма адӕмӕн, кӕцитӕ тугъди рӕстӕги багъӕуай кодтонцӕ нӕ минкъий Райгурӕн бӕстӕ – Цӕгат Иристон.

**Гъ.** Раст загътайтӕ, ӕма уӕд мах дӕр багъӕуай кодтонцӕ. Ӕма нӕ салдӕттӕ циуавӕртӕ ӕнцӕ?

*Сабийти дзуӕппитӕ.*

**Гъ.** Ци гъӕуй, цӕмӕй Райгурӕн бӕсти гъӕуайгӕнӕг – салдат исуай?

*Сабийти дзуӕппитӕ.*

**Гъ.** Цӕмӕй салдат исуай, уой туххӕй берӕ зонун ӕма алцӕмӕ дӕр арӕхсун гъӕуй. Салдӕттӕн тугъди рӕстӕг сӕ зонундзийнӕдтӕ ӕма арӕхстдзийнӕдтӕ арӕх фенхус кӕниуонцӕ. Уой туххӕй дзорионцӕ: Салдӕттӕн се ’ргъудидзийнадӕ банхус кодта. Мӕнӕ байгъосайтӕ тугъди рӕстӕги циуавӕр цау ӕрцудӕй, уомӕ.

Не ’фсӕдти надбӕл цӕхгӕрмӕ лӕудтӕй немуцаг рӕмугъд танкӕ ӕма сӕ идарддӕр цӕунмӕ хъор кодта. Еуварс кӕнгӕ адтӕй надӕй, фал кутемӕй? Хӕстӕг сӕмӕ машинттӕ кенӕ механизмтӕ нӕ адтӕй, айдагъдӕр сӕ цори лухтӕ (ӕхсаст хъан бӕлӕстӕ) адтӕй. Рагъуди кӕнайтӕ, ци бакӕнун ӕнгъезуй?

*Сабийтæ дзорунцæ аллихузон варианттæ, фал ку нæ гæмæрзæ кæнонцæ, уæдта гъонбæлгæнæг идарддæр дзоруй.*

**Гъ.** Салдæттæй еу адтæй амалгун æма зундгин, æ зæрди æрæфтудæй, раги кæддæр, еу рауæнæй иннæмæ уæззау уаргъ баласуни туххæй ин æ буни тумбул лухтæ ке байвæрдтонцæ, æма æй уонæбæл батолионцæ (багурун кодтонцæ).

*Еци лухтæн адтæй толæн, уруссæгтæ ба сæ «катоктæ» хонунцæ, бердзейнагау ба нисан кæнуй «цилиндр».*

*Гъонбæлгæнæг горцъебæл æрæвæруй къопп æма си исесуй цилиндртæ (кенæ къариндæстæ).*

**Гъ.** Аци фигуритæ – цилиндртæ лухти хузæн æнцæ?

**С.** Гъо, æнцæ!

**Гъ.** Æма уæд нæ къопп ба танки хузæн æй æма ин лухти фæрци æ бунат раййевæн.

*Сабийтæ сæ варианттæ дзорунцæ. Сабийтæ ку нæ арæхсонцæ цилиндртæй архайунмæ, уæд син гъонбæлгæнæг балæдæрун кæнуй ихæслæвæрд æнхæст кæнуни мадзал – алгоритм: 3–4 цилиндребæл æрæвæрун къопп æма æй уонæбæл размæ толун. Сабийтæ гъонбæлгæнæги æнхусæй æнхæст кæнунцæ ихæслæвæрд: цилиндртæ зелунцæ, къопп ба сæ сæрбæл размæ цæуй. Цæмæй къопп идарддæр цæуа, уой туххæй сабийтæ райсунцæ фæстаг (уæгъдæ) цилиндр æма æй къоппи буни разæрдигæй байвæрунцæ.*



**Гъ.** Гъеуотæ, салдæттæ уæззау танкæ лухти – цилиндрти фæрци еу рауæнтæй иннемæ раеуварс кодтонцæ.

*Гъонбæлгæнæг сабийтæмæ æвдесуй цилиндр.*

**Гъ.** Лæмбунæг кæсетæ æма уæ зæрдæбæл бадаретæ цилиндри бæрцуатгин формæ. Цæй хузæн æй цилиндр?

*Сабийти дзуæппитæ.*

**Гъ.** Цума æзменсæбæл цилиндр циуавæр фæдтæ ниууадзуй?

**С./гъазт «Федтæ»**

*Гъонбæлгæнæг горцъебæл æрæвæруй бæрцуатгун дзаумау æзменси хæццæ. Сабийтæ цилиндрæй æзменсæбæл аллихузон фæдтæ искæнунцæ æма æрцæунцæ хатдзæгмæ: цилиндри фарс алкæддæр уадзуй расткъумони хузæн фæд. Цилиндри серай фæдтæ ба æнцæ зилдæги хузæн. Идарддæр сабийтæ исаразунцæ цилиндри схемæ – ханххузæ (чертеж.)*



**Гъ.** Цилиндртæ цæй хузæн æнцæ?

*Сабийти дзуæппитæ. Идарддæр сабийтæ сæ уати иссерунцæ гъонбæлгæнæг си рагацау аллирауæнти ци 10 цилиндри ниввардта, уони. Сабийтæ иссерунцæ цилиндрти хецæндзийнæдтæ: еуетæ си æнцæ фæтæнтæ, иннетæ – наргутæ, еуетæ дæргътæ, иннетæ ба – цубуртæ.*

*Уой фæстæ сабийтæ цилиндрти бæрæг фæткæвæрд кæнунцæ: райдайунцæ даргъдæрæй æма цубурдæрæй фæуунцæ, уæдта фæтæндæрæй нарæгдæри уæнгæ.*

*Сабийтæ алли хатт дæр цилиндрти нимайунцæ, фиццаг еуæрдæмæ, уæдта – иннердæмæ æма искæнунцæ хатдзæг: цилиндрти бæрцæ се 'вæрдмæ гæсгæ не 'йевуй.*

**С./гъазт «Æсгаргутæ»**

*Къуари уати пъолбæл цифритæ куд фæнди хæлеутæй лæуунцæ. Сабийтæй еу æй – «æсгарæг». Лæвæрд ин цæуй сосæг ихæслæвæрд: еу цифрæй иннемæ цæугæй, минкъийдæрæй устурдæрмæ цæун гъæуй. Иннæ сабий ба – «къомандир», гъæуама нигъгъуди кæна фæндаг æма æ «къуар» – иннæ сабийти еци надбæл бахона. Уой*

*фæсте, равзарунцæ æндæр «æсгарæг» æма «къомандир» æма син нæуæг сосæг ихæслæвæрд радтунцæ: фæстæмæ æрæздæхун æрмæст цифритæбæл иннердæмæ (устурæй минкъиймæ) цæугæй. Ихæслæвæрд раст ку исæнхæст кæнунцæ (æнæ фæррæдуйгæ), уæд еугур æсгаргутæ дæр «æгасæй» байзайгутæбæл нимад фæуунцæ. Гъазт æндæр ихæслæвæрди хæццæ нæуæгæй ракæнун æнгъезуй.*

**С./гъазт «Римæхсæнтæ»**

**Гъ.** Тугъди салдæттæн алцидæр хъæбæр æхсицгон фæууй, уæлдайдæр ба хе римæхсунадæ.

*Гъонбæлгæнæг æвдесуй хузæ.*

**Гъ.** Мæнæ аци фигуритæ дæр римæхсæнгæнтти гъазунцæ. Аци хузи циуавæр фигуритæ римæхст æнцæ, ранимайайтæ сæ.



**С.** 1 расткъумон, 1 трапеци æма 1 æртикъумон.

**С./гъазт «Алæмæти къæбæлтæ»**

**Гъ.** Нимайæн къæбæлтæй дæр æнгъезуй танки, хуæдтæхæги кенæ науи силуэт райвæрун.

*Аци ихæслæвæрд радтун æнгъезуй куд хузæмæ гæсгæ, уотæ æнæ хузæй дæр. Е сабийти цæттæдзийнадæмæ гæсгæ æй.*

Зæгъæн: 

**Гъ.** Цал нимайæн къæбæлемæй испайда кодтайтæ? Еци нимæдзæ нимæдзон тунæбæл иссеретæ. Еци нимæдзæй 1 минкъийдæр циуавæр нимæдзæ æй? 2 минкъийдæр ба?

*Гъонбæлгæнæг сабийтæн зæгъуй, цæмæй стъолти уæлгъос æрбадонцæ. Стъолтæбæл нимæдзон тунтæ, къарточкитæ цифритæ æма нисанти: >, <, = хæццæ.*

**Гъ.** Нимæдзтæ æма нисантæй примертæ исаразетæ.

*Сабийтæ стъолти уæлгъос бадгæй, æнхæст кæнунцæ*

*ихæслæвæрд: нимæдзон тунæбæл нимæдзтæ рабарунцæ æма сæ райвæрунцæ, зæгъæн:*

5 < 6

5 = 5

7 > 6

*Гъонбæлгæнæг æма сабийтæ искæнунцæ хатдзæг: нимæдзон тунæбæл нимæдзтæ бæрæг уагæвæрдмæ гæсгæ цæрунцæ, куд идарддæр цæуай тунæбæл, уотæ нимæдзтæ фулдæргæнгæ цæунцæ.*

**Ахури байдауæн**

**Гъ.** Ацибон нæуæгæй ци базудтайтæ? Уæ зæрдæмæ ци фæццудæй? Зин уæмæ ци фæккастæй?

*29-аг ахури усмæ*

**Еумæйаг темæ: «Сæрдæ»**

**Темæ: «Æнæгъæнæ 2, 4, 8 æмхузон хаййи ракæнунадæ»**

**Нисан:** – Сабийти ахур кæнун æнæгъæнæ нимæдзтæ 2,4,8 æмхузон хæйттæ ракæнунбæл; ахур сæ кæнун хæйттæн сæ асæ æма сæ бæрци æхсæн бастдзийнадæ исбæлвурд кæнун.

Къуæрей бæнтти зонунадæ æма итигъдадон рахаститæ «рахес», «галеу» ниффедар кæнун.

Предемтти дæргъæ барæнæй рабаруни арæхстдзийнæдтæ ниффедар кæнун, ахур сæ кæнун предметти дæргъæ, барæни асæ æма рабарсти фæстеуæги æхсæн бастдзийнадæ исбæлвурд кæнун.

– Нимæдзон тунæбæл еуæг æфтаугæй æма гæлдзгæй, сабийтæмæ ирæзун кæнун нимайуни фæлтарддзийнæдтæ.

– Ирæзун кæнун сабийти логикон гъудикæнунадæ, гъосдарунадæ æма дзубанди.

– Гъонбæл сæ кæнун цæмæй кæрæдзей уарзонцæ æма кæрæдземæн анхос кæнонцæ.

**Ærmæг**

**Æвдесунмæ:** 2 фæткъуй (кенæ сæ хузтæ).

Устур геометрион фигурити кæрæ; къарточкитæ – нисантæ (символтæ), нимæдзон туни модель.

**Иуарунмæ:** хузæй аллихузон асæй ба æмхузон æртæ растъкъумони (испайда кæнун æнгъезуй цæттæ хузгин гæгъæдий тъæфтæй), къариндас, баредзæ (мерка), лентъæ, 1–10-ей уæнгæ цифритæ, нисантæ «<», «>».

## Ахури цуд

*Сабийтæ горцъебæл бадунцæ. Гъонбæлгæнæг æвдесуй дууæ сувæллоней хузтæ (кизгæ æма биццеуи) кенæ дууæ гъазæн киндзи.*

**Гъ.** Ацибон нæмæ киндзити театр «Сабий»-йæй иуазæгуати æрбацудæнцæ кизгæ Зæринæ æма биццеу Хетæг. Зæринæ æма Хетæги сумах æнхус гъæуй. Байгъосайтæ ци сæбæл æрцудæй. Адтæй сæмæ дууæ æмхузæн фæткъуй. Сæ дууæ æмбали сæбæл фембалдæнцæ æма сæ бафæндæадтæй, уонæн дæр фæткъутæй бахай кæнун. Фал цæмæй алкæбæл дæр æмиасæ хæйттæ æруайа, уой ба нæ зонунцæ.

*Гъонбæлгæнæг æвдесуй дууæ фæткъуй æмбестæ хæйттæ кондæй (кенæ сæ хузтæ).*

**Гъ.** Зæринæ мæнæ атæ ралух кодта æ фæткъу (дууæ дехи конд фæткъуй хузæ), Хетæг ба мæнæ атæ ралух кодта æ фæткъу (фæткъу раст дууæ хаййи конд кæми нæй, уæхæн хузæ).

**Гъ.** Куд гъуди кæнетæ, сæ дууемæй фæткъу ка растдæр радех кодта, гъома дууæ æмхузон хаййебæл?

**С.** Зæринæ раст радех кодта фæткъу. Фæткъуй хæйттæ æмхузон æнцæ.

**Гъ.** Хъæбæр хуарз! Сабийтæн банхус кодтайтæ æма уин арфæ кæнунцæ. Æма геометрион фигуритæ дууæ дехи куд кæнгæ æнцæ, уой зонетæ? Хетæг æма Зæрийнæн дæр байамондзинайтæ?

**Дид⁄гъазт «Дех кæнæ»**

*Сабийтæ стъолти уæлгъос æрбадунцæ. Стъолтæбæл сæ размæ фæйнæ æртæ æмиасæ расткъумони: сурх, бор æма кæрдæгхуз. Сабийтæ расткъумонтæ кæрæдзебæл æвæргæй исбæрæг кæнунцæ æмиастæ ке æнцæ, уой. Идарддæр расткъумонтæ æрдгутæбæл æртасун кæнунцæ æма сæмæ ци хæйттæ рауадæй, етæ æмхузон ке æнцæ, уой исбæрæг кæнунцæ. Уой фæсте сурх расткъумони  æрдæг цоххæнхитæ никкæнунцæ æма æй еуварс æрæвурнцæ.*

**Гъ.** Æма цума расткъумони 4 хаййи ракæнун дæр æнгъезуй?

*Сабийтæ дзорунцæ сæхе варианттæ, расткъумон 4 хаййи куд гæнгæ æй, уони. Уой фæсте райсунцæ иннæ дууæ расткъумони æма ма сæ нигкидæр еума хатт æрдудагъ кæнунцæ, гъома сæ 4 хаййебæл дехтæ кæнунцæ. Идарддæр бор расткъумон райхалунцæ, æ цуппар хаййемæй ин еу хай цоххæнхитæ никкæнунцæ æма æй еуварс æрæвæрунцæ.*

**Гъ.** Рагъуди кæнайтæ, цума цал хаййи фæууодзæй кæрдæгхуз расткъумон, еу хатт ма æй ку æртасун кæнæн, уæд.

**С.** Аци расткъумон 8 хаййи ниууодзæй.

**Гъ.** Исбæлвурд æй кæнайтæ.

*Сабийтæ еу хатт ма фæттасун кæнунцæ кæрдæгхуз расткъумони, удта æй райхалунцæ æма ин æ хæйттæ банимайунцæ. Исбæрæг кæнунцæ, расткъумон 8 хаййи гонд ке æрцудæй, уой. Уой фæсте расткъумонæн æ аст хаййемæй еуей цоххурст никкæнунцæ. Идарддæр сабийтæ æртæ расткъумони сæ рази æрæвæрунцæ æма син сæ цоххурст хæйттæмæ æркæсунцæ: æрдæг, цуппæрæймаг хай æма æстæймаг хай.*

**Гъ.** Кæци фигурæн æ цоххурст хай устурдæр æй æма цæмæ?

**С.** Сурх расткъумонæн, уомæн æма æй айдагъдæр дууæ хаййи ракодтан.

**Гъ.** Тæккæ минкъийдæр цоххурст хай ба кæци фигурæн ес?

**С.** 8 хаййи ци фигурæ никкодтан, уомæн.

*Сабийтæ гъонбæлгæнæги анхосæй искæнунцæ хатдзæг: хæйтти нимæдзæ цæйбæрцæ минкъийдæр уа, уойбæрцæ устурдæр æнцæ.*

*Уæгъдæ рæстæг гъонбæлгæнæг сабийти хæццæ дех кæнæд аллихузон геометрион фигуритæ æндæр, цийфæнди мадзæлттæй дæр.*

**Гъ.** Куд гъуди кæнетæ, ескæми нæ багъæудзæнæнцæ аци дехкæнуни арæхстдзийнæдтæ?

**С.** Ескæмæн ку дæдтай, уæд æнгъезуй радех кæнун фæткъу, къанфет, тъорт.

**Гъ.** Сабийтæ, рагъуди кæнетæ æма зæгъайтæ, Зæрийни игурæн бонмæ цал иуазæги æрбацæудзæй, кæд æма æ тъорт 8 хаййи ракодта?

**С.** Зæрийнæмæ æрбацæудзæй 7 иуазæги, кизгæ æхуæдæг уодзæй æстæймаг. 7 æма 1 уодзæй 8.

**Гъ.** Зæринæ æ игурæн бонмæ æнæгъæнæ къуæре цæттæ кодта æхе. Мæнæ куд адтæй.

*Гъонбæлгæнæг сабийти хæццæ, аллихузон æзмæлдтитæ кæнгæй, искæнунцæ физминуткæ.*

**С/гъ. «Къуæре»**

**Гъ.** Авдисæри хъæппæлтæ æхснадтон,
Геуæргибони уæттæ æфснайдтон.
Æртиккæги исфунхтон мæ дзол,
Цуппæрæни агурдтон къозо.
Майрæнбони нихснадтон къостæ.
Балхæдтон тъорт сабати.
Хуцаубони ме 'гурæн бонмæ
Æрхудтон ме 'мбæлтти.

*Гъонбæлгæнæги фарстатæ сабийтæмæ:*

**Гъ.** Къуæрей цал бони ес? (Авд бони).
Авдисари ци куста Зæринæ? (Хъæпбæлтæ æхснадта). Къуæрей æртиккаг бон куд хуннуй? (Æртиккæг).

Зæринæ æ игурæн бон къуæрей бонтæй кæцими бæрæг кодта? (Хуцаубони.) Сабат æма хуцаубон куд исхонун æнгъезуй (Уолæфти бæнттæ).

*Сабийтæ аци фарстатæн дзуапп дæдтунцæ.*

**Гъ.** Зæринæ йе уазгутæн æрцæттæ кодта аллихузон гъæзтитæ æма ихæслæвæрдтæ. Фæндуй уæ сæ базонун?

**Дид⁄гъазт «Ка тагъддæр»**

*Сабийтæ сæхе фæндонмæ гæсгæ дууæ къуари фæуунцæ (къуæрттæ гъæуамæ æмбæрцитæ уонцæ).*

**Гъ.** Къомандити архайгутæ æмбæрцитæ æнцæ æви нæ, уой кутемæй исбæрæг кæнæн?

*Сабийти аллихузон дзуæппитæ: æнкъæйттæй æрлæуун кæнун кенæ архайгути банимайун. Алли къомандæн дæр æхе ихæслæвæрд лæвæрд цæуй: бæрæг кæрæ æрæмбурд кæнун (къарточкитæ-символти фæрци).*

**Зæгъæн:** аллихузон фигурити кæрæ, расткъумонтæй фæстæмæ кенæ цийфæнди хузи фигуритæ дæр, сурхитæй фæстæмæ.




*Архайгутæй алке дæр, горцъебæл ци фигуритæ ес, уонæй кæрæн гъæуамæ райса айдагъдæр еунæг.*

*Гъазти кæрон исбæрæг кæнунцæ ихæслæвæрд раст искодтонцæ æви нæ, удта кæци командæ рамбулдта, уой.*

**Дид⁄гъазт «Рабарæ»**

*Алли сабиймæ дæр еугай лентъитæ. Зæрийнæн иссерун гъæуй тæккæ даргъдæр лентъæ. Сабийтæ стъолти уæлгъос æнкъæйттæй æрбадунцæ. Стъолтæбæл алли сабиййæн дæр баредзæ ес, баредзитæ æмиæстæ æнцæ, 1-æй 10-ей уæнгæ сæбæл цифритæ, удта нисантæ «>»,«<». Сабийтæ баредзити фæрци лентъитæ рабарунцæ. Баргæй лентъи дæргъæ исбæрæг кæнунцæ, гъома лентъи дæргъæ*

*цал баредзи æй, уой, æма уомæ гæсгæ, даргъдæр лентъæ рабæрæг уй. Сæ бæрститæ ниббæрæг кæнунцæ цифритæ æма нисантæй.*
***Зæгъæн:*** *4 > 3 кенæ 2 < 5. Сæ рабарститæбæл дзоргæй, сабийтæ балæдæрунцæ лентъи дæргъæ, баредзæ æма рабарсти æхсæн бастдзийнадæ.*
**С⁄гъазт «Зундгин уг»**
*Гъонбæлгæнæг сабийтæн зæгъуй, цæмæй нимæдзон тунæмæ æркæсонцæ. Туни æмдæргъцæ ивæзт æй сундакъæ (ларæ). Сундакъæбæл ба уги фигурæ (æндæр естæй фигурæ дæр æнгъезуй) кæци æнцонæй сундакъæбæл гурун комуй.*
**Гъ.** Айæ зундгин уг æй. Нимайун хуарз зонуй. сумах ба нимайун зонетæ? Бавзарон уæ?
*Гъонбæлгæнæг æма сабийтæ дæдтунцæ аллихузон ихæслæвæрд – примертæ æма сæ нимæдзон туни фæрци æнхæст кæнунцæ, уги фигурæ сундакъæбæл гурун кæнгæй гъæугæ нимæдзи уæнгæ.*
***Зæгъæн:*** *Зæринæмæ адтæй 4 къанфети (уги ниггурун кæнунцæ нимæдзон тунæбæл 4-ей уæнгæ). Зæринæн ма æ мадæ равардта 2 къанфети (уги сундакъæбæл дууæ дехи дæлдæр – 6-й уæнгæ ниггурун кæнунцæ. Зæринæмæ цал къанфети иссæй?*
**С.** Æхсæз къанфети.
**Гъ.** Зундгин уг уæмæ æвдесуй дзуапп: 6.
Раст банимадта?
**С.** Гъо.
**Гъ.** Сумах дæр раст нимайетæ.
**Ахури байдауæн**
**Гъ.** Ацибон кæмæн фенхус кодтайтæ? Куд гъуди кæнетæ, Зæрини иуазгутæн цæмæдессаг адтæй? Сумахæн ба? Зин уæмæ ци фæккастæй? Уæ иуазгутæн тъорт раст ралухтæ кæндзинайтæ?
*Ахурти фæсте – уæгъдæ рæстæги гъонбæлгæнæг сабий-*

*ти хæццæ аллихузон геометрион фигуритæ радехтæ кæнæнтæ.*

*30-аг ахури усмæ*

**Еумæйаг темæ: «Сæрдæ»**
**Темæ: «Хатдзæгтæ кæнуни ахури усмæ»**
**Нисан:** – Хæрхитæмæ гæсгæ алфанбулай дуйней туххæй сабийти зонундзийнæдтæ урухдæр æма федардæр кæнун. Ниффедар кæнун сабийти зонундзийнæдтæ геометрион фигуритæ æма хæнхити туххæй удта рæстæги бæрци рахаститæ.

– Ниффедар кæнун 10-ей уæнгæ нимад, 10-ей уæнгæ нимæдзти конд еуæгтæй æма 5-ей уæнгæ нимæдзти арæзт дугай минкъийдæр нимæцтæй арæзт ке æй.

– Ирæзун кæнун сабийти арæхстдзийнæдтæ предметтæ еу кенæ цалдæр минеуæгемæ гæсгæ къуæрдтæ кæнун; ахур сæ кæнун хæрхитæ баеу кæнун кенæ еу хæрхæ минкъийдæр хæрхитæ фæккæнун.

– Гъонбæл кæнун сабийти ихæслæвæрд æнхæст гæнгæй разæнгард унбæл.

**Ахури цуд**

*Гъонбæлгæнæг æма сабийтæ, кæрæдзей къохтæбæл хуæцгæй, зилдæй лæуунцæ.*

**Гъ.** Нуртæккæ анзæн æ кæци афонæ æй?

**С.** Уалдзæг.

**Гъ.** Тагъд уалдзæг фæууодзæй æма ралæудзæй ...

**С.** Сæрдæ.

**Гъ.** Сæрдæ уарзетæ? Цæмæ гæсгæ?

*Сабийтæ æрхæстæг кæнун гъæуй ауæхæн дзуаппмæ:*

**С.** Сæрди еумæ фæгъгъазæн æма фæххæтæн.

**Гъ.** Нæ къуари цал биццеуи ес?

**С.** Аст.

**Гъ.** Е беръ ӕй ӕви минкъий?
**С.** Берӕ.
**Гъ.** Биццеутӕ берӕ. Кизгуттӕ ба нӕмӕ цал ес?
**С.** Авд.
**Гъ.** Кизгуттӕ дӕр берӕ. Кӕцитӕ си фулдӕр ӕнцӕ? Цал фулдӕр?
**С.** Биццеутӕ кизгуттӕй еу фулдӕр ӕнцӕ.
**Гъ.** Кутемӕй ӕй исбӕлвурд кӕнӕн?
**С.** Кизгуттӕ ӕма биццеутӕ гъӕуамӕ ӕнкъӕйттӕй ӕрлӕуонцӕ ӕма уӕд рабӕрӕг уй, кӕцитӕ фулдӕр ӕнцӕ, етӕ.
**Гъ.** Ӕма, кизгуттӕ ӕма биццеути еу «кӕри» баеу кӕнун ӕнгъезуй?
**С.** Гъо. Еумӕ уодзӕнӕнцӕ – сабийти кӕрӕ.
**Гъ.** Нӕ алливарс ес берӕ аллихузон кӕртӕ (хӕрхитӕ). Ранимайайтӕ, циуавӕр хӕрхитӕ уинетӕ, уони.
*Сабийти дзуӕппитӕ.*
**С.⁄гъазт «Гъазагӕ хӕрхитӕ»**
*Сабийтӕ горцъебӕл ӕрбадунцӕ.*
**Гъ.** Ами ба циуавӕр хӕрхӕ ес?
**С.** Геометрион фигурити хӕрхӕ.
**Гъ.** Аци фигуритӕ кӕрӕдземӕй цӕмӕйти хецӕн кӕнунцӕ?
**С.** Фигуритӕй еуетӕ тъӕпӕн ӕнцӕ, иннетӕ ба – бӕрцуатон (объемные).
**Гъ.** Фигуритӕй дууӕ кӕри ракӕнетӕ: тъӕпӕнтӕ ӕма бӕрцуатонтӕ. Бӕрцуатонтӕн ба ма сӕ нӕмттӕ дӕр зӕгъетӕ.
*Сабийтӕ ихӕслӕвӕрд ӕнхӕст кӕнунцӕ.*
*Уой фӕсте, дууӕ хӕрхи бӕрӕг минеугутӕмӕ гӕсгӕ дех кӕнунцӕ дӕлхӕрхитӕбӕл.*
***I вариант:*** *хузӕмӕ, кондмӕ кенӕ асӕмӕ гӕсгӕ.*
***II вариант:*** *(ихӕслӕвӕрд фӕивӕрсугдӕр уй?) дууӕ минеуӕгемӕ гӕсгӕ дӕлхӕрхӕ кӕнун, зӕгъӕн, хузӕ ӕма кондмӕ гӕсгӕ.*

*Гъонбæлгæнæг æма сабийтæ искæнунцæ хатдзæг: хæрхитæ баеу кæнгæй кенæ сæ фæкъкъуæрдтæ кæнгæй исаразæн ес æндæр хæрхитæ.*

**Д/гъазт «Геометрион конструктор»**

*Сабийтæ стъолти уæлгъос æрбадунцæ. Стъолтæбæл сæ размæ ци геометрион фигуритæ ес, уонæй райвæрунцæ цæрæгойти, мæргъти æма зайæгойти æндæргтæ (силуэттæ). Уой фæсте сабийтæ гъонбæлгæнæги анхосæй искæнунцæ хатдзæг: еу хузи хæрхитæй исаразæн ес æндæр хузон хæрхитæ, нæуæг минеугутæмæ гæсгæ сæ ку къуæрдтæ кæнæн, уæд.*

**Дид/гъазт «Хузæ»**

*Æрмæгæвдесæн фæйнæгбæл берæ геометрион хæнхитæ. Сабийтæ фæйнæгмæ бацæунцæ æма сæ дзорунцæ.*

**Гъ.** Аци хæнхитæ бæрæг уагбæл ку райвæрæн, уæд си рауайдзæй хузæ.

*Гъонбæлгæнæг æрмæгæвдесæн фæйнæгбæл хузæ æрæвæруй.*



*Сабийтæ имæ лæмбунæг æркæсунцæ æма циуавæр геометрион фигуритæ æма хæнхитæй арæзт æй, уой дзорунцæ.*

**Дид/гъазт «Берæкъумонтæ»**

*Сабийтæ горцъебæл æрбадунцæ. Алли сабиймæ дæр къонвертти медæгæ берæ аллихузон берæкъумонтæ. Сабийтæ фигуритæ æвæрунцæ, сæ къумтæ æма фæрсти бæрцæ фулдæргæнгæ куд цæуа, уотæ.*

**Гъ.** Царди медæгæ алцæмæн дæр ес уагæвæрд. Нæ зæрди æрæфтауæн кæми гъæуй уагæвæрд æма фæткæ? Зæгъæн, хуæдтæхгутæ тæхунцæ карз финстиуагæмæ (расписание) гæсгæ. Нигки ба ма?

**С.** Поездтæ æма наутæ дæр цæунцæ карз финстиуагæмæ гæсгæ; скъолай уроктæ цæунцæ финстиуагæмæ гæсгæ; бон

æма æхсæвæ кæрæдзей æйййевунцæ уагæвæрдмæ гæсгæ; къуæрей бæнттæ кæрæдзей фæдбæл уагæвæрдмæ гæсгæ цæунцæ.

**Дид⁄гъазт «Къуæре»**

*Горцъебæл лæууй дууæ хузгин æвдгай цифритæ. сабийтæ райсунцæ фæйнæ цифри æма къуари уати ниххæлеу унцæ. Цифрæ кæмæ не 'рхаудтæй, е уодзæй амонæг. сабийтæ номиртæмæ гæсгæ дууæ рæнгъи ралæуунцæ. Гъонбæлгæнæги сигналмæ гæсгæ сабийтæ аллирдæмæ фæппурх унцæ, æма ин æ иннæ сигналмæ нæуæгæй сæ номиртæмæ гæсгæ ралæуунцæ. Амонæг – сабий ба исбæрæг кæнуй сабийтæ сæ номиртæмæ гæсгæ раст лæуунцæ, æви нæ, уой.*

*Уой фæсте сабийтæй алке дæр амонæгæн фæззæгъуй æ нæуæг «ном», гъома æ номирмæ гæсгæ къуæрейæн æ кæци бон æй, уой.*

***Зæгъæн:*** *фиццаг номир – авдисæр, дуггаг – геуæргибон æма у.и. Амонæг бафепбайуй: къомандитæй тагъдæр кæци æрлæудтæй удта æ рæдудтитæ минкъийдæр кæмæн адтæнцæ, уой.*

**Дид⁄гъазт «Банимайæ»**

*Сабийтæ стъолти уæлгъос æрбадунцæ. Стъолтæ æма æрмæгæвдесæн фæйнæгбæл – нимæдзон тунтæ. Сабийтæ аразунцæ нимайуйнæгтæ æма сæ нимæдзон тунæбæл банимайунцæ (сабийтæй еу архайуй æрмæгæвдесæн фæйнæгбæл).*

***Зæгъæн:*** *æртемæ бафтудтонцæ дууæ æма си рауадæй 5.*

**Дид⁄гъазт «Логикæ»**

*Сабийтæ стъолти уæлгъостæй фестунцæ æма логикон фæлтаруйнæдтæбæл архайунцæ.*

**Гъ.** Дæндæгутæ кæбæл ес, гъæлæс ба – нæгъ?

**С.** Хирхбæл.

**Гъ.** Стъолæбæл адтæй дууæ фæткъуй. Сæ еуей си дууæ

æмбеси ракодтонцæ. Цал фæткъуй ма ес стъолæбæл?
**С.** Дууæ фæткъуй дæр ма стъолæбæл æнцæ, фал си еу æнæгъæнæ нæбал æй?
**Ахури байдауæн**
**Гъ.** Гъазт уæ зæрдæмæ фæццудæй? Зин уин ци адтæй? Фулдæр ци багъуди кодтайтæ?
**Гъ.** Зæгъайтæ, нуртæккæ цæбæл цæудзинан?
**С.** Пъолбæл.

## Хумæтæги математикон лæдæруйнæдтæ зонуни бæрцæ. Хестæр къуар

| № | Сабийи М.Н.Ф. | Бæрцæ | | | Геометрион фигуритæ | | | Асæ | | Итигъдадæ æма тъæпæн фæзи ориентаци кæнун | | | Рæстæги афони ориентаци кæнун | | | Зонундзийнæдти бæрцæ |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | Радон нимад 10-ей уæнгæ. Нимæдзи фарсмæ лæууæг радон нимæдзти зонун удта бæрæг нимæдзæй идарддæр нимайун. | Дууæ мадзалемæй къуæртти æмбæрцадæ исæнхæст кæнун. | Нимæдзæ 5-и арæзт дууæ минкъийдæремæй, удта еуæгтæй. | Геометрион фигуритæ зонун æма æртасун. | Лæвæрд минеуæгмæ гæсгæ геометрион фигуритæ къуæрттæ кæнун. | Зонун æма хецæн кæнун геометрион хæнхитæ | Бæрæг минеугутæмæ гæсгæ (бæрзæндæ, дæргъæ, уæрхæ) предметтæ барун. | Дæс предметтемæй сериацион рæнгъæ асæмæ гæсгæ æвæрун. | Гæгъæдий тъафæбæл (галеу – рахес, сæргкаг – бунгкаг, астæуæй). | Предмети рауæн зонун æхемæ удта æндæр предметмæ гæсгæ. | Къомандитæмæ гæсгæ зонун аллиæрдæмитæ цæун. | Тъæпæн фæзи лæдæрун рахесæрдигæй – галеуæрдигæй, разæй – фæстегæй, сæр – бун, астæуæй. | Лæдæруйнæдтæ: суткæ, æзинæ, ацибон, исон. | Къуæрей бæнттæ | |
| 1 | | | | | | | | | | | | | | | | |
| 2 | | | | | | | | | | | | | | | | |
| 3 | | | | | | | | | | | | | | | | |
| 4 | | | | | | | | | | | | | | | | |

## Хумæтæги математикон зонунæдти ирæзтæн аргъ искæнунадæ

*1 балл* – зонундзийнæдти бæрцæ минкъий æй. Сабий еугур ихæслæвæрдтæ дæр гъонбæлгæнæги анхосæй искæнуй.
*2 балли* – зонундзийнæдти бæрцæ рæстæмбес æнцæ.
Сабий æхуæдæг æртæ ихæслæвæрдемæй еу искæнуй.
*3 балли* – зонундзийнæдти бæрцæ берæ æй.
Сабий æхуæдæг æртæ исхæслæвæрдемæй дууæ искæнуй.

## Программон медес

**Бæрцæ æма нимад:**

• Ахур кæнун 10-ей уæнгæ нимад, бæрцæ æма радон нимад æртасун, дзуапп дæдтун фарстатæн («Æдеугур цал?», «Кæци, нимадæй цалæймаг?»), зонун радон нимади æмвæрстæ лæууæг нимæдзти, зонун бæрæг нимæдзæй идарддæр радон нимад кæнун, нимæдзтæ баргæй æма нимайгæй зонун нимæдзон тунæй пайда кæнун;

• Аллихузон предметти къуæртти æмбæрцитæ бæрæг кæнун;

• Къуæрттæ хе бæраги исæмбæрцитæ кæнунмæ дууæ мадзалемæй арæхсун (фулдæрæй гæлдзгæй, кенæ минкъийдæрбæл æфтаугæй);

• Арæхсун 5-ей уæнгæ нимæдзти хецæн еуæгтæ æма дугай минкъийдæр нимæдзтемæй арæзт исбæлвурд кæнунмæ;

• Исбæлвурд кæнун предметти бæрцæ сæ асæ, се 'вæрд, конд, хузæ æма галеуæрдæмæ кенæ рахесæрдæмæ нимади хæццæ баст ке нæй, уой;

• Ахур кæнун предметтæ æмхузон хæйттæ кæнунбæл (лентъæ кенæ гæгъæдий тъафæ дудагъæ гæнгæй) дугай, цуппаргай, æстгай хæйттебæл, хай æнæгъæни хæццæ рабарунбæл, ерун æгаси (æнæгъæни) хай.

**Асæ:**

• Ахур кæнун предметтæ бæрæг минеугутæмæ гæсгæ

(бærзæндæ, уæрхæ, дæргъæ, бæздæ) æвзарун, идарддæр æвæрун сериацион рæнгъитæ 10 предметтемæй кенæ фулдæрæй сæ æстæ кæрæдземæй 0,5 см фулдæр кæмæн нæ хецæн кæнонцæ, уæхæнттæй;
• Предмети асæ (бæрцуат) исбæрæг кæнун, сабиййи зонгæ предметти аси (бæрцуати) хæццæ рабаргæй.

**Формæ:**

• Ахур кæнун зонгæ предметтæ æртасун, сæ нæмттæ син дзорун æма сæ алфанбулай ерун, еуæй-еу предметти формæ ба зæгъун куд зононцæ (хузæ расткъумон, плафон шарху-зон, портрет квадратон, тæбæгъ дæргъдумбул æма у.и.);
• Лæвæрд минеуæгмæ гæсгæ зонун геометрион фигурити хæрхитæ аразун;
• Зонгæ хæнхитæ (раст, зулун, саст-къæдзтæ) æртасун æма син сæ нæмттæ дзорунбæл ахур кæнун.

Итигъдади ориентаци кæнун:

• Ести предмети æвæрд айдагъ дæхемæ гæсгæ нæ, фал ма æндæр предметмæ гæсгæ дæр зонун бæрæг кæнун. Зонун бæрæг æрдæмæ цæун æма æй сигналмæ (загъдмæ) гæсгæ феййевун;
• Адæн æма предметти æхсæн дæ рауæн (бунат) исбæлвурд кæнун.

**Афони (рæстæги) ориентаци кæнун:**

• Сабийти хæццæ зæрди æрæфтаун æзинæ ци адтæй, аци-бон æма исон ци уодзæй;
• Къуæрей бæнттæ дзорунбæл ахур кæнун.

СÆРГÆНДТÆ

Хестæр къуари ахурадон план....................................................4
Ахури усмити темитæ хестæр къуари САУ..........................5
Перспективон-тематикон план хестæр къуарæн...........................6
1-аг ахури усмæ. Темæ: «Мæ бийнонтæ».................................17
2-аг ахури усмæ. Темæ: «Алци зонун мæ фæндуй»...................21
3-аг ахури усмæ. Темæ: «Мæ бæстихай»..................................25
4-аг ахури усмæ. Темæ: «Мæ бæстæ»........................................31
5-аг ахури усмæ. Темæ: «Фæззæг»..............................................36
6-аг ахури усмæ. Темæ: «Фæззæг Дзæуæгигъæуи»..................43
7-аг ахури усмæ. Темæ: «Зæйæгойти дуйне»...........................50
8-аг ахури усмæ. Темæ: «Цæрæгойти дуйне»............................59
9-аг ахури усмæ. Темæ: «Дæлдон дуйне».................................64
10-аг ахури усмæ. Темæ: «Æрдзæ – нæ хæдзарæ»......................70
11-аг ахури усмæ. Темæ: «Æз æма мæ бауæр»...........................75
12-аг ахури усмæ. Темæ: «Стъоли сæргъи хедаруни æгъдау»....82
13-аг ахури усмæ. Темæ: «Хуæрзадæ æма хаир хуæруйнаг»......86
14-аг ахури усмæ. Темæ: «Зумæг».............................................90
15-аг ахури усмæ. Темæ: «Зумæг».............................................96
16-аг ахури усмæ. Темæ: «Националон дарæс».........................100
17-аг ахури усмæ. Темæ: «Транспорт»....................................105
18-аг ахури усмæ. Темæ: «Дæснийæдти дуйне».......................110
19-аг ахури усмæ. Темæ: «Спорт»............................................116
20-аг ахури усмæ. Темæ: «Фидибæстæ гъæуайгæнгутæ».........121
21-аг ахури усмæ. Темæ: «Уалдзæг».........................................127
22-аг ахури усмæ. Темæ: «Уалдзæг».........................................134
23-аг ахури усмæ. Темæ: «Тасдзийнадæмæ гъосдард».............139
24-аг ахури усмæ. Темæ: «Зундгин машинттæ».......................143
25-аг ахури усмæ. Темæ: «Космос»..........................................147
26-аг ахури усмæ. Темæ: «Мæргътæ»......................................153
27-аг ахури усмæ. Темæ: «Минкъий цæрæгойтæ (биндзитæ)»...159
28-аг ахури усмæ. Темæ: «Уæлахези бон»...............................165
29-аг ахури усмæ. Темæ: «Сæрдæ»....................................170
30-аг ахури усмæ. Темæ: «Сæрдæ»..................................176
Хумæтæги математикон лæдæруйнæдтæ зонуни бæрцæ. Хестæр къуар..............................................................181

*Учебно-методическое издание*

**Маркина М. В., Шашлова В. Ю.**

Знакомство с простейшими
математическими понятиями
(Старшая группа)

Переводчик *Т. А. Тамаев*
Редактор *Э. Б. Скодтаев*
Корректор *А. Я. Кибиров*
Компьютерная верстка *З. Т. Добаевой*

Сдано в набор 28.04.2012. Подписано в печать 20.05.2012.
Формат бумаги 60×84 $^{1}/_{16}$.
Гарнитура шрифта «Times ». Печать цифровая.
Тираж 30 экз.